# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**литературно-художественнэ**
**общественно-политическэ**
**журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**сентябрь 5 октябрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ
цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ
КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм,
Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2014

# Псалъащхьэхэр

## Прозэ


**Шинкубэ Бэгърат.** ЖылакIэ. *Роман* ... 3


## ЖьантIэ


*Урыс усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил къызэральхурэ илъэс 200 ирокъу*

**Лермонтов Михаил.** Мцыри. *Поэмэ* ... 35

*ТхакIуэ Къэрмокъуэ Мухъэмэд илъэс 85-рэ ирокъу*

**ХьэIупщы МуIэед.** Нобэм угъэгупсысэ, пщэдейм угъэгугъэ. *Интервью* ... 53
**Мэзыхьэ Борис.** Нобэм пщэдейр щилъагъуу... 61
**Къэрмокъуэ Мухьэмэд.** Къоджэм уигъэжейркъым. *Романым щыщщ* ... 63

*УсакIуэ Тхъэгъэзит Зубер илъэс 80 ирокъу*

**Къэжэр Хьэмид.** Къэзмыгъуэту хъунукъым зэгуэр Шэ къигъэувыIэфу псалъэ гуэр... 83
Тхьэгъэзит Зубер хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр... 96
**Тхьэгъэзит Зубер.** *Усэхэр* ... 98

*Балъкъэр усакIуэ Зумакуловэ Танзиля илъэс 80 ирокъу*

**Кулиев Къайсын.** Насып къозыт хуитыныгъэ... 109
**Гамзатов Расул.** Зи сатырхэр щIэщыгъуэ... 111
**Къэшэж Иннэ.** Ди Танзиля... 112
**Беппаев МутIалип.** ГурыщIэ налкъутналмэсхэм я усыгъэ... 114
Зумакуловэ Танзиля хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр... 116
**Зумакуловэ Танзиля.** *Усэхэр* ... 118

*ЩIэныгъэлI, критик Гъут Iэдэм илъэс 70 ирокъу*

**БакIуу Хъанджэрий.** Еджагъэшхуэ... 121
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** Iэдэм и дунейр... 124
**Гъут Iэдэм.** Нэмысымрэ дунеймрэ... 137

*Адыгэхэм я махуэм ирихъэлIэу*

**Уэрыш Нурхьэлий.** Дахащэу си Хэку... 143
**НэщIэпыджэ Замирэ.** Нэщэнэ угъурлы тхурехъу. *Интервью* ... 151
**Шыпш Даянэ.** ХьэфIыцIэ Мухьэмэд адыгэхэр егъэлъапIэ... 156


## Культурэ


**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Нэхугъэм и симфоние... 161


## «Iуащхьэмахуэм» и псалъалъэ


Псалъэм и купщIэр... 165

**Мыз Ахьмэд.** Псалъэзэблэдз... 166

ШИНКУБЭ Бэгърат

# ЖЫЛАКІЭ

*Роман*



ЕтIуанэ махуэм кхъухьыр Истамбыл дэкIащ, зи цIэ къисIуа хытIыгумкIэ иунэтIри. ЦIыху щитху хуэдиз къинат кхъухьым. Дэ дыкъинакъым – зэшищри ди анэри. Абдеж дыкъыщикIащ кхъухьым. Кхъухьым къинам я гугъэт ди шу пашэр – Хьэжы Джырандыкъуэ – гъуэгу ядытехьауэ: кхъухьым щIыгъу кхъуафэ псынщIэм исщ, жаIэрт, ар. Кхъухьым щIыгъу кхъуафэ псынщIэм убыхым я шу пашэ Бэрзэдж Хьэжы Джырандыкъуэтэкъым исыр. Исыр Хьэжы Сулеймэн зыфIэзыщыжа щхьэхуещэрт. Ди анэм жетIакъым ар – имыщIэмэ нэхъыфIт, игу сыт щхьэкIэ хэдгъэщIынт? Къэхъуам щыгъуазэтэкъыми, тхьэмыщкIэр къыдэлъэIу зэпытт:

– СылIэмэ, сыщIэзылъхьэжынур аращ. ФызэщымыIей, быдзышэ фызэдефащ, и пщIэр фымыгъэпуд!

Си щхьэм къинар зы закъуэт си нэгу щIэкIам и ужькIэ: хэкум зэрызгъэзэжын! Ар къызэмыхъулIэмэ, си IэкIэ зызукIыжын мурад сщIат. Си къуэшхэм япэзубыдащ: си щхьэм и унафэ сэ сщIыжынущ! Къысхуадакъым.

– ДылIэнумэ, дызэдэлIэнщ! – аращ къызата жэуапыр.

НэгъуэщI къыщимыкIым, сакъыкIэщIэкIуэсыкIащ. Самсун къакIуэ кхъухь зизгъэзэгъащ, дауэ хъуми. Абы къызэрыщысщIамкIэ, Самсун икIынурэ Арыдбэ кхъухь кIуэнут пщэдей, ахъчыпсо жылагъуэ къыкIэрыхуати, хым къызэпрашын щхьэкIэ. Дзыгъуэ гъуэмбым сипщхьэнт, закъезмыгъэщIэн щхьэкIэ. Сыкъаумысащ. Сапхри, кхъухьым сыкърагъэтIысыкIащ...

Мазэр, мэлыщхьэ лъы защIэ нэхъей, пшэ чэтхъахуэм пхрокI. Сэид и хъыбарым къыщIэдэIу щIыкIэщи, толъкъунхэр нэхъ Iэсэ хъуауэ къыпфIощI.

– Уапхри, кхъухьым укърадзыжащ. УаIэщIэукIакъыми, уи насыпщ. Абы къикIын щыIэкъым, уи щхьэр хэплъхьэн фIэкI. Дэ гъусэ къытхуэхъу. НэхъыфIым дыщыгугъынщ, – къэзгъэдэIуэн мурад сиIащ Сэид.

КъызэдэIуакъым, жыжьэуи сызыхигъэзэгъакъым. Къэтэджыжри, и бащлъыкъ кIапэр зэридзащ.

– Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт лIыуэ къыщIэкIащ! – жиIащ Сэид. – КъытщIэлъыр ищIэрт абы. Уи Iуэху фIы ирикIуэ, Зауркъан. ДызэрихьэлIэжынкIи мэхъу иджыри. – Ар жери, къыщIигъужащ: – Ди хэкужьым...

Хьэжы Джырандыкъуэ быдзышэ дефа щIалэ насыпыншэр, кхъухь тедзапIэмкIэ игъазэри, жэщ кIыфIым хэкIуэдэжащ...

И ужь сыздиплъэм, сигукIэ жысIащ: «Iэщэм дыщепхъуа махуэм

КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 3-нэ номерым итщ.

лъы дгъажэрэ бий дызэхуэхъуамэ, нэхъыфIти!..»

Иужьым, зыкъом дэкIауэ, сIэщIэукIэн хуей хъугъащ ар. Си зэранкIэ къэмыхъуами, ар скъуэлъщ нобэр къыздэсым. Къызэрыхъуари бжесIэнкъэ – ар нэхъ иужькIэщ.

* * *

Хы Iуфэр, Трабзон къыщыщIэдзауэ Истамбыл нэс, къали къуажи ясеящ бгырыс насыпыншэхэм. Жэнэт щIыналъэм щыгугъахэр хы Iуфэм къыIунащ, фэмрэ къупщхьэмрэ хуэкIуауэ, щыгъыныджэрэ екIуэлIапIэншэу. БлэкIам къебгъэгъэзэжыфынукъым. Убыххэм я закъуэтэкъым зи IэфракIэм едзэкъэжар. Убыххэм япэ хым къызэпрыкIат натхъуэджхэр, бжьэдыгъухэр, шапсыгъхэр – адыгэ лъэпкъхэр. Къэбэрдейуи мащIэ къэпхъэратэкъым, урыс пащтыхьым зэреувалIэрэ Iэджэ щIа пэтрэ. Абхъазым я лъэпкъэгъу садзхэмрэ ахъчыпсохэмрэ псори къыщыхутащ мыбы.

Хым къызэпрашыр куэд къащыIэщIэхъуэм, тыркухэр зэрыгъэгужьеижащ. Гъуэгур зэхуащIыжи пэтащ, ауэ кIасэ хъуакIэт. Ди нэгу щIэкIар зымыгъэунэхуам дызэхищIыкIынукъым. Ажалым «сынокIуэ!» къыбжиIэрэ? ЦIыху мэжэщIалIэм узыр хуэлъэщ. Хуабэ узымрэ таломрэ етащи, цIыхур хьэдэлъэмыж зэтохъуэ. Апхуэдизу зэтолIэри, зыгъеини щIэзылъхьэжыни щыIэжкъым. ЦIыхур уахътыншэкъым, арыншамэ щIыми техуэжынтэкъыми. Захуагъэм ущIэзэууэ, гъащIэр зэуапIэм щыптмэ, абы и Iуэхур щхьэхуэщ. ЗэуапIэм гъащIэр щызытар лъэужьыншэ хъуркъым: и цIэмрэ и щIыхьымрэ къытренэ дунейм. Зыхьыну шэр къытехуауэ и псэм щеджэкIэ, убыхым уэрэд къыщIыхидзэр аракъэ! Хьэрэ пэт, и псэр щыхэкIкIэ, и пщIантIэжь йокIуэж. ХамэщIым илIыхьыр зэхъуапсэр зы закъуэт абы щыгъуэ: зи унэ илIыхьыжахэрт, хэкур ябгынэным нэмысауэ. Ажал зимыIэ щыIэкъым, псоми къытщIэлъщ, итIани насыпкъэ уи жьэгужь упэрылIыхьыжыныр! Хьэмэрэ сэ сымызахуэ, Шэрахъ? И насыпкъэ, жызоIэ, зи унэ илIыхьыжым, и бынымрэ и Iыхьлымрэ къыщхьэщыту. Уолъагъу нэпс зэрыщIагъэкIыр, уазэрыхуэарэзыр яжыбоIэ, уи ужьыр махуэ яхуэхъумэ, узэригуапэр зэхах. Уи псалъэр унафэщи, уэсят къахубощIыж. Къуэм и унафэри, пхъум и унафэри, нысэм и унафэри, Iыхьлым я унафэри – псори къызыбонэкI, уи жыIэм фIэкIынукъым зыри, уи псалъэ тIэужыIэ ящIынукъым. Уи бгъэм щызу зэ убэуэжрэ уи напIэр зэтеплъхьамэ, жылэр къыдыхьэнущ уи пщIантIэ, уи кхъаблэм къыщIэувэнурэ уи адэжьхэм убгъуралъхьэжынущ...

Хьэ лIэкIэщ хамэ щIыналъэм къыщыппэплъэр, уи хьэдэ къупщхьэр къуанщIэ фIыцIэмрэ хьэIуцыдзымрэ къахуэмынэмэ, къыпхуимыщIэжа щыIэкъым...

Гуэщыжьхэр егъэзыпIэ зыхуэхъуахэм псом япэ зыкъыдигъэщIащ узыфэ бзаджэм. «Талор къызыхэкIар нартыху гъуэтамрэ дзыгъуэ веймрэщ», – хуагъэфэщащ лIыжьхэм. Ди унагъуэкIэ къытхэIэба щIыкIэтэкъым талор. Ди адэри, ди анэри, си шынэхъыщIэри, си шыпхъуитIри узыншэ хуэдэт. Ди анэм игу къеуэр си шыпхъу нэхъыжьырт, и нэпсыр зэпыуртэкъым, жэщ къэс епщIыхьырт. «Ар фIы гущэкъым, – кърегъагъых ди анэм. – Си псэм ещIэ: къелынукъым мы уз бзаджэм. Ди унэ силIыхьыжами нэхъыфIти, си кIуэцI къикIар сяпэ щIым щIыхьауэ слъагъу нэхърэ...»

Айшэ зэрыуэндэгъур ищIэрти, ди анэм и гур нэхъри щIыхэщIыр арат. ЦIыхур ихъуреягъкIэ щызэтолIэ, апхуэдэ дуней укъытехьэну хъуэпсэгъуэт, Шэрахъ? Узижагъуэми ухуэупсэнкъым абыкIэ. Самсун деж кхъухьым къыщикIат Айшэрэ и щхьэгъусэмрэ, иужькIэ къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ екIуэкIат. Дэнэ щахуэхъуа увыIэпIэ, я щхьэ сыт кърикIуа – абы дыщыгъуазэтэкъым.

Уи псэ пытыху уогугъэ. Ди анэм и нэпсыр схуэмыхьыж щыхъум, и гур згъэзэгъэнщ жысIэри, Айшэ и лъыхъуакIуэ сежьэн мурад сщIащ. Ди адэмрэ си шынэхъыщIэмрэ яжесIащ: Айшэ и лъэужь сытехьэмэ езыри ди малъхъэри къыздэсшэжынущ – дрегъусэ. Хы Iуфэр субыдри сежьащ. Дыгъэр си щIыбкIэ къыдэнащ. Гъуэгум щыслъэгъуа псор сIуэтэжыфынукъым, Шэрахъ. ЯIуэтэжу зэхэсхыгъами, си фIэщ зэрыхъун щыIэтэкъым гъуэгум щыслъэгъуар. Гъуэгу сытехьэри, куэдрэ сыкъэтакъым. Сытхъуауэ къэзгъэзэжащ. Апхуэдэ гукъутэгъуэ зи нэгу щIэкIа къэхъуагъэнкъым. ЦIыхум и фэм дэмыхуэнщ! Си щхьэр щIэсхьауэ хы Iуфэм сыздыIутым, слъагъур узижэгъуэнщ: узыфэ бзаджэм хьэдэлъэмыж зэтрищIащ хамэщIым щракIута бгырыс насыпыншэхэр! ЗэрыцIэлэжащи, зэтолIэ. Узыр етэнтэкъэ: пхъэнкIий идзыпIэм хэсщи, я насып къикIрэ къаIэрыхьэIамэ, аращ я шхыныгъуэр! Псы хуэлIамэ, псынащхьэм къыщыщIагъалъэрт бгырысхэм, хьэжыгъэр тIэу щIамыгъэпщауэ лэгъуп зэфIадзэнтэкъым, къэбым и къур ичамэ, пшхы мыхъужыну ялъытэрт я хэку щисыжам. Иджы, унэм кърахуа хьэ хьэулейуэ, пхъэнкIий идзыпIэм щоулъэпхъащэ. Я щыгъын чэтхъаци, цIыхубзхэм, сыкъалъэгъуамэ, я фэ щоукIытэжри, зрагъэзэкI, я щхьэ щIагуэ. Сабий лъапцIэхэр, зэхэуфIеежауэ, къызбгъэдолъадэ, я Iэр къаший:

– Хьэлу къызэт! Хьэлу!

Уи гур мывэми, ар пхуэшэчынтэкъым. Сабий мэжэщIалIэм нэхъ укъэзыгъэдзыхэн щыIэнкIэ хъуну!..

Си шыпхъум сыздэлъыхъуэм, бэзэрым сытехьащ махуэ гуэрым. Уи фIэщ хъункъым, Шэрахъ: цIыхукIэ сату ящIырт! Си нэIуасэ гуэрым и щхьэгъусэ сыщыIууащ бэзэрым. И лъэ зэблихыжыф къудейт фызабэ тхьэмыщкIэм, щIалэ цIыкIуитI иIыгът. Си фIэщ хъуакъым, Къэзэрхъан и макъыр щызэхэсхам:

– ЩIалэ цIыкIу хэт ищэхун? ЩIалэ цIыкIу...

Си щхьэфэцым зрисащ. Къамэ Iэпщэр скъузри, фызабэм сыбгъэдыхьащ. СепыджынкIэ сыкъызэфIэнэнутэкъым:

– Жьыщхьэ мыгъуэ ухъуи, пщIэр сыт? Сыт хьэдэгъуэдахэ жыпIэр? Уи бын пщэфыну? Апхуэдэ къэхъуа?

Фызабэм и щхьэр къиIэтащ. И нэщIащэр щIэуфIыцIыкIат абы, и нитIыр илэлыхьырт. СызэрыхуэгубжьамщхьэкIэ игу къызэбгъакъым, и щхьэр игъэсыса фIэкI:

– Жьыщхьэ мыгъуи жьыщхьэ махуи хэт хъужын, Зауркъан? Сыт гущэр си Iэмал? Зыгуэрым ищэхурэ я ныбэ изу игъашхэмэ, дыщэм хуэди. Шхын щхьэкIэ зэрылIэр слъагъу нэхърэ... – Фызабэм и нэпсыр къыщиудащ.

Къамэм сызэрепхъуам сыхущIегъуэжащ, ар щызэхэсхым. Плъыжь сыкъэхъури, сыкъикIуэтыжащ.

– Убыхыр дызытекIуэда Хьэжы Джырандыкъуэ щыблэр къытихуэ! – зэхэсхащ фызабэм и гыбзэр, щIалэ цIыкIуитIым я Iэр иубыдыжауэ и щIыб къыщигъэзэжым. – ЩIалэ цIыкIу!.. Хэт ищэхун щIалэ цIыкIу?..

И сабийм пищIын къэхъунтэкъым тхьэмыщкIэм. И сабийр имыIэжмэ, зы махуи псэужынутэкъым.

ЛIы щэныбэ гуэр, бабыщым хуэдэу зещатэу, къытехьащ бэзэрым, сарыкъ щIыху щхьэрыгъэсауэ. Пхъэхь нэхъей гъэшауэ, абы и ужь итт и унэIутыр. Бэзэрыр зэрыхьзэрийщ, зыщэри къэзыщэхури зэхэпшэхъуэжащи, зекIуапIи къуатыжыркъым.

Щэныбэр Къэзэрхъан бгъэдыхьащ. Iэ хуищIри, щIалэ цIыкIуитIыр зыбгъэдишащ, я нэ, я дзэ къеплъащ, я Iэблэ псыгъуэ цIыкIухэр ишытIащ. Уаси яхуигъэуващ, уасэр IэпэкIэ къаригъэлъэгъуащ. Фызабэм зыри пидзыжакъым, уасэм щIэдэунутэкъым ар. Щэныбэр и жыпым иIэбащ, ахъшэр къыпибжыкIри фызабэм хуидзащ. Къэзэрхъан и Iупэ гъущIар зэрыкIэзызым гу лъыстащ, и нэпсыр къыщIэлъэлъу, зригъэзыхри, фызабэм ахъшэр сабэм къыхихыжащ, и щхьэр къиIэтыжри, игъащIэкIэ фIэкIуэд и сабиитIым зэ яIуплъэжащ, и нэпситIыр къелъэлъэхыу. Уи жагъуэгъуми ухуэупсэнкъым абыкIэ. ГъащIэкIэ гугъэжтэкъым фызабэр. Анэм фIэкI апхуэдэ зыхузэфIэкIын щыIэкъым: и кIэтIий кIапэ къикIам щхьэкIэщ ар щIищIэфар, и сабийр къелмэ, анэм зримыкуфын къэхъункъым. И щхьэракъым Къэзэрхъан зэгупсысар, и щхьэ къыфIэIуэхужакъым абы. Щэныбэм и унэIутым щIалэ цIыкIуитIыр бэзэрым тришащ, щIакхъуэ бзыгъэ зырыз яIэщIилъхьэри. Си нэр щыункIыфIыкIащ абдежым, си щхьэр кIэрэхъуащ, хьэджэсэкIэ си гущхьэм къепыджауэ къысщыхъуащ...

Убых лъэпкъ уардэ! ЩIалэ къыфхэхъуэмэ, зыпэфщI щыIакъым игъащIэм. Зыгуэрым и унэ щIалэ кърал ъхуамэ – зэхыхьэрт зэрыжылэу! «Убыхым ди лъэпкъыр иребагъуэ!» – аратэкъэ фи хъуэхъум и япэ псалъэр!..

Сигу хэщIауэ сыкъытекIыжащ бэзэрым – щIапIэщIэлъадэ ухъукIэт ар! Бгырыс пщащэхэм я нэхъ дахэм мэл уасэт хуащIыр. Тырку хьэрэмлыкъхэрт насыпыншэхэм къапэплъэр. ЩIалэ цIыкIухэр нэхъ пудыжт. Къамылъхуххами нэхъыфIти убых сабийхэр. Абы я щхьэ къриkIуар Iуэтэжыгъуафlэкъым. Хьэрэмлыкъ бжэщхьэIур щIалэ цIыкIу мащIэм ирапэса! Мыхъумыбз IэнатIэм Iуагъэувар мащIэ!..

Гъуэгум сызыщрихьэлIэ бгырысхэм псэ яхэмытыж пэлъытэт, дунеймкIэ къэгугъэжыртэкъым нэхъыбэр, апхуэдизкIэ гуащIэмащIэ хъуати. Зи щхьэ къэзымыIэтыжыфыр нэхъыбэт, фIэхъус есхамэ. ПщыIэ, гъуэмбырэщ хуэдэхэр зэрагъэпцIауэ срихьэлIэрт, уэшхымрэ жьыбгъэмрэ зыщахъумэн щхьэкIэ. ЕкIуэлIапIэншэм нэгъуэщI сыт и Iэмалт? Зыр и псэм йоджэ, зым ар егъей, нэпси иIэжкъым. Дунейм тет щIыкIэ я нэгу щIэкIащ жыхьэнмэр, тырку щIыналъэм щагъэунэхуащ ар IэфIрэ дыджрэ. Си нэIуасэ срихьэлIэмэ, и щхьэр егъэкIэрахъуэри, игу къысщIогъу:

– Уи анэм и псэр нэхъ тыншынкъым, уэри уфIэкIуэдмэ. Гъэзэж, уи лъэ узэрихьэ щIыкIэ.

Ар си щхьэ къиихьэртэкъым. Си шыпхъум и Iуэху зытет сымылъэгъуауэ, згъэзэж хъунутэкъым.

Узыр етащи, бгырысхэр зэтолIэ. ЯцIэлэнкIэ шынэри, тыркухэм я бжэ-щхьэгъубжэхэр кърагъэбыдэкIащ, я куэбжэм хьэлъкъ кърaтыжащ. ЦIыху нэпсейр узми щышынакъым, фейдэ къызэрыхахынум гу лъатащ. ШхапIэ, шей ефапIэ, хьэщIэщ хуэдэ зиIэхэм зыхагъэкIыжынт абы! Ягъэлъасэ, ягъэпхъанкIэ, ягъэжьыщIэ зэгуэр «уей-уей!» жезыгъэIэу щыта шууейхэр. Кърапэсри хъудырыпсщ. Нэху щыуэ пшапэр зэхэуэжыху, лIыщIэн хьэзырт ахэр, я джийм зыгуэр ехыну ящIамэ. ЗыгъэлIыщIэм

фIыщIи хуащIырт, къытралъхьэр я хьэлъэт, сытри яшэчынут. Нэпсейм мылъкукIэ зигъэнщIын? КъулыкъущIэхэри къахыхьэжащи, бэзэрхэр зэхажыхь, убых цIыхубз къащэху, ящэж, я сату къокIуэ. Азэн джапIэм махуэ къэс тхуэнейрэ къоувэ муIэзиныр – муслъымэным и нэмэз уахъты блигъэкI хъунукъым, алыхьым жимыIэкIэ!

– Алыхьым и гущIэгъур инщ, алыхьым и гущIэгъум дыхинынкъым!..

МуIэзиныр макъыфIэт, псырылъэм хуэдэщи, къызэролъэлъ. Зи псэм еджэ бгырыс ныкъуэлIэр къызэщигъэужынт абы? ДэнэкIи щызэхэпхыр щэIу макърэ гъыбзэрэщ. ЦIыхубз насыпыншэхэм я гъыбзэр хьэуам хокIуасэ, хым щхьэпрыкIыурэ щхьэж и унэ нэщI щотIысэхыж...

Хы Iуфэм сыIутурэ сыздэкIуэм, си нэгу щIэкIа гукъутэгъуэм щIэ щIэткъым, пэи кIэи иIэкъым. Хьэдэщ нэхъыбэм сызрихьэлIэр – си лъэпкъэгъухэм я хьэдэ! Адэ-мыдэкIэ щызэтелIащ, щIэзылъхьэжыни ягъуэтакъыми, хьэдэмэм уигъэбауэркъым. ЩIэзылъхьэжын къэнакъым: мыбдеж къитIысыкIар псори зэтелIащ. Уигу фIы щыщIэнт абдежым? Шэч мыгъуэр сщIауэ, бжьэпэ гуэр сехри, псы утхъуа цIыкIу сыIухьащ. Си лъэр схузэблэхыжыркъым, махуэ гъуэгу фIэкI къэзмыкIуами. АфIэкI зэпысчыфыртэкъэ сэ! Мэз бжэнри къысщIыхьэнутэкъым, дунейр тIэу пкIэгъуэ схурикъуртэкъым... Псы утхъуам сыщхьэщытIысхьэри зыстхьэщIащ, псы схуэмылIащэми, си Iупэр хэсщIащ... Си нэгу къыщIыхьэжащ хъуэш баринэм и жьауэм къыщибыргъукI псынэ къабзэр. Псынащхьэм къыщрагъахъуэрэ ирагъэфамэ, сымаджэр къызэфIэувэжырт, и гум жьы дихужауэ. Ар ямылейуэ ялъытэртэкъым зыми... Бащлъыкъым щIакхъуэ бзыгъэр къыкIуэцIысхащ – ныкъуэгъуатэт ар. Псым хэсщIэри зэ седзэкъащ. Куэдрэ зыщысIэжьакъым абдежым, бащлъыкъыр си плIэм ездзэкIыжри, си гъуэгу сытехьэжащ. Чырбыш унэ лъахъшэ къысIэщIэлъэгъуащ куэд мыщIэу. Бдзэжьеящэ хъунт зейр – унэм ибгъукIэ хъы щедзат. Унэм хуэзунэтIауэ сыздэкIуэм, зи бгъафэм сабий щIэлъ цIыхубз срихьэлIащ. Ар пшахъуэм хэлът, и гущIыIу дэгъэзеяуэ. ИбгъукIэ щыслъэгъуащ Iэлъэныкъуэ кхъуэщын. Псы къригъэхъуауэ здэкIуэжым, лъэпэрапэри джэлащ – артэкъэ уигу япэ къэкIынур? ЦIыхубзым зыхуэздзащ, къэзгъэтэджыжынщ жысIэри. Сыбгъэдэлъадэмэ – си шыпхъуращ!

– Сыт къэхъуар? КъыпщыщIар сыт? Айшэ!

КъызэфIэзгъэтIысхьэну сыхэтщ. АрщхьэкIэ абы псэ хэтыжтэкъым. Куэд щIатэкъым зэрылIэрэ – и хьэдэр диижа щIыкIэтэкъым. Сабийр псэут, гъыурэ ундэIужауэ, хьэдэм и бгъафэм щIэлът. Анэкъилъхум имыгъэдзыхэ щыIэ? СызэрыхъуарИ сщIэркъым. СызэфIэщэхащ абдежым. ТкIуэпс щIыIэр къытрикIутащ си натIэм, си IитIыр бдзапцIэ фIэхъухьащи, къысхуэIэтыркъым. Хуэм-хуэмурэ зыкъэсщIэжащ. Сабийр анэм и бгъафэм къыщIэсхащ. Быдзышэ ткIуэпс тест сабий тхьэмыщкIэм и Iупэм. Илъэс мин дэкIа хуэдэщ абы лъандэрэ, Шэрахъ, ауэ ноби си щхьэм итщ анэ бгъафэм къыщIэсча сабийм и гъы макъыр. Иджыри къэс сыщIэмылIар апхуэдэ гуэр хъунщ: зыгуэрым иIуэтэжын хуейтэкъэ убыхым я натIэ хъуар!.. Кхъухьыр, гува-щIэхами, хы Iуфэм есылIэжынущ. Ди хъыбари цIыхум ялъэIэсыжынкъэ...

ЩIалэ цIыкIуми къыпкърыхьа хъунт узыр. Плъыржьэрт. И Iэ цIыкIуитIыр икъузауэ, зэщыджэрт ар, жьы къыпиубыдыным нэсауэ. Сабийр си бгъэм щIэслъхьэри, чырбыш унэжь цIыкIумкIэ сыщIэпхъуащ. БжэIупэм сынэмыс щIыкIэ, сыджащ:

– Зыгуэр фыщIэс мыбы?

Зыми жэуап къызитакъым, зыри къытеувакъым бжэщхьэIум. БжэщхьэIум сытеувэри, унэ кIуэцIым сыщIэплъащ. ЩэIу макъ зэхызох. Унэм сыщIэбэкъуащ. Блыным кIэрыгъэщIауэ нэхум хэслъэгъуащ ди малъхъэр. И IитIыр и ныбэгум телъщи, зызэфIеш, и щхьэр иреудэкI, и нэр мэлыдри, уIуплъэнкIэ гужьеигъуэщ. И нэкIур иуэжащ, пщIэнтIэпсыр къохуэх, бауэкIэщIщи жьыр хурикъуркъым. Ар и псэм еджэрт. Убых псом щыцIэрыIуащ ар зэгуэрым, шууей хъыжьэт, шым я нэхъ емылыджыр зыгъэIэсэфыр арат. Иджы зыри хэлъыжтэкъым Хьэрун, къыпхуэцIыхужынутэкъым.

Езым сыкъицIыхужащ. КъеIащ, къызэфIэувэну.

– Си лъэм сиIыгъыжыркъым, Зауркъан, емыкIу сыкъыумыщI. Уи шыпхъур псыхьэ кIуащ, иджыпсту къэсыжынущ. – Хьэрун гу къылъитакъым си бгъэм щIэлъ сабийм, и нэр щыункIыфIыкIа хъунт, псалъэр ерагъмыгъуейуэт къызэрыдришейр. Заулрэ зриудэкIри, плъыржьэрыр нэхъ щхьэщыкIуэтащ. Гужьеяуэ къыдэплъеящ итIанэ, къэхъуам гу лъитащ: – Зауркъан, улIмэ, псэууэ сыкъыщIумынэ мыбы! Уи шыпхъур щыIэжкъым – хэт сыщIилъхьэжын? Алыхьыр узогъэлъэIу: псэуузэ сыкъыщIумынэ мыбы! Сэ гъащIэ сиIэжкъым! Сэ сынэхъыжьщ, си лъэIур къысхуэщIэ!.. Къызэуи сыукI!..

АфIэкIа къыжьэдэкIыжакъым: хуэшым иIуэнтIащ, и лъэр иукъуэдиижащ, и щхьэр фIэхуащ, и Iупэм лъы ткIуэпс къызэпхиващ...

ЕмыкIу сыкъыумыщI, Шэрахъ, уезгъэша хъунщ. Гуузыщэт ди хъыбарыр, зымащIэщ къэсIуэтэжыфынур – абы щIэ щIэткъым. УIэгъэ цIынэм хуэдэщ си хъыбарыр, шыгъу теуди, еплъыт уIэгъэ цIынэм...

Сеплъурэ, и псэр хэкIащ ди малъхъэм. Сабийр си IэплIэ къинащ – сабий сымаджэр. Гъыурэ, и напIащхьэр къытетIысхьащ сабий насыпыншэм.



Сабийр згъэтIылъри, дунейм ехыжа тхьэмыщкIэм и нэр зэтеспIащ, зэзгъэзэхуэжри, ди шыпхъум и хьэдэм сыкIэлъыкIуащ. Ар диижакIэт. Сыхуэсакъыпэурэ къэсIэтащ. Айшэ и щхьэц фIыцIэшхуэр си куэщIым къилъэлъащ. Си нэгум щIэкIыркъым ноби... Си шыпхъумрэ си малъхъэмрэ зэбгъурыслъхьэжащ. Сабийр къызоплъ, и нэ цIыкIуитIыр къихуу. И цIэри сщIэркъым. Уи бзэр мыпсалъэмэ, гугъукъэ? СыIуплъэмэ, къызжиIэнIауэ къысщохъу. УдэIужами, и нэпсыр щIэтщ. ПщIэнтIэпсыр къытрикIутащ, бахъэр къыщхьэщех, мафIэм есри. Псы къыхуэсхьри, езгъэIубащ, и нэкIур хуэслъэщIащ. Сабийр хуэмурэ Iурихащ. Хьэдэм сыщхьэщытщ, сызэпхъуэнури сщIэжыркъым. «Сабийм къыхуищIынкъэ гущIэгъу, дыкъимыужэгъужамэ, – жысIащ сигукIэ. – Быдзышэ езыгъэфэн гуэр згъуэтынкъэ?» Хьэдэр щIэлъхьэн хуейт япэщIыкIэ, Iыхьлым хъыбар егъэщIэн хуейт хабзэкIэ, гъеижын хуейт. Хэт сIуэхун Iыхьлым я деж, хэт згъэкIуэн щыхьэкIуэ? «Зигу къысщIэгъун гуэр сыщримыхьэлIэну пIэрэ мы куейм?» Ар сигу къыщыкIым, хьэ щIэмыхьэн щхьэкIэ, бжэр есшалIэри, хы IуфэмкIэ сунэтIащ. Заулрэ сыкIуэри, сыгуоуащ, кIэрахъуэр щэ згъэуащ.

– Уоу! – къэIуащ макъ гуэр, сыплъэри чыцэ сабалъэм лIищрэ зы фыз хэкIуэтарэ къызэрыхэкIар къэслъэгъуащ. Я лъэ зэблахыф къудейт плIыми. ЛIищым я дамэм бел телъщ, цIыхубзыр фIыцIэкIэ хуэпащ, и щхьэцыр утIыпщащ. Губгъуэм къина хьэдэр щIэзылъхьэхрат ахэр, абы гу лъыстащ занщIэу. «Псапэщ», – жари, ар я пщэ далъхьэжат, зыми къалэн ящимыщIами. Си шыпхъумрэ си малъхъэмрэ дунейм зэрехыжар яжесIащ, чырбыш унэжьым къыщIэзна сабий сымаджэм и гугъуи

яхуэсщIащ.

– Уэ къыпщыщIар Iэджэм къащыщIащ, уи закъуэкъым ар зэхъулIар, – игу къысщIэгъуащ фызым. – Алыхьым и щIыб къытхуигъэзэжащ убыхым, и ней къытщыхуащ. Ди хэкур зэрыдбгынаращ и щIыб къыщIытхуигъэзэжар. Иджы дегъэпшыныж.

– Уи гуауэр къыдгуроIуэ, тхьэм и нэфI зыщыхуэн. БдыщIэтлъхьэжынщ, ауэ абы нэхъыбэ тхузэфIэкIынукъым, емыкIу дыкъыумыщI, – къыщIагъужащ лIищым.

Чырбыш унэ кхъахэм къэсшащ ахэр. Сабийм гъын къыщIидзэжат, жьыр хурикъужыртэкъым, быдз лъыхъуэрт.

Фызым сабийр къиIэтащ, и бгъафэм щIилъхьэри щIиупскIащ:

– Ихьыжын щыIэкъым мы тхьэмыщкIэ цIыкIуми.

Сабийм едэхащIэурэ, фызыр унэм щIэкIащ. ЛIищым хьэдэр зэрагъэзэхуэжащ. Бащлъыкъыр зыдэсхри, си бгъэгум сиуэжурэ, си шыпхъумрэ си малъхъэмрэ згъеижащ. Згъеижащ ди анэм, ди адэм, си шынэхъыщIэм, си шыпхъухэм я цIэкIэ. Жьэгу нэщI хъуа ди хэкужьым и цIэкIэ згъеижащ. Дыгъэр зы жыгыщхьэ хуэдизкIэ къекIуэтэхауэ, си шыпхъумрэ си малъхъэмрэ я хьэдэхэр Iуащхьэ лъапэм тхьащ. Ахэр щIэтлъхьэху, сабийр лIащ. И адэрэ и анэрэ щимыIэжкIэ, тхьэр зэуа мы дунеижьым къытенэнкIэ дзыхь имыщIа хуэдэт сабий насыпыншэм. Зи цIэ дымыщIэ сабийр и адэ-анэм я хьэдэ лъапэм щыщIэтлъхьэжащ.

– Ар пщызыгъэгъупщэн гуауэ тхьэм уимыгъэлъагъу, Зауркъан, – си Iэр къаубыдыжащ хьэдэр къыздыщIэзылъхьа лIищымрэ фызымрэ. – НэгъуэщI пхуэтщIэфынукъым. Дэри аращ къытщIэлъыр. – МащэмкIэ еплъэкIри, къыщIагъужащ: – Абы я насыпщ. Дэ хэт дыщIилъхьэжын? КъуанщIэ фIыцIэжьымрэ хьэIуцыдзымрэ къахуэнэнущ ди хьэдащхьэ. Ди ужь укъинэмэ, жэнэзыншэ думыщI...

ЛIищымрэ фызымрэ ежьэжащ, сэ кхъащхьэм сыкъыбгъэданащ. Дыгъэр къухьащи, пшэплъыр есыж. Пшапэр зэхоуэ, вагъуэхэр къитIысхьэ хъуащ. Жэщыр абдеж щисхын мурад сщIащ. Арат ди адэжьхэм я хабзэр: дунейм ехыжам и кхъэ лъапэ зы жэщ щагъакIуэрт, хьэмрэ бгъэмрэ щахъумэу.

Пшапэр зэхэуа нэужь, мафIэ сщIащ. МафIэ бзий ныбжьым зедз, хъуаскIэр кIыфIым хокIуасэ. Мазэр къыщIэкIащ, ар еIэжат. Уафэгум пшэ хужь Iэмбатэхэр щызэблоу. Махуэм сешащи, жейр къыстоуэ, си щхьэм Iэджэ щызэблокI. Бащлъыкъым зытезгъэщIащ, асыхьэтуи сыIурихащ. Куэдрэ сыжея, мащIэрэ сыжея – сщIэжыркъым, пщIыхьэпIэм сыкъыдэушащ. Ди адэшхуэрт сызэпщIыхьыр. Езыр игъащIэм слъэгъуатэкъым, сэ сыкъалъхун и пэ дунейм ехыжат ди адэшхуэр. И хъыбар сригъэдэIуэрейт ди адэм – и хъыбаркIэ къэсцIыхуащ. Цей хужьыбзэ щыгът, апхуэдизкIэ хужьыбзэти, уэсым къыхадыкIа фIэкI пщIэнтэкъым. Езыри уэсым хуэдэт, къетхъухати; шыуан фIыцIэшхуэ иIыгът, псыр изу.

– Зауркъан, – къызэджэ хуэдэщ ди адэшхуэр, – щхьэ ужейрэ? Жылэр зэщIэхъеякIэщ. Зи лъэ вакъэ изылъхьэжыф къыдэнакъым.

– Сыт къэхъуар? – жызоIэ.

– Iэгъу! Къэхъуар пщIэркъэ? Бгым мафIэ къыщIэнащ, – жи, и Iэр бгы лъапэмкIэ еший.

Бгы лъапэмкIэ сыплъэ хуэдэщ сэри. Сыплъэмэ, бгыр мафIэм дресей, джаби къуэ кIуэцIи зэщIищтащ лыгъэм, бгыщхьэм телъ уэсым нэблэгъащ. МафIэ бзийр уэгум йохьэ, пшэми щIэнащ мафIэр.

– Сыт, – жысIэ хуэдэщ, – мыр зищIысыр?

– Тхьэм и нэлатыр къыттехуащ! МафIэ къыдидзащ тхьэм, дунейм дытрехуж убыхыр. Шыцуэс къесащ жэщ псом. Бгыр щIигъэнащ шыцуэсым. Щыблэ къеуэри, мафIэ кърицдзыжащ. Жэ, Зауркъан. Жэ, си тIасэ! Бгыр мафIэм къевгъэл!

Ди адэшхуэм шыуаныр къызитри, бгым силъэдауэ, сыкъызэщыуащ. Сыжейбащхъуэти, сыздэщыIэр къысхуэщIэжакъым япэщIыкIэ. Нэхулъэ къызэкIэщIитхъат, кхъэ мащэр нэхулъэм щыхэслъагъуэм, сигу къэкIыжащ дыгъуасэ щIэтлъхьахэм жэщыр зэрадисхар. СыкъызэфIэтIысхьащ. Си щIыбагъкIэ хьэжь ныбаджэ дэтт, и дзажэналъэр къыхэцIэфтыжауэ. Хьэжьым, и кIэр и бэкъум диупщIэри, и дзэлыфэ къысхуитIащ.

– IукI! – сыхуилъащ хьэжьым, мывэ хъурей езутIыпщ хуэдэуи зысщIащ.

Хьэжьыр IукIуэтащ, пхэщIыщхьэкIэ хэтIысхьэри, пщIэууэ щIидзащ. Зэрэ-тIэурэ сыхуилъащ хьэжьым, схуэшынакъым. ЛъэбакъуитIщыкIэ IуокIуэтри, аргуэру мэтIыс пщIэууэ. «Мы чырбыш унэжьыр зейм я хьэ хъунщ, – сигу къэкIащ итIанэ. – Абы щыгъуэ сэращ хамэр».

Хьэдэри, пщIыхьэпIэ Iейри, хьэжьым и пщIэу макъри – псори схузэхыхьэжащи, си щхьэр си жагъуэщ, си гур кIуэдыпащ. «Ди деж зыгуэр къащымыщIарэт», – си гур абыи жащ.

Си нэр зэтеспIащ, итIани дыгъэм сеплъ хуэдэщ: лъырэ плъыжьыгъэрэщ си нэгум къыщIыхьэр. Сыкъэтэджыжри, гъуэгу сыкъытеувэжащ.



* * *

Гуэщыжьым сыкъэблэгъэжауэ, цIыху Iув сакърихьэлIащ. ЗырызтIурытIурэ зэхуэсырт. АбыкIэ зыунэтIа лIыжь гуэр сылъэщIыхьэри сеупщIащ:

– Сыт цIыхур щIызэхуэсыр?

– «Самсун и тетыр къэкIуэнущ» жаIащ. Къытхэпсэлъыхьын мурад ищIащ, – жэуап къызитыжащ лIыжьым, башыр здигъэбакъуэм.

ЦIыху Iувым дабгъэдыхьащ. Ало и къуэ Шардын и цIыхум нэмыщI, си мынэIуаси яхэтт. Я Iэ-я лъэ ящI, къызэрыгъэплъаи яхэтщ, зодауэ, зыр фIым щогугъ, зым и гугъэ хихыжыпащ. МафIэм мывэкIэ упэрыуэмэ, хъуаскуэ къыхэлъэтыркъэ? Апхуэдэт цIыхум я нэр. ЦIыхубзи къекIуэлIащ, щыгъын фIыцIэкIэ хуэпауэ. Ди адэр яхэслъэгъуащ цIыху Iувым. Iэней башым зытригъэщIауэ, лъэныкъуэкIэ щытщ. Езыми сыкъилъэгъуащ. «Си фэкIэ къищIэнущ псори», – сыкъэгузэващ, къыщысIуплъэм.

– Хьэмырзэ! – жери ди адэм зыгуэр къеджащ. Ди адэм къеджам зыхуригъэзэкIауэ, си шынэхъыщIэр къызбгъэдыхьащ.

– Тхьэм и шыкурщ, псэууэ къэбгъэзэжащи, – къысщыгуфIыкIащ МатIэ. – Айшэ къэбгъуэтыжа?

МатIэ и нэр къихуу къызоплъ, «къэзгъуэтыжащ» жысIэным поплъэ. Игу схухэгъэщIакъым:

– Къэзгъуэтыжащ, – жысIащ сэ. НэгъуэщIкIэ къызэупщIыным хунэзмыгъэсу, сэ сеупщIащ: – Фэ сыт фыхуэдэ, фи Iуэху сытым тет?

– Лажьэ диIэкъым. Ди анэр бгъэгузэващ. Махуищ мэхъури хэлъщ, нобэщ къыщытэджар – укъызэрыкIуэжынур ищIа хъунт и гум.

ЗылI утыкум къихьащ. ЩIалафэ тетми, тхъуат лIыр, и цейр

зэхэфыщIат. Зэрыгубжьар нэрылъагъут.

– Ди къадыр щыкIуэдар зыщIэ къыфхэт? – щIэупщIащ ар, и гур къэплъауэ. – Дэнэ щыкIуэдар жызоIэ! ДыкъыщIигъапхъуэри, кIэбгъу зищIыжащ. «Тыркур жыг хадэм хуэдэщ, зэщIэгъэгъащи, хъуэпсэгъуэщ. Дыгъэри щыгуащIэкъым, уаи къыщыхъуркъым, гъатхэ зэпытщ. Хъуани псалъэ жагъуи щызэхэпхынукъым, щызэхэпхынур зэчыррэ нэмэзыбзэрэщ», – аракъэ дызригъэдэIуар? Аракъэ, жызоIэ, дыкъызэригъэпцIар! – И IэштIымыр игъэдэлъащ лIы хэщIыхьам, къадыр, Сыхьэтджэрий, илIын хьэзыру.

– Бгъуэтмэ, къащтэ!

– Кхъухьым къикIри, кIэбгъу зищIыжащ!

– Мэчэм кIуауэ жаIэ – хьэжыщI!

– Мэчэ мыгъуэр иущI! – ебгащ къадым зы фызыжь, и нэпсыр IэлъэщI кIапэкIэ щIилъэщIыкIри.

– Тыркур къэралышхуэщ... Дэ дымыщIэ щхьэкIэ, псэупIэ тхуэхъун къилъыхъуэну ежьами тщIэркъыми – дыхуэвмыгъэшхыдэ Сыхьэтджэрий. Ало и къуэ Шардыни дунейм къытехьэркъым. Апхуэмыдэ гуэру пIэрэ ари зи ужь итыр? – псалъэ къахилъхьащ нэгъуэщI зы лIи. ШринкIэ еджэрт абы, хьэрэмыгъэншэ гуэрт, лъэпкъкIэ садзт.

– Щыгугъ абы уэ, Шрин! Уэр щхьэкIэ мэгузавэ ахэр, ягу къыпщIоуз! Щыгугъ абы! Нобэ-пщэдей къагъэзэнущ тIуми, уи Iэпэр яубыдынурэ, жэнэтым и курыкупсэм урашэнущ... Укъэплъэнэфщ, абы ущыгугъмэ, уи гурыгъыр ижауэ плъагъунщ! – жьэхидзащ Шрин къадым хуэхъущIэ лIы хэщIыхьам.

Зыгуэр лъыхъуэ щIыкIэу зиплъыхьу, цIыху Iувым япхыкIащ Бэрэкъей и къуэ Дзэпщ Наурыз. ИгъащIэм тэмакъкIэщIт, губжьыгъуафIэт. МафIэр къыIурылъэлъырти, Iэщэм епхъуэн хьэзырт. Уи псалъэр къыбжьэдигуэжыныр зыуи къыщыхъунутэкъым, зыфIэлIыкIыни къэхъунутэкъым.

– ПIэм къыхэкIа къудейщ, зэрыфагъуэр плъагъуркъэ? – къызэIущэщащ МатIэ, и щхьэр Дзэпщ Наурыз дежкIэ ищIри. Лъы къыщIэнэжауэ пщIэнтэкъым абы, и фэр пыкIат, апхуэдизкIэ зызэфIишырти, уи гур игъэузырт.

– Хэт къуаншэр? Хэт захуэр? АбыкIэ дызэдауэкIэ, къикIыжын щыIэкъым, – жиIащ Наурыз макъ икIакIэ, къыдришеиф къудейуэ. – ГурыIуэгъуэр зыщ: дыбылым хъушэти, дащэри ежьэжащ. ДыкъагъэпцIащ дэкум хуэдэу! Хьэжы Джырандыкъуэ щыщIикъар фщIэркъэ? ФщIэркъым! Фымыгузавэ, дэ дызыхэт бэлыхьым хэткъым ар, и щхьэ хигъэкIуэдэнкъым! И хэку ибгынакIэ, ил узын абы! Мыри хэку хуэхъунущ Хьэжы Джырандыкъуэ! Мыр хасэкъым, дэуакIуэ дыкъэкIуакъым. Си псалъэм кIэщI зезгъэщIынщ. Си благъэхэмрэ си цIыхугъэхэмрэ хъыбар езгъэщIащ: хэкум зыгъэзэжын мурад зиIэм пашэ сахуэхъунщ, жысIэри. Ар фIырыфIкIэ къыдэмыхъулIэмэ, Iэщэ диIэщ. Си щхьэр си хэкум щIэстмэ, нэхъыфIщ, мы щIыналъэ гъуамэм шхын щхьэкIэ силIыхь нэхърэ! Мес ди гъуэгур! – И Iэр химкIэ ишийри, цIыхум яхэгуоуащ: – Пщэдей зэхудипIалъэщ!

ЦIыхум я нэхъыбэр пэплъагъэнкъым Бэрэкъей и къуэ Дзэпщ Наурыз апхуэдэ псалъэ къахилъхьэнкIэ. Наурыз зэрыIэубыдыпIэншэм есэжакIэт цIыхур, и хьэлыр ящIэрт, итIани «пщэдей зэхудипIалъэщ» щыжиIэм, нэхъыбэр къигъэуIэбжьащ. ЛIыжь-фызыжь, сабий кIэрыщIэн иIэщ дэтхэнэми, а псор зэщIэIэтэгъуауфIэ хъун, губгъуэми

къибнэн, пщэдей гъуэгу утехьэмэ? Наурыз ищIэ хъунт цIыхур зэрыхъунур. ТегушхуэгъуафIэтэкъым апхуэдэ Iуэхум, гъащIэр яужэгъужарэ я щхьэр здахьын ямыщIэж пэтми.

Наурыз и псалъэм къыщIигъужащ, нэхъ ткIыбжь зищIауэ:

– Мыр кIуэдыпIэ зэрытхуэхъунур зыщIэ лIыфI Iэджи къыфхэтакъэ, иджы сыт къэхъужар? Бжэн къуийр зи пашэ мэл гуартэм дрещхьти, ди сабиймрэ ди бзылъхугъэмрэ я Iэпэ дубыдри, дыкъэджэдащ мы щIыпIэ угъурсызым. Дыщытхъэмэ, фолъагъу!

– Узахуэщ, Наурыз. Узахуэщ абыкIэ. Укъыдэгийми, тхуэфащэщ, – къэпсэлъащ лIыжьхэм ящыщ зы, Сит, и бащлъыкъ кIапэр и плIэм иридзэкIри. – Уи шынэхъыщIэм, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, и псалъэм дедэIуакъым. ДедэIуамэ, дыунэхъурэт нобэ! Ауэ уэри а махуэм...

– Пэщэр къэсащ! Пэщэр!

Сит и псалъэр зэпаудащ. ЦIыхур зэрызехьэ хъуащ, гъуэгумкIэ загъазэри.

Самсун къыдэкI гъуэгум пэщэр тралъэгъуащ, аскэрым къаувыхьауэ. Шууэ къэсри, пэщэр цIыхум къахыхьащ. Утыкум иуващ, зэрышууэ. ЛIы тхъуэплъщ, абрагъуэщ, нэкIэ уишхын хьэзырщ, нэщхъыдзэщ, пащIагъуэ цIырхъщ, Iупэ Iувщ. Шы пцIэгъуэплъ лъагэ тесщи, уанэгум зыщегъэкъ. И лъэрыгъыпсыр щIым нэсрэ жыпIэнщ, апхуэдизкIэ лъакъуэ кIыхьщи. Тыркубзэ зыщIи яхэтт убыхым. ЛIакъуэлIэшырат тыркубзэ нэхъ зыщIэр, тырку сатуущIэхэр я IупэфIэгъути. Нобэ зыхыхьам ягурыIуэнутэкъым, тэрмэш и мыгъусамэ. Тэрмэши къызыщIигъуащ пэщэм. Тэрмэшыр садз щIалэт, Гагрэ щыщт. Абухьбэ Мызэуш – арат садз щIалэм зэреджэр.



Сэлам къыдихри, пэщэр щIэупщIащ:

– Фымуслъымэн псори?

– Дымуслъымэнщ, зиусхьэн! – жэуап иритыжащ Сит.

– Фымуслъымэнмэ, мэжджытым щхьэ фымыкIуэрэ, фи нэмэз уахъты щхьэ блэвгъэкIрэ? Махуэм тхуэ нэмэз ищIын хуейщ муслъымэным. Ар фызэрифарзыр фщIэркъэ? – шхыдэкIэ къыщIидзащ пэщэм и псалъэр. Схуэшэчыжакъым:

– Зи щIыхьыр лъагэ, цIыху щыгъыныншэм жьыщIэн къытехуэркъым! Мэжджытым дыкIуэнт, шхын щIэлъамэ. Узым лъэрыщIыкI дызэтрищIащ: хущхъуэ къыщыдатыну мэжджытым?

СыкъыщIикIуэтыжын щыIэтэкъым асыхьэтым, си нэм лъы къытелъэдат, сыкъэчэн къудейт. Пэщэр слъагъужыртэкъым сэ, си нэгу щIэтыр хьэдэ бгъафэм щIэлъ сабийрт. Къамэ Iэпщэр скъузащ, арщхьэкIэ МатIэ си гупэ къиувэри, сызэтриубыдащ. Пэщэм и нэр къихуащ. Тэрмэшым си псалъэр зэридзэкIащ. Ар си псалъэтэкъым:

– Дэ дымэжэщIалIэщ, зиусхьэн пэщэ...

– ЩIакхъуэ зырыз фэттынущ унагъуэ къэс, пщэдей щыщIэдзауэ, – и щхьэ хуэарэзыуэ, къыджиIащ пэщэм. Дигъэунащ жыпIэнт: жэнэтым и бжэр тхуIуихынут пщэдей, тхъэжыгъуэ дихуэнущ, къытхуэупсакъэ Умар-пэщэ!

Пэщэм и псалъэм щыгуфIыкIыща слъэгъуакъым. ЩыгуфIыкIын дэнэ къэна, къадым ебга фызыжьыр, Хьэмидэ, джэд сымаджэ нэхъей, бгъэдэлъэдащ пэщэм:

– ЩIакхъуэ зырызым сыт къытхуищIэн? Гъэш ямыIэмэ, ди сабийр зэтелIэнущ!

Пэщэм и нэр зэблигъэплъащ, и Iупэ бэвыр зэтрикъузащ: «ФIыщIэ

къысхуащIыным и пIэкIэ...» – арагъэнщ игукIэ жиIар.

– Ар муслъымэн хабзэкъым! – къэлыбащ пэщэр. – ЦIыхухъу здэщыIэм цIыхубз кIуэ хъунукъым! Я щхьи щIэмыуфауэ, абы и щIыIужкIэ! Джаур хабзэр зыхэвн! И чэзу хъуащ. Мыр Арысейкъым! ЦIыхубзыр Iурырек I мыбдеж! ПIалъэ къыхэвмыгъэкI!

– Си жьыщхьэм и хьэтыр къэлъагъу, зиусхьэн. Си зы псалъи къедаIуэ, – и IитIыр IэгукIэ зэригъэубыдри, пэщэм зыхуигъэщхъащ Щолэхъу дадэм. – Убыхым езым тхьэ диIэжщ. Бытхьэщ дызэреджэр. Тхьэ дыщелъэIукIэ, цIыхухъуи цIыхубзи дызэгъусэщ, зэхэдз диIэкъым. Аращ ди хабзэр. Ар ди адэжьхэм къытхуагъэнащ.

ЛIыжьым и псалъэр Абухьбэ Мызэуш пэщэм хузэридзэкIащ. Зы псалъэ дигъэхуакъым. ЩIопщыр уанэкъуапэм фIидзэри, пэщэм и Iэр иIэтащ:

– ЛаIилахьэ Iилэлэхь... – Зэчырыр зэпигъэужри, цIыхум къащIэкIиящ: – Мэжджытым фыкIуэ, Iимансызхэ! НэмэзыщI! Зы фыкъэмынэ! Алыхьым фелъэIу, фи гуэныхь къыфхуигъэгъункIэ фелъэIу! Жыхьэнмэщ фэ къыфщIэлъыр! Жэнэтыр нэбгъузкIэ флъагъункъым!

Си губжьыр къыдэшэсеижащ абдежым:

– Жэнэтыр фэ хуит фхудощI, дэ мы дунейм дытевгъэт!

МатIэ къыспэуващ аргуэру. Зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ жери, и къамэ Iэпщэр икъузащ. Си нэр ди адэм хуэзащ асыхьэтым: «Щхьэ зыпхуэмышыIэрэ?» – нэкIэ къызэгиящ ди адэр.

Пэщэр си дежкIэ къэплъащ, и псалъэр зэпызыудам нэкIэ лъыхъуэу. Шухэм ящыщ зым и щIопщыр си дежкIэ къишияш.

– Кхъуэ цIапIэ! – хъуэнащ пэщэр. Алъандэм фэкIэ зищIами, иджы къыщитхъащ: – Ди пащтыхь лъапIэм и унафэщ: Iэщэ зезыхьэф щIалэхэр къыхатхыкIынущ! Зы къагъэнэнукъым! Дзэм хэдгъэхьэнущ псори! Езыр арэзыуэ хыхьэмэ, апхуэдэм гулъытэ хуэтщIынущ, ди нэфI щыхуэнущ, и унагъуэри къэралым къихъумэнущ.

Щым зэрыгъэхъуащ псори. Ди адэр къэпсэлъащ псом япэ:

– Ди быныр тпэIэщIэ ящIын мурад яIэщ! Дыкъызэхэнакъэ итIанэ, хэти дыкъихъумэн, хэти къытщхьэщыжын, ди щIалэхэр димыIэжмэ?

– Ей, Хьэмырзэ, – къыпидзыжащ лIыжьхэм ящыщ зым, – фIырыфIкIэ иумытмэ, залымыгъэкIэ уагъэдэнщ. Къэралым и джатэр жанщ...

ЦIыхур утыкум къинащ, я щхьэ къыфIэхуауэ. Наурыз хэкIри пэщэм и пащхьэ иуващ, и башыр щIым хисащ, и пыIэр башым фIигъэсыжри, пэщэм тыркубзэкIэ жриIащ:

– Мыдэ къызэдаIуэ, зиусхьэн. Фи жэнэт щIыналъэр тхуэщ хъуакъым дэ, къыдэзэгъакъым. Е абы дыхуэфащэкъым дэ, е езыр дэ тхуэфащэкъым. Хым къызэпрыкIам и зэхуэдитIыр щIым щIыхьакIэщ. Къэнами къытщIэлъыр аращ. Сызэхэпхрэ, зиусхьэн: дэ ди хэкужь дгъэзэжын мурад тщIащ! Кхъухь къыдэфт! Кхъухь къыдэвмытмэ, лъэсу дежьэжынущ, къэрал гъунапкъэм дызэпрывгъэкIыж закъуэ! Ар къытхуэфщIэмэ, игъащIэкIэ нэмэз хуэтщIынщ фи пащтыхь дыщэм.

Бэрэкъей и къуэ Наурыз и псалъэм къигъэуIэбжьакъым пэщэр. Апхуэдэ псалъи пэплъагъэнщ ар, мыбы къыщыкIуэм. Жэуапым елIэлIакъым:

– Ар мыхъуххэнщ! Си IэмыщIэ илъкъым, фи хьэтыр слъагъунщ жысIэми. КъэралитIыр – Тыркумрэ Арысеймрэ – зэгурыIуащ абыкIэ,

къэралхэм яку сыдыхьэфын сэ, абы я унафэ схуэкъутэн? Ди бэракъым фыщIэтмэ, фыгъуэщэнукъым, фыкIуэдынукъым. Бегъымбаррэ пэт, зы махуэм къабыл ящIакъым. Зы махуэм еувэлIакъым цIыхур... Гугъу фехьми, фIуэтэжынщ. Алыхьым и гущIэгъур инщ. Зыхуэвгъэшэч... ЛаIилахьэ Iилэлэхь... Мэрем махуэ къэс жумэщI фыкIуэн зэрыхуейр зыщывмыгъэгъупщэ, алыхьым фыкъихъумэнщ...

АбыкIэ дигу фIы ищIри, Умар-пэщэ тхэкIыжащ, шым елъэдэкъауэри къалэм дэлъэдэжащ, аскэр шухэр и кIэм ищIауэ.

Пэщэмрэ аскэрхэмрэ сабэм щIихъумэжа нэужь, цIыхум, я щхьэ къыфIэхуауэ, зэбгрыкIыжу щIадзащ. Ди адэр къыдбгъэдыхьащ МатIэ дэрэ. Сеплъыфакъым ди адэм, си щхьэр есхьэхащ.

– Айшэ зы мыгъуагъэ къызэрыщыщIар уи фэмкIэ солъагъу, сыт щхьэкIэ къысщыббзыщIрэ? – и псэм ищIащ ди адэм и пхъур зэрыщымыIэжыр.

УбзыщIкIэ мыхьэнэ иIэжтэкъым: си нэгу щIэкIар жесIэжащ. Ди адэм и жьэпкъыпэр къэсысащ, нэгъуэщIкIэ къызыхигъэщакъым. И Iэр МатIэ и дамэм трилъхьэри, еплъыхащ. МатIэ и нэпсыр хуэIыгъакъым, сабийм хуэдэу къыщиудащ. Ди адэм зыри жиIакъым. МатIэ и нэпсыр илъэщIыжа нэужь, ди адэм, и псэр къызэфIэзэрыхьауэ, унафэ къытхуищIащ зэшитIым:

– Фи анэми фи шыпхъуитIми яжевмыIэ. Яхуэшэчынкъым, ихьынщ. ФыкIуэ, фыкIуэж. Алыхьым гущIэгъу къытхуищIынщ...

Абы къыфIигъэкIакъым. Башым зытригъащIэри IукIуэтащ. И нэпс дигъэлъагъун къригъэкIуагъэнкъым. Айшэ зыхилъхьэ щыIэтэкъым ди адэм, арат унэм япэ кърадъхуар. Гъуэгу сабалъэм ибгъукIэ чыцэ гуэрэн цIыкIу итти, абыкIэ иунэтIащ ди адэм. Дэ дыкъежьэжащ.

МатIэ си ужь итщ, псалъэмакъыншэщ. И нэпс къыщIэкIыжыркъым, ауэ зэзэмызэ зэрыхэщэтыкIыр зэхызох. МатIэ нэхъ Iей хъу зэпытт – абы гу лъыстакIэт Айшэ и лъыхъуакIуэ сежьэн ипэ. И цIэ езэгъыжыртэкъым, жэщкIэ къыхэкIиикI хъуат. Узыр къеуэлIа щIыкIэтэкъым абы, хьэуэ. Абы къеузыр нэгъуэщIт. Зи ныбжь нэса лIыми хуэшэчыркъым а узыфэр, лIым я нэхъ быдэр еукI. И псалъэм етIуанэт: «Ди унэжыр», «ди пщIантIэр», «ди лъапсэр». Абы хуэзэшати, арат зыукIыр. Апхуэдэ узыр зи Iэзэгъуэ ит щыIэкъым, Шэрахъ, абы къелыр мащIэщ.

– ПщIыхьэпIэ Iей слъагъу хъуащ, – зиумысыжащ езыми. – ХьэжакIуэ сыкIуауэ сепщIыхьащ ныжэбэ кIуам. Нэхущым сынэса хуэдэщ ди щхьэлыжьым. Си плIэм нартыху къэп илъщ. Сыплъэмэ – щхьэлыбжэр IугъэузэщIыкIащ, бжэщхьэIум зы хьэжь къытесщи, къызжьэхэпхъуэн хьэзырщ. Хамэхьэщ. Къызобэн, ауэ и банэ макъ зэхэсхыркъым. Хьэ бзагуэщ, жызоIэ. Мывэ хъурей езутIыпщри, хьэр бжэщхьэIум тесхуащ. Щхьэлым сыщIохьэ. ПсыIудзэр Iухащ, щхьэл мывэр кIэрахъуэркъым, сабэ трищIэжащ. Хьэжыгъэр зэрыщащэ Iэнлъэм и пIэкIэ бэн фIыщIэшхуэ солъагъу. Сыкъащтэри, щхьэлым сыкъыщIэжыжащ. Нэм къыщIэIэбэр слъагъуркъым, кIыфIыбзэщ, дакъикъэ и пэкIэ дыгъэр жыгыщхьэм итарэ пэт. Уафэри фIыцIабзэщ, гыным хуэдэщ, дыгъэм и пIэкIэ слъагъур, кхъуей плъыжь хуэдэ, хъурей гуэрщ. Ди адэм сыкъигъэушащ абдежым – сыкъыхэкIиикIа хъунт...

– Дунейр шэрхъщи, мэкIэрахъуэ, – жиIащ. – ДызэIуплъынщ, МатIэ. НэхъыфIым дыщыгугъынщ.

– Зауркъан, – зэхызох си щIыбагъкIэ, – хэкужьым симыхьэжмэ, сэ псэу сиIэкъым.

Си фэр тхытхащ, ар щызэхэсхым. МатIэ гушыIэртэкъым – абы фIыуэ сыщыгъуазэт сэ.

– Мыхъун жумыIэ. Уи деж къэса лIэныгъэр? – сегиящ си шынэхъыщIэм, и щхьэм къизэрыхьа гупсысэр щхьэщызгъэун щхьэкIэ. Ар и тхьэкIумэ иригъэхьэххакъым.

– Наурыз сымэ гъуэгум зыхуагъэхьэзыр. Абы садэкIуэжынущ. Ар ди адэмрэ ди анэмрэ къащIэмэ, сызэраутIыпщын щыIэкъым, къыспэувынущ. Уэращ сызыщыгугъыр, Зауркъан. Си телъхьэ ухъункъэ? Гъуэгур шынагъуэщ жаIэ, уи щхьэр хэплъхьэнкIэ мэхъу жаIащ. Уи насып къызэрихьщ. Си щхьэр хэслъхьэмэ, уэ укъонэ. Уэ ураIэмэ, зыгуэр хъунщ. КъызэхъулIэрэ хэкужьым сихьэжмэ, ди жьэгу пащхьэ мафIэ щызэщIэстыжынщ... ПщIэн мащIэ! Выи шыи зэзгъэпэщыжынщ, унапIэ диIэщ, лъапсэ диIэщ. Сэ схуэдэм ищIэр сщIэнкъэ! Вэ жаIэмэ, сывэнщ, Iуэ жаIэрэ – сыIуэнщ. Сызэтеувэжмэ, пщIэкIэ кхъуафэ къэсщтэнщи, фысшэжынщ.

Си шынэхъыщIэр бгъащхъуэм ещхьт асыхьэтым: Iэпхлъэпх ящIыфами, абы и гур ираудыфатэкъым, уэгум итт абы и гур, гугъэм и дамэм шэсауэ. Гузэрыдзэ щхьэ езгъэщIынт: сыпэрыуакъым МатIэ, къызэрызгъэгугъа щымыIэми:

– Тырку пэщэм и псалъэр зэхэпхащ. Ар зи унафэр Тырку къэралыращ. Хэкужьым ихьэжыфын щыIэуи сощI, урагъэсынкIэ угугъэрэ? Уемыгупсысауэ уежажьэ хъунукъым, МатIэ. Наурыз сымэ апхуэдэ гъуэгу техьэн мурад ящIарэ гъусэ уахуэхъунумэ, сэ сыппэрыуэнкъым. Фи мурадыр тхьэм къывдигъэхъу. Щхьэж и щхьэ хуитыжщ...

Ар жысIэ щхьэкIэ, сэри си гур хуэпабгъэрт абы. Бэрэкъей и къуэ Наурыз гъусэ сыхуэхъункIэ сыхьэзырт сэри, си нэгу къыщIэзгъэхьэрт ди жьэгум щызэщIэнэжа мафIэм и бзийр уэнжакъ гъуанэм зэрикIуасэр, ди бжэр зэIутхыжауэ хьэщIэ дызэрыпэплъэр... ИтIани зыкъезгъэщIакъым МатIэ, ескъухыжын слъэкIащ. Гугъэ нэпцIкъэ, жысIащ сигукIэ, сыт и пэрмэн уи щхьэ къэбгъэпцIэжкIэ?.. Самсун пэщэм имыщIэ иIуэтакъым: къэралитIыр зэрызэгурыIуам шэч хэлъ хъункъым. Абы теунэхъуэнут Бэрэкъей и къуэ Наурыз гъусэ хуэхъунухэри мыбы къинэнухэри. Сыт и хэкIыпIэ? Хэт, жызоIэ, игъащIэ лъандэрэ зигу зэхуэплъ къэралыгъуитIым я унафэм ебэкъуэфынур? Си щхьэр бжьэ матэм хуэдэт асыхьэтым: гупсысэр зэхэзэрыхьыжащи, бжьэ къэпщIауэ зэрызохьэ...

Гуэщыжьым дыкъэблэгъэжауэ, МатIэ си дамэм къытеIэбащ:

– ДумыгъэпIащIэ, Зауркъан...

– Уеша?

МатIэ и щхьэр игъэсысащ:

– ДжэгуакIуэ лIыжьым деж дыгъакIуэ. ЗыдгъэгувэнкъымL...

– Дауэ хъун: ди анэмрэ ди шыпхъухэмрэ къытпоплъэ.

– Укъызэрысыжар ящIэркъым. Дахыумыгъэхьэж иджыпсту: си фэмкIэ сыкъащIэнущ...

– ДжэгуакIуэм деж дауэ дыкIуэн, МатIэ, нобэ хуэдэ махуэм?

– Нобэ хуэдэ махуэщ джэгуакIуэм деж щыкIуэр, Зауркъан. Дигу нэхъ тIысынщ, шыкIэпшынэм дедаIуэмэ. НакIуэ, сынолъэIу...

Хы Iуфэм Iут жыгыжь закъуэмкIэ дгъэзащ. ДжэгуакIуэ лIыжьыр, Сакъут, жыгым зригъэщIауэ щыст, и гупэр хым хуэгъэзауэ. Хы гущIыIум толъкъун бырыбхэр щызожэ, шы пщIэгъуалэ соку нэхъей.

ЛIыжьыр цIыхум къаухъуреихьат; ибгъукIэ шыкIэпшынэмрэ бзэ-

къумрэ щылъщ. Сэ сыщыгъуазэт джэгуакIуэ лIыжьыр пщыхьэщхьэ къэс хы Iуфэм къызэрашэм. И къуэрылъху щIалэ цIыкIут къэзышэр, АстанкIэ еджэу. ЦIыхур нэхъ Iув къызэрыгъэхъуащ хуэм-хуэмурэ – псоми я нэ къыхуикIырт джэгуакIуэм и гъыбзэмрэ и шыкIэпшынэ макъымрэ, ягу ягъэтIысырт абыкIэ, я гуауэр, заулкIэ нэхъ мыхъуми, зыщхьэщагъэурт. Зы гъыбзэ тIэу жиIэртэкъым джэгуакIуэ лIыжьым, махуэ и гъыбзэ иусырт...

И нэм зэримылъагъуж лъандэрэ есауэ, Сакъут дадэ макъкIэ укъищIэрт. Бгъэдыхьэрэ и Iэр яубыдмэ, сэлам езыхам и цIэ къриIуэнут.

– Уи махуэ фIыуэ, тхьэмадэ! – сыбгъэдыхьащ лIыжьым.

– Зауркъан ар? Тхьэм и щIасэ ухъуи, Зауркъан! Уи лъэ макъкIэ укъэсщIащ. Уи макъ зэхэсхамэ, ди щIалэ хахуэхэр си нэгу къыщIохьэж... Нарт хуэдэ защIэт! Нартым я ныбжьым тхьэм унигъэс, си щIалэ! Сыту фIыт укъызэрыкIуар! Астан сабийщ, Iыхьлыи благъи къыщхьэщытыжкъым. А зымкIэ сынолъэIунущ, Зауркъан: сэ дунейм сехыжмэ, уи анэмэтщ. Уэрамым къыдумынэ. Сэ къысхуэнэжа щыIэкъым. Мыбдеж сыщыщIэфлъхьэж – ар си уэсятщ. Ди хэкужькIэ сывгъази, хы Iуфэм сыщыщIэфлъхьэ. Мы си бгым ищIа чысэм хэкужьым къыздисха щIы Iэгуэ илъщи, мащэм сефхьэхмэ, си кхъащхьэм къытефкIутэж. ШыкIэпшынэр мы жыгым фIэвдзэж: пщэдджыжь акъужьым щыдежьукIэ зэхэсхынщ... – Жыгым и щIыфэ пхъашэм Iэ дилъащ джэгуакIуэ лIыжьым. – Уи шынэхъыщIэр дэнэ щыIэ – МатIэ?

– КъызбгъэдэкIуатэт мыдэ, си щIалэ. Зыкъегъэзых! СыплъэIэсыркъым.

МатIэ лIыжьым зыхуригъэзыхащ.



– Угъа, жызоIэ, си щIалэ?

– Сыгъащ, – жиIащ МатIэ.

– Ягъэ кIынкъым. Нэпсым ущымыукIытэ. ГъащIэ тхьэм къуит, лIыгъэ зыхэгъэлъ!

ЛIыжьыр Iэбэри шыкIэпшынэмрэ бзэкъумрэ къиштащ. ШыкIэпшынэр и куэщIым иригъэувэри, триухуэу, зэрэ-тIэурэ бзэкъур дилъащ. ЛIыжьым и щхьэр иIэтащ, уэгум йоплъэ, елъагъу жыпIэнщ уафэ лъащIэм тес пшэ хужь Iэтэхэр, псым щхьэщыт хы тхьэрыкъуэхэр, хы щIыбым къыдэмыщ уэсыщхьэ къуршыжьхэр.

* * *

Урыс консулыр Трабзон дэсащ. Мошнинт и унэцIэр. Тыркум дыкъэIэпхъуэным хэлIыфIыхьат ар, лъэкI къигъэнатэкъым – абы дыщыгъуазэт дэ. ЯщIэртэкъэ абыхэм: бгырыс жыIэмыдаIуэхэр я хэкум ирахумэ, зауэр увыIэнут, Къэукъасэри яIэрыхьакIэт, лъы щIагъэжэн щыIэжынутэкъым. Къэукъасэр и IэмыщIэ ириубыдэным куэд щIауэ щIэхъуэпсыртэкъэ урыс пащтыхьыр? ДыкъыщыIэпхъуэм, кхъухьыр къыдэмэщIэкIати, пащтыхь някъуэр, Къэукъасэм и тетыр, бэлыхь хэхуауэ щытыгъащ. Мошнин хэкIыпIэ къигъуэтащ абдежми: Тыркум гурыIуащ, кхъухь къыIрихащ. Дэни нэсырт Мошнин, и нэкIэ зригъэлъагъунут псори, и къалэныр нэгъуэщIым и пщэ дилъхьэж и хабзэтэкъым. Тыркум къэIэпхъуа бгырысхэм хьэзаб зэрателъым и хъыбар щызэхихым, зыбжанэ гъусэ ищIри, хы Iуфэм Iухьащ. Хы Iуфэм щилъэгъуар игу щIыхьагъэнщ. Бгырысхэр, сыти жыIи, Урыс къэралыгъуэм къикIат. Тхьэм и нэфI къыщыхуэ, илъэгъуар хуэшэчакъым жысIакъэ: губжьри,

Умар-пэщэ деж екIуэлIащ. Ириубыдылlэри жриIащ тырку пащтыхьым и IэмыщIэ зизылъхьа бгырысхэм лей зэрырахыр.

– Шхын щхьэкIэ зэтолIэ, узыр къахыхьащи, лъэрыщIыкI зэтрещIэ. Фигу щIэузыным и пIэкIэ, я сабийм фросондэджэр... Убых тхьэмадэхэр къэвгъэгугъатэкъэ цIыхугъэ якIэлъызефхьэну? Пащтыхьым и псалъэр щыунафэкъэ фи деж, бегъымбарыракъэ цIыхум гущIэгъу хуэщIын хуейуэ жызыIар? Фи псалъэр вгъэпэжакъым...

– Бгырысхэм я Iуэху зесхуэнкIэ сыхущIыхьэркъым нобэ, – къыжриIащ пэщэм. – Бгырысхэм сахуэзащ, сахэпсэлъыхьащ. НэгъуэщI яхуэфащэкъым а жыIэмыдаIуэхэм. Ди хабзэм йобакъуэ, ди унафэр якъутэ. КъыдэдаIуэркъым, я щIалэхэр дзэм хагъэхьэн ядэркъым, дыгъуэгъуакIуэщ псори... Хэкум ягъэзэжын мурад ящIащ нэхъыбэм, ар я щхьэм къихьащи, тепыIэжыркъым. Сэ сымыщIэр фэ ар къызэрыфщыхъунурщ...

Тетым хуэза щхьэкIэ, зыри къызэримыкIынум гу лъитащ Мошнин. ЦIыху гурымыкъ гуэрт пэщэр, абы узэхищIыкIынкIэ ущIэгугъэн щыIэтэкъым. ДыгъуэгъуакIуэкIэ зэджэ бгырысхэм япхъу Iэджэ ищэхуакIэт пэщэм, зыр унэIут ищIат, зыр и хьэрэмлыкъым щIэст – консулыр щыгъуазэт абы. Умар-пэщэ и щхьэр палъэну хуэфащэт: дэ къыдэхъулIа псор абы и мылажьэми, лей къыдэзыхахэм ящыщ зыт. АрщхьэкIэ хэт игъэкъуэншэнт! ПхуещIэн щыIэтэкъым, ар ди Iэ къикIынутэкъым. Урыс консулым игу къытщIэгъу хъуати, ари хъарзынэт. КъыддэIэпыкъункIэ ущыгугъ хъунут. Хэкум зыгъэзэжын мурад зыщIахэм яIуэхури, Абухьбэ Мызэуш щэнейрэ кIуэгъащ Трабзон, консулым хуэзэн щхьэкIэ. Иужьрейуэ къыщигъэзэжа махуэм цIыхур зэхуэсащ. Убыхым я закъуэкъым зэхуэсар, нэгъуэщI бгырыс лъэпкъхэри къэкIуащ. Уи ныбжь хэкIуэтэху, нэхъыбэ уолъагъу, нэхъ жыжьэ уоплъэ, Шэрахъ. МащIэ щIа абы лъандэрэ, итIани дыгъуасэ хуэдэщ, Абухьбэ Мызэуш си нэгу щIэтщ ноби, си пащхьэ ит хуэдэщ. ПлIабгъуэт, пащIэ фIыцIэт. Гагрэ деж щыпсэуащ Мызэуш, и унэри и щIапIэри Гагрэ деж къринащ. Ари щIегъуэжати, и IэфракIэпэ едзэкъэжырт, хэкужьым игъэзэжын мурад фIэкI иIэтэкъым, а зы мурад закъуэрт зыхуэпсэур. Бэрэкъей и къуэ Наурыз абыкIэ зыщыгугъыр Iэщэрамэ, Мызэуш и щхьэм илъыр нэгъуэщIт: «ФIыкIэ дызэгурыIуэн хуейщ, къэралитIым девгъэпсалъэ, ди хьэтыр къалъагъун хуейщ, гущIэгъу къытхуащIынщ». ЦIыхум я пащхьэ иувэри, и псалъэ яхилъхьащ, Истамбыл дэс урыс лIыкIуэм и IэмыщIэ зидвгъалъхьэ, абы къытхуищI ди унафэщ, къажриIащ. Урыс лIыкIуэр, ИгнатьевкIэ зэджэр, мыцIыху Iейуэ жаIэрт, и унафэ пхокI, цIыхугъэ хэлъщ жари зэхэтхырт.

– Пащтыхьым елъытэ абы и псалъэр. Абы тыркухэри щыгъуазэщ. Пащтыхьым лъэIу хуэдвгъэтхи, ди гукъеуэ хуэдвгъэIуатэ, и къэрал дисащ, лей къызэрыттехуар ищIэмэ, игу къытщIэгъунщ, дызэхищIыкIынщ... ЛIищ тIуэхунщи, ди лъэIур Истамбыл едгъэшэнщ – урыс лIыкIуэм деж. Апхуэдэ чэнджэщ къызихьэлIащ консулым. Тхьэразэ къыхухъу, тхылъ итхри къызитащ абы. Иджы лIыкIуэм деж нэхъ щIыхьэгъуафIэ хъун хуейщ. ИтIанэ... Зэманыр дывмыгъэгъакIуэ, зытIэжьэ хъунукъым, дычэнджащэу дызэхэтурэ.

ЦIыхур щым хъуащ заулкIэ. Макъыхъу гуэр къилъащ итIанэ:

– Фигу къэзгъэкIыжыни: «Джаурхэм фащымысхь!» – аракъэ фи псалъэм етIуанэу щытар?! – Ар зи макъыр садзыпщт, Рыдбэ УахъситкIэ зэджэрт, убых хасэм и лIыкIуэт, садзым я цIэкIэ. И жьакIэ псыгъуэр



2 Заказ № 199

дыжьыныфэти, нэпкъым елъэ псы къудамэ хуэдэт, абы езыри нэхъ щхьэпэлъагэ щIэхъукIырт. ЗэрылIакъуэлIэшыр фэуэ тетт. Хэкум зыгъэзэжын мурад зыщIахэм къазэрыпэувыр щIихъумэртэкъым абы, хузэфIэкIамэ, апхуэдэ мурадыр зэпиудынкIэ лъэкI къыигъэнэнутэкъым.

– Псыжь дыIэпхъуэн зымыдар дэращ. Тыркур къыхэтхащ... Зэ урыс пащтыхьым, зэ тырку сулътIаным худогъазэ ди щIыб. ПщIэ диIэжын дэ абы и ужькIэ? Дгъэзэжуи сощI, здэдгъэзэжым сыт идгъуэтэжынур? Си щIапIэр къэзакъым яубыдауэ зэхэсхащ... Къэзакъым я къаз хъушэр яхуэзгъэхъуну ара фызыхуейр? – жери, пщым, и жьакIэпэ пилъэщIыкIри, и нэр цIыхум ятриубыдащ.

Пщым и щIыбкIэ зы къыщыпсэлъащ:

– Флъагъурэ сулътIаным и гущIэгъум хэуныкIа! Сыт иплъэгъуар мы жэнэт щIыналъэм, зи пщIэр ин Уахъсит? Тыншыгъуэ иплъэгъуа? Мамырыгъэ иплъэгъуа?

– Ислъэгъуащ мамырыгъэ! Хэкум дгъэзэжмэ, Iэщэ къэтщтэжын хуей хъунукъэ! Зауэм зи фейдэ хэлъыр, фымыщIэмэ, сэ вжесIэнщ: лъэныкъуэкIэ къэуvауэ къеплъыращ! Шэ фий макъ щызэхэтхыркъым мыбы, а зыри куэд и уаси!..

– Шэ фий макъ щызэхэтхыркъым, жыпIа? Пэжщ, шэ фий макъ зэхэтхыркъым, ауэ махуэ къэс цIыху щитI тхеукIыкI! Ди хьэдэ тхущIэлъхьэжыркъым, дыхунэсыжыркъым. Зауэм нэхърэ нэхъ Iейщ ар! Зауэм дыIумытми, дызэтраукIэ!.. – Наурыз и фэр шэхум хуэдэт, уепыджамэ, лъы IэмпIэ къыщIэкIынтэкъым. Псчэр къыхэхъыжьэри, Наурыз и псалъэр абдеж щызэпыуащ.



ЦIыхур Iэуэлъауэ щыхъум, Мызэуш утыкум ихьэжащ, пащтыхьым лъэIу тхылъ хуэтхын зэрыхуейр, консулым чэнджэщ абыкIэ къызэрырихьэлIар ягу къигъэкIыжащ, зэманыр макIуэ, дызэдауэурэ, жиIащ.

– Узэрыуэркъыр пщыгъупщэжащ уэ, Наурыз, лIыгъэ пхэлъыжкъым, – егиящ пщыр Бэрэкъей и къуэм. – Дыгъуасэрей мэлыхъуэм унафэ ещI нобэ, пщэдей дызыхуэкIуэнур сыт?

ЩIопщкIэ зэпрахулыкIауэ къыщыхъуащ ар Мызэуш, итIани зишыIащ.

Хьэмидэ ихьащ утыкум. Зыри пэплъатэкъым фызыжьым. Щыгъын фIыцIэкIэ хуэпат ар, щыгъуэти. И IэлъэщI фIыцIэр зытрипхъуэтащ фызыжьым. Уэсым хуэдэт, зэщIэтхъуати.

– Хьэдрыхэ фыкIуа хуэдэщ, сыфхоплъэри! Зым и уэркъыцIэр и напщIэ телъщ, зым и мэл бжыгъэрэ и щIапIэрэ егъей! Хы Iуфэм Iулъ хьэдэм я бжыгъэм феплъ! Ди уэркъхэм емыкIу сыкърамыщI: уэркъхэращ псори зи лажьэр! Губзыгъэ хъужащ иджы! Фи акъылыр дэнэ щыIа алъандэм? Дэнэ щыIа, жызоIэ, ди къан гъэфIахэмрэ ди шу пашэхэмрэ? Фэращ, уэркъыращ, къуаншэр! Фэращ дыкъэзыгъэпхъэрар! Фи лъапсэрэ фи мылъкурэ фигу къоуэ иджы, мэлыхъуэр ффIэауанщ, джэдкъаз вгъэхъун фи щхьэ тефлъхьэркъым. Фи щхьэ зэрыхьщ... КъуэрылъхуиплI сиIати, зыщ псэужыр... Къазыхъуэ жывоIэ. ИгъащIэкIэ ягъэхъуащэрэт къаз, мыбы щызэтелIа нэхърэ! – Хьэмидэ и псэр къызэфIэзэрыхьащ, и нэпсыр щIилъэщIыкIащ. – Си къуэрылъхухэм зы къысхуэнэжащи, хэкужьым тхьэм ирихьэж. ТIэхьир хэкум ихьэжауэ слъагъумэщ сигу жьы щыдихужынур... – Хьэмидэ и макъым зригъэIэтыжащ: – Бгырыс цIыхухъур фыкъысхуэцIыхужыркъым нобэ! ЛIыгъэр зыпэфщI щыIакъым игъащIэм! IэлъэщI зытефлъхьа хуэдэщ нобэ, сыфхоплъэри!

Сэра пашэ фхуэхъун хуейр, сэра гъуэгур фэзыгъэлъагъунур, жызоIэ! Псалъэ мышыур евгъэтIылъэкIи, зыгуэр фщIэ! ЛъэIу тхылъ тхын хуеймэ – фызэхэмыт, фтхы! Псом япэ Iэ щIэздзынщ сэ! Пащтыхьым фелъэIунумэ – фелъэIу! Псом япэ си щхьэр хуэзгъэлъэхъшэнщ сэ! Пагагъэм къыфхуихьыжын щыIэкъым. Зи ужь дитын хуейр зыщ – хэкум зэрыдгъэзэжынщ.

Хьэмидэ зыри пэпсэлъэжакъым. Псори щым хъуащ. Сит и макъ къэIуащ иужьым:

– Си псэм хуэдэ Мызэуш, хэт тхуитхын тхылъыр? Зы тхэтти, узым ихьащ. ТхэкIи ищIэрт, урысыбзи ищIэрт. НэгъуэщI тхэтыжккъым бзэ зыщIэ. Хэт тхуэзытхынур?

– Тхуэзытхын диIэщ! – жиIащ Мызэуш, и Iэр зыгуэрым хуищIри.

Зы лIыжь цIыкIу къахэкIащ цIыхум. И пэбгым нэгъуджэ тегъэсат, и щхьэц тхъуар и щIыбкIэ ежьэкIат, и дамэм теуэу. ЛIыжь цIыкIум и бгъэгущталъэ жыпым дыщэ лэрыпс къиищырт.

– Мы зиусхьэныр лъэпкъкIэ алыджщ*. Арысейр зэхикIухьащ, сатуущIэм я тэрмэшу щытащ. Иджыпстуи тэрмэшщ, урыс консулым деж Iутщ. Ди лъэIур тыркубзэкIэ жетIэмэ, урысыбзэкIэ итхыфынущ, – Мызэуш яригъэцIыхуащ лIыжь цIыкIур.

ЛIыжь цIыкIум и хъуржын тIорысэм тхылъымпIэ, къалэм, шакъалъэ кърихащ, и пащхьэ кърагъэува Iэнэ хъурей цIыкIум бгъэдэтIысхьащ. И нэгъуджэр бэлътоку кIапэмкIэ илъэщIри, лIыжь цIыкIур Мызэуш къыхудэплъеящ, «сыхьэзырщ» жыхуиIэу.



Рыдбэ Уахъсит дыхьэшхыпцIащ:

– Муслъымэным дигу щыщIэр мы джаурым къыфIэIуэху? Сыт абы итхыфынур? Зигу къыпщIэмыузым уи щхьэ уз хуумыIуатэ, жиIакъэ?..

Зи ныбжь хэкIуэтахэр лIыжь цIыкIум къетIысэкIащ, щIалэгъуалэр нэхъыжьым я щIыб дыдэуващ. Ситщ къыхэзыдзар. Сит и псалъэм щIэдэIури, нэхъыжьхэр зэчэнджэщыжащ, зыгуэри дагъэхури зыгуэри щIагъужащ. Сит и псалъэр нэхъыжьхэм зэрагъэзэхуа нэужь, ар Мызэуш тыркубзэкIэ зэридзэкIащ. Алыдж лIыжь цIыкIум, къалэмыр къиищтэри, тыркубзэр урысыбзэм хуигъэкIуащ. ЦIыхур апхуэдизкIэ щым хъуати, лIыжь цIыкIум и къалэмыпэм и макъыр зэхэпхырт. НэгъуэщI зыи къэуври, и псалъэ къахилъхьащ. АбыкIэ зэчэнджэщащ нэхъыжьхэр, зэрагъэза-

* Алыдж – грек.

хуэри алыдж лIыжьым хузэрадзэкIащ. Ари итхащ лIыжьым. НэгъуэщIми къыхилъхьащ псалъэ, ари ирагъэтхащ. Зым къыхилъхьам адрейм пещэ, псалъэ зырыз-тIурытIурэ зэхадзэ, нэхъыжьым я псалъи нэхъыщIэм я псалъи зэроубыд. Къуршыпс цIыкIухэр зэхэлъэдэжмэ, псыдзэ зэрыгъэхъуркъэ! Апхуэдэт ди псалъэри: щхьэж игу илъымрэ и лъэIумрэ псыдзэ хуэдэти, зэхэхуэжауэ заукъуэдийрт. Къалэмыр икъузауэ Iэнэ хъурейм зыщытришащIэкIэ, цIыхум алыдж лIыжьым зыхуашийрт, абы и пащхьэ илъ тхылъымпIэ напэрт псоми я нэр зэтар, арат зыщыгугъыр. Псоми ящIэрт: куэд елъытат а тхылъымпIэ напэм.



«Хыр шакъэ защIэ хъуами, ди гукъеуэмрэ ди фэм дэкIымрэ пIуэтэнкIэ пхурикъункъым», – жысIэрт сигукIэ, алыдж лIыжьым и къалэмым къыщIэлъэт хьэрф цIыкIухэр здэслъагъум.

ИтIани, къызжиIэрт си гум, гугъэр адэ щIэиныфIщ, жиIакъэ! Хэт ищIэрэ? Iэджэ къохъу... Дунейм Iэджи къыщохъу... ТхылъымпIэ напэр тхьэрыкъуэ хъурэ хым зэпрылъэтыкIмэ-щэ? Ди къуршыжьхэм ящхьэдэхрэ Арысей губгъуэр къызэринэкIмэ, Бытырбыху, пащтыхьым и сэрейм нэсакъэ! Пащтыхьым и сэреишхуэм щхьэгъубжэ мащIи хэлъ, итIани тхьэрыкъуэ пщэхум зы щхьэгъубжэ игъуэтынкъэ? Дэлъэтынщ щхьэгъубжэми, пащтыхьым и Iэнэм техутэнщ. КъэхъункIэ хъунукъэ апхуэдэ? Сыт щIэмыхъунур? Пащтыхьым и гурыфI къикIауэ ирихьэлIэмэ, тхылъымпIэ напэр къиштэнщи, инэралхэм ящыщ зы ириджэнщ, «Мыр сыт – мы тхылъымпIэ напэр?» – къеупщIынкъэ итIанэ. «Убыхым я лъэIу тхылъщ, зи щIыхьыр ин!» – къритынкъэ жэуап инэралым, ари къыпыгуфIыкIынщи.

«Убыххэм жыпIа? Ы-ы. ЛIыгъэ зыхэлъ лъэпкъщ убыххэр!» – игу дыкъэкIыжынщ абдежым. Игу дыкъэкIыжмэ, мыракъэ жиIэнур: «Хы Iуфэм Iусащ убыххэр. ЖыIэмыдаIуэщ, затын ядэркъым – аратэкъэ тетым къысхуитх зэпытыр?» «Ар дыдэрщ, зи щIыхьыр ин!» – жэуап иритыжынщ инэралым, и пащхьэ ижыхьынщи. «ЛIыгъэ яхэлъщ, я щхьэр къытхуагъэлъэхъшакъым, Iэпхлъэпх зыдагъэщIакъым, заIэтри зэрылъэпкъыу Тыркум Iэпхъуащ. Апхуэдэ бийм пщIэ хуэфащэщ! Уэ дауэ уеплърэ, инэрал, хуэфащэ апхуэдэ бийм пщIэ?» «Хуэфащэщ! Хуэфэщэпсщ, зи щIыхьыр ин!» – жэуап кърітыжынщ модрейм. «Насыпыншэхэ! – игу къытщIэгъункъэ абдежым. – Апхуэдэ хьэзаб хэхуэнкIэ сыгу-

гъэнт сэ?.. ЛIыжь-фызыжьми сабийми лей ятехьащ... Къуаншэщ убыххэр, ди псалъэ едэIуакъым. ИтIани апхуэдизу уахуэгущIэгъуншэ хъурэ?» Къалэмыр къищтэнщи, псалъищ къудей тритхэнщ ди лъэIу тхылъым: «Я хьэтыр флъагъу!» Псалъищ къудей! Кхъухь къытхуигъэкIуэнщи, ди хэку дишэжынщ. Ди унэжь дихьэжынщи, ди жьэгум мафIэ щызэщIэнэжынщ, гъатхэр къихьэмэ, вакIуэ дыдэкIынщ, ди гуауэ тщыгъупщэжынщи, къуэ зиIэм нысэ къишэнщ, пхъу зиIэм уэредадэкIэ иригъэшэнщ, сабийри къытщIэхъуэжынщ...

Армырауэ хъумэ-щэ, къытехьауэ ирихьэлIэрэ? Пащтыхьыр къыщIытехьэн и мащIэ! Жэщым емызэгъамэ, къытехьакъэ! Къытехьауэ ирихьэлIэмэ, инэралым мыпхуэдэ чэнджэщ иритынкIэ хъунукъэ: «А щхьэзыфIэфIхэм уигу ящIэгъуи яхуэбгъэгъуи хъунукъым, зи щIыхьыр ин! АтIэми Тыркумрэ дэрэ дызэгурыIуакIэщ абыкIэ». Къалэмыр къищтэнщи, пащтыхьым мыр тритхэнщ ди лъэIу тхылъым: «ЗэфIэкIа Iуэхущ, тегъазэ иIэкъым!» АфIэкIа хэлъынукъым, убыхыр мыбы дикIуэдэнущ итIанэ, зы къелынкъым. Пащтыхьым и къалэмыпэращ ди унафэр зыщIынур – ди щхьэр хэтлъхьэнуми ди лъэр зэфIэувэжынуми. Лъэпкъ псом и гъащIэр илъщ абы и IэмыщIэм, а зым и гурыфI къызэрикIщ, и нэфI къызэрытщыхуэщ.

А псор си щхьэм щызэблэуху, алыдж лIыжьым лъэIу тхылъыр нитхысащ.

МащIэ щIа абы лъандэрэ, Шэрахъ, итIани зы псалъэ сIэпыхужакъым, гукIэ сощIэж убыххэм урыс пащтыхьым деж ятхыгъа лъэIур. Мывэ сыныр жьым епхъэхри, и щIыфэм тет фIыцIагъэр хогъуэщэж. ЦIыхум и гур аракъым, абы зыри Iэпыхужыркъым. «Сыт ифтхар лъэIу тхылъым?» – укъызэупщIащ. Иттхащ ди лъэпкъым и нэгу щIэкIам хуэдэ зылъэгъуа зэрыщымыIэр, тыркухэр я псалъэ зэрепцIыжар, дыкъызэрагъэгугъауэ зы закъуи къызэрытхуамыщIар иттхащ. «КIуэдыпIэ дыщихуа махуэщи, щыуагъэ зэрыдлэжьамкIэ дыщIегъуэжауэ, дэ, убыххэр, цIыхухъуи бзылъхугъи, жьыи щIэи, псэууэ къэнауэ хъуар, зи пащтыхьыгъуэр кIыхь хъуным зыпхудогъэлъахъшэри, дынолъэIу ди хэку дибгъэхьэжынкIэ, ди жьэгу нэщI дыпэрыбгъэхьэжынкIэ. Тхьэлъанэ пхудощI, ди хэку дихьэжынкIэ хуит дыпщIмэ, ди хьэтыр къызэрыплъэгъуар дэри дяпэкIэ къытщIэхъуэнухэми дигу щихужын къэмыхъункIэ, Урыс къэралыгъуэм пэжкIэ дыбгъэдэтынкIэ! Уи пащхьэ зыщыдгъэщхъауэ жылэр дынолъэIу: убых лъэпкъыр кIуэдыпIэ ихуащ, дунейм текIуэдыкIыжынуми къызэтенэнуми уэращ зэлъытар!»

Ар иттхащ лъэIу тхылъым, Шэрахъ.

Тхылъыр хьэзыр хъуа нэужь, Абухьбэ Мызэуш Iэ щIидзащ псом япэ. Хьэмидэ фызыжьым хьэрф къызэрыратхъэ ищIэххэртэкъым, и Iэпхъуамбэшхуэр шакъэм хищIэри тхылъымпIэм тригъэуащ. Фызыжьыр дэнэ къэна, Щолэхъуи аращ ищIар – зы хьэрф къритхъэфынутэкъым абыи. ЗакъуэтIакъуэххэщ тхылъым Iэ щIэзыдзыжыфар. Iэ щIэзыдзари зи Iэпэр тезыгъэуари нэжэгужэ хъуат, хъыбарыфI зэхаха хуэдэ. Чэзур си адэм деж нэсащи, зэрытемыгушхуэр солъагъу.

– Сыт ущIэчэнджащэр, Хьэмырзэ? – игъэщIэгъуащ Сит.

– ЦIыхум я унафэр сэри си унафэщ, ауэ Ало и къуэ Шардын и Iизыншэу Iэ щIэздзыфынукъым. Ало и къуэ Шардын ди быдзышэ ефащ, и псалъэ себэкъуэфынукъым, – жиIащ ди адэм.

МатIэ дэрэ дызэплъыжащ. Дызэплъыжри, Iэнэм дыбгъэдыхьащ:

– Ди адэм и пIэкIэ дэ щIэддзынщ Iэ!

ЯпэщIыкIэ сэ, итIанэ МатIэ – тIуми ди Iэпхъуамбэшхуэр тедгъэуащ тхылъымпIэм.

– Уэ щхьэ зиплъэфыхьрэ, Наурыз? Хьэмэрэ уэ Рыдбэ уригъусэ? – Бэрэкъей и къуэм еупщIащ Мызэуш.

Наурыз и щхьэр къиIэтащ, зэрихьэлти, и башымкIэ щIым теуэу, жиIащ:

– Мыбы къикIынIауэ сщIамэ, уи фIэщ щIы, пщIэнейрэ щIэздзынтэмэ Iэ! КъикIынIауэ си фIэщ хъуркъым. И зэрани къыдэкIынукъым. Къащтэ мыдэ – Iэ щIэддзынщ! Дызыщымыгугъынум дыщогугъ, ди щхьэр къыдогъэпцIэж! Щолэхъу дадэ тхьэ тхуелъэIунущ пщэдей. Ар си пIалъэщ. Абы и ужькIэ сэ сщIэнур сощIэж... НобэкIэ мыр ффIэкъабылщи, хьер ухъу!.. – Ар жери, Бэрэкъей и къуэ Наурыз Iэ щIидзащ тхылъым.

Пщым, Рыдбэ Уахъсит, гъусэ хуэхъуар мащIэкъым. Ахэр лъэныкъуэкIэ щызэхэтт, я щIыб къытхуагъазэу IукIыжын дзыхь ящIыртэкъым, дынэхъыбэти, къытфIэлIыкI хъунт. Тхылъыр урыс лIыкIуэм деж зыхьын лIищ хахащ, Абухьбэ Мызэуш нэхъыжь ящIащ. Истамбыл кIуэн хуейт ахэр икIэщIыпIэкIэ.

* * *

Бытхьэ егъэзыпIэ хуэхъун щыхуэдгъуэтакъым Тыркум. ЦIыхум ягу къеуэрт ар – Бытхьэ кхъуэщынымрэ цыкIуэкIымрэ зэрахэлъыр: дэнэ ихьынт-тIэ ар Щолэхъу дадэ? Тало узыр къыщежьэм, Бытхьэ игу къыдэбгъащи, аращ жызыIа щыIэщ. Ягу мыкIуэдыпэн щхьэкIэ, Щолэхъу дадэм, Бытхьэ къищтэрти, узыр зэуэлIам деж кIуэрт, тхьэ хуелъэIурт. Бытхьэ ялъэгъуамэ, цIыхум я гур зэгъэжт, къызэфIэувэжари мащIэкъым. ЦIыхур зыгуэрым щыгугъын хуейщ, Шэрахъ...

Сымаджэ фIэкI къэнакъым а махуэм – хы Iуфэм Iут жыг закъуэм деж щызэхуэсащ псори. Сакъут уэсят къищIа жыгыжьыращ жыхуэсIэр. Псоми ящIэрт: нобэ тхьэлъэIу махуэт. Бытхьэ гъуэгу тригъэувэн хуейт Бэрэкъей и къуэ Наурыз гъусэ хуэхъуахэр. Зытригъэхьэнури сыт хуэдэ гъуэгут! Хэкужьым зыгъэзэжын мурад зыщIахэр зытехьэ гъуэгут ар! Щолэхъу, тхьэ елъэIури, Бытхьэ лъахъстэным къыкIуэцIихащ, телъэщIыхьри жыг къудамэм тригъэуващ. ЦIыхур лъэгуажьэмыщхьэу уващ.

– Гъуэгу дытохьэ нобэ, Бытхьэ! Ди гъуэгу махуэ ухъу! Ди унэжь дынэхьэсыж! Ди лъапсэжь дихьэж!

Щолэхъу и макъ щабэр ди гущIэм щетIысэхауэ къытщыхъуащ асыхьэтым. Ди жьэгу пащхьэ и Iугъуэмэ зыхэтщIауэ къытщыхъуащ. Ди нэгу Iэджэ къыщIыхьэжащ. Ди нэгу къыщIыхьэжащ ди лъахэр, ди къуршыжьхэр. Къуршыпс уэрхэм я Iэуэлъауэ зэхэтхащ. Дигу къэкIыжащ ди лIахэр – я хьэдрыхэ нэху ухъу! ЦIыхухъуми я нэпс яхуэубыдыжакъым а махуэм... Щолэхъу, и IитIыр уэгум етауэ, тхьэ йолъэIу:

– Зи гущIэгъур ин Бытхьэ! Дэ тщыщ куэд гъуэгу тохьэ нобэ! ЛъэпощхьэпоIуремыщIэ гъуэгу техьэр, псы икIыпIэ хуэзэмэ, лъэмыж яхуэхъу! Хым техьэмэ, къытумынэ! Уэращ зыщыгугъыр, я щхьэр къэхъумэ, умыгъэщхьэрыуэ!

– Iэмин! Iэмин! – тхьэ йолъэIу цIыхур, лъэгуажьэмыщхьэу зэхэуващи.

ТхьэлъэIур зэфIэкIри, цIыхум зыкъаIэтыжащ, нэжэгужэ хъуа-

щи, зэхэзожэ, тхьэ елъэIуху я къамэ, я фокIэщI, я фоч лъэныкъуэкIэ ягъэтIылъати, къащтэж, зосэбауэ, залъэщIыж, гъуэгум зыхуагъэхьэзыр.

Бэрэкъей и къуэ Наурыз, и бгъэр щIикъузэжри, и фочыр и дамэ трилъхьащ:

– Фынежьэ! Тхьэр ди гъусэщ! Ди гъуэгу махуэ ухъу!

Я хьэпшып тIэкIур я плIэ иралъхьэри, цIыхур Бэрэкъей и къуэ Наурыз и ужь иуващ. Хьэмидэ нанэ къызэплъэкIыххакъым, и къуэрылъху цIыкIум и Iэпэр иубыдри иришэжьащ. ТрабзонкIэ яунэтIащ гъуэгу техьэжахэм, абы кхъухь къыщащтэу Сыхъум къалэ нэс кIуэн мурад яIэу. Кхъухь ямыгъуэтмэ, къэрал гъунапкъэм нэс лъэсу кIуэну зэгурыIуащ. Тхьэрат зыщыгугъыр, тхьэм и ужькIэ я Iэщэрэ я лIыгъэрэ. Дауи ирехъу, я лъэр хэкужьым ирамыхьэжауэ къэгъазэ яIэнутэкъым – арат зэраухылIар. МатIэ дэрэ IэплIэ зэхуэтщIыжащ. И хъуржыныр си плIэм ездзэкIри, сыдэкIуэтащ МатIэ. IэплIэ зэхуэтщIыжащ аргуэру. Уи анэ къилъхуа уефыгъуэжын? ИтIани асыхьэтым сехъуапсэрт сэ МатIэ. И насыпкъэ: хэкужьым егъэзэж! Тхьэр си щыхьэтщ: ди адэ-анэмрэ си шыпхъуитIымрэ мыхъуамэ, я ужь сиувэнтэкъэ! Абы я закъуэтэкъым сигу пымыкIыр... Си нэгу щIэтт Родос хытIыгур, игъащIэм сымылъэгъуами. ХытIыгум дауэ къытезнэнут Фэлдыщэ? Ар си гум къысхуидэнутэкъым...

* * *

ЦIыхур Iуэхуншэ хъумэ, абы нэхъ хьэлъэ щыIэнкIэ хъуну? Ди ИтI зэтедзауэ дыкъызэхэнащ. ЩIы кIапи диIэкъым дытелэжьыхьыну. Жэм дэнэ къэна, зы бжэни диIэкъым. Уи ИтI зэтедзауэ куэдрэ ущысыфын? Хэкум дыкъыщикIым, ди адэм хъы къыздрихьэжьати, а зыри хъарзынэтэкъэ. Хы Iуфэм Iус зэпытт иджы, махуэр абы щигъакIуэрт. Бдзэжьейрат унагъуэр дызыкъуэсыр – нэгъуэщI сытым дыщыгугъынт? Схуэмыхьыж хъуащ, си псэр сфIэIэфIыжкъым – махуэ псом сыIуэхуншэщи, си щхьэр здэсхьын сщIэркъым. НэгъуэщI щызмыгъуэтым, лIыщIакIуэ сежьащ – зэ къуажэ сыдохьэ, зэ къалэ сыдохьэ. ЩIакхъуэ Iыхьэ щхьэкIэ сытми сеувэлIэнут: кхъухь тедзапIэм хьэлъэ щызызолъафэ, тырку пщIантIэ сыдохьэри, пхъэ яхузокъутэ, бэкхъыр яхузотхъу. Сигу тызогъахуэ сытри, зыми зыпыIуздзыркъым. Къэблэжьыни щыIэ: Iуэхуншэр куэдщи, ди пщIэр пудщ. Уэ, Шэрахъ, мэжэщIалIэ жыхуаIэр бгъэунэхуа хъункъым, игъащIэкIэ тхьэм уимыгъэгъэунэху. МэжэщIалIэр уэрамэ, зыгуэрурэ зыхуэбгъэшэчынщ. Уи унагъуэр шхын щхьэкIэ зэрызэтелIэр щыплъагъурщ пхуэмышэчынур – узытемыгушхуэн щыIэкъым. ЕмыкIу сыкъэпщIыми, схуэфащэщ: гуэныхь мащIэ къэсхьакъым... ЩIалэгъуалэр «хъуакIуэщакIуэ щежьэм» сахыхьащ. Уэри зэхэпхагъэнщ: бгырысхэм я цIэ Iей щIэх щыIуащ Тыркум. Къыттеплъэ мыхъу хъуащ, я щхьэр щIедгъэхьащ. Бгырыс ялъэгъуамэ, я бжэ-щхьэгъубжэр кърагъэбыдэкI хъуащ. Зэкъым, тIэукъым зэптиямрэ* дэрэ дызэрызэжьэхэуар. Дзэри ди ужь кърautIыпщхьащ, зэптияр къытпэмылъэщ хъумэ жари. Iэшэлъашэм дыщыхъунщIэртэкъым, жыжьэ дыIукIырт, дыкъыщамыщIыху дыкIуэрт. МэкъумэшыщIэм я гугъу тщIакъым: сыт ящыбгъуэтынт, дэ тхуэдэ тхьэмыщкIэт, якъуэлъ щыIэтэкъым. Сондэджэрхэмрэ тыкуэнтетхэмрэщ мыхьыр зэдгъэхьар, дащысхьакъым, къытIэрыхьакъэ – дыунэщIырт. Ахъши, щэкIи, вакъи, шхыни – хэплъыхь тщIыртэкъым, дызрихьэлIэр ди Iыхьэт. Шыи къыдохужьэ. Шы димыIэу дыпсэуфынт? Зэптиям



* Зэптия – полицэ.

дыIууэмэ, щысхь тщIэртэкъым тIуми, тIум щыщи хэкIуадэрт. Псэууэ уаIэрыхьакъэ – хьэ лIэкIэт къыппэплъэр, уи лъыр ирафынут.

МатIэ гъуэгу тезгъэхьа нэужьщ абрэджым сащыхыхьар. Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ жиIакъэ? Зэптиям дыкъахутэри, даубыдын мурад ящIащ зэгуэр. Дыкъаухъуреихьащ. Зырыз-тIурытIурэ дакъыIэщIэкIащ, хэт бгым дихьэщ, хэт мэзым дыщIыхьэри. Абы дыхэтыху, Ало и къуэ Шардын къигъэзэжащ Самсун и Іэшэлъашэм. Куэд пэплъат абы. Ди адэри пэплъат. Ди зиусхьэныр нэщхъыфIэт, и нэр игъэджэгурт. Цей щыгъыжтэкъым Ало и къуэ Шардын. Тырку щыгъынкIэ зыкъихуэпат. Нэмэз щыгъэр фIэIуа зэпытт и Іэпхъуамбэ пIащэм. КъыпхуэцIыхужынутэкъым Ало и къуэ Шардын, и зекIуэкIэр нэгъуэщI хъуат, зигъэщэныфIэт, зигъэбзэIэфIт, щхьэхынафэ зытригъэуат. КъащIэупщIа хъунщ цIыхум: сыт къэхъуа, дауэ фыпсэурэ, фи Іуэху сытым тет? Я Іуэху зытет ябзыщIакъым цIыхум, псори хуаIуэтащ.

– ХамэщIым илъэс ныкъуэм икIуэдам хуэдиз ихьакъым зауэм!

Ало и къуэ Шардын игу зэрыхэщIышхуа ялъэгъуакъым абы щхьэкIэ. Абы игу зыгъэныкъуар пащтыхьым хуэттха лъэIу тхылъырт. Бэрэкъей и къуэ Наурыз иришэжьэжахэми яхуэшхыдащ Шардын, бзаджэ яхужиIащ.

– Фызезыхуэр сыт! – къешхыдащ ар цIыхум. – ПсыдзэркъыфщIэуа, хьэмэрэ щIыр хъея? Щхьэ фыкъытричрэ? Сабийм фыхуэдэщ фэ! Си нэIэ фтезгъэкI хъунукъым зы махуэ! Урыс пащтыхьым лъэIу тхылъ хуэфтхащ! Ар фигу къэзыгъэкIа гъуамэр хэт? Урысым къыващIар щIэх фщыгъупщэжаи! Джаурхэм я деж унэIуту фыIуувэну ара? Напэтехщ! Фи напэр зытефхыжащ! Зэи зыщывмыгъэгъупщэ: дэ дымуслъымэнщ, муслъымэн лъахэ дисщ! Муслъымэным я дыгъэ нурым – султIан дотэм дыкъехъумэ дэ, султIаным и гущIэгъур инщ! Абы къытхуищIа пщIэр птекIуадэ хъурэ. АпхуэдэпщIэм дрипэгэн хуейщ дэ! ФщызбзыщIынкъым: Абдул-Азиз, султIан дотэм, и анэм и унэ сихьащ. Ар, фэри фощIэ, адыгэпхъущ. ЛъыкIэ дызэблагъэщ. СултIаным и анэм анэмэт дызыхуищIар фщIэрэ! СултIан дотэм и Іэ ижьырщ! Абы и нэIэ ттригъэкIынукъым дяпэкIэ. ЩIыи къытхупачащ, мэзри, хъупIэри, псыри, вапIэри щыгъунэжщ. Гугъу фехьами, фIуэтэжынщ. Гъуэгум зыхуэвгъэхьэзыр: бжьыхьэр къэмыс щIыкIэ, дыIэпхъуэн хуейщ абы.

Ало и къуэ Шардын къызэригъэзэжам и хъыбар иужькIэщ щызэхэсхар, сэ срихьэлIакъым а махуэм. Бгым ситащ а махуэм, щIалэ хахуэ зыбжанэ си гъусэу: зэптиям дыкъыIэщIэкIауэ, хы Іуфэм дыкъэкIуэжырт. Іуэхур къыдэхъулIатэкъым, дыкъыщIагъэIауэ арат. Хы Іуфэм дыкъэсыжыным куэд къэмынэжауэ, къуэкIыпIэмкIэ къикI цIыху гуп дыкъыIууащ. Я лъэ зэблахыф къудейщ, зэхэфыщIащ, лъы защIэщ, я ужьым, я фоч гъэпкIауэ, аскэрыр итщ. Къаруи псэруи къахуэнэжатэкъым насыпыншэхэм, лъапцIэт, щхьэпцIэт, щыгъыныджэт, мэжэщIалIэт. А мащIэрат кьелар хэкужьым ихьэжын мурад зыщIахэм.

– МатIэ! – яхэслъэгъуащ насыпыншэхэм си шынэхъыщIэр.

И щхьэр къыхуэIэтакъым МатIэ, абы башым зытригъащIэурэ зэблех и лъэ, и ІэплIэм щIалэ цIыкIу исщ. ЩIалэ цIыкIур ерагъмыгъуейуэщ къызэрысцIыхужар: Хьэмидэ нанэ и къуэрылъхурт – ТIэхьир. Аскэрхэр кIий щхьэкIэ къэдгъэнакъым: ди хъуржынхэр къэдунэщIащ, узэдзакъэ хъун гуэрхэр тIыгъти, цIыхум яхуэдгуэшащ. Аскэрхэр къытщышынагъэнщ – Іэщэ зэрытIыгъыр ялъэгъуащ. ЗэтрагъэувыIэри, зрагъэгъэпсэхуащ тIэкIу. УIэгъэ зытелъымрэ хьэлъэ дыдэ хъуамрэ уанэ-

гум идгъэтIысхьэри, насыпыншэхэм дакъыдежьэжащ. Аскэрхэр къытпэрыуакъым.

МатIэрэ ТIэхьиррэ згъэшэсащ си шым, ерагъыущ зэрызаIэтыфар. Бэрэкъей и къуэ Наурыз дежьэжахэм я нэгу гъуэгум щыщIэкIар си шынэхъыщIэм къысхуиIуэтэжащ.

Трабзон нэсри, кхъухькIэ къэзыгъэгугъар щIегъуэжауэ къыщIэкIащ, уасэфI хуагъэлъэгъуа щхьэкIэ, зыхигъэзэгъэжакъым, шынащ, зы цIыхуи иригъэтIысхьакъым кхъухьым, кIэбгъу зищIри хым техьэжащ. Кхъухьыр къащемыхъулIэм, лъэсу ежьэри, къэрал гъунапкъэмкIэ яунэтIащ. Чурук-Су деж тырку гъунапкъэ плъырхэр къащыпэуващ, фочыр къагъэпкIри. ТхьэмахуитIкIэ елIэлIащ, зэпрыкIыпIэ гуэр къэдгъуэтынщ, жари. АрщхьэкIэ гъунапкъэр сакъыу яхъумэу къыщIэкIащ. НэгъуэщI сыт къахуэнэжат: IэщэкIэ пхракъутыкIын мурад ящIащ, кIуапIэ щамыгъуэтым. Бэрэкъей и къуэ Наурыз къыхагъэщIащ псом япэ: и гур шэм пхрилыгъукIащ.

– И насыпкъэ! – жиIащ МатIэ. – И псэр и хэку гъунапкъэм щитащ! Куэд къыщаукIащ абдежым... – МатIэ хэщэтыкIащ. – Хьэмидэ псым зыхидзэжащ. Мы сабийр анэмэт къысхуищIащ. ТIэхьир уэри сэри ди къуэшщ нобэ щыщIэдзауэ, Зауркъан. Сэ зыгуэр къысщыщIмэ, уэращ къызыхуэнэнур...

МатIэ и бгъафэм щIэжеихьат щIалэ цIыкIур, зэзэмызи къыхэскIыкIырти, къащтэрт.

Хъыбарыр жьым нэхърэ нэхъ псынщIэщ, Шэрахъ. Бэрэкъей и къуэ Наурыз иришэжьахэм я хъыбар жылэм хэIуащ. Къелар мащIэт. Къелар хы Iуфэм къыщысыжым – узижэгъуэныр яIууплъэт абы! – Хы Iуфэр гъы макъым зэщIищтащ. Хэт и къуэш къигъэзэжакъым, хэт и къуэ, хэт и благъэ. Хьэдагъэ махуэти, Абухьбэ Мызэуш Трабзон къриха хъыбарри зэрызыхащIэжа щыIакъым. Хъыбар гукъутэт ар: ди лъэIу тхылъым пащтыхьым и IэкIэ тритхат: «Убых Iуэхур зэфIэкIагъэжьщ, тегъазэ иIэкъым!»

* * *

– ВжесIатэкъэ къызэримыкIынуIар! – къытхуэдзэлэшхащ Ало и къуэ Шардын, пащтыхьым и унафэр щызэхихым.

Хы Iуфэм Iут шей ефапIэм щIэтIысхьауэ, Умар-пэщэ нард дэджэгурт ар, арат и теупIэр. Мызэуш къытхуихьа хъыбар щыхьэкIуэм къызэщIигъэнэхуат Ало и къуэ Шардын, и дуней гуфIэгъуэт. Я жагъуэ-я щIасэми, цIыхур къедэIуэнтэкъэ иджы, дэнэ кIуэнт, абы фIэкIыу? И кIэныр къикIащ. Нардми хилъафэркъым нобэ: пхъэ кIэныр идзыху, къехьэху. Пэщэм и бохъшэр нэхъ пIащIэ хъу зэпытщ. Ало и къуэ Шардын и нэгу щIызэхэуар зы закъуэщ – пэщэм Хьэжы Джырандыкъуэ и цIэр къызэрыриIуарщ.

– ЩIапIэщIэлъадэ ухъу ар! – къилъын хьэзырт Шардын асыхьэтым, а псалъэм къригъэкIыр зыщIэри езырат: «Убыхым я тепщэр сэращ!»

Ало и къуэ Шардын дыкъызэригъэгугъа щIыпIэ берычэтым дызышэну кхъухьхэр къыIухьащ хы Iуфэм. Кхъэм щIэлъым нэмыщI, махуитI нэужьым зы убых къыщызэтенакъым Самсун деж – псори кхъухьым дитIысхьащ.

Хым дыщытехьэм, си гум къыщIитхъырт хэкум нэхъри пэIэщIэ дызэрыхуэхъур; итIани, ИстамбылкIэ дыблэкIынути, Фэлдыщэ

слъагъункIэ сыгугъэрт – хэт ищIэрэ, уи насыпым кърихьэкIынумэ, куэдрэ?.. Кхъухьым ситIысхьэри, сыкъызэплъэкIыжащ: жыг закъуэр къыIунащ хы Iуфэм, жыг щIагъым щIызолъагъуэ Сакъут, джэгуакIуэ лIыжьым, и мывэ сыныр; жыг къудамэм фIэлъщ шыкIэпшынэр...

ИстамбылкIэ яунэтIащ кхъухьхэм. Ещанэ махуэм дыбгъэдыхьащ къалэм. Кхъухьым зыри ирагъэкIакъым – талор е хуабэ узыр яхэтхьэнкIэ шынащ. Псыр къэкъуалъэ фIэкI пщIэнукъым, толъкъунхэм нэпкъым зраудэкI, хьэ дзэкъэным хуэдэщи. Хым зэрызишхыхьыжым еплъри, зылI убжьытхащ:

– ШейтIан псы дэжыпIэщ!

«НэщэнэфIкъым!» – жаIащ цIыхум, зэрыгъэщтэжащи, хым хоплъэ, я щхьэ къыфIэхуауэ.

Истамбыл дыблэкIри, ЕмзидкIэ дунэтIащ. Абыи дыдагъэхьакъым, кхъухьым драгъэкIакъым. Кхъухьым икIынкIэ зыпэрымыуар Ало и къуэ Шардын и закъуэщ. Къалэм дыхьэри, куэдрэ къэтащ Ало и къуэ Шардын. Къигъэзэжащи, и Iупэр зэтехьэжыркъым:

– Ди хьэтыр зылъэгъуар дэсщ мы къалэм. Сэлим-пэщэрщ жыхуэсIэр. Ныбжьэгъушхуэ къысхуэхъуащ Сэлим-пэщэ! Абы и IэмыщIэ дилъмэ, дыщIэгузэвэн щыIэкъым!

БандырмэкIэ игъэзащ кхъухьым. Бандырмэ дынэсри, хъурзэ ядзащ. Кхъухьым дыкъикIащ, кхъухь тедзапIэм зыщытIэжьакъым куэдрэ. Лъэсу дежьащ, Ало и къуэ Шардын и унагъуэр зэрыс шыгум и ужь диувэри. Уэсмэн-куейт дыздэкIуэр.

ИужькIэ къыджаIэжыгъауэ щытащ убых гуэр, дяпэ зригъэщауэ, Уэсмэн-куей зэрыдыхьэгъар. Уэсмэнт, къыджаIэжащ, и цIэр. Къызэрыдыхьам хуэдэу, дэбзэхыкIыжащ, жаIащ. Къагупсыса, тхьэм ещIэ, е Ало и къуэ Шардынт ар?



* * *

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ сыдыхьэжащ пщIантIэм. Нартыху хьэжыгъэ къэп си плIэм илът. Уэнжакъым Iугъуэ мащIэ къреху, ди хьэжьыр, и ныбэ иуэжауэ, къызбгъэдыхьащи, си лъакъуэм зыкъыщехъуэ. Джэдыр джэдэщым йокIуэж, сабэм къыхэкIыжауэ. Ди анэр, Насий, ТIэхьир зэрыхуэхъущIэр зэхызох: тIури Iуэм итщи, си шынэхъыщIэ цIыкIум шкIащIэр егъэбампIэ, кIэкIэ къририлъэфажьэурэ. Ди анэм и макъ зэхэсхмэ, гузэгъэгъуэ згъуэтыжырт. Къэпыр си плIэм дызохри, си натIэр изолъэщIэкI. Ди адэм, шэнтщхьэгуэ шэсауэ, ди жэм бжьэ кIэрэфыр къеш, шэм и къуэпсыр гуэгуэн джабэм зэрытелъалъэр зэхызох. Бжьын цIынэ Iэрамэ къричауэ, КIунэ хадэм къожыж, Iусыпсыр ивэщIэжакIэ мэшынэ. Си шыпхъу нэхъыщIэм, Джунэ, кIапсэм фIэлъ уэншэкум сабэр хеху. «Тхьэм и къарур инщ, – жысIащ сигукIэ, пщIантIэкум сыздитым. – Ди Iуэтэжыгъуэ къэсауэ пIэрэ-тIэ?»

Щхьэж и Iуэху и ужь итщ. Ди Iуэху зэфIэкIри, Iэнэм дыкъетIысэкIауэ, МатIэ къыдыхьэжащ. СыIуплъэри, гу лъыстащ къызэрытехьам.

– КъэхъуаIа? – еупщIащ ди адэр, Iэнэм здыпэрысым.

– АфIэкIа сихьэнкъым абы я лъапсэ! – жэуап къитащ МатIэ, Iэнэм къэтIысыни идакъым. – Псалъэ стащ: «Нобэ щыщIэдзауэ къакIуэ сиIэкъым мыбы!»

– УтэмакъкIэщIщ, ар хъурэ? – къыхуигъэдэхакъым ди адэм.

– Ди хадэр тхуэпщIэжыркъым. Нартыхур зэщIэкIэжащ. Тутынри мэф. Ди шыпхъум и закъуэкIэ къехьэлIэжа хъунукъым, икIуэдэжынущ, – къеувэлIакъым МатIэ ди адэм.

– Сэри солъагъу ар. АрщхьэкIэ сыт ди къару? Дэракъым зыублар, ди адэжьхэм къызэранэкIа хабзэщ: дэтхэнэ унагъуэми и зы цIыху тхьэмахуэм махуитIкIэ хуэлэжьэн хуейщ уэркъым. НэмыщIауи, Ало и къуэ Шардын ди хамэкъым, ди благъэ дыдэщ.

Уэздыгъэр пигъанэри, ди адэм дыдрэ фэдэнрэ къищташ, вакъэ зэщIидэжыну. Пшапэр зэхэуакIэт.

– Си закъуэкъым, – щIичакъым МатIэ. – Нобэ си гъуса щIалэхэм псоми тхьэ яIуащ – лъэмбытI ячынукъым афIэкIа!

– Фызэакъылэгъумэ, фызахуэщ, – яхэздзащ сэри.

Ди адэм и щхьэр къиIэташ. Къызэрызэшхыдэнур къэсщIащ и нэмкIэ:

– Хубогъэдахэри уэри! Мор зэгупсыс щыIэкъым, уэри укъыдощI! Шардын дэрэ ди быдзышэ зэрызэIулъыр фщыгъупщэжа? Си напэр щхьэ тефхрэ? Ди закъуэкъым, Уэсмэн-куей къыдэтIысхьауэ хъуам Ало и къуэ Шардын и щIыхуэ ттелъщ, игъащIэкIи тхуэпшыныжынукъым. Самсун деж ди фэм щыдэкIар фщIэжыркъэ? Ар пщыгъупщэ хъурэ, алыхьми цIыхуми сыт жаIэн?

– Быдзышэ фызэдефащ, дызэблагъэщ. БлагъагъэкIэ сыт къыпхуищIар Ало и къуэ Шардын? Мыбы дыкъыщIишар дигъэунэну аракъым. И щхьэращ зэплъар! Хэтыт телэжьэнур, дэ дримыIамэ? Уи цIыхур губгъуэм къибнамэ, уи уэркъыцIэ хэт жиIэжын? Ар имыщIэ уи гугъэ Ало и къуэ Шардын! Жьыр къыщепщэр ищIэжыркъым иджы! Сэлим-пэщэ ныбжьэгъу къищIащи, и хьэмтетыгъуэщ. Дыгъуасэ лъандэм щохьэщIэ пэщэр уи благъэм деж... Нышэдибэ къулъшыкъуращ зыкъыщауэжьар – фадэ Iэнэм бгъэдэсщ ныжэбэ жэщым. ЗыкъаужьакIэ я пщIэнтIэпс къекIуэн – нард мэджэгури зэхэсщ. Шардын иригъэхьэхуам хуэдиз тлъагъунукъым игъащIэкIэ. Iусыпсым хэддзэн шыгъу Iэгуэ къызэрытщэхун диIэкъым унагъуэм, мобы ахъшэр жьым хепхъэ! Я жьэм къихьи къагъанэрэ! Гуащэм деж нихьэ пщащэхэм а тIум хужаIэр зэхывэзгъэхащэрэт! – къызэрыкIырт МатIэ кIуэ пэтми, зыхуэшыIэжыртэкъым. Ди адэм нэхъ зыкъришэжауэ къысщыхъуащ.

– Уэ иджыри ущIалэщ, плъэгъуаи къыбгурыIуи щыIэкъым, – жиIащ абы, вакъэ зэщIэхуам етIысылIэжри. – Уи унафэ яхыумылъхьэ, я щхьэ зэрыхьщ. ЦIыхур дунейм къыщIытехьэр зым унафэ ищIын, адрейр абы едэIуэн щхьэкIэщ. Алыхь унафэщ ар, цIыхум къагупсысауэ аракъым... ТIуми фигу ивубыдэ: дэ хамэ щIыналъэ дисщ, алыхьым жимыIэкIэ, зыгуэр къытщыщI хъумэ, къытщхьэщыжынкIэ дызыщыгугъынур зы закъуэщ – Ало и къуэ Шардынщ. Абы дыкъуэлIыкIынукъым дэ. Ар ди зиусхьэнщ! – И щхьэ къыздимыIэтым, къыщIигъужащ: – ПщэдеймыщкIэ жумэщ, мэжджытым фызэрыкIуэн хуейр зыщывмыгъэгъупщэ!

– Унэхъункъым, дэ дымыкIуэкIэ! – зыхуэшыIакъым МатIэ абдежи.

– Тобэ жыIэ! Алыхьым деж нэмысын псалъэщ! – къэшынащ ди анэ тхьэмыщкIэр.

Махуэм дешати, жьыуэ дыгъуэлъыжащ, ауэ жейм сезэгъакъым. Ди адэмрэ си шынэхъыщIэмрэ я псалъэр си щхьэм изэрыхьащи, зызгъазэми, сезэгъыркъым, зыкъэзгъэзэжми, жейм сыхилъафэркъым, зызогъэкIэрахъуэри сыхэлъщ.

ЩIапIэ тIэкIуи къыдата хуэдэщ, унэ лъэбышэ тIэкIуи итщIыхьащ

щIапIэм, итIани дызэтеувэркъым. ДызэрымэжэщIалIэщ, ди гуэн къихъуэ щыIэкъым. Ди хэку дыщисыжам зи хьэкъ ттелъар зы зиусхьэнщ, дытелажьэми гъавэм щыщ Iыхьэ хухэтхми. Мыбы ар тIу зэрыщыгъэхъуащи, ди фэр трах, дапэлъэщыркъым. Зыр Ало и къуэ Шардынщ. ЕтIуанэр щIыр зей Сэлим-пэщэщ. Ди унэ къинэр ди гуащIэм и Iыхьэ щанэрщ. ЩIапIэ жыхуэтIэри дапхуэдизт езыр! Зы выфэкIэ щIэпхъумэфынут. Унагъуэр укъуэпсэукIыфынт абы къытекI гъавэм и Iыхьэ щанэм? Къэралми хьэкъ хуэтщIэн хуейкъэ? Ар тщхьэщахынкIэ дыкъагъэгугъами, дыкъагъэпцIэжащ... Жэщыбгырщ жейм сыщыхилъэфар. ПщIыхьэпIэ мыфэмыцми сыхэкIакъым.

ЕтIуанэ махуэм и шэджагъуэм, ди анэм Iэнэ къигъэува къудейуэ, Ало и къуэ Шардын шууэ къыдэлъэдащ ди пщIантIэм. Хьэрыпышым пщIэнтIэпс тхъурымбэр къохуэх, Ало и къуэ Шардын мафIэр къыIуролъэлъ.

Къепсыхакъым, сэлами къыдихакъым, къытхэлъэдащи, дызыIуригъэлъэдэн хьэзырщ:

– Уи ней щхьэ къысщыхуа, Хьэмырзэ? УэсщIар сыт?

– Сыт къэхъуар? Къэхъужар сыт, си благъэжь? – къэщтащ ди адэр.

– Къэхъуар умыщIафэ щхьэ зытебгъауэрэ? – Ало и къуэ Шардын и щIопщыр МатIэ дежкIэ ишиящ. – Уи къуэращ псыр къэзыгъэутхъуар! Ар пщIэркъэ? Си хьэсэм зы цIыху ныхыхьакъым нобэ – псори зи лажьэр уи къуэ жыIэмыдаIуэращ! Апхуэдэу бын зэрагъасэр! – Шым елъэдэкъэуащ Ало и къуэ Шардын, МатIэ жьэхэлъэн мурад ищIауэ.

Сэ зисчащ, шым и IумпIэр субыдри, Шардын зэтесIыгъащ. СызыIуригъэлъэдэнт Ало и къуэ Шардын асыхьэтым, нэкIэ сишхын хьэзырт, и щIопщри иIэтакIэт, ауэ къысIуплъэри – къэшынэжагъэнщ – шыр къыжьэдикъуэжащ. БауэкIэщI дыкъэхъуащ тIури.

– Щэнейрэ удиблагъэми, щIопщ къытхуэбгъэдэлъэну ухуиткъым, Ало и къуэ Шардын! Сакъ! – И шхуэмылакIэ субыдри, куэбжэм дэсшыжащ. – Зегъэхь, Ало и къуэ Шардын! Утлъэгъуакъым, дыкъэплъагъужакъым!

– Фхуэзгъэгъункъым игъащIэкIэ! – къызэридзэкIащ Ало и къуэм, шым хэуэри, щIэпхъуэжащ, сабэр и ужь ищIауэ.

– Мы къыдэпщIар сыт? Мы къыдэпщIар сыт? – игу къихьэжыркъым ди адэм, и фэр пыкIащи, зэпхъуэнури ищIэжыркъым – Уи анэшхуэ и быдзышэ ефащ! Апхуэдэ пщIантIэм дахужыр? Дыбгъэунэхъуащ! Мы си напэжыр къытепхащ!

* * *

Пщыхьэщхьэ гуэрым кIыщымкIэ секIуэкIащ, хьэмфIанэ едгъэлъати, ари къэсхьыжынщ, Дурсуни зэзгъэлъагъунщ, жысIэри. Дурсун гъукIэм и къуэт, ныбжьэгъу дызэхуэхъуат. КIыщыр тпэжыжьэтэкъым. Уэшхым къыщIидзати, цIыхур губгъуэм пасэу къикIыжат. КIыщ бжэIупэм лIы зыхыбл щызэхэст, щIэщIым щIэтIысхьауэ. Узытепсэлъыхьын мащIэ: хэт гъавэ бэв къехъулIащ, хэт и жэм лъхуащ, хэт сымаджэщ – зы хъыбарым зы хъыбар къыпохъуэ. Хъыбарыр щIэх дыдэ хэIуэркъэ жылэм: Ало и къуэ Шардын дэрэ дызэрызэхуилъам и хъыбарыр жылэм хэIуауэ къыщIэкIащ. Куэдым ягу жьы дригъэхуащ а хъыбарым.

– ЛIыгъэ уиIэщ, Зауркъан! – къыспежьащ кIыщ бжэIупэм щызэхэсхэм ящыщ зы – Умар. – Ало и къуэм зебгъэцIыхужащ!

– Хуэфащэщ! – къыдежьууащ абы нэгъуэщI зыи.

Ало и къуэм дэрэ дызэхуилъамэ, ди Iуэхужщ, абы нэгъуэщI къыхэIэбэным си нэ къызэрыхуикI щыIэтэкъыми, тIум жаIари си тхьэкIумэ изгъэхьакъым, сыкъызыкIэлъыкIуам сыщIэупщIа фIэкI:

– Дурсун фымылъэгъуауэ пIэрэ?

ЛъэпкъкIэ куржыт Даут гъукIэр. Хэкур зрагъэбгынам ящыщт абы и адэр, муслъымэн диныр залымыгъэкIэ къррагъащтэри мыбы къагъэIэпхъуат. Езы Даут къыщалъхуар Тыркуращ. И щхьэгъусэр пасэу дунейм ехыжащ, Дурсун зыфIаща щIалэ цIыкIур къыхуигъанэри. И анэр щхьэщымыту къэхъуащ Дурсун, къыдэкIуэтейри кIыщым щIэуващ, и адэм и дэIэпыкъуэгъуу. Гудзакъэ зиIэ цIыхут зэадэзэкъуэр, уи гузэвэгъуэ зэхащIыкIырт. Уэсмэн-куей деж дыкъэтIыса нэужь, куэдым къыддэIэпыкъуащ. ФIани джыди тхуэзыщIар зэадэзэкъуэрщ, пщIэи тIахакъым, сабий сымаджэр гъэш щагъэщIакъым, тщагъэпщкIуа щыIэкъым. Хэгъэрей дызэхуэхъуащ гъукIэмрэ ди унагъуэмрэ, гъукIэм и къуэр ныбжьэгъу къысхуэхъуащ. ЗэралъэкIымкIэ зыкъытщIагъэкъуащ, ахъшэ щIыхуэ дыхуей хъумэ, япэ дызэжалIэр гъукIэрат, дыкъыщагъэщIэхъуаи къэхъуакъым. Зы махуи дэтхыртэкъым Дурсун сэрэ дызэрымылъагъуу. ГъукIэм и жагъуэтэкъым ар – и къуэмрэ сэрэ ныбжьэгъу дызэрызэхуэхъуар.

– Фэ фыкъызыхэкIа лъэпкъхэр зэхамэкъым, – къыджиIэгъащ гъукIэм зэгуэр. – Къамэм дзитI Iуткъэ – фэри фыаращ. ФызэрыIыгъ.

Дурсун щIалэ ахъырзэмант. Апхуэдэр гъуэщэнукъым, хым и щIыб дэбдзэми, кIуэдынукъым. НыбжькIэ щIалэми, гъукIэм и къуэр здынэмыса къинэжатэкъым Тыркум. «Сэ сымылъэгъуар укIуэдыж!» – гушыIэрт ар. Фэлдыщэ и хъыбар езгъэдэIуэгъащ зэгуэрым. СызэхищIыкIащ – нэгъуэщIкIэ сыщыгугъыртэкъым, сыкъызэримыгъэщIэхъунур сщIэрт.

– Родос хытIыгум яшащ жыпIа? Ар зэрытпэжыжьэ щыIэкъым, – жери, и Iэр химкIэ ишиящ. – Уигу умыгъэныкъуэ, зыгуэр зэрытхъэнщ... – Ныбжьэгъум и бзэкIэ жыпIэмэ, а псалъэм къикIыр гурыIуэгъуэт: «СхузэфIэкI къэзгъэнэнкъым, уи гукъеуэр си гукъеуэщ, гъуэгу утехьэмэ, сыбдытехьэнщ!»

Пшапэ зэхэуэгъуэ хъуащ. Уэшхыр теуащ. ХъыбаркIэ загъэнщIауэ, заIэтыжащ кIыщ бжэIупэм щызэхэсахэм. Жантемыр къыIухьащ, уэшхым иуфэнщIауэ. Ар къалэм къикIыжа къудейт.

– Сыт хъыбар? – щIэупщIащ Умар.

– Хъыбарыр щIагъуэкъым, – жэуап къитащ Жантемыр. – Зауэр кIыхьлIыхь къыIэщIэхъуащ пащтыхьым. Аскэрыр хурикъужыркъыми, цIыху хашынущ. Iэщэ зезыхьэф къагъэнэнукъым. Аращ къалэм щыхъыбарыр.

Абы игъэнэщхъеящ кIыщ бжэIупэм щызэхэсахэр – апхуэдэ хъыбар пэплъатэкъым зыри.

– Ди щIалэхэр дзэм хахуэмэ, дызэтеунэхъуакъэ? Сыт дызыщыгугъыжынур? – хэгупсысыхьащ Сит.

– Арат дыкъызыхуэтыр! КъыдащIар яфIэмащIэщ!

– ПащтыхьыжьхэмщIыр яхузэрыгъэгуэшыркъым, абы зи щхьэ хэзылъхьэр лажьэ зимыIэм и бынщ...

Си пIэ сижыхьа пэлъытэщ: лъэбакъуэ схуэчыркъым. Япэ сызэгупсысар Фэлдыщэщ. «Дзэм сыхахуэмэ, Фэлдыщэ сыпыкIащ. КIэ иIэщ итIанэ!» Ныбжьэгъу щIыжаIэр апхуэдэ гуэрщ: си гукъеуэ есхьэлIэнтэкъэ Дурсун, зыгуэр къигупсысынкIи хъунт, ауэ а жэщым ар

унэм къекIуэлIэжакъым...

Мазэр изщ. Уафэм вагъуэ щхъуантIафэхэр игуэшащ. Жьы мащIэ къыкъуэуэуащи, пщIащэр мэпсалъэ. Сэри сыхэпсэлъыхь хъуащ, си гукъеуэм сыхигъэщIауэ. Хы лъэныкъуэмкIэ лъатэ акъужьым соIущащэ: «Си хьэтыр къэлъагъу, – жызоIэ, – уэ хым утохьэ, ублэлъэтыкIынущ хытIыгум. Ухуепсыхыркъэ си тIасэм, ауэ къыумыгъащтэ, жеймэ, къыумыгъэуш, и щхьэгъубжэр зэIуумыдз. И нэпс хуэлъэщIи, схуедэхащIэ. Нэхущым къызэщыумэ, жепIэнуращ: «Уигу умыгъэныкъуэ, си дахэ. Зауркъан гъуэгу тетщ. Хыри бгыри къызэринэкIыфынущ абы, зыми хуэубыдынукъым. Пэплъэ...»

Жэщыр згъэкIуащ апхуэдэу, мазэмрэ жьымрэ фIэкI псэлъэгъу сиIакъым. Зыбжанэрэ сыкъыбгъэдыхьэжащ ди куэбжэм – пщIантIэм сыкъыдыхьэжакъым. Си жейр дэнэ кIуат, мазэгъуэ жэщым хэбзэхами, ярейт, зыкъысщидзейрт...

Ди адэр етIуанэ махуэм, зытщигъэпщкIури, Ало и къуэ Шардын и пщIантIэм дыхьащ. И пащхьэ итIысхьэри хуэпыхьащ:

– ЩIалэщ, щIалагъэ зэрахьащ, я щхьэм жьы щызопщэ, къокъуэншэкIащ, си напэри трахащ! Уигу къыдумыгъабгъэ.

– Ар яхуэфащэкъым абы, Хьэмырзэ! Уэращ сызэплъыр. Уэ сыпфIэмылIыкIатэмэ, абы яхуэфI сыхъунт сэ. Хъунщ, уи хьэтыр слъагъунщ, – игу фIы къыхуищIащ ди адэм Ало и къуэ Шардын.

– Убыхым къызэрилъхуар ягъэгъуэщакъым си щIалитIым. ЗэуапIэри вапIэри я зэхуэдэт. Уэри уи нэгу щIэкIащ ар, цIыхуми къыддащIэ... Убых щIалэгъуалэр дзэм ираджэн хуэдэу кърахьэкI...– Арагъэнт ди адэр нэхъ зытекIухьар.



– Апхуэдэ щIалэ хахуэракъэ дзэр зыпагъаплъэр...

– Узахуэщ, ауэ жьы сызэрыхъуар уолъагъу, унэгуащэри сымаджэрилэ хъуащ. ХамэщI дисщ, ди быныр ттрахмэ, дыпсэуфынукъым, хэт дыкъуэсын, ди жьыщхьэ хэт дызэрихьэн? Зи быдзышэ уефа ди анэм и цIэкIэ сынолъэIу: тхухэлIыфIыхьи, мыхъуми, щIалитIым я зыр ди унэ къинэж...

– «ТхухэлIыфIыхь» жыбоIэ... ЖыIэгъуафIэщ ар, Хьэмырзэ, лэжьыгъуафIэкъым...

– ЗэрымылэжьыгъуафIэр сэри къызгуроIуэ, итIани, уи фIэщ къыибгъэкIмэ...

– Уи щIалэ сэхъуахэм яхуэфащэкъым ар...

– ЩIалэм ухуэгубжьмэ, нэхъей екIуэн фIэкI, ифI зыкърищэнукъым.

– Хъунщ, Хьэмырзэ, думыгъэIущыж! Ди благъагъэм соплъри, дзэм ираджэ хъумэ, зыгуэр хэсщIыхьынщ. ДяпэкIэ къызжиIакъым жремыIэж!

Ало и къуэ Шардын гущIэгъу зиIэ цIыхуу къыщIэкIащ. Абы щыгугъыххакъым ди адэр: хьэщIагъэ кърихащ, нард къыдэджэгуащ, къыщригъэжьэжым, зы пыIи кърита щ. Куэбжэм къыдишыжри, игу къэкIыжа щIыкIэу, мыри къыкIэлъидзыжащ:

– ЩIалитIыр си пщIантIэ къыдремыхьэ афIэкI, си хьэси къыхремыхьэ. Уи пщIантIэ щрелъэпхъэщэж, уи унэ сэбэп ирехъухьыж... Уэ нэхъ щIэх-щIэхыурэ къихьэ си унэ – цIыхум уакIэлъыплъынщ. Дызэхамэкъым, уэ си дзыхь нэхъ узогъэз... Гуащэри къолъэIужащ, къысщыгъупщэ пэтаи... ХъыджэбзитIыр чэзу-чэзууэ кърекIуэ ди деж, тхьэмахуэм тIэу къудейщ къызэрыкIуэнур. И пэшыр и благъэм Iуахмэ, и гуапэщ гуащэм.

И благъэр хуэжьыщIэмэ-хуэтхьэщIэмэ, нэхъ фIэкъабылщ...

Ди адэр апхуэдэпщIэм елъэстэуэнт! Нэхъ щIалафэ къытеуэжа-уэ, къихьэжащ унэм, дигъэуна къыщыхъуащ. Дэнэ щищIэнт ди адэ тхьэмыщкIэм Ало и къуэ Шардын и гум хьэрэмыгъэ ирилъхьауэ. И пщIыхьэпIи къыхэхуэнтэкъым.

А махуэм щыщIэдзауэ, КIунэрэ Джунэрэ Ало и къуэ Шардын и унэм ихьэ хъуащ – чэзууэ, тхьэмахуэ къэс тIэуней, нэху щамэ, пшапэр зэхэуэху. Ди адэри икIуэдащ зиусхьэным и унэм – арат нэхъыбэрэ щып-лъагъунур иджы.

Си шыпхъу цIыкIуитIыр пщащэ гу пцIанэт, псэ хьэлэлт, езым хуэ-дэм зэрахэгъуэщэным пылъ зэпытт. КIунэ щхьэцыгъуэ кIыхьт, нащхъуэ-нэ пIащэт, нэщхъеирилэт, и щхьэ уасэ зыщIэж пщащэт. Зэзэмызэт абы и дыхьэшх макъ щызэхэпхынур, Iэсэ дыдэт, гумащIэти, и нэпсыр къы-щиудын хьэзырт, и гуауэ хъун псалъэ зэхихамэ. Тхьэрыкъуэ хуэдэт и зекIуэкIэр КIунэ, лъэ псынщIэ зэблихыу. Джунэ къамылыфэт, щхьэц фIыцIэ Iувт, шэрэзыжауэ, апхуэдизкIэ Iувти, уэшхри пхыкIыртэкъым. МэракIуапцIэм хуэдэти, нитIыр къилыдыкIырт, нэжэгужэ зэпытт, и жьэ щIичэртэкъым, пыIэгъуэ иIэтэкъым, уи щэху егбгъэз хъунутэ-къым, и жагъуэ зыгуэрым къищIамэ, ибзыщIынутэкъым. КIуни Джуни пкъыфIэт, лъагэт, псырылъэм хуэдэу ишат. КъэзымыщIэм жиIэнтэкъым а тIур зы анэм къилъхуауэ. Унагъуэм ди гурыфIыгъуэри ди гъэфIэнри КIунэрэ Джунэрэт – абы емыкIу илът?

Зэгуэрым и чэзум къигъэзэжакъым Джунэ. Къыщыгувэ къыхэ-хуат абы и пэкIи, ауэ жэщым къинэртэкъым гуащэм и унэ. Уи дзыхь зэбгъэз хъун унагъуэми зыгуэрт... Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ. Си шып-хъум сыкIэлъыкIуэн мурад сщIа къудейуэ, ди куэбжэм, уэзджынэ макъ къэIури, фитон плъыжь къыIулъэдащ, шыгъуэ лъагищ щIэщIауэ.

– Куэбжэм зыгуэр къыIухьащ, къэгъуэщамэ жызоIэ, – зыхуихьынур ищIакъым ди анэм.

Фитоным Джунэ къикIыжащ...

– Сыт къэхъуар? – къэгубжьащ ди анэр.

– Къэхъуаи щыIэкъым. Шардын хьэщIэ иIащ, хьэщIэшхуэ... – жиIащ Джунэ. – Фадэр зэпыуакъым нэху щыху... Гуащэм сыкъиу-тIыпщыжакъым: «ХьэщIэр емыкIущ», – жери. Iейуэ сешати, фитонкIэ сыкърigъэшэжащ гуащэм.

Пщыхьэщхьэм, Iэнэм дыбгъэдэтIысхьа нэужь, гу лъыстащ Джу-нэ зэрыгукъыдэжыншэм, псэлъэни зэрижагъуэм. «Ешар пэжынщ», – жытIащ дигукIэ.

ЕтIуанэ махуэм, шэджагъуэм деж, Iэнэ къэдгъэува къудейуэ, Ало и къуэ Шардын шууэ къыдыхьащ ди пщIантIэм. Къепсыхащ, емыпIэщIэкIыщэурэ. Зэ зэрыдэсхуж лъандэрэ ди пщIантIэ къыдыхьа-тэкъым зиусхьэныр. Ар имыщIэжыфэ зытригъэуат иджыпсту, къызы-хигъэщыртэкъым емыкIу иращIауэ, апхуэдэ лажьэ къэмыхъуагъэххи хуэдэт... Ало и къуэ Шардын къыпогуфIыкI, IэплIэ къытхуищIащ псо-ми, си дамэм, къысхуэгушхуэу, къытоухьри, къысщотхъу:

– Афэрым! Афэрым!

«Тхьэм ищIэнщ игу ирилъхьар», – жысIащ сигукIэ. Гу лъыстащ Джунэ зэрыбзэхами: Шардын пщIантIэм къызэрыдыхьэу, си шыпхъу нэхъыщIэр унэм щIэлъэдэжащ. «Мыр дэ дыщигугъэм щыщыIэкъым», – сыкъэгузэващ итIанэ.

ПыгуфIыкI хуэдэу зищIащ Ало и къуэ Шардын, ди анэм къыхущIиха

фэ щхьэнтэм тетӀысхьэурэ.

– Алыхьым и фӀыщӀэм дыхинынкъым – нэгъуэщӀ сытым дыщыгугъын? – къыгурыӀуакъым ди адэм.

– Фэ къывэуэлӀа насыпыр зыхуэдизыр фщӀэрэ! Фипхъуми къелыжынщи, фэри дэри тфӀэкӀыжынщи, зэрыубыхыу теунэнущ.

– Хъыбарым я нэхъыфӀыр хьэщӀэм кърехьэ...

– Хъыбар псом я лейкъэ! Махуищ мэхъури си унэ исщ уэлийр*, Сэлим-пэщэ. ЩӀыр къыдэзытар аращ, алыхьым худигъэщӀэж! Ар мыхъуамэ, ди унагъуэбжэр щыхуэтщӀыжа махуэтэкъэ! Езы пащтыхь дыдэр си унэ къихьауэ къысщыхъуащ, Хьэмырзэ. ПщӀэшхуэ къысхуищӀащ уэлийм, си унэ къихьэри. Аракъэ-тӀэ... Джунэ къыӀуплъэри хьэщыкъ къыхуэхъуащ...

Ди анэр фагъуэ къызэрыхъуам гу лъыстащ. Ало и къуэ Шардын ар зыуи къыщыхъуакъым. Дызэригъэунам шэч къытрихьэххэркъым:

– Хъыджэбз цӀыкӀум хьэщыкъ ищӀар хэт жыӀэт! Езы пащтыхьым и кӀуэгъужэгъущ, и мылъкум гъуни нэзи иӀэкъым. СыкъыпхуиӀуэхуащ, Хьэмырзэ: уи пхъум фӀэкӀа нэкурэ напӀэрэ иӀэжкъым. Сэрейм щӀэс фыз къомыр абы унэӀут хуэсщӀынщ, жи. Си мылъкур и щхьэузыхьщ, жи, си жьыщхьэ тыншыгъуэ дэслъагъумэ. Фэри къыфхуэупсэнущ! Зи насып! Измид иреӀэпхъуэ, жиӀащ. «Хьэуэ» жаӀэрэ, я пӀэ къинэжми, си нэӀэ ятезгъэкӀынкъым, жи.

Ало и къуэ Шардын и нэр егъэджэгу, и Ӏупэр зэтехьэжыркъым. Ди адэр щымщ, хоплъэ.

– Зыри жыпӀэркъыми, Хьэмырзэ? Хьэмэрэ уи бзэр иубыдауэ ара – апхуэдэ насып къоуэлӀэнкӀэ ущыгугъагъэнкъым, дауи?

Сэ ди адэм сыхуеплъэкӀащ. Ар зэхэуат, и фэр шэхум хуэдэт, лъы ӀэмпӀэ къыщӀэмынэжами ярейт. И губжьыр ирикъухри, ди адэм и щхьэр къиӀэтащ:

– Хьэуэ, абыкӀэ акъылэгъу сыбдэхъунукъым. Си щхьэм къысхуигъэтӀасэркъым: уи хамэкъым, уи гум дауэ къыпхуида? Тырку лӀыжь кхъахэм и хьэрэмлыкъыракъым Джунэ зыхуэтпӀар! Сэлим-пэщэ цӀыхуфӀ гуэри, сымыщӀа щхьэкӀэ! Хъыджэбзыжь цӀыкӀум къылъохъу, зыкъытхуегъэлъахъшэ! Уэ пхуэдэ дэлэл зиӀэм аратэкъым ищӀэн хуеяр: ахъшэр къолъэлъэхыж, былым хуэдэ ищэхуамэ, зэфӀэкӀатэкъэ!

– Ахъшэм фи Ӏупэ Ӏуиудынкъым. Уи жып имылъмэ, къоплъын щыӀэкъым. Ахъшэм еблэнукъым Сэлим-пэщэ.

– Сэлим-пэщэ и Ӏуэху фӀы ирикӀуэ. И мылъкуи и сэреи дыщӀэнэцӀыркъым, и физхэм тхьэм ящхьэщигъэтыж. Си пхъур и тхьэмыщкӀапӀэ исыжмэ нэхъыфӀщ.

Ало и къуэ Шардын и нэр зэригъэдзэкӀащ, и пащӀэкӀэ питхьэлыкӀыжащ, ауэ зэрызишыӀэн хуейр зыщигъэгъупщакъым:

– Уи тхьэ узэреплъщ, Хьэмырзэ! УзгъэгуфӀэн си гугъащ, уи жагъуэ сщӀамэ, губгъэн къысхуумыщӀ! – Сэ сыт си лажьэ? ИтӀани къызжиӀакъым жумыӀэж: уи пхъум кӀуэсэн мурад ищӀамэ, пхъуантэм дэбгъэтӀысхьэми, пхуэубыдынукъым. Ар къыфщыщӀмэ, си деж щывмылъагъу, лажьэ сызэримыӀэр вжесӀакӀэщ!

АфӀэкӀ зиӀэжьэжакъым Ало и къуэ Шардын, шэсыжри пщӀантӀэм дэкӀыжащ.

ЕтӀуанэ махуэм, унэм ди анэм фӀэкӀ имысу, ди куэбжэм къыӀулъэдащ фитон плъыжь гуэрыр – щӀы къатиблкӀэ щӀэлъэдарэт ар! ЛӀитӀым, зэпаӀыгъыу зы пхъуантэшхуэрэ зы матэ цӀыкӀурэ кърагъэувыкӀащ фи-

* Уэлий – губернатор.

тоным. Ар ди анэм и пащхьэ кърагъэувэри, лIитIым щхьэщэ ящIащ:

– Мыр Сэлим-пэщэ къыфхуригъэшащ!

Ди анэм къыIихын идакъым, дэфшыж яжриIащ, ауэ щIалитIым щхьэщэ аргуэру ящIри, кIэбгъу защIыжащ, щIапIэщIэлъадэ хъун фитоным зрадзэжри. ТIэхьир губгъуэм ныдэжащ.

– Нанэ сыкъигъэкIуащ, – къыдбгъэдэлъэдащ ди шынэхъыщIэ цIыкIур, бауэбапщэу. – «ФыкъэкIуэж, – жи, – щIэхыу!»

Зыгуэр къызэрыхъуар къэпщIэнтэкъэ? ПщIантIэм дыкъыдыхьэжащи, ди анэм и нэпс щIелъэщIыкI, пхъуантэмрэ матэ цIыкIумрэ пщIантIэкум итщ. Пхъуантэр зэтетхащ. Абы дэмылъ фIыгъуэр укIуэдыж жыхуаIэм хуэдэт: шухьэри, къэдабэри, шылэри – тхыпхъэщIыпхъэм щIигъэнащ, щхъуэкIэплъыкIэщи, нэр щоджыл. Тен джэдыгури уэсым хуэдэщ – Джунэ къыхурагъэшащ. Матэ цIыкIум налкъутналмэсыр изщ: дыщэ Iэлъын, дыщэ Iэпщэхъу, тхьэгъу, тыгъэ лъапIэ – зэщIопщIыпщIэ, зэщIолыдэ, узрагъэплъыркъым. А псор щилъагъум, Джунэ къызэфIэмэхащ, зыкъищIэжри къытIэщIэпхъуащ: «Мыр сысейщ!» Матэ цIыкIур ипхъуатэри унэм щIэлъэдэжащ. Утыкум дыкъинащ, Iэнкун дыкъэхъуауэ. Ди гъунэгъур, Уэзэмэт, къекIуэкIащ абы хэту. КъыщIэкIуар къыщыджиIэм, ди фIэщ хъуакъым:

– Джунэ мэукIытэ. Аракъэ хабзэр... Фэ къывжиIэфыркъым: фыпэрымыуэмэ, Сэлим-пэщэ дэкIуэнущ. Ар си пщэ кърилъхьащи, аращ сыкъыщIэкIуар: зыми хигъэзыхьыркъым, и гумрэ и псэмрэ фIэIэфIщ, зэран фыхуэмыхъу. Фи унэ псэлъыхъу къихьэнущ пщэдей.

Си лъэр щIэхуащ абдежым.

– ЛIыжь кхъахэм дилъэгъуар сыт? – жысIащ сигу кIуэдауэ.

– Фыз дапщи иIэ!..

– ЦIыхур хьэщыкъ зыщIынур пщIэнукъым, – жиIащ Уэзэмэт, игу къысщIэгъу щIыкIэу. – Ди унэ ис фызыжьым хьэщыкъ сыщыхуэхъуам щыгъуэ, си ныбжьэгъухэм ауан сыкъащIу щытащ: уи нэ искъэ, жари. Узэплъын хэлъ абы! Си нитIкIэ езгъэплъащэрэт си ныбжьэгъухэр: хэлърэ хэмылърэ ялъагъунт, скIэщIагъэкIуэсыкIыни тIэу еплъынтэкъым! Сэлим-пэщэ ныбжь иIэщ – абыкIэ фызахуэщ, ауэ лъэрызехьэщ иджыри, мылъкуми уелъэстауэ хъунукъым... Джунэ игу фемыуэ: и щхьэ къудейрагъэнкъым зытрищIыхьар, пэщэм дэкIуэнкIэ арэзы щыхъум...

Ди гъунэгъур дэкIыжащ, къыдэхъуэхъури.

Дэ, дызэхэтIысхьэжащи, дыщымщ, зыр адрейм деплъыфыркъым. Ди анэм и нэпсыр щIелъэщIыкI, и щхьэр фIеудыж.

– Игу ирилъхьамэ, пхуэубыдыжынукъым. УхуэгъкIэ, сыт къикIыжын – кIасэ хъуащ, – зыкъиIэтыжащ ди адэм, шэмэджыр и дамащхьэм трилъхьэжри, губгъуэм дэкIыжащ.

«Псалъэ дыгъэлрэ цIуугъэнэкIэ дахьэхамэ-щэ? – жысIащ сигукIэ. – Сыт къыгурыIуэрэ абы, сыт хищIыкIрэ мы дунейм!»

Сепсэлъэн мурад сщIыри, си шыпхъум деж сихьащ. Бжэр Iусхмэ, солъагъу: дарий бостей зыщитIэгъауэ, Джунэ гъуджэм бгъэдэсщ, тхьэгъур зрегъэкIури. Дыщэ Iэлъыныр зыIэригъэсакIэщ, и Iэпщэхъури мэлыд. АпхуэдизкIэ дихьэхащи, бжэ кIыргъ макъри зэхихакъым, зыкъригъэзэкIакъым. Сигу нэхри хэщIри, псалъэ жызмыIэу, унэм сыкъикIыжащ.

Ало и къуэ Шардын захуэу къыщIэкIащ.

ЕтIуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм ди куэбжэм фитонри, гуимэри,



3 Заказ № 199

хьэмкIэшыгури къыIулъэдащ, шу гъусэхэр къепщIэкIауэ. Ди гъунэгъур, Уэзэмэт, унэм къыщIыхьащ. Джунэ пэплъэрт абы. Ди гъунэгъум и Iэблэр иубыдри, Джунэ куэбжэм дэкIащ, и Iупэр зэтемыхьэжу. Джунэ япхъуэтащ, фитоным ирагъэтIысхьэри, нысашэр ди куэбжэм зэрыIухыжащ.

Ди щхьэр къыфIэхуауэ дыкъызэхэнащи, дызэхэтщ, хьэдэ изыхам дрещхьщ.

Ди Iыхьлыхэр, ди гъунэгъухэр, ди хэгъэрейхэр ди унэ къохьэ, къыдохъуэхъу:

– Лъапэ махуэ ирихауэ!

– Насып къеуэлIащ Джунэ! Фыунащ!

– Жэнэтыр унапIэ хуэхъуащ: мылъкум лъакъуащхьэкIэ хэсщ Сэлим-пэщэ!

– Зи насып!..

«Ар я жьэ дауэ къекIуэрэ! – жызоIэ сигукIэ. – ЛIыжь кхъахэм унэIут ищIащ си шыпхъур, итIани цIыхур къыдохъуэхъу, ягу къытщIэузыным и пIэкIэ. Къыдэхъуэхъуми уфIэкIынт, къыдохъуапсэ!.. Абхъаз уэрэдыжь гуэр сигу къыщIэкIыжари сщIэркъым абдеж:

*Къашыргъэм и жьэм Iэрыхъамэ,*
*Удз дахэр и псэм еджэу арщ...*

Сыхьэтджэрий къэунэхужащ абы ирихьэлIэу. Хъыбар иIатэкъым абы и пэкIэ, дунейм ехыжауэ фIэкI тщIэртэкъым, тщыгъупщэжакIэт. ЩIы щIагъым къыщIэкIыжа нэхъей, къэунэхужри, Уэсмэн-куей къыдэтIысхьэжащ, и бынунагъуэри щIыгъуу. КъыдэтIысхьэжари хэт жыIэт? ХамэщIым факъырэ ихъухьа гуэртэкъым, хьэзабым къыхэкIыжауэ фэ зытет гъуэгурыкIуэтэкъым, хьэуэ. Хьэжы сарыкъ хужьыбзэ зыщхьэрыс, абэ щIэрыпс зыщыгъ дин аслъыт.

– Мэчэм хьэжыщI сыщыIащ, тхьэ сыфхуелъэIуащ, – жиIащ, къытхыхьэжри. – Алыхьым и гущIэгъур инщ, алыхьым и гущIэгъум дыхинынкъым, ди хьэтыр къилъагъури, мы жэнэт щIыналъэр егъэзыпIэ тхуищIащ... Алыхьыр закъуэщ, бегъымбарыр хьэкъщ... Алыхьым и къарур инщ...

Уэсмэн-куей мэжджытыщIэ дащIыхьащ. Сыхьэтджэрий мэжджытыщIэм щIэуващ молэуэ. ЕфэндыпщIэр кIэзонэм къритрэ пэт, Сыхьэтджэрий цIыхум хьэкъ къатрилъхьащ мэжджытым и цIэкIэ. Сыхьэтджэрий къыпхуэцIыхужынутэкъым – япэрей Сыхьэтджэрийратэкъым ар иджы! Пагэ хъуащ, и пэр дригъэзеящ, цIыхум защедзей. ЦIыхуми я дзыхь ирагъэзыжыркъым Сыхьэтджэрий, я чэнджэщ ирахьэлIэжыркъым. Езыми и пщэ псыгъуэр кIуэ пэтми нэхъри хешиикI, дыкъилъагъумэ, и нэр уз хъуащ.

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

*Урыс усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил къызэральхурэ ильэс 200 ирокъу*



ЛЕРМОНТОВ Михаил

# МЦЫРИ

## Поэмэ



1

Зы зэман гуэркIэ уIэбэжым
Къуршыпс уэритI щызэхэхуэжым
Къыщхьэщытати къулъшырыф*
Зы цIыху иджыри блэмыкIыф,
Тхьэм и Iуэху Iэджэ щызэблэкIыу
Щыта лъагапIэм хуемыплъэкIыу.
Елъагъу иджыри гъуэгурыкIуэм
Сэх лъэныкъуабэр, куэбжэ ныкъуэр,
Блын уфIыцIахэр къыхуоплъых.
Жор пагэм уэгум зыщеплъыхь,
ЗылъэIэс пшэхэм ящIу псыф;
Унащхьэ задэр бгъэм яцIыху,
Къауфэрэзыхьрэ загъэбзэхыу.
ГъуэгурыкIуэм куэд зэрегъэзахуэ,
ЩыблэкIкIэ Тхьэм ибгына щIыпIэм,
МэдаIуэ зэми и фIэщыпэу,
Арщхьэкlэ бжэр къыхуIуамых,
Тхьэм елъэIу макъи зэхимых.
ЩIэсщ къулъшырыфым зы лIыжь закъуэ,
Гугъэ къутахэм я хъумакIуэу.
Ар щыIэу зыми имыщIэж,
ЛIэныгъэ дыдэм щыгъупщащ.
Абы сын джафэхэр елъэщI,

*Къулъшырыф – монастырь

Тетхар сакъыпэу къыщIегъэщ,
Хьэрф къэскIэ дыгъэ тригъапсэу.
Абы пщIыхьэпIэрэ гупсысэу
Зэригъэзахуэр жэщыр хъуамэ
Ирехьэ уафэм и архъуанэм.

2

Зэгуэрым урыс инэрал,
Iуэхутхьэбзэ хуищIэу и къэрал,
Тифлис лъэныкъуэхэм нэсат,
Зы щIалэ цIыкIуи и гъусат.
Нэщхъейт хъарыпыр икIи фагъуэт.
Ар щхьэ техьат имыцIыху лъагъуэм?
Сабийм гъуэгуанэр хуэмыхьат,
Узыфэ гуэр къыпкърыхьат,
И къару мащIэр щIилъэсыкIыу,
Псэр зэрыбауэр пикъузыкIыу.
Ар Iэгум ис бзу шырым ещхьт,
Игу цIыкIур къилъэтын къыпфIэщIт,
Куэд ихьыжынуи мыхъут уи фIэщ,
Арщхьэкlэ узым, имыщIэжу,
Ещхь ищIыжащ ар и адэжьхэм;
Къэушыжащ адэжьхэм я лъыр,
Абы къару гъэпщкIуауэ хэлъыр.
Иджы ар узым фIэмылIыкIт,
ЩэIу макъ и гущIэм къимыIукIт.
Пагагъэ щIыIэр и нэгу щIэтт,
IэщIыбкIэ шхыныр Iуигъэкlуэтт.
ИтIанэ, хуэзэри цIыхуфIым,
КъыщыщIидзащ ар къулъшырыфым.
Къылъыс гущIэгъум къыхэнар
Тхьэм пэгъунэгъухэм къахуэнащ.
Кърагъэлащ абыхэм узым,
Ауэ къэнащ къеузу и псэр.
Ар щыужат сабий джэгукIэм,
И нэр къуэкIыпIэм хутемыкIыу
Тест Iуащхьэм, дыгъэр къухьэжыху,
И лъахэу фIэщIыр илъагъуху.
Апхуэдэу куэдрэ екIуэкIащ,
Ар зэрыгъэрым есэжащ.
Хамэбзэр хъуати зэхищIыкI,
ФIэфI гуэр зэхихым, пыгуфIыкIт,
А зыхуей тIэкIури жиIэфынут.
Езым ящыщ зэращIыфынур
Ялъагъури, ар къытрагъэхьэ,
Чыристан диным ирагъэхьэ.
ЗыгъэдэIуар гуфIэжрэ пэт,
Езыр жэщ лъагъуэкIэ мэкIуэд.
МахуищкIэ пщIэншэу къалъыхъуауэ,
ЯфIэкIуэдауэ гугъэу хъуари,

Псэр пыт къудейуэ къагъуэтыж,
Гъуэгу нэхъ кIэщI дыдэмкIэ къахыыж.
Ар шэхуу фагъуэт, башу гъурт,
ЩIэкIауэ гъаблэ къыпщыхъунт.
Жэуап уи упщIэм къримытт,
Ныбжь хъарпшэр гуэри къыщхьэщытт.
Ар зэрылIэнур гурыIуэгъуэт,
Уэсят ищIыну щытмэ - игъуэт,
КъедэIуэжынури къэкIуат.
Сабийм и нэпс къыфIэмыкIуа.
Къарууэ иIэр зэхуехьэсри,
ЩIэгъэкъуэныншэу пIэм къотIысхьэ,
Мэпсалъэ, и гур игъэтIысу:

3

«Си иужьрей псалъэм едэIуэнум
Къыстохуэ фIыщIэ ныпхуэсщIыну.
КъыпхуэзмыIуатэм телъыр псэм,
Зыщызгъэзэнщ щIы щIагъым сэ.
Есхакъым цIыхум лей игъащIэм,
ХэслъагъукIар дунейм зымащIэщ,
Аращи тыншу сызэфIокI,
Стемылъу гуэныхь лей къыщIокI.
Си гъащIэр сыт, апхуэдэу тIум
Хъуэпсэгъуэу зы къыщIамытын,
ИтIани ар сымыхъуэжынт:
А къэзгъэщIа бэуэгъуэ закъуэм
ГурыщIэ мафIэр и гъусакъэ!
Абы си ныбжь нимыгъэса,
ИтIани си гур йохъуэпсэж.
Гугъэ псэрыпIым и лъэтэгъуэм
Вагъуэ нэхъ жыжьэр къигъэIэгъуэт.
А зэман кIэщIыр сыту IэфIт!
И зэшыр зэшу жызмыIэф,
И нэпсыр нэпсу схуэмыIуатэ,
СызырикIт, ахэр симыIатэм.
Иджы къызжеIэт, ещхьу сядэм,
Хэт зыжесIэнур «къысхуэгъэгъу»?
Сыхуейкъым зыми и гущIэгъу.

4

Уи нэщхъеягъми сигу хегъэщI.
Сэ мызэ-мытIэу зэхэсхащ
ЛIэныгъэм уэ сыкъебгъэлауэ.
КъысфIощI абдежым ущыуауэ.
Уэлбанэм жыгым пиха тхьэмпэм
Щигъуэтыжынкъым щIылъэм тхъапIэ.
Сызэхахакъым зэи Тхьэхэм,
СытемыкIарэ пэт я хабзэм.

Адрейхэм яӀэт унэ-лъапсэ,
Я адэ-анэр щхьэщытыжт,
Ахэр си деж щызмыгъуэтыжт.
Сэ си цӀэ дыдэр сщыгъупщащ,
Фэ къысфӀэфщар къыскӀэрыпщӀащ.
ЩӀыкӀу хъуащ а псор зыгъэва си гур.
Техьэлъэжынкъым си бгъэм щӀыгур,
А псор си нэгу щӀэкӀа нэужь.
Уэри нэхъ къапщтэу къыщӀэкӀынщ,
Сыкъэзылъхуар зыщызгъэгъупщэм,
Си лъахэм сэ сыщӀэмыупщӀэм,
Арщхьэкӏэ схулъэкӀынкъым ар,
Псэм пхухэхынкъым къыбдалъхуар.
Гу зи щӀыналъэм щызмыхуар
Къамылъху пэлъытэу къэнэжащ.
ЩыӀэнщ а псоми есэжа,
Сэ сесэжын схулъэмыкӀа.
ИтӀани нэпс щӀэзмыгъэкӀа,
Зы гугъэ си гум испӀыкӀащ:
Зы тэлай закъуэкӀэ нэхъ мыхъуми,
Псэ зыпыт гуэрым, хэт ирехъуи,
МафӀэм ис бгъэр ескъузылӀэну,
Гум щыщӀэу хъуар есӀуэтылӀэну.
Иджы си вагъуэр, мис, ижащ,
А псори гугъэу къэнэжащ.
ПщылӀрэ зеиншэу сылӀэжынущ,
ХамэщӀым сэ сыщӀалъхьэжынущ.



5

ЛӀэныгъэр зырикӀщ, хьэрш хъуэпсэгъуэм
ЩымыӀэу, жаӀэ, гуныкъуэгъуэ.
ИтӀани гъащӀэр сыту ӀэфӀ,
Ар къэзгъэнарэт жызмыӀэф,
ТӀэкӀу сыщӀалэӀуэщ, уафэ щӀагъым
И щэху иджыри зыхэсщӀакъым.
Уэ пщыгъупщауэ мыхъу си фӀэщ
ЩӀалэгъуэр зыщӀыр псом нэхъ лъэщ.
Ууейщ дунейр ущищӀалэгъуэм,
Гужьгъэжьым токӀуэ лъагъуныгъэр,
УригъэфӀэнщи пщэдджыжь дыгъэм
Я нэхури вагъуэм ууей пфӀощӀ.
А гупсэхугъуэ ӀэфӀым щыщ
Зэм-зэмкӀэ сэри къыслъысащ
Лъэхъуэщ пэлъытэм сызэрису,
ЗэрыщӀэбэгъыу лъахэм си псэр,
Адрейхэр дауэ къэнэжын.
Мы зыри уэ ныбжесӀэжынт,
Си псалъэр уи гум емыуэнум,
Хабзэншэм уэ сахыумыбжэнум:
Уэ упсэуащ укъетхъухыху,

Уи гукъыдэжыр жьажьэ хъуху;
Сэри сиӀэну гъащӀэ кӀыхь
Сызэрыхуейр сщумыщӀ гуэныхь...

6

Щысхьа махуищым дуней хуитым
Си нэгу щӀэкӀам ухуейуэ щытым,
Ар Ӏуэтэгъуафӏэу къысщымыхъу,
СщӀыфынщ сылӀэху абы и гугъу.
Слъэгъуащ зэрещхьыр уафэм губгъуэр,
Гъэгъар Шыхулъагъуэу зэриубгъур,
Удз дыжьыныфэр зэжэкӀ Ӏуащхьэр,
Зызыгъэзыжыр, ищӀу нащхьэ,
Зыхашрэ яӀэу къэфэн гугъэр -
ПӀэм имыкӀыфу къэнэж жыгхэр.
Слъэгъуащ зы къыр нэщхъейм адрейм
ӀэплӀэ хуищӀыну зэрыхуейр,
Ауэ лӀэщӀыгъуэхэр зэрыкӀуэр,
Хуэдэгуу мывэхэр зыщӀэкъум.
Слъэгъуащ къурш защӀэу уафэ гъунэр,
Абы и щӀыб къыдэт ди унэр.
Пшэ хужьхэр, къикӀыурэ ди куейм,
Жьэгу Ӏугъуэ къабзэу къыдэкӀуейт,
Зыкъомрэ къаплъэрти, ӀусыкӀт,
Сэри мы щӀым зытесӀэтыкӀт,
КъысфӀэщӀу ахэм сыкъалъагъуу,
Арщхьэкӏэ спэщӀэхат я лъагъуэр,
Сыкъытемыщт щӀым сэри щӀагъуэу...
КъысфӀэщӀт зэхэсхыу, жэщыр хъуамэ,
Ди къуажэ хьэхэр зэрыбанэр.
А къысфӀэщӀ тӀэкӀум псэр дэтыншт,
БлэкӀари Ӏупщӏу нэгу щӀэкӀыжт.

7

Абдежым сигу къихьащ ди унэр
СымылъагъуныР лӀэм и гъунэу.
СфӀэкӀуэда псор зэхыхьэжащ,
Си гукъэкӀыжыр бауэкӀэщӀ
ЯщӀарэ щхьэм сыхуимытыжу.
Зэхэсхт шы гуартэхэр къахужу,
Зыщыслъагъужырт сэ ди ныджэм,
СщхьэщылъэтпсомисакӀэлъыджэу.
Зелъатэрт пцӀащхъуэр, псым еӀусэу,
КъызжаӀэу уэшхыр къызэрысыр.
Ди унэ зэвым щӀэмыхуэжу
Пщыхьэщхьэм хьэщӀэр къызэхуэст,
Хъыбар яӀуатэурэ зэхэст,
ДжэгуакӀуэм уэрэд кӀыхь игъэпст.
Къыпхыплъът пагагъэм лӀыжь жьакӀэхухэр,

Я зыІыгъыкІэм удихьэхыу.
Я къамэм мыщІэр къиджэгукІт,
Цей хьэзырыбгъэхэр зэкІужт.
Я щхьэгъэрытхэм я нэгу къищт
А лІыжь нэхутхьэхухэм пщІэуэ яІэр.
Псалъэжь хьэзырт абыхэм жаІэр.
А псор, пщІыхьэпІэм ещхьу, слъагъут.
Си адэр-щэ? Абы сыщІыгъут,
И псалъэ къэскІэ сыфІэлІыкІыу,
И лІыгъэм си гур къуэгушхукІыу.
Си шыпхъу нэхъыжьхэр схуэгумащІэт,
Сагъэудэфат, сагъафІэ защІэу.
ЕлІалІэу сагъэщІэрэщІэнт,
КхъуейплъыжькІэрыщІэм сыздашэнт,
Анэшым щыкІуэм, срагъусэт.
Си шыпхъухэр къыщІыхьэжт си  нэгум,
Псы ираутхэу ятІэ лъэгум.
Схуэджэгут псым ищІыр тхыпхъэщІыпхъэу,
Зэрыгъущыжыр сигу къыщІитхъыу.
СыщагъэжейкІэ шыпхъу нэхъыжьхэм
СыщІагъэдэІурт уэрэдыжьхэм,
КъыщІыхьэу я нэм гугъэ нэпсыр,
Щыджэгуу нэпсым дыгъэ къуэпсыр.
Иджыщ, Тхьэмадэ, щызыхэсщІэр
Щытар си шыпхъухэм я гум щыщІэу.
А псорщ си гъащІэр зыхэлъар,
Иджы сыхабжэ хъунущ лІам.



8

Щысхьа махуищыр дуней хуитым
КъэзгъэщІа мащІэм хэпхыу щытым,
Къэнар уи жьыгъэм пэмыхъунт,
Дунейр си дежкІэ фагъуэ хъунт.
Сигу илът куэд щІауэ кІуэсэжыныр,
Сыщалъхуа щІыпІэм згъэзэжыныр,
Сытемыгушхуэу екІуэкІат.
СымыкІуэжами, нэгу щІэкІар
ГуфІэгъуэ Іэджэми я уасэщ.
Арати си гур зыхуэхъуапсэр –
КъэсщІащ зищІысыр хуитыныгъэр,
ХуэсщІащ нэпсейуэ Іэплlэ жьыбгъэм;
СакІэлъыкІуатэрт пшэхэм нэкІэ,
Субыдырт уафэхъуэпскІыр ІэкІэ...
Сыт щыбгъуэтыну фи псэупІэм,
Иувэфыну а псом и пІэ?..

9

СыкъэувыІакъым сыгъуэщэху.
Зы вагъуэм щІыр къимыгъэнэхут.
КъызгурыІуами къыспэщылъыр,

Щхьэр дэуназэу, хыхьэрт си лъым
Жьым къихь салъкъыныр, и мэр щыблэм.
СимыӀыгъыжу афӀэкӀ си лъэм
Удз кӀырым бгъэгукӀэ сыхэхуащ,
СыдаӀуэу, сэ зызущэхуащ.
КъэсщӀакъым щыӀэу къыскӀэлъыжэ.
Уафэм гъуэгъуэныр щигъэтыжри
Нэху мащӀэ пшэм къыкъуигъэщат,
Сызэпиплъыхьуи къысфӀэщӀат,
СыкъыздикӀар къыгурымыӀуэу.
Сэ сыцӀыкӀуӀуэт, ар иныӀуэт.
ЗэкӀэлъхьэужьу екӀуэкӀт бгыхэр,
КӀуэрт, зыр адрейм къыкӀэрымыхуу.
Сыумэзэхауэ сыхэлът удзым.
Щыгъуэгт зэм-зэмкӀэ хьэӀуцыдзыр
Мэз лъапэм, ещхьу сабий цӀынэм.
Абы ешыхукӀэ лъыхъуэрт си нэр.
Слъагъут блэр, щылыду и фэр жэщым,
МывитӀ зэхуакум зэрыдэпщыр,
Ауэ шынагъуэр зыхэзмыщӀэт,
СыщӀибгынар абы сымыщӀэт.
ЗыхэзгъэпщкӀуащ сэ, блэуэ, удзым,
ЩӀыхухэр щызекӀуэм зыпыӀуздзу.

10

Зэхэсхт псы уэрыр зэрежэхыр,
Ибжыжу мывэу ирихьэхыр,
Нэхъ хьэлъэм Ӏэджэрэ щӀэрыӀэу,
СфӀэщӀт абы и бзэр къызгурыӀуэ.
Къуршыпсым, щехым деж къиуауэ,
Къыпхопсыр гъащӀэм и зэдауэр.
Псыр зэм нэхъ щымт, зэм къитхъутхъукӀт,
КӀыфӀыгъэм ар хэзмылъагъукӀт.
Сэ къыстещхьащ апхуэдэу нэху.
Бзум я уэрэдыр зэфӀащӀэху
Зызмыгъэхъейуэ сыщылъащ.
Зэ, сыхъури жейм сыпэмылъэщ,
СыӀурихати зэман кӀэщӀкӀэ,
Си нэгу щӀэкӀащ лӀы гуп къызэщэу,
Сыкъаубыдыжу сашэжыну,
СызыщӀэсам сыщӀадзэжыну.
Сыкъэушащ, къилъэту си гур.
КъытеспхъуэтыкӀыу си щхьэр щӀыгум
Зыкъыщыспльыхьым, пцӀыр хьэрэмщ,
Щыз хъуакӀэт шынэр лъынтхуэ уэм.
ЩыхупӀэ нэзым сэ сытелът,
Селъэтэхам, симыӀэт къел.
Сриудыхынут зы хугу хьэдзэм.
Сыхуэсакъыпэу зыщызгъазэм,

Iэр зытесх мывэр йолъэтэх,
ЗдэкIуэнум ар нэсакъым щIэх...

11

Си хъуреягъыр ещхьт жэнэтым,
Гъэгъахэр нащхьэкIэ къызэтэрт.
Уафэм къеха гуфIэгъуэ нэпсыр
Тхьэмпэ жейбащхъуэхэм къытепсырт.
ЩIидзат хэхъукIыу мэз жызумым,
Куэд мыщIэу бзухэри къэсынут,
ФIыцIагъэ зиIэр хаукIыу.
Мы дуней псор къысщыгуфIыкIыу
КъыщIысщыхъуар абдеж сымыщIэ,
Стелъа гугъуехьыр сщигъэгъупщэу
Къыщыушащ IэфI гуэр си гущIэм.
ЗескъузылIащ аргуэру щIым,
СыщIэдэIукIыу къепщэ жьым.
Жьыр зэм удз кIырым еIущащэрт,
Зэм пшэм я щэхур зригъащIэрт,
Игу къыщихьам ирихужьэжу.
Макъ Iэджэ къэIут, зэщIэжьыуэжу,
Сапэджэжам арат жысIэжу,
КъызэдэIуэн яхэт къысщыхъуу.
ЗыхэсщIа псоми абы щыгъуэм
Мыхьэнэ щIагъуэ имыIэж,
ИтIани сфIэфIу соIуэтэж,
Сопсэу гупсысэкIэ нэхъ мыхъуми.
СылIэнт, абыкIэ сигу хэмыхъуэм.
Апхуэдэу къабзэт а пщэдджыжьыр,
Апхуэдэу нэхути уафэ лъащIэр –
Плъагъунт, блэлъэтым, мелыIыч.
А псом щыщ гуэри сигу пымыкIт.
АрщхьэкIэ лъагэ мэхъури дыгъэр
И бзийхэм щIадзэ сыкъалыгъуэу,
Куэд мыщIэу си Iур йогъущIыкI,
Псыр мэхъу гупсысэм схухэмыкI.

12

Псы сылъыхъуэну мурад сощI,
ЩыхупIэм сехыфын къысфIощI.
КъызыфIэзгъэщIт зэрыкIуэр си Iум,
Гур игъэтIысу, къуршыпс щIыIэр.
Семыплъыхыну и ужь ситу,
Субыду сыт къэзгъуэту щытми,
Хуэм дыдэу къырым сокIуэтэх,
Абы увыпIэ тезгъуэтэху.
Бэлэрыгъауэ сытеувэм,
Гуолъэтыр, псым хэхуэжу, мывэр,
Сэри щыхупIэм сыфIэлъащ,

Ауэ, болъагъур, сыкъелащ.
ЛIэныгъэр хъуркъыми и фIэщ
Аращ щIалэгъуэр зыщIыр лъэщ!
Псы щIыIэм Iупэр щыхэсщIам
КъыпхуэIуэтэнкъым зыхэсщIар.
Хэлът а тэлайм гупсэхугъуэ,
И мэ IэфI гуэр си сабиигъуэм.
Абдеж макъ щабэ зэхызох.
Къилъэту си гур, зызоущэху.
ИгъэIут бзылъхугъэм и уэрэдыр,
Езыр зыхуейм фIэкIа хэмыту,
Сэ сызэсахэми хуэмыдэу.
ПэIэщIэт ар уэрэд жыIэкIэм,
И макъри ещхьтэкъым, арщхьэкIэ
Езы уэрэдыр гугъэм ещхьт.
Ар къохьэ сигу пщыхьэщхьэ къэс…

13

КърикIуэрт пщащэр лъагъуэ бгъузэм,
КъысфIэщIу щIылъэм емыIусэ.
Къришт уэрэдыр, мыгупсысэу,
Мы дунеижьым хуищIу нащхьэ.
ЩиIыгъът кхъуэщыныр и дамащхьэм.
Сызыхэт псор абы имыщIэт,
И гъащIэр тыншт, сысейм емыщхьу.
КъызэрыгуэкIми и щыгъыныр,
И теплъэм бей къыпщигъэхъунут.
ЗэкIужт абы кIэрылъ илъэпкъыр.
Зеичу лантIэт и Iэпкълъэпкъыр,
Зеипсри и фэм къызэпхыпст,
И пщэр, къыупщэу, хьэуам щест.
ИIэтт щхьэтепхъуэри, нэгу къабзэр,
Пшэм къыкъуэплъ дыгъэу, къыптригъапсэрт.
ЛIарт зылъэкIынур мыхъуэпсэн,
Апхуэдэ пщащэ къыхуэзам.
Сихьэхури сэри а дахащэм,
Сщигъэгъупщат хэлъ псор си гъащIэм,
Хыр щыуфафэ и нэ лъащIэм
СыщIэтIысыкIри сежьэжат,
Гухэлъри япэу зыхэсщIат,
АрщхьэкIэ псори – зы тэлайт.
Сэ, зыкъэсщIэжу, сыщыплъам,
Ар нэсыжакIэт бгым и щыгум,
Зи щхьэкIэр уафэм хыхьэж щихуу.
ИтIанэщ сэ къыщыслъэгъуар
УнитI къыр мывэм хэщIыхьар.
Щхьэщытт тIум язым и унащхьэм,
Iэнкуным ещхьу, Iугъуэ мащIэ,
ЗдэкIуэнур ищIэркъым жыпIэнт.
Иджыри къэс си нэгум щIэтщ

Бжэ хэщӀыхьар къызэрыӀуахыр,
ЗэрыщӀыхьэжыр пщащэр пагэу.
Кхъуэщыныр мащӀэу иригъэщӀри
ДэкӀащ бжэблыпкъым, зимыгъэщхъыу!..
ЗыщӀар абдежым си гур нэщӀ
КъыбгурыӀуэну мыхъу си фӀэщ.
КъыбгурыӀуами – хъунт си жагъуэ.
НэхъыфӀщ зыхэсщӀэм ар си закъуэ.
Абы, псым ещхьу, сыхуэлӀэнщ.
А псор си гъусэу ирелӀэж.

14

ЗыхэсщӀэу си гур зэрыпихыр
СыщыгъуэлъащсЭ жьы зэпихум,
Аргуэру жейм сыхилъэфащ.
КъысхуэкӀуа пщӀыхьым, щӀы уи фӀэщ,
Нэхъ ӀэфӀ слъэгъуауэ сымыщӀэж.
Си нэгу аргуэру къыщӀохьэж
Куржы хъыджэбзыр, збгъэдэкӀуэту,
ЖесӀэну псалъэр сымыгъуэту.
Зыкъысхуегъазэри мэгуфӀэ,
КъыгурыӀуауэ жызмыӀэфыр.
Пщтыр гуэр, зищӀысыр къысхуэмыщӀэу,
ЩызэбгрокӀ абдеж си гущӀэм,
Аргуэру си Ӏур егъэгъущ.
Псы сыхуэлӀауэ сыкъоуш.
КъыщӀокӀ сыхэлъу мывэкӀэщхъым.
Къижыхьырт жьыбгъэм бауэкӀэщӀу.
Псы толъкъун щӀыӀэхэри утхэрт,
Зэм-зэмкӀэ щӀыфэр ягъэтхытхыу.
МазэщӀэм хуэму пхишт и лъагъуэр,
Абы ещакӀуэ пшэм и закъуэт
ИджыкӀэ уэгум сэ щыслъагъур.
КӀыфӀт дунеижьыр икӀи нэщӀт,
Абы аргуэру сигу хигъэщӀт,
Щыху щымыӀэжу къысфӀигъэщӀт.
Абы сыхэту – хуозэж си нэр
Куржы хъыджэбзыр зыщӀэс унэм,
Щхьэгъубжэм нэху къыдоджэгукӀ.
Абдежым си гур къогуфӀыкӀ.
Унэм сыкӀуэну сигу къихьат –
ЕрагъпсэрагъкӀэ зысӀыгъащ,
Си гукъыдэжыр ескъуухащ.
Сытехьэжащ аргуэру гъуэгум,
Сыхуэплъэу фӀыуэ слъагъу си хэкум,
Ауэ, куэдыщэ симыгъэкӀуу,
Мэз кӀыфӀым сыкъыщыхутащ,
Сызытет гъуэгури сфӀэкӀуэдащ.

15

Абдежым, дауи, согужьей.
Сыпхыпщт лъэнтхъуийм ищта пыжьейм,
Сытехьэжын си гугъэу лъагъуэм,
Арщхьэкlэ мэзт си хъуреягъыр,
ЦIыху щызэмыкIуэ чыцэ мэзт.
Нэхъ хьэлъэ хъурт лъэбакъуэ къэс.
Къудамэ къэскlэ къыспэщIэтт,
Си Iитlри банэм ифыщIат.
Щымыхъум, жыгым сыдокIуей,
Зэзгъэлъагъун си гугъэу куейр,
Къыщыслъыхъуэну абы гъуэгур,
Арщхьэкlэ мэзыр пыхьэрт уэгум.
Ар слъагъущ, жыг щхьэкIэм сыкъехыжри,
ЩIы псыIэм нэкIукIэ сыхэхуащ,
Си нитIым нэпс къысфIыщIэхуащ,
Жыг тхьэмпэ Iувым хэкIуэдэжу.
ЩIыр къистхъут Iэбжьанэкlэ абдеж,
АфIэкI симыIэт гукъыдэж.
Сызыщыгугъти симыIэххэр,
Мы дунеижьым сыкъыхэхурт.
Мыгузэвэнт сэ щхьэкIэ цIыхухэр.
Абыхэм дежкIэ сыпсэущхьэт,
Гухэлъ схуэфащэуи ямыщIэт.
Мы си гур псоми ящыкIат.
Абдежым сэ къызжьэдэкIам
ЛъэIу псалъэ закъуэ, щIы уи фIэщ,
Си бзэгур къисчыжын къысфIэщIт.

16

СыщыцIыкIуар езым уощIэж.
Плъэгъуа си нэпсыр къыщыщIэж?
Мыбдежым сэ зысхуэIыгъакъым.
Хэт сыкъилъагъурэт? Мэзыжь закъуэм,
Уэгу мазэ хэти зыгъэзахуэм…
Сыт сщIэнт, аргуэру сотэджыж,
IэщIыбкIэ нэпсыр солъэщIыж,
Сожьэж, си гъуэгум сылъыхъуэну.
ЩIэкI хъуащи си лъэр гъэщIэгъуэну,
Си гукъыдэжым зеузэщI.
Солъагъу куэд мыщIэу щIыIэнэщI,
Жыг зэмыфэгъукIэ къэхухьауэ,
Удз нэфIэгуфIэр щикъухьауэ.
Гъэгъахэр къаблэрт щхъуэкIэплъыкIэу,
КъысхуэкIуэрт, нэр щагъэункIыфIыкIыу,
Зыздзыну сэри сыхьэзырт,
Ныбжь псынщIэм си нэр хуэмызам.
Си нэгум щIэкIыр къысфIэмыщIт.
Къыхэлъри пабжьэм зы щомыщ

Щигъуэлъыкӏащи удз гущӏыӏум,
Зэм зыкъеплъыхьыр щӏыӏэ-щӏыӏэу,
Зэм йогъу къупщхьэшхуэ къыздихьам.
Абдежым си лъым къыхыхьащ
Бэяу зымыщӏэ гукъыдэжыр,
Къигъэушыжу си гужьгъэжьыр.
Къызощтэ бжэгъуи бийм сыпожьэ.
Е згъэтӏысынт сэ си губампӏэр,
Е сыздежьар схуэхъунт кӏуэдыпӏэ,
Ар къритхауэ щытмэ натӏэм.
Сыщалъхуа хэку сыщыӏэжатэм,
Мыӏейуэ щауэ къысхэкӏынт.
Къыщызгурыӏуэр ар иджыт.

17

Езы щомыщми зыхищӏат
Зыгуэрым ӏуэху къызэрищӏар.
Губжьащ ар, хъуүэ бауэкӏэщӏ,
Гыз макъ и гущӏэм къиӏукӏащ,
Щӏидзащ щӏыр лъапэкӏэ кърихъуу,
Гъэгъар лъэбжьанэкӏэ зэфӏитхъыу.
Къэпкӏэн хьэзыру етӏысэхри,
Къэплъащ, кӏыфӏыгъэм щыумэзэхыу.
Абы и япэ зыкъичыгъуэм
Хэлъынкӏэ хъунут си кӏуэдыгъуэр,
Арщхьэкӏэ сэри сыхьэзырт.
Бжэгъу кӏэщӏ си ӏэгум щыскъузар
Техуащ и натӏэм хьэкӏэкхъуэкӏэм,
И губжьыр гызкӏэ зэрихъуэкӏыу.
Ар къаплъэрт, цӏыхум ещхьыркъабзэу,
Нэм къытелъадэ лъыри къабзэт.
Зытӏэкӏурэщ ар зэрыщылъар.
Къыщылъэтыжри, къысхуилъащ.
Лӏэр ӏуахыу зауэр дыублащ!

18

Щылыдри и нэхэр кӏыфӏыгъэм,
Зыкъысхуидзащ, къыхуэзэу си бгъэм,
Ауэ и кӏэныр къимыкӏа.
Си бжэгъур бийм жьэдэзукӏащ,
Тӏэунейрэ исӏуэнтӏыхьыжащ,
И кӏуэцӏыр гуанэм езгъэфыщӏу.
Хъийм сыщӏикӏар сэ къысхуэмыщӏэт,
Сыхъуат хьэлыншэ, гущӏэгъуншэ.
Къыслъыкъуэкӏати къаруушхуэ,
Хэт къыспэувми хэзгъэщӏэнт.
Сысакъын хуейуэ сымыщӏэжт,
Езы щомыщри щхьэмыгъазэт.
Къаруэ иӏэр зэхуихьэсри,

ЩӀидзащ лъэбжьанэр къысхиукӀэу.
Абдежым ӀэплӀэ зэдмышэкӀыу
ЩымыӀэт зэрыхъун уи фӀэщ.
Апхуэдэу дэ дызэрыфыщӀт,
Зэм щӀым дытехуэу, зэм дытэджу,
Зым илъ адрейм и нэгум щӀэкӀыу.
Абдежым тӀури хъуат дызэщхь,
ТӀум дигуми илъыр зы гужьгъэжьт.
Ар, цӀыхум ещхьу, зэм щэӀунт,
Сэри, щомыщу, сыгурымт,
Сыкъыщыхъуащ жыпӀэнт мэз щӀагъым,
Сыщыужат къыздалъхуа макъым...
ХэщӀ хъуащ щомыщым и къарум,
Иджы нэхъ мащӀэуи гурымт.
Сикъузыжащ иужьрей дыдэу;
И нэ утхъуар къыстриубыдэщ,
Пагагъэ хэлъу къызэплъыжри,
Ещэтэхащ, псэ хэмытыжу.
ӀущӀащ лӀэныгъэм, зимыгъэщхъыу,
ЗауэлӀым я нэхъ хахуэм ещхьу!..

19

Си щӀыфэ псом уэ щыплъагъунщ
Щомыщ лъэбжьанэм и лъэужь,
Иджыри къэскӀэ мыкӀыжауэ.
Гугъу срагъэхь абыхэм, ауэ
ЩӀы щӀагъым сытри щыхъужынущ,
УӀэгъэ куури щыкӀыжынущ.
А псор сымыщӀэт абы щыгъуэм,
Си гущӀэм щыблэрт мафӀэлыгъэр.
Зэхуэсхьэсыжри схэлъыр лӀыгъэу,
Си гъуэгум сэ сытехьэжащ,
Ауэ дунейр къызэпцӀыжащ,
Къысщыдыхьэшхыу къыщӀэкӀащ.

20

Мэз Ӏувым зэ сыкъыӀэщӀокӀ.
Къыспежьэу дыгъэри къыщӀокӀ,
Игъэхуэбэжу пӀыщӀа си псэр,
КъригъэутӀыпщрэ мэзым и бзэр
КъыскӀэлъыджэжу игъэпсалъэу.
Солъагъури жыжьэу Ӏугъуэ налъэ,
Ди жылэм сфӀощӀ сыкъэсыжа,
Абдежым си лъэр мэхъур жан,
Ауэ кӀэщӀыӀуэт си гуфӀэгъуэр.
Куэд мыщӀэу мэхъур гурыӀуэгъуэ
СызэрыкӀуэжыр си гъэрыпӀэм.
КъэсцӀыхужакӀэт сэ мы щӀыпӀэр.
Си хэку аргуэру сыщӀымыгъут,

Ар зыхэпщIэныр сыту гугъут.
КъыщIэкIт сшэчахэр зым щымыщу.
Сытехьэжынуи гъуэгу щIэрыщIэу
Къару симыIэт иджыпсту.
Си гъащIэ дыдэри щIэстынт
Сыщежьэм щыгъуэ сиIа гугъэм,
АрщхьэкIэ ари мащIэ хъунут.
Аргуэру Тхьэм сагъэщIэхъунут.
Сытрагъэплъауэрат дунейм,
Сыхуагъэзэну псом нэхъ Iейм.
НэгъуэщIым зыкIи семыфыгъуэ,
Ауэ хаутэ хуитыныгъэм
И залэ сэри къыслъысам,
ЛъэгущIыхь хуэсщIынти Тхьэхэм псэр.
Си натIэм итыр гурыIуэгъуэщ.
Абы хэплъхьэжым уи гущIэгъур,
Хьэрш жыжьэм си псэр йохъуэпсэж...
Иджы къэсIуатэм согъэзэж.
КъэсцIыхужа нэужь мы щIыпIэр,
Слъэгъуа нэужь сыужэгъуа бжьэпэр,
Сыхэту пщIыхьым къысфIэщIащ.
Илъагъур нэм щыхъуар си фIэщ
Къеуа нэужькIэщ мо тхьэгъушыр.
А макъым сэ сигъэлъагъужырт
ЗэрыспэIэщIэр си Iыхьлыхэр,
Сымыгъуэтын сызэрылъыхъуэр.
СыщыцIыкIуами, сигу къокIыж,
Тхьэгъушым куэдрэ сщхьэщихужт
Си лъахэм щыIэ си пщIыхь IэфIхэр.
СедаIуэрт, зыри жызмыIэфу,
Абы и макъ хыхьэжым уэгум,
Къысщыхъут къиIукIыу ар си бгъэгум,
Зыгуэрхэр гъущIкIэ къеуэу бгъэм.
Лъэтэжырт пщIыхьхэр - сэ сыгъэрт.
КъызгурыIуакIэт абы щыгъуэм
СызэрыпыкIыр хуитыныгъэм.

21

Сэ къыслъысар къэзлэжьыжащ,
Сызыхуэзари схуэфэщэжщ.
Шы абрагъуэм шу жьгъейр
Иридзыхащ, хьэрэм нэхъей,
Къыщигъэнащ ауану губгъуэм,
Езыр хыхьэжри хуитыныгъэм.
Сыздэмыхъунум сыкъыдэжэу
СыщIыхэтар къызгуроIуэжыр:
Ар гугъэ нэфым и джэгугъуэт,
Акъыл сымаджэм и техьэгъуэт.
А псор гъэрыным къыхэкIащ.
Пэш кIыфIым щагъэкIа гъэгъар

Мыхъуну губгъуэм итым ещхь,
Хуэпабгъэу дыгъэм гъащIэр ехь.
Зыгуэрым и гум къэмыкIатэм
Гъэгъар игъэIэпхъуэну хадэм,
Ар куэд дэмыкIыу хэгъуэжынт,
Зыми сэбэп хуэмыхъужынт.
КъыщIэмыпльар игъащIэм унэм
КъытепхъэжакIэ дуней иным,
Дыгъэм и бзийм пэщIэтыфыну,
И льабжьэр щIым хиубыдэжыну?..

22

Апхуэдэ гуэрхэт псэм зыхищIэр,
СыкIуэсэжыну сэ сыщежьэм,
Иджыри пэжу къыщIэкIащ.
Зыкъезгъэлын схульэмыкIа
Дунейм и хьэл зыхэзмыщIыкIым.
Си гукъыдэжым сыпигъэкIри,
Щрипхъыжащ си гугъэр куейм.
КуэдыIуэ зэуэ сэ сыхуейт,
Абы игу пыкIыр сыту мащIэт!
Къысхуигъэнамэ зэкIэ гъащIэр,
КъысхуимыщIа щымыIэ фIэщIт,
Ауэ зыхэсщIэр сэ нэгъуэщIт,
СимыIэт нальэ щыгуфIыкIыу
Дунейм сэр щхьэкIэ и гум пыкIым.
А псом и щIыIукIэ дыгъэр дзакъэрт.
Щхьэр тхьэрыкъуэфым щIэзгъэзагъэрт,
Ауэ бэуапIэ сымыгъуэтт.
Зэм бахъэ пщтыр къысIурыуэнт,
ЩIыгульым и мэр хэшыпсыхьу,
Щхьэр дэуназэу си Iум ихьэу.
Даущ къудей къысщхьэщымытт,
Зы бзу дунейм зэрытемытт,
Дунейр зыкъутэр фи тхьэгъушырт,
ЗгъэщIагъуэр еуэр зэремышырт.
Зы блэ дыщафэ удзым пхыпщт,
Тхьэмпэ гъужахэр игъэщхъыщхът,
Сльагъут абы и фэр, ещхьу тхыгъэм,
ПэщIигъэувэу хьэрфхэр дыгъэм.
IуокIуэтри, къаплъэу къысхуотIыс,
Абы нэхъ хэль къысфIэщIт нэмыс...

23

Щытепщэт дыгъэр уафэ щIагъым.
Ар хуэгъэпщкIунут зы пшэ закъуэм,
Дунейр IэщIэлъ къыфIэщIрэ пэт.
Псом нэхъ къарур зыщIэнур хэт?



4 Заказ № 199

Арщхьэкlэ пшэри къэмыпlащlэт,
Хищlыкlыр сытыт абы си гъащlэм.
Къуршитl гъуэз мащlэм къызэпхыщт,
Ди къулъшырыфыр зым къыкъуэщт.
Къуэ лъащlэр зэми слъагъурт хуиту,
Щызэхэхуэжрэ псы уэритlыр,
Къемыплъэкlыжу, хуэжэу хым.
Щхьэщытт дыжьын тхъурымбэр псым.
А псор спэжыжьэт, слъагъурэ пэт.
Сежьэн си гугъэу зызоlэт,
Арщхьэкlэ си щхьэр мэуназэ.
Сэ сыкlиинут, ауэ си бзэр
Къызэмыдаlуэу къыщlэкlащ,
Аргуэру lур игъущlыкlащ.
Йокlэрэхъуэкl, сыдэкlуэу, щlылъэр...
Сэ къызгурыlуэрт сызэрылlэр.
Нэгу щlэкlт сыщlэлъу къуршыпс щlагъым,
Мы дуней хуитыр сымылъагъуу.
Бдзэжьейхэм си бгъум къыщажыхьт.
Псы щlыlэмылыр езгъэжэхт
Тэмакъым, си гур игъэтlысу...
Псэм зигъэпсэхути апхуэдизу,
Сышынэрт жейм сыхилъэфэнкlэ.
Толъкъунхэр ехт, зыр зым пежэкlыу,
Ягу сыпымыкlыу къысхуеплъэкlыу.
Къыпхыпст псы къабзэм дыгъэ бзийхэр,
Ягъафlэу си бгъум щес бдзэжьейхэр.
Сощlэж бдзэжьейхэм ящыщ зыр:
Къысхуэгуфlэну ар хьэзырт,
Къысщихъуэрт щабэу и кlэмажьэр,
Сыкъищlыхуа нэхъей игъащlэм.
Кlэмажьэр, кусэ хыхьэу, плъыжьт,
И нэ удзыфэхэри плъызт,
Зэшыгъуэ мащlэм щlэтlысыкlыу...
Псым щищl нэрынэм къыхэlукlыу
Абы и макъыр къыслъэlэст,
Щэху дыдэ пэтми, гущlэм нэст.
Абы жиlахэр сигу имыху,
Хэлъа lэфlагъри схуэмыух.

Абы къызжиlэрт: «Умыкlуэж,
Сэ гъусэ сыпхуэхъунщ.
Псы щlагъым зэштегъэу щыкуэдщ,
Тыншыгъуэ щыбгъуэтынщ.

* * *

Си шыпхъухэм псоми сыкъеджэнщ,
Абы ямыщlэ щхьэх.
Кlэмажьэм тету пхуэуджынщ,
Жей lэфlыр къыптекlуэху.

* * *

ПӀэщхьагъщ ятӀагъуэр, ужеиху,
Псыпыхур уи тепӀэнщ.
ПщӀыхь хьэлэмэтым ухэтыху,
ЛӀэщӀыгъуэ Ӏэджэ кӀуэнщ.

* * *

Уэ си псэм фӀыуэ уилъэгъуащ,
Ар зыми щызмыбзыщӀ.
Уисащ иджыри къэс лъэхъуэщ,
Иджы ди гъащӀэр зыщ...»
Абыхэм куэдрэ седэӀуащ.
Бдзэжьейм къызжиӀэр хъурт си фӀэщ.
ИтӀанэ си нэр щоункӀыфӀыкӀ,
Бдзэжьейр слъагъужыркъым афӀэкӀ,
Псым и даущри зэхэзмых,
Мэхъу си гум зыри сӀэпимых...

24

Апхуэдэу сыкъагъуэтыжащ,
Пэж защӀэщ ныпхуэсӀуэтэжар.
ЖысӀар ухуеймэ щӀы уи фӀэщ,
Ухуейм умыщӀ - узэрыфӀэфӀщ.
Зы гуныкъуэгъуэщ псэм техьэлъэр:
СыщыщӀалъхьэну си щӀыналъэм
Иджы гугъапӀэ симыӀэж,
КъэзгъэщӀэжыни щымыӀэж.
Мывэ сын закъуэщ къысхуэтыжыр
Хьэрф зеиншафэхэр тетыжу.
ЩысхухэфтӀэжми ар си кхъащхьэм
Тетха дамыгъэм ищӀу нащхьэ,
БлэкӀ куэд флъагъункъым къеплъэкӀыжу,
Си гъащӀэр я гум къагъэкӀыжу...

25

Уи Ӏэр къызэти сыгъэӀыгъ.
Ӏэм и пщтырагъыр псалъэм щӀыгъущ.
КъыпхуиӀуэтэнущ си Ӏэгу щабэм
Хэлъам щыщ Ӏэджэ си гугъапӀэм.
А мафӀэм сес сызэрыщӀыкӀурэ,
СепщӀыхь си лъахэм сызэрыхъурэ,
Иджы ар жыжьэ здызохьэжьэ,
Ар иужь дыдэу уэ зыхэщӀэ.
Уэ пхуэдэу си Ӏэр зыӀыгъын
СыздэкӀуэм щымыӀэнкӀэ хъунщ...
ЛӀэныгъэм сэ сыщымышынэ,

Зэгуэрым псори дылІэжынущ,
Хэт нэхъ пасэІуэу, хэт нэхъ кІасэу.
КъэзгъэщІа псори и мыуасэ
Сыщалъхуа пщІантІэм сыщыджэгуу
Нэгу къыщІыхьэж псэхугъуэ тІэкІум...

26

Иджыри лъэІу пхузиІэщ дадэм:
СыщылІэм деж, сегъэхь жыг хадэм,
СыщІэвгъэгъуалъхьэ кІарц жыгыжьым,
КъысщІихуу лъахэм къикІ акъужьыр...
Абдежым удзыр щынэхъ уэрщ,
КъыщыІур бзухэм я уэршэрщ,
ЩыщІэтщ жыг тхьэмпэм дыжьыныпс,
Жьы хъуар абдеж щохъуж щІэрыпс!
Абдежым сэ сыщывгъэтІылъ.
ХэвгъэщІу фигу, фыкъызэмыплъ.
Сэ сыпсэунщ иджыри тІэкІурэ,
Слъагъу къысфІэщІыжу адэжь хэкур,
Абы и макъыр зэхэсхынщ:
Ар акъужь щэхум къысхуихьынщ.
Насыпкъэ уи псэр щыхэкІынум
Анэдэлъхубзэр зэхэпхыну!..
Сэ къысфІэщІынущ абы щыгъуэм
Си шыпхъу нэхъыжьхэр къыздэщІыгъуу,
СагъафІэу, сыщыщІыкІум хуэдэу.
СыщІэжеикІыу я уэрэдым
Я гугъэу, си нэр зэтеспІэнщ,
ХуэзмыщІу зы псэми губгъэн...

*ЗэзыдзэкІар* **АЦКЪАН Русланщ**



*ТхакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд илъэс 85-рэ ирокъу*





# Нобэм уегъэгупсысэ, пщэдейм уегъэгугъэ

Ди тхылъеджэхэм фIыуэ ялъэгъуахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд. Абы и тхыгъэхэр цIыхухэм яужэгъуркъым. Псом хуэмыдэу «Щихухэр иджыри мэкI» роман-трилогиер, «Къоджэм уигъэжейркъым», «Азэмэт» романхэр. Мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъуа тхакIуэм сыт и Iуэхущ Iафэ, сыт и псэукIэ? Ар зригъэщIэн мурадкIэ ди журналым и лэжьакIуэ ХьэIупщы МуIэед иджыблагъэ Къэрмокъуэм зыхуигъэзащ.

**– Мухьэмэд, уи жагъуэ мыхъунумэ, ди псалъэмакъыр къыщIэздзэнут уигу иримыхьынкIэ хъуну зы упщIэкIэ.**

– Абы жагъуэ-гуапэ хэлъкъым, МуIэед. Мы тхыгъэм и къалэнир уэ узыхуеймкIэ укъызэупщIыну, сэ зэрыслъэкIкIэ жэуап естыну аращ.

**– УтхакIуэфI?**

– «АтIэ» жысIэмэ, емыкIу, ауан хъунщ. «Хьэуэ» жысIэмэ, «АтIэ ар щыпщIэжкIэ, емынэм урихулIа, щхьэ утхэрэ?» – жаIэнщ. ТхакIуэр зыхуэдэр къыбжезыIэр и тхыгъэхэрщ. Стхыр лъэныкъуэкIэ езмыхьэкIыжу цIыхум я пащхьэм изолъхьэри, къысхужаIэмкIэ сыарэзыщ.

**– ТхакIуэу щыIэм хэт и пIэм уитыну, хэт хуэдэу утхэну ухуейт?**

– УкъэзгъэуIэбжьын, МуIэед?

**– Еплъ.**

– Достоевскэри, Джек Лондони, Лермонтоври, КIыщокъуэ Алими, Айтматов Чингизи щыIэщ, фIыуи солъагъу. Ауэ дунейм тхакIуэу тетым нэхърэ нэхъыфIу сэ зы солъагъу. Зи пIэ ситынуи сызыхуейр а

зырщ. Ар Къэрмокъуэ Мухьэмэдщ – сэращ. Ауан сыкъэзыщIынухэр зэкIэ фемыпIэщIэкI. Сэ сыхуейкъым Тхьэм сыкъызэригъэщIам фIэкIа нэгъуэщI гуэру сыщытыну. Абы къикIыркъым сэ нэхъ насыпыфIэрэ нэхъ тхакIуэфIрэ щымыIэу къысфIэщIыжу. Сэ сыхуейкъым хамэ гъащIи фащэ хьэхуи. Сыхуейщ сызэрыщыту сыкъэнэжыну. СифIри си Iейри сысейуэ, сысеипэу – мыхьэхуу. АбыкIэ щапхъэ схуохъу я хабзэ, я дин, я напэ емыпцIыжын, зэрыадыгэу къэнэжын папщIэ, зызыгъэлIа ди адэжьхэр.

**– Мухьэмэд, «Щихухэр иджыри мэкI» романыр Налшыки Москваи къыщыдэкIащ. Зыгуэрхэм жаIэ, а романыр цIэрыIуэ хъуами, ар а жанрым и пщалъэм иумыгъэзэгъауэ, «Щихухэр иджыри мэкI», «Щихухэм ныбжь ядз» повеститIыр зэгъусэ пщIыуэ роман фIэпщыжауэ.**

– ТхакIуэр псэуху, и тхыгъэхэм йолэжьыж. АбыкIи хуитыныгъэ иIэщ. Ауэ тхылъ зырызу, повесть фIэсщу Налшык къыщыдэзгъэкIа тхылъитIыр зэгъусэу, романи фIащауэ япэу къыдэзыгъэкIар Москва дэт «Современник» тхылъ тедзапIэ цIэрыIуэрщ. Тхылъыр къыдэбгъэкI хъунрэ мыхъунрэ тепсэлъыхьа урыс тхакIуэхэрщ «мыр повесткъым – романщ» жызыIар. Мыдэ нэхъ иужькIэ, илъэс зыщыплI дэкIауэ, щIэрыщIэу селэжьыжщ, тхылъитIри зэхэслъхьэжщ, зы цIи фIэсщыжри роману къыдэзгъэкIыжащ. Ди критик, литературовед цIэрыIуэ Сокъур Мусэрбий абыкIэ си чэнджэщ щесхьэлIэм, тэмэму къилъытауэ щытащ, абы теухуа тхыгъи итхри къысхуигъэнащ.

**– Япэ тхылъитIыр дунейм къызэрытехьэрэ илъэс 35-рэ хъуащ. Ещанэ тхылъыр япэхэм пыхьэрэ? Ещанэм нобэрей гъащIэмрэ дызыхуэкIуэнумрэ щхьэ утыку къыщримылъхьарэ япэхэм хуэдэу жаIэу гукъанэ къыпхуамыщIыну пIэрэ тхылъеджэхэм?**

– ТхылъитIыр щыстхам щыгъуэ птхы мыхъуни, ямыдэн зыкъоми кIуащ. Ахэр цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэн хъуащ. КъызжезыIаи щыIэщ, дауэ къыпхудагъэкIа мыр, дауэ яда, жаIэу. Абы щыгъуэ IейкIэ зыгуэрым утепсэлъыхьу, пэжыр къыщIэгъэлъауэ къэбгъэлъагъуэу ядэртэкъым. Ауэ зыми мыпхуэдэ щхьэ птха жиIэу сэ къызжиIакъым, цIыхуми къащтащ ар. Уеблэмэ цIыхухэм а тхылъыр нэхъ къыщIащтар тIэкIу сызэрыхъуэщIа сытхэр, колхоз псэукIэм тIэкIу сызэрытеухьарауэ къыщIэкIынщ жызоIэ.

Стхыни си гугъакъым сэ мыбы и ещанэ тхылъыр. Ауэ сэ суха си гугъа щхьэкIэ, куэдым бухакъым жари къызжаIащ. Мыбы лъагъуныгъэ къайгъэ тIэкIуи хэтщ, ауэ а къайгъэ тIэкIур згъэзэкIуэжу, лъагъуныгъэ дахэ, дызыхуейм хуэдэ лъагъуныгъэ, къэзгъэлъэгъуэну сыхэтащ. Абы и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэсыху хэт Замирэт хъыджэбз дэсу щоуэ. Щоуэри, быни егъуэт. Ар щыуауэ аращ, куэпэчауэ аракъым. Хъыджэбзыр щIалэ бзаджэжьым къигъэпцIащ, къигъапцIэри и насыпыр икъутащ. И шыпхъур къыкIэлъокIуэ къуажэм дишыжыну, фIей удэхъуухьащ мы къуажэм, жери. Сэ а фIей сызыдэхъуухьа къуажэм сыдэкIыжынукъым, жеIэ Замирэти, къыдонэ.

И гъащIэр Iэджэуи къокIуэкI, и насыпри зэтоувэж. Ещанэ тхылъми ар хэтщ, и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэсыху хэт адрей лIыхъужьхэми хуэдэу. Мис ар ягу ирохь.

Ещанэ тхылъымрэ адрейхэмрэ зэпоувэж, япэ тхылъитIым емыджами, къыгурыIуэн хуэдэу. Япэ тхылъитIым къыщысIуэта Iуэхухэр имыухауэ адэкIэ мэкIуатэ, а лIыхъужь дыдэхэри хэтщ, ауэ зыкъоми

хокIуэдыкIыж.

Нобэрей гъащIэм быркъуэшыркъуэу, къайгъэуэ хэлъыр, нобэ тфIэкIуэда къомыр а тхылъым къызэщIиубыдэркъым. РоманыщIэм кIэух хуэсщIащ. Ар Iыхьэ цIыкIуитху мэхъу. Мис абыхэм нэхъ кууэ къыщызгъэлъэгъуащ ди гъащIэр, лIыхъужь щIэуэ къыхэзгъэхьэу абы и гъуэгум дримыплъэми.

Сэ схужыIэнукъым япэрей тхылъхэм, къэхъунур къэхъуати, ахэр къыщызгъэлъэгъуэжащ жысIэу. ЖыпIэми, я фIэщ пхуэщIынукъым. Ауэ укъызэрызэупщIам жэуап нэхъ хуэхъуну си гугъэщ: сэ стхахэр псори е зэхэсхащ, е слъэгъуащ, е сызыщыгъуазэ Iуэхущ. ГъащIэм къыщыхъуащ мы тхылъми лъабжьэ хуэхъур. ГъащIэм къытепщIыкIар уи Iэпэм къыщIэпфыкIам ещхь хъуркъым.

**– Мухьэмэд, уигу къыщыпылъэда щыIэ тхыгъэ гуэр адыгэбзэкIэ зэздзэкIащэрэт жыпIэу?**

– Сэ сызэдзэкIакIуэкъым. НэгъуэщIым и акъылым къилэжьа тхыгъэр си акъылым щIэзгъэкIыжу дунейм къытехьэ нэхърэ нэхъ къэсщтэнущ, сэ езым сысей гуэр стхыжмэ.

**– Апхуэдэу сыщIыноупщIам щхьэусыгъуэ иIэщ. Къапщтэмэ, жанр псоми ирилажьэу ди усакIуэхэм, тхакIуэхэм куэд яхэтщ, усэ зытхым прозэм зритыжу, прозэм нэмыщI драматургием еплъ, драматургиеми фIэкIыжрэ нэгъуэщIхэм я тхыгъэхэр зэридзэкIыу. Ярэби, апхуэдэ гуэр уигу къэмыкIауэ пIэрэ жызоIэри аращ.**

– Уэлэхьи, къэмыкIа, къэкIынуи сыхуэмей. Псори цIыхум и гъащIэ тIэкIум къитIасэркъым – икIи сыусакIуэщ, икIи сыпрозаикщ, икIи сыдраматургщ, икIи сыхудожникщ, икIи сыаращ, сымыращ, икIи сыщIэныгъэлIщ – а псори цIыхум хузэфIэкIынукъым. СхузэфIэкIынуи сыхуейкъым сэ а къомыр. Си щхьэми теслъхьэжынукъым игъащIэкIэ. Сэ прозэщ стхыр. ЩыIэщ усэ къыщыхыхьаи, пьесэ гуэрхэр щыстхаи. Си пьеситI ди театрым щагъэуващ. Ауэ сыдраматургщ жысIэнукъым. IутIыж Борис мыгъуэм хуэдэхэращ елэжьын хуейр драматургием. Ар жанр гугъущ.

**– УсакIуэхэм, ди лъэпкъ литературэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIи зи цIэр щызыгъэIуахэм, щыжаIэ щыIэщ «нобэ поэзием и пщIэр ехуэхащ, усэм цIэрыIуэ урихъунукъым, прозэращ узыIэтынур». Уэ абы дауэ уеплърэ?**

– Усэмрэ прозэмрэ зэрызэщхьэщыкIыу сэ къэслъытэр: усэр къэлыдауэ щытын хуейщ мафIэм хуэдэу, уи псэм къыхэлыдыкIрэ асыхьэтым птхыуэ. СтIолым утIысрэ нобэ зы усэ стхынущ жыпIэкIэ, ар усэ хъуну си фIэщ хъуркъым. Прозэмэ, пхъэIэщэм щIэщIа вым хуэдэу уекъун хуейщ. ИлъэскIи, илъэситIкIи, илъэсищкIи – ар роману щытмэ – зэхэплъхьэн хуейщ. Епшэжьам уздишэнури пщIэркъым. Абы уэ узрикIуэну мурад пщIа гъуэгум укъытришу езым и гъуэгум утришэнкIэ мэхъу. А тIур зыкъым.

**– Зи тхыгъэхэр зэрымыхъуам къыхэкIыу, япэм къызыхудамыгъэкIахэм нобэ Iэмал ягъуэтынущ ахъшэ щIату езыр-езыру къыдагъэкIыжыну. Абы ди лъэпкъ литературэм и пщIэр иримыгъэхуэхыну пIэрэ?**

– Iуэху гугъущ ар. Мы рынок фIэтщу бэзэр хъужа ди гъащIэм хэлъ Iуэху нэхъ быркъуэшыркъуэхэм ящыщщ ар, МуIэед. Дэ дылъэпкъ цIыкIущ. Ди тхыгъэри ди литературэри Совет властым къыдежьэри абы дэгъэгъауэ аращ. Совет властым лъэпкъ цIыкIухэм Iуэхушхуэ яхуищIащ.

Псом хуэмыдэжу адыгэхэм. ДиӀэр къыдэзытар арақ. КъутэжыкӀейуэ якъутэжащ ар, якъутэжыпэ иджы. Нэмыплъ егъуэт ди культурэм, литературэм. Алыхьым дыкъихъумэ.

Япэми лей тӀэкӀу зекӀуащ. А кхъузанэм щӀагъэкӀыр хъарзынэт. Ауэ кхъузанэр щхьэусыгъуэ ящӀу, езыхэр зыхуей фӀэкӀа уамыгъэтхыу щытащ. Уэлэхьи, партыр сэ жагъуэу сымылъэгъуа, фӀыи къытхуихьам, Ӏеи къытхилъхьа хъунмэ абы. Ауэ тӀэкӀу трикъуззэӀуэрт, езым зыхуей фӀэкӀа пхигъэкӀыртэкъыми, абы литературэр дикъузэрт. НэгъуэщӀ лъэныкъуэкӀэ укъыщеплъмэ, ущӀищӀэрт, уигъэлажьэрт.

**– Иджы хуит зэрыхъуржрэ ди тхакӀуэхэр езыхэр зэрыхуеим хуэдэу тхэуэ, япэм къамыгъэщӀа тхыгъэ къагъэщӀу жыпӀэрэ?**

– Уэлэхьи, сымыщӀэ, МуӀэед, абы и жэуапу уэстынур сэ... Соджэ ди тхакӀуэхэм я тхыгъэ зыкъом, ауэ псоми седжэркъым. Критикэрщ а упщӀэхэм жэуап езытын хуейр.



*ИжьымкӀэ къыщыщӀэдзауэ:* Къэрмокъуэ Мухьэмэд, КӀыщокъуэ Алим, Мухьэмэд и щхьэгъусэ Аслъижан сымэ.

**– Шу пашэ КӀыщокъуэ Алим зэрытхэкӀыжам ди литературэм и пщӀэр дехуэхыу, ар дяпэкӀэ, уэру ежэх псышхуэр тӀэкӀу-тӀэкӀуу жэщӀыжу цӀыкӀу зэрыхъум ещхьу, жэщӀыжыну жаӀэ.**

– Сыт щӀэжэщӀыжынур? Ди лъэпкъым цӀыху къимыгъэщӀыжу ара, хьэмэрэ...

**– Апхуэдэ цӀыху щыпкъэ, щэджащэ илъэсищэм зэ дунейм къытехьэу аращ жаӀэр.**

– Мы Алыхьталэ къытщхьэщытым еупщӀ, абы къыбжиӀэнщ, хэт ар нэгъуэщӀ къыбжезыӀэнур? Уэлэхьи, къалъхуауэ школым щӀэсми дымыщӀэ а илъэсищэм зэ къалъхуну жыхуэпӀэр.

ИтӀанэ дэ диӀащ зэчий зыбгъэдэлъа тхакӀуэ, усакӀуэ куэд: КӀуащ БетӀал, ӀутӀыж Борис, Нало Заур, Нало Ахьмэдхъан, Гъубжокъуэ Ли-

уан. Ноби диIэщ: Тхьэгъэзит Зубер, Мэзыхьэ Борис, Бицу Анатолэ, Бещтокъуэ Хьэбас, Ацкъан Руслан, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ.

**– Нало Заур и «Къру закъуэмкIэ» ди лъэпкъ литературэм лъагъуэщIэ щыпхишауэ жиIащ критик Къэжэр Хьэмид. Ар пэжу къэплъытэрэ?**

– Уэлэхьи, пэжмэ! Мыр итха къудейкъым. БгъэдыхьэкIэщIэ къигъуэтащ абы. БгъэдыхьэкIэ гъэщIэгъуэн. Ауэ дагъуэ гуэр зыхуэпщI мыхъун щыIэкъым. ТIэкIу кIыхьыIуэу зыщIыпIэхэм деж щиукъуэдии щыIэщ. Ауэ абы емылъытауэ дыщэм хуэдэщ Нало Заур и новеллэхэр.

**– Мухьэмэд, уи тхылъхэм ятеухуауэ зэIущIэ куэд уэри урагъэблагъэурэ зэрекIуэкIам сэ сыщыгъуазэщ. Абыхэм, дауи, къыщыпщытхъуащ, уи тхылъхэм нэхърэ нэхъыфI емыджауи къыщыбжаIауэ къыщIэкIынщ. Уи щхьэр ягъэуназэртэкъэ, уи фIэщ хъурэт къыбжаIэ псори?**

– Пэжщ, куэдыкIейуэ екIуэкIащ си тхылъхэм ятеухуа зэIущIэхэр, сэ сыхэтуи, сэрыншэуи. Иджыри йокIуэкI. Дауи, уи щхьэми уи тхыгъэми пщIэ гуэр къыхуащIу ущрагъэблагъэкIэ, псалъэ гуапэ къыбжаIэ. Си щхьэр щытхъукIэ зэрымыуназэр фIыуэ сощIэж икIи а зэIущIэхэр щекIуэкI дыдэм деж къызэхуэсахэм яжызоIэ апхуэдиз къызэрызмылэжьар.

ЗэIущIэхэм щыжаIэр щытхъу къудейкъым. Уи ныкъусаныгъэхэри уагъэлъагъужыф.

**– Сыт хуэдэ зэIущIэ уигу нэхъ къинэжа?**

– ЗэIущIэ гуапэ куэд сигу къинэжащ: си къуажэ Зеикъуэ, Бахъсэн дэт профтехучилищэхэм, Джэрмэншык, ХьэкIэщей (Къубэ-Тэбэ), Прохладнэ къалэ, университетым, медучилищэм, Аушыджэр щекIуэкIахэр. Ауэ псом япэ изгъэщу сигу къинащ «Щихухэр иджыри мэкI» романым и япэ тхылъыр къыдэкIагъащIэу 1977 гъэм майм и 23-м ХьэтIохъущыкъуей (Къызбрун Езанэ) къуажэм щрагъэкIуэкIауэ щыта си япэ зэIущIэр. Мис абы щыгъуэ си щхьэр щымыунэзакIэ, апхуэдэ шынагъэ сиIэжу къыщIэкIынкъым. Клубышхуэм цIыхур щIэзт, псори балигъ защIэу. ЗэIущIэр жэщыбг хъуху екIуэкIащ, цIыху 18 къыщыпсэлъащ. А зэIущIэм къысхилъхьащ романым и етIуанэ тхылъыр зэман кIэщIым стхын папщIэ къаруущIэ.

**– Мухьэмэд, зэIущIэхэм нэмыщI, сыт хуэдэ пыщIэныгъэ яхуиIэ тхылъеджэхэм?**

– Зырыз-тIурытIурэ къысхуэзэхэр, лэжьапIэ сыщыIутам нэкIуахэр, иджы унэм къакIуэхэр, телефонкIэ къызэпсалъэхэр мащIэкъым. Ауэ нэхъыщхьэр письмохэр арауэ си гугъэщ. Ахэр куэд мэхъу.

**– Письмохэр зыгуэркIэ къыпщхьэпэрэ, хьэмэрэ зэман пфIагъэкIуэду къэплъытэрэ, жэуап ептыфрэ?**

– Письмохэм куэдым урагъэгупсыс, Iэджэ уигу къагъэкI, уагъэгушхуэ, улэжьэну гукъыдэж къуат. Зырыз сIэщIэкIамэ сщIэркъым, армыхъу жэуапыншэу къэзгъэна щыIэкъым. Уеблэмэ, тхылъ щхьэкIэ къэлъэIуа зыкъомми яхуезгъэхьащ.

**– Уи тхылъхэм ящыщу сыт хуэдэра нэхъыбэу зыщIэупщIэр?**

– «Щихухэр иджыри мэкI» романым.

**– ТхакIуэ ущIэхъуам и щхьэусыгъуэу сыт уэ къэплъытэр?**

– УпщIэ уэндэгъуфIщ ар, МуIэед. ТхакIуэ сыщIэхъуар акъылым сыкъызэгуиудырти аращ, жызбгъэIэнумэ, аракъым. Сэ нэхърэ нэхъ акъылыфIэ куэд дунейм ехыжащ, иджыри тетщ, тхэн жыхуэпIэр ягу

къэмыкIауэ. Зы зэман юрист IэщIагъэм сехъуапсэу щытати, абы сыхуеджамэ, тхакIуэ Iуэху зесхуэнуи къыщIэкIынтэкъым. Узэхуэмызэм узэрызэблэкIым хуэдэ хъунт мыр. Тхэным гу хуэзэзыгъэщIар адыгэбзэм сызэрыхуеджар, журналист IэщIагъэр лэжьыгъэ зэрысхуэхъуар арауэ жызоIэ. ИтIанэ, си ныбжьхэм (зауэ зэман щIалэжь цIыкIухэм) ди нэгу щIэкIа гугъуехьыр, димыIа сабиигъуэ-щIалэгъуэр тхэным укъыхуэзыгъэуш, уеблэмэ псэхупIэ къозымыт гупсысэщ. ТхакIуэ хъунур Iэхъуэу джабэм кIэрытми, тхэнущ, щыжаIи щыIэщ. Апхуэдэ куэд адыгэм Тхьэм къыдит! Сэ, Iэмал имыIэу, тхакIуэ сыхъун хуейт, жиIэу и псалъэм щхьэусыгъуэ гуэрхэри щыхьэт тезыщIэжыр абы игъэлъапIэу си гугъэкъым. Iэмал имыIэу тхакIуэ хъун хуейуэ къалъху гуэри щыIэу къыщIэкIынщ. Ауэ сэ абы сыщыщкъым.

**– Уи гъащIэм сыт нэхъ уигу къинэжар?**

– Нэхъыбэ дыдэу сигу къинэжар сыщыцIыкIум си анэшхуэм сызэригъэфIаращ, итIанэ ар сщызыгъэгъупщэжа икIи си нэкIэ слъэгъуа зауэ мыгъуэжьырщ.

**– Анэшхуэр IэфIт, ауэ ар пщызыгъэгъупщэжа зауэр дыджащ икIи кIыхьащ.**

– ЦIыхум Iей къыщыщIмэ, егъей, мэхъущIэ. Ауэ къыжьэхэмыуэу блэкIа Iей къомым щхьэкIэ фIыщIэ ищIыну щогъупщэ. Аращ цIыху гъащIэр: IэфIщи – укъегъапцIэ, кIэщIщи – уегъэхыщIэ.

**– Уи хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр сыт?**

– Ар щэхумэ-щэ, МуIэед?

**– Сэ сщIэрэ, зыгуэркIэ ухэIэбэ хъун?**

– ЗыгуэркIэ хъунщ. Ауэ мы сэ жысIэнум и плъыфэ гуэр хуабжьу дахэу, губзыгъэу ди адыгэ щIалэ нэхъ Iэзэхэм, адыгэпсэ зыIутхэм я пэрыт, щIэныгъэлI икIи тхакIуэ Гъут Iэдэм жиIауэ газетым тетащи, тIэкIу «дедыгъуэмэ» къытхуэмышхыдэну пIэрэ?



**– Акъыл зыхэлъ псалъэм къытебгъэзэжкIэ нэхъ лъапIэ фIэкIа, нэхъ пуд хъуркъым.**

– Армэ, си псэм и хъуэпсапIэ зыщ адыгэ лъэпкъыр уахътыншэ хъуныр. Куэдыщэ фIэкIуэдащ ди лъэпкъым, а псом къигъэзэжынри хъуэпсапIэ нэпцI хъунщ. Ауэ, Алыхьым и къарур инщи, абы Iэмыр ищIащэрэт ди лъэпкъым фIэкIуэда куэдым пэкIуэж насыпышхуэ къеуэлIэжыну. Хейуэ ягъэна адыгэпсэ къомыр нобэ псэухэмрэ дяпэкIэ къэхъунухэмрэ къэрэгъул бжыхь яхуэхъуну. Зыми емыщхь ди бзэмрэ псоми яфIэтелъыджэ адыгэ хабзэмрэ яхуэфащэ увыпIэ дунеишхуэм къащылъысыжыну.

**– Мухьэмэд, сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, пенсэ ныбжьым узэрынэсу уэ лэжьапIэм укъыIукIащ. Ар къызыхэкIар уи къару псори тхэным епхьэлIэну арауэ къыщIэкIынщ. Арамэ, къыпхуэгъэсэбэпа зэманыр?**

– Зэман, зэман... Сыщылажьэми схурикъуакъым ар, иджыри аращ. Зэманымрэ ахъшэмрэ зэщхьщ. Ар зэи цIыхум яхурикъуркъым, къелыжу яIэми, загъэнщIыркъым. Ауэ тхакIуэм и зэманыр нэгъуэщIщ. Абы, адрей цIыху псоми хуэдэу, гъащIэм къыхуигъэува къалэнхэм ящIыIужкIэ, Iэмал имыIэу зыгуэр итхын хуейщ. Зыми химыгъэзыхьауэ, зыри къемылъэIуауэ, уеблэмэ а итхым зыри хуэмеинкIэ зэрыхъунум темышыныхьу.

Адрей творческэ лэжьыгъэхэм хуэмыдэу, сэ сызыпэрыта радио, газет IэнатIэхэр гугъущ икIи ухущIагъэхьэркъым. Си гугъащ лэжьапIэм сыкъыIукIыжмэ, зэманыр къызэлыжу сиIэну, си сабиигъуэ-щIалэгъуэр

щысхьа, шыдкIэ мэз дыздэкIуэу, жэмкIэ дыщывэу, мэкъу дыщеуэу, Iэнэ щытщтэу щыта Зеикъуэ щIыналъэхэр къызэхэскIухьыну. АрщхьэкIэ нобэми сыхунэсыркъым.

**– Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей. Сыт яхужыпIэн а зэманищым?**

– А псалъищым теухуауэ романищ птхыми, мащIэщ. Ауэ кIэщIу укъызэупщIащи, зэрыхъукIэ кIэщIу бжесIэнщ. **Дыгъуасэ:** пщIыхьэпIэу дигу къэмыкIар ди нэгу щIагъэкIащ. ФIыр зы тIэкIуу, Iейр гъунэжу. Ар псоми дощIэ. ЩIыгъунIа хуеймэ, ар мыращ: Иван Грознэм и пэжкIэ къыщIадзэу урысей пащтыхьхэм зэхуалъэфэса, партымрэ советымрэ зэгуагъэжыхьа империе абрагъуэр гущIэгъуншэу, хьэбэсабэу якъутэжащ. **Нобэ:** пщIыхьэпIэу дигу къэмыкIар дагъэлъагъури, дагъэлъагъуну дыкъыщIагъэгугъа фIы къомыр пщIыхьэпIэу къыщIидзыжащ. Ари псоми дощIэ. Пщэдей къэхъунур умыщIэу укIэзызу узыгъэпсэу ди нобэм цIыхубэр егъэпыхьэ, зырыз егъэгуфIэ. **Пщэдей:** «гугъэр адэ щIэинщ» жаIащи, догугъэ, ауэ гугъапIэ гуэри дагъэлъагъуркъым. «Къуэ пцIыупс зиIэ анэ гуфIэ щигъащIэркъым» жыхуаIэм ещхьщ.

Аращи, ди зэманыр щыуэ гуэшащ: дыгъуасэм – упыкIащ, нобэм – уегъэгупсысэ, пщэдейм уегъэгугъэри – кIэлъыкIуэ, «Iей мыхъу фIы хъужыркъым» жаIэ. ГушыIэр гушыIэщ. Ауэ зэманыр къытщIэмынакIэу Тхьэм къыщIигъэкI.

**– Нобэ зэманыр зэрыгугъур псоми долъагъу. ТхакIуэнэм нэгъуэщI гуэр къилъагъуу пIэрэ?**

– Хьэуэ, тхакIуэм и нэри нэхъ лейуэ къыщIэкIынукъым. А зэманыр зэхэзыгъэзэрыхьа езы дыдэхэми къахуэлъагъуу си гугъэкъым Iуэхур зэрыхъунур, дызыхуэкIуэм и пэжыпIэр. КIэщIу жыпIэмэ, ди зэманыр Хьэчынэ и унэ щIыкIэм ещхьщ.

**– Ар хэт езыр?**

– Хьэчынэ жари лIы гуэр дэсащ Зеикъуэ. Фызи быни имыIэу псэуащ, Iэщи, хьэи, джэдкъази зэрихуакъым икIи апхуэдэу лIэжащ. Илъэс къэс жыхуаIэм хуэдэу унэ ищIыну кърищIэкIыжырт. НэгъуэщI хэмыIэбэу езым ищIырт. Унэр щIын щыщIидзэм деж япэу хьэкур е жьэгур ищIырти, итIанэ унэр кърищIэкIыжырт. Игу иримыхьу икъутэжырти, щIэрыщIэу къыщIидзэжырт.

Пащтыхьыжьхэм я деж къыщыщIэдзауэ нобэм къэс зым и унафэр адрейм икъутэжу, къыкъуэкIар блэкIам хуэшхыдэжу яхь. Абы хэкIуадэр цIыхубэрщ.

**– Алыхьыр, диныр уи фIэщ хъурэ?**

– Уи упщIэр пцIанащэщи, диныр къыщежьэжа ди зэманым абы и жэуапу «хьэуэ» къыбжезыIэн куэд щыIэу къыщIэкIынкъым. Сэри «мэхъу» псалъэ закъуэмкIи жэуап уэстыфынущ, дагъуи губгъэни къысхуумыщIыжыфу. Ауэ апхуэдэу кIэщIу зэфIэзгъэкIыну сыхуейкъым дунейр къызэриухуэрэ цIыхур зэгурызыгъаIуэ е зэрызыгъэукI а упщIэм и жэуапыр. Умышынэ, уаз кIыхьи уэстынукъым, уэстыпэнуми, схузэфIэкIынукъым.

Сэ сыкъэзылъхуахэри, ахэр къэзылъхужахэри муслъымэн къабзэу, Алыхьыр я гум илъу, диныр яIыгъыу псэуащ икIи лэжьащ. ВКП(б)-м и тхыдэ тхылъыр си блэгущIэм щыщIэслъхьами си адэм къызжиIащ: «КъурIэныр ищIагъ яхуэщIынукъым» – жери. Марксизмэм ди пщэм къэсу дыщыхэтами, си адэм къызжиIащ: «Диным кIуэд иIэкъым». Институтым дыщIэсу къыджаIат дунейм дыгъитI тету: зыр уафэм, адрейр щIылъэм. Пщэдджыжь къэс къыкъуэкIрэ дыкъигъэнэхуу, дыкъи-

гъэхуабзу уафэм ит дыгъэм нэхърэ Кремлым дэс «дыгъэр» (Сталиныр) нэхъ нуру блэуэ. Апхуэдэу къыджезыIахэращ а псори пцIыщ жаIэу къэувыжари. Сэ си фIэщ мэхъу псори и пIэ изыгъэувэж къару нэрымылъагъу щыIэу. Алыхьымрэ динымрэ зигу илъ цIыхум лей зэрихьэнукъым, ар цIыхум и псэр зыгъэкъабзэ къару мыужьыхыжщ.

**– Илъэс куэдкIэ дызыхуэшхыда дин лэжьакIуэхэм нобэ ягъуэтыжа пщIэм, абыхэм ди литературэм иджы щаубыдын хуей увыпIэм теухуауэ сыт жыпIэн?**

– Абы куэд щIытежыпIыхьын щыIэкъым. Зэрыхэтын хуеям хуэдэу ди гъащIэм къыхыхьэжащи, и увыпIэр етыжын хуейуэ аращ. Дин лэжьакIуэр цIыху узэщIакIуэ тэмэму, псэ къабзэу къэувмэ, нэмрэ псэмрэ хуэхь, щытхъу, и гугъуехьыпщIэ лъыгъэс, нэмыс хуэщI. Ауэ и гум илъымрэ и жьэм жиIэмрэ зэтемыхуэмэ, и нэр мылъкум къыщипхъуауэ гуауэр фейдэ хэхыпIэ ищIмэ, апхуэдэм пэувын хуейщ. Диным и лэжьакIуэхэри жыджэру икIи сакъыу хуэлэжьэн хуейщ лъэпкъыр къэгъэщIэрэщIэжыным, къэгъэушыным, абы и псэр гъэкъэбзэным. КIэщIу жыпIэмэ, адрей цIыху псоми хуэдэу, езым къилэжьыжым хуэфащэ пщIэ лъыгъэсыжауэ абыхэм я образхэри ди литературэм къыхэгъэхьэжын хуейщ.

**– Иджыпсту сытым уелэжьрэ?**

– Чэрты Исмел теухуа тхыгъэ диIэкъым. Ар цIыхушхуэщ, къуаншэу къызэралъытари щхьэщахыжащ. ЯукIащ. ЯмыукIауи жаIэ, яIэщIэкIыу Тыркум икIыжауи ягъэхъыбар. Абы и лъагъуэм сытехьэри, схуэзэфIэкIакъым сызэрыхуейм хуэдэу къэсхутэн. Си нэ къокI Чэрты Исмел теухуауэ зыгуэр стхыну. СщIэркъым, схуэзэфIэкIынуми...



**– Мухьэмэд, фIыщIэ ин пхузощI псалъэмакъ купщIафIэ къызэрыддебгъэкIуэкIам папщIэ.**

– НасыпыфIэ ухъу!

# Нобэм пщэдейр щилъагъуу

Газетым практикэ дыщыщыӀа мазэ зытӀум дэ къудамэ псоми дыщылэжьати, журналист гупыр тцӀыхуат, езыми дыкъацӀыхуат. Абы къыхэкӀыуи, гуитӀщхьитӀыгъэ хэмылъу лэжьыгъэм сыпэрыхьат. Нэхъыщхьэрати, си нэ нэхъ къызыхуикӀ щэнхабзэмкӀэ къудамэм сагъэкӀуащ. Практикэ дыщыщыӀам абы и унафэщӀу щытар ТӀажь Пётрщ. Ар партым и обкомым лэжьакӀуэ яшэри, къудамэм и тхьэмадэ хъуат Къэрмокъуэ Мухьэмэд. А зэманым Мухьэмэд зи цӀэр Ӏуа журналист-къызэгъэпэщакӀуэ ӀэкӀуэлъакӀуэт. Си япэ лъэбакъуэхэр Мухьэмэд и унафэм сыщӀэту зэрысчамкӀэ си насып къикӀауэ къызолъытэ. Сыту жыпӀэмэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд щӀэблэр лэжьыгъэм хуигъасэ къудейтэкъым, атӀэ адэм е къуэш нэхъыжьым хуэдэу щӀалэхэр гъащӀэм, псэукӀэм, дуней тетыкӀэ тэмэмым хуиущийрт, къахыхьэ щӀалэгъуалэм и нэӀэ ятригъэт зэпытт. Ар си щхьэкӀэ згъэунэхуа Ӏуэхущи, езым жесӀэми зыкъезмыгъэщӀащэми фӀыщӀэ ин хуэсщӀу сопсэу.

Сыт апхуэдэу жызэзыгъэӀэр? Мухьэмэд зыдэлэжьа щӀалэхэм къахэкӀакъым гъащӀэ гъуэгум тещхьэрыукӀа, унагъуэ тэмэм зымыщӀа, зыпэрыт ӀэнатӀэм хъарзынэу емыхъулӀа.

ЩэнхабзэмкӀэ къудамэр редакцэм и ӀэнатӀэ нэхъ лъэщхэм ящыщт, щылажьэри щӀэныгъэфӀ зиӀэ тхакӀуэ, усакӀуэ щӀалэхэти, я бзэр нэхъ жант, къабзэт, «газетыбзэ» жыхуаӀэм къыщхьэщыкӀыу. Зэман зэмылӀэужьыгъуэхэм къудамэм я зэфӀэкӀ щагъэлъэгъуащ Елгъэр Кашиф, Къэрмокъуэ Хьэмид, КӀэщт Мухьэз, Къагъырмэс Борис, Брай Адэлбий, Журт Биберд, Хьэх Сэфарбий, Уэрэзей Афлик, Мыкъуэжь Анатолэ, Хьэту Пётр сымэ. Адыгэ журналистикэм и мызакъуэу, литературэм хэльхьэныгъэшхуэ хуэзыщӀа защӀэкъэ! АтӀэ апхуэдэ цӀыху зэчифӀэ куэдыр зэщӀэбгъэуӀуэн, зэгурыбгъэӀуэн, бунэтӀын щхьэкӀэ уэри зэчийм уразэчиижу ущытын хуейщ.

Мухьэмэд а псор хузэфӀэкӀащ, абы и фӀыщӀэкӀэ зи унафэщӀ къудамэр республикэм и щэнхабзэм и хасэ хъуащ жыпӀэкӀэ ущыуэну сфӀэщӀыркъым. Мухьэмэд и нэӀуасэ мыхъуу, фӀы дыдэу ицӀыхурт щэнхабзэм и ӀэнатӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэм щылажьэ цӀыхухэр, быдэу япыщӀат театрхэм, къэрал филармонием, литературэм, искусствэм, щӀэныгъэ ӀуэхущӀапӀэхэм я унафэщӀхэм. Абы къыхэкӀыу дэнэ сыт къыщыхъуами къыщыхъунуми дыщыгъуазэт.

Зи гугъу сщӀы зэманми нэхъ иужьыӀуэ лъэхъэнэхэми ди къудамэр быдэу ядэлэжьащ цӀэрэ щхьэрэ зиӀэу щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я ӀэнатӀэм пэрытхэми, тхэн, джэгун щӀэзыдзагъащӀэ щӀалэгъуалэми. Къудамэм и лъэӀукӀи езыхэм я жэрдэмкӀи щӀэх-щӀэхыурэ къытхуэтхэрт Теунэ Хьэчим, ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэм, Шортэн Аскэрбий, Къардэнгъущӏ Зырамыку, Хьэхъупащӏэ Хьэжбэчыр, ХьэкӀуащэ Андрей, МафӀэдз Сэрэбий, Багъ Пётр сымэ, нэгъуэщӀхэри. Шэч хэмылъу, абыхэм газетыр нэхъ гъэщӀэгъуэн ящӀырт, газетеджэхэм я бжыгъэм хагъахъуэ зэпытт.

Литературэм зиузэщӀынымкӀэ критикэм и мыхьэнэр псоми ящӀэ. Щэнхабзэм и къудамэм ар ищӀэ къудейтэкъым, атӀэ тхылъыщӀэхэм ятеухуа тхыгъэхэр щӀэх-щӀэхыурэ тридзэрт. Ахэр нэхъыбэу къытхуэзытхри а Ӏуэхур зи ӀэщӀагъэ цӀыхухэрт. ТхакӀуэхэм, усакӀуэхэм гъуэгу махуэ жраӀэу, я щыщӀэныгъэхэр ирагъэлъагъужу тхыгъэ куэд зи Ӏэдакъэ къыщӀэкӀ Сокъур Мусэрбий, КӀурашын БетӀал, Шэвлокъуэ Пётр, КхъуэӀуфэ Хьэчим, Къуэдзокъуэ Хьэсэн сымэ абы и лъэныкъуэкӀэ жыджэру къудамэм къыкъуэтащ. Статьяхэр къытхуахь къудейтэкъым

– газетым къытехуа тхыгъэхэр къазэрыщыхьуар жаIэу редакцэм къэпсалъэхэрт, ахэр зи Iэдакъэщ|Iэк|Iхэм яхуэзэхэрти псалъэмакъ щхьэпэ драгъэкIуэкIырт.

Ди къудамэр щэнхабзэм и хасэм хуэдэт, абы и джэлэст, щIыжысIэм нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэщ. Ди пэш цIыкIур икъукIэ цIыху кIуапIэт: тхакIуэхэр, усакIуэхэр, еджагъэшхуэхэр, артистхэр, культурэм и нэгъуэщI лэжьакIуэхэр къытхуемыблагъэу махуэ щIагъуэ дэкIыртэкъым. Дэтхэнэми къалэн зыхуищIыжа хуэдэт и ехъулIэныгъэхэмкIэ, игу зэрыгъумкIэ къыддэгуэшэну. Псом хуэмыдэу сигу къинэжащ Къэхъун нэс къикIыурэ къытхуэхьэщIэу щыта Хьэхъупащ|Iэ Амырхъан. Си фIэщ хъуркъым Налшык къыдыхьауэ ар ди деж къыщемыблэгъа къэхъуауэ. Зи ныбжькIэ мыщIалэж тхьэмадэр – екIуу зэщIэупсауэ, адыгэ фащэр и пкъым щызу, и бгъэм орден лъапIэр хэлърэ пыIэ хъурейр щхьэрыгъыу къыщIыхьэрт, тIэкIу зигъэпсэхути, итIанэт къыщытхэпсэлъыхьыр. Хэхауэ Iуэху гуэр къытекIухьауэ сщIэжыркъым, ауэ сыт хуэдиз хъыбар, уэрэд къытхуиIуэтэжат абы! АрщхьэкIэ, бетэмал, тхатэкъым. Дигуи тхуиубыдакъым. Апхуэдэу кIуэдащ Амырхъан и «дыщэ пхъуантэм» щыщ Iэджи.

Iуэху телъыджэ мащIэ дыщIигъэдэIуакъым тхакIуэ, еджагъэшхуэ, цIыху телъыджэу дунейм тета Елмэс Iэулдин. ГъащIэм и IэнатIэ гуэри щыIэу къыщIэкIынтэкъым абы зыхимыщIыкI, Iэулдин пщэдджыжьым къыщIыхьамэ, шэджагъуэ хъуху лажьэ диIэтэкъым, шэджагъуэм къэкIуамэ, пщыхьэщхьэ пщIондэ дыщысынут ди тхьэкIумэ тегъэхуауэ дедаIуэу. Езыр удихьэхыу дахэу, купщIафIэут зэрыпсалъэр. Iэулдин дымыщIэ куэд дыщIигъэдэIуэрт тхыдэм, щIэныгъэм, культурэм, политикэм теухуауэ. Абы жиIа псалъэ гуэрхэр сигу къинащ.

… Махуэ гуэрым Iэулдин ди хьэщIэт. СщIэжыркъым псалъэмакъыр политикэм щIынэсар. Сытми, нэсри гупсысэ гуэрхэм яIыгъыу заулкIэ щысри и псалъэм пищащ:

– Советскэ Союзыр хьэбэсабэу лъэлъэжынущ. Апхуэдиз лъэпкъыр щызэгурымыIуэж къэхъунущ.

А зэманым апхуэдэу жыпIэн дэнэ къэна, уегупсысын къудейр щIэпхъаджагъэу къалъытэнут. Дэ а псалъэмакъым пытщакъым, иужькIи дытепсэлъыхьыжакъым, Iэулдин революционерщ, Iэджи жеIэ жоуэ дегупсыса мыхъумэ. ЖиIари ди фIэщ хъуакъым. Ауэ къэралыр зэбгрылъэлъыжа нэужь Iэулдин и псалъэхэр куэдрэ сигу къэкIыжащ.

Къудамэм хабзэ, нэмыс щIэлъу, щхьэж хузэфIэкI къимыгъанэу дызэдэлэжьащ. Ар зи фIыщIэр Мухьэмэдт. Редакцэм куэдрэ щызэпхагъэIукI щыIэт: абыхэм я Iуэху щIыдэкIыр щIэныгъэ зиIэ щIалэгъуалэр Мухьэмэд деж ягъакIуэри аращ, жаIэу. Ари хэлъагъэнщ, ауэ нэхъыщхьэр аратэкъым: Мухьэмэд щIалэгъуалэм ядэлажьэрт редакцэм къэкIуэным и пэкIи. Ауэ абы щIэблэр лэжьыгъэ къудейртэкъым зыхуиущийр, атIэ, зэрыжысIащи, псэукIэм, дуней тетыкIэм, цIыху хэтыкIэм, унагъуэ Iуэхухэр зэрызэкIэлъыгъэкIуэн хуейхэми я дерс Мухьэмэд лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэм къыдитырт. Абы и чэнджэщхэр дэ гъащIэм щхьэпэ къыщытхуэхъуащ.

А зэманым Мухьэмэди тхакIуэ нэхъ щIалэхэм хабжэу щытт. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, республикэм и Къэрал саугъэтыр зрата Къэрмокъуэр хэкум щагъэлъапIэ литераторщ. И ныбжьым, цIэрыIуагъэм емылъытауэ, ноби ар якIэлъопль и гъэсэну щытахэм я Iуэху зэрекIуэкIым, а гъэсэнхэм езыхэм я жьакIэр къетхъухами, Мухьэмэд и чэнджэщ щIодэIухэр.

**МЭЗЫХЬЭ Борис**

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд

# КЪОДЖЭМ УИГЪЭЖЕЙРКЪЫМ

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

Псы щIыIэм хадза гъущI плъам хуэдэу, август жьэражьэр сентябрым и япэ махуэ щIыIэбжьым зыжьэдилъэфат. Ар дыгъуасэу умыщIэжыну, щIылъэри уафэри зэуэ упщIыIуат. «Апхуэдизу щхьэ сыфэзэхъуэкI?» жиIэу дунейри укIытэжа пфIэщIырт. Ауэ ар Iэджэм и Iэджэж къызытехъуа, мэскъалри абрагъуэри и зэхуэдэу зыдэджэрэз, и хуабэри и щIыIэри зыми зэпимыгуэшыфа, ифIри и Iейри щыбжыгъэншэ, и уафэри и щIылъэри щызэпыт, псом нэхърэ нэхъ лъэщым икIи нэхъ иным и Iэмыр дунеижьти, и хабзэ ткIийм тету къекIэрэхъуэкIырт. Ад-д-дэ, зыми имыщIэжым къыщыщIэдзауэ къекIэрэхъуэкIым-къекIэрэхъуэкIыурэ къэсат етIощIанэ лIэщIыгъуэ зыфIащар. Мыри абы и зы илъэст, 1970 гъэкIэ еджэу. Августым кIэлъыпхъуэу ар зыгъэупщIыIуа сентябрым и пэщIэдзэри а илъэсым и зы махуэт. Зи нэщхъ зэхэлъу нэху къекIа а гъубж пщэдджыжьым, Iэджэ щIауэ щIыри псэри зыпэплъэ салъкъыным и пIэкIэ, къызэкъуихар пкъыр щIэзыгъалIэ щIыIэ гурымыхьт. Дыгъуасэрей дыгъэ пэзазэр бзэхыжри, пшэ фIыцIэ хьэлъэр къегъыхын хьэзыру щыгум къытегъуэлъхьат. Ауэ ари зы махуэщIэщи, щIыри щIым тетри пIащIэу гъуэгу тетщ.

А махуэм зыщIидзэж гъэ еджэгъуэщIэм нэхъыбэу зэридза къалэдэсхэм ящыщт Къэбэрдокъуэхэ Азэмэтрэ Юланэрэ я унагъуэ еджакIуищ зэрыкIыр. Я къуэ нэхъыжьыр епщIанэ классым, къыкIэлъыкIуэ хъыджэбз цIыкIур ебланэм, япхъу нэхъыщIэр етIуанэм кIуэрт. Зэрыхуэхъуэхъуэ КIэ ахэр щIигъэкIри, Азэмэт лэжьапIэм кIуэну пIащIэу уэрамым дыхьащ. Щылажьэ редакцэм нэмыс щIыкIэ, ар Iухьэн хуейт бын еплIанэу къуэ къыхуилъхуу сымаджэ щIэхъухьыжа и щхьэгъусэр зыщIэлъ сымаджэщым.

Лъэбакъуэ минрэ щиплIым зэм зыбгъупщI чэму, зэми апхуэдиз щIигъуу зыдэлъ, дакъикъэ пщыкIутI-пщыкIущым зэпич а гъуэгуанэм дапщэрэ ирикIуауэ пIэрэ ар мыбы зэрыщылэжьа илъэсхэм? Махуэ къэс щэрэ-плIэрэ зыдыхьэ мы уэрам щэху цIыкIум гупсысэ мащIи щызэблэкIакъым Азэмэт и щхьэм. Редакцэ стIолым къыщыуш гупсысэхэм нэхърэ нэхъ щхьэпэ щыхъу щыIэт а уэрам гупсысэхэр. Ауэ мы иужьрей мазэ зытIущыр, а илъэс псоми емыщхьу, гукъеуэкIэ гъэнщIат.

Дауэ мыхъуами, Юланэ зыIыгъа уз хьэлъэм къелауэ къилъытэри, Азэмэт и псэр иужьрей тхьэмахуитI-щым нэхъ тыншыжат. Ипхъу сымаджэм кIэлъыплъу бгъэдэса анэри, игу зэгъэжри, я къуажэм кIуэжат.

«СызытекIуэдэж пэта мы уи къуэжьыр лIы зэрыхъуам къеплъыт», – жиIэу дыгъуэпшыхь къригъэлъэгъуа сабийм бгъэдэсыну адэм и нэ къикIырт. Ауэ и Iуэху хуэкIуэртэкъым – нышэдибэ редакцэм щекIуэкIыну псалъэмакъым езыр хэтын хуейт. Сымаджэщым щIыхьэмэ, гувэнути, Азэмэт и щхьэгъусэр зыщIэлъ пэшым и щхьэгъубжэм Iухьащ. Абы къыпэплъэу Юлани къыкIэрытт.

– Дэнэ щыIэ си къуэжьыр?

– Ефауэ мэжей.

– Уэ дауэ ущыт?

– Алыхьым узэрелъэIунщ, – и псалъэм щыхьэт трищIэу и Iэпхъуамбэшхуэр къригъэлъагъури, Юланэ къыкIэлъыгуфIэжащ.

– Сыту фIыт.

– Уэ уи Iуэху дауэ щыт? А пхузэхыхьэжа къомым дауэ укъелрэ?

– Си Iуэхур а уэ сыбгъэлъэгъуа Iэпхъуамбэм къыкIэлъыкIуищым къакIэлъыкIуэжым хуэдэщ.

– Сыт щхьэкIэ? ЛэжьапIэра? – Юланэ тIэкIу къэщтащ.

– ЛэжьапIэр тэмэм хуэдэщ.

– АтIэ?

– Хьэгъуэжь и быныр, бжэныцрэ хьэцыпэу сызэрахьэри, ерагъыу щIэзгъэкIащ.

– УзукIа мыгъуэщ, си тхьэмыщкIэжь, мы гъэм. Моуэ зэ сынычщIэкIыжмэ, уэзгъэIуэтэжынщ. УмыпIэщIэж. Зы тхьэмахуэ закъуэ шэчыж, – мащIэу пыгуфIыкIащ Юланэ.

– Ара жаIэр?

– ЖаIэ-жамыIэми, зы тхьэмахуэ фIэкIа сыщIэлъыжынукъым. Зы тхьэмахуэ цIыкIу закъуэ. Пхуэшэчыжынкъэ? – Юланэ а зэрыпыгуфIыкIыурэ и Iэпхъуамбэшхуэр и лIым къригъэлъэгъуащ.

Азэмэт сыхьэтым еплъщ, щхьэгъубжэ дамэдазэм къыIут и щхьэгъусэм худэплъеижри, зищIысыр имыщIэ гуэр и псэм къызэреIэр ибзыщIу, щабэу щIэупщIащ:

– Сыт ухуей, Юланэ? Сыт къыпхуэсхьын?

– Зыри сыхуейкъым. Сабийхэм тIэкIу яхуэсакъ закъуэ.



– Шэджагъуэм семыхъулIэмэ, пщыхьэщхьэ сыкъыщыкIуэжкIэ сынышIыхьэнщ.

– Зэрыхъум хуэдэу щIы...

Азэмэт лэжьапIэм здэкIуэм, игу къокIыж я благъэ цIыхубзым къыхуилъэгъуауэ щыта, Юланэ нэхъыфI хъужа иужь къыхуиIуэтэжа пщIыхьэпIэ шынагъуэр, езыми зэрэ-тIэурэ и нэгу щIэкIа зэхэзэрыхьа гуэрхэр.

Хэт сыт хуэдэ пщIыхьэпIэ къыхуилъэгъуами, тежыпIыхьын бгъуэтыну, Юланэ и Iуэхур гужьеигъуэ кIыхьу щытащ...

Мы гъатхэ кIуам и махуэ щIыIэбжь гуэрым Азэмэт, фIэмытаучэлыщэурэ, и машинэмкIэ Юланэ иришэжьат, я Iыхьлы гуэрым хуэгузэвэну. Гъуэгукум щызэIыхьа машинэм Юланэ къринэри, езыр и цIыхугъэ гуэрым деж Iухьащ. ЩIалэ ахъырзэманти, къыхуэгузэващ. Машинэм хэкъутыкIам хуэдэ иIэти, зыгуэрым иритауэ къыщIэкIри, абы я деж кIуащ. Сыт имыщIами, кърытыжакъым, пыIэщхьэрыхкIэ тIури елъэIуа пэтми. Уеблэмэ пщIэншэу иритар уасэ щIиту къищэхужынути, «къызэзыт-стезыхыж» сыджэгурк ъым» жиIэри къыфIэнэжащ.

Сыт ящIэнт! Напэ зимыIэм я пщIантIэм къыдэкIыжри цIыхугъэ зыхэлъ нэгъуэщI щIалэ гуэрым зыхуей пкъыгъуэр къаритащ, лажьэ зимыIэ и машинэм къыпкърихри...

Машинэ щIыIэм сыхьэт зытIущкIэ иса цIыхубз уэндэгъум щIыIэ хыхьащ. МащIэу къыхэпсчыкIыурэ, езыри апхуэдэу зэрыщытым щхьэкIэ хущхъуэ щIагъуи ирахьэлIэ мыхъуурэ, сымаджэщми зэрэтIэурэ щIэлъын хуей хъуауэ, пIалъэр къэсри, лъхуапIэ унэм яшащ.

Ахэр зыщIэхъуэпса щIалэ цIыкIур зауэр къыщежьа махуэм, – июным и 22-м, – ирихьэлIэу дунейм къытехьащ. Гуащэ зыгъэджэгуу щыта

Юланэ иджы бын еплIанэ игъуэтат. Азэмэтрэ Юланэрэ я гур ныкъуэу тепсэлъыхьыжат я бын кIасэр зауэр къыщежьа, фэжагъуэ зраплъ махуэм хуэзэу къызэралъхуам. «Абы зыри елъытакъым. Япэрауэ, зауэр щыщIидза сыхьэтымрэ сабийр дунейм къыщытехьамрэ зэтехуэркъым. ЕтIуанэрауэ, сабийр мамыр гъащIэм къыхалъхуащ», жаIэри щагъэтыжат.



Сабийр узыншэу дунейм къызэрытехьам кърита гуфIэгъуэм Юланэ къару къыхилъхьэри, зыкъом лъандэрэ зыгъэщхьэжагъуэ щIыIэ узым ар текIуащ. ИкIи махуибл нэужьым Юланэ лъхуапIэ унэм зыкъыщIригъэшыжащ. АрщхьэкIэ гукъыдэжышхуэ иIэтэкъым. Унэм къакIуэурэ къыкIэлъыплъ фыз гъур цIыкIур, дохутыр псоми хуэдэу, лъэкI къимыгъанэу къеIэзэрт, и гум и лэжьэкIи, лъынтхуэм и къеуэкIи къедаIуэрт. Ауэ лъэкIакъым фыз лъхуагъащIэм и Iэпкълъэпкъ махэр узым тIысыпIэ зэрищIар къиухутэн. ЩIыIэр зыхэмыкIыжа и джабэ лъэныкъуэм тIэкIу-тIэкIуурэ псы дищIащ. ЦIыхум я къакIуэ-накIуэр, я къехъуэхъуныр зэфIэмыкIауэ, Юланэ мафIэ лыгъейр кърידзри, сымаджэщым яшэжащ. Сабийр къыщIачу и закъуэу ягъэгъуэлъыну яукъуэдияти, сыт ямыщIами, къахуидакъым. И нэпсыр телъалъэу и бгъафэм щIикъузэ сабийр зыми къыIэщIихыфакъым.

Юланэ зыпэщIэхуа дохутырыр ермэлы цIыхубз щIалэ екIут, еджапIэр къиухагъащIэу. Сымаджэр кIуэ пэтми нэхъ хьэлъэ хъурт. Зи Iуэхум хуэмыIэзащэ дохутырым узыр зэрыфIэятэм щхьэусыгъуэ хуищIырт и сымаджэм сабийр къызэрыщIэфыр. Ауэ Юланэ яхутечыртэкъым, сабийр быдз езыгъэфэн къагъуэта пэтми. Абы ищIэрт и бгъэм быдзышэр къызэреныкъуэкъунумрэ псэм хэлъ и сабийр пэIэщIэ зэрыхъунумрэ уз етIуанэу къызэрытехьэлъэнур.

«Сэ вым хуэдэу сыузыншэ икIи сынэхъ щIалэ пэтрэ, си сабийр мазэ иримыкъуи быдз езгъэфакъым», – къыжезыIэ дохутыр фызми едэIуакъым Юланэ. Псом нэхърэ нэхъыфIу абы езым зищIэжырт. ЛъэкIынутэкъым и сабийр и бгъэм щIичын. Ауан къэзыщIи щыIэу, адрей и бынищри илъэсым щIигъукIэ быдз иригъэфат, мыбыи ар дыдэр хуигугъэт. Юланэ къеIэзэ дохутырхэм абы и узыфэр къыхуэзышахэм я нэхъыщхьэу ягъэувырт еплIанэ сабий къызэрилъхуар, ауэ ар щхьэтечу къыжраIэфыртэкъым. Ари псэкIэ зыхищIэрт фыз набдзэгубдзаплъэм. «Ди анэм блы дыкъилъхуати, зыри къыщыщIатэкъым...» – егупсысырт ар, игу игъэфIурэ.

Азэмэт адэкIи-мыдэкIи зидзырт. И щхьэгъусэм къеIэзэ дохутырым телъыхъукIынути, и дзэр шырт, армырти, и щхьэгъусэр махуэ къэс щIэткIукIырт. Юланэ къэмытэджыжыххэ щыхъум, Азэмэт кIуащ отделенэм и унафэщI осетин дохутыр цIыхубзым деж. ФIыкIэ щыгугъыу зытекIухьа Iуэхур нэхъ Iей хъуа фIэкIа, зыкIи щхьэпэ хъуакъым. «Дэ сымаджэ псори ди зэхуэдэщ. Дэтхэнэми къарууэ диIэр идохьэлIэ. Ауэ зэгъащIэ, щIалэ, узыфэм дэщIыгъуу ажали дунейм зэрытетыр. Ди IэзэкIэр уигу иримыхьмэ, нэгъуэщI сымаджэщи дохутыри щыIэщ...»

Апхуэдэ псалъэм жэуап иритыжыфынут Азэмэт, ауэ мыхъун гуэр къыжьэдэкIмэ, зытегужьеикIа сымаджэм ар удыну техуэнут. КъыщIишыжынурэ нэгъуэщI сымаджэщ ишэнут, ауэ... КъыщIимышыжу нэгъуэщI дохутыр къыхуишэнут, ауэ ари ауэт. КъыхуэщIэртэкъым хэкIыпIэ хъунур. ЖаIэу зэхихырт, зыгуэркIэ къыдумыхьэхмэ, дохутырхэм нэкIэ къомыплъ зэрахэтыр. Ауэ езыр ирихьэлIатэкъыми, апхуэдэ щыIэу и фIэщ хуэщIыртэкъым. Дохутырхэм я щытхъу фIэкIа традзэртэкъым езыр щылажьэ газетым, ар пщIэншэу революцэм цIыхубэм къахуихьа насыпу ябжырти.

АтIэ дауэ ищIыну? КъыщIыфIэлIыкIын къулыкъу ини иIэкъым, къызэрыдихьэхын мылъкушхуи бгъэдэлъкъым. СыткIи арэзыт, и гъащIэ псом къилэжьар зыщIита и машинэжь цIыкIу закъуэми щысхыыжынутэкъым, ауэ дэнэ къыщыщIидзэнур? Дохутырым Iихын идатэкъым Юланэ хуишия дыху лъапIэ абджри, кIэнфетыфI дыдэри. «Ар лейщ», – жиIэри щIэкIыжат. Къэзылъагъуи щыIэтэкъым. «АпхуэдэкIэ зысхуэуцIэпIыжынукъым», – жиIэу фIэмэщIауэ пIэрэ?



Сымаджэр яфIэхьэлъэти, щIэупщIакIуэр куэд хъу зэпытт. Азэмэт зэхэзежэ зэрыхъуар зылъагъу Юланэ и нэ фIыцIитIыр щтэIэщтаблэу абы къытриубыдэрт. Пщыхьэщхьэм цIыхур нэхъ зэбгрыкIауэ зэгъуэкI щыхъум, и щхьэгъусэр зыбгъэдишащ:

– КхъыIэ, Азэмэт, е мыбы сыщIэш, е дохутыр гуэр къысхуэшэ. Мы сабийм быдзышэр къызэрыIузмычам щхьэкIэ жыIэмыдаIуэ къысфIащащи, я нэр къысхузэрагъэдзэкI. Ленэ цIыкIу зэ къызэплъамэ, сыхъужыну си псэм жеIэ.

Нэхъ хагъэфIыкIыу щыт, къулыкъущIэ еIэзапIэу ябж мы сымаджэщым щыщIагъэгъуалъхьэм сабий цIынэм иращIэкIа псалъэмакъ кIыхьым Азэмэт щыгъуазэт, ауэ а псом Юланэ хищIыкIыр зы мащIэт. Ленэ цIыкIу жиIэу зи цIэр игъафIэр къалэ сымаджэщышхуэм щылажьэ дохутыр Iэзэт, Азэмэт и ныбжьэгъуфIым и щхьэгъусэт, Юланэрэ абыри гуапэу зэхущытт. Азэмэти игу къэкIат ар, ауэ и дзэр шыурэ зэманыр кIуэри, узри хэтIэсат. Иджы Ленэ деж пщэдей кIуэуэ елъэIуну арат.

Жэщыр хэкIуэтауэ Азэмэт сымаджэщым къыщIэкIыжащ, и пхъум тегужьеикIа анэр жэщгъуэлъу къыбгъэдинэри. Дохутырхэр зэгъэжауэ, жэщыбгым Юланэ пIэм къикIащ. И анэр зыдигъэIэпыкъуурэ щэху цIыкIуу телефоным бгъэдыхьэри, ерагъкIэ псэлъащ.

– СынодаIуэ, – къэIуащ цIыхухъу макъ.

– КхъыIэ, Ленэ къысхуеджэ.

– Ленэ гъуэлъыжащ, жеижащ.

– СынолъэIу, къысхуэгъэуш.

Гузэвэгъуэ зимыIэ цIыху жэщыбгым къызэремыджэнум щыгъуазэ икIи къыхуей псоми яхуэгумащIэ дохутыр псэ щабэр псынщIэ дыдэу телефоным къекIуэлIащ, тIэкIуи щтэIэщтаблэу.

– СынодаIуэ. Хэт ар?

– Юланэщ ар, Ленэ. СыпщоукIытэ икIи сыпщосхь, ауэ сыIэмалыншэщ...

– Псори гурыIуэгъуэщ, си дахэ цIыкIу. Пщэдеи нэзмыгъэсу, ухуеймэ, ныжэбэ сынэкIуэнщ.

– Хьэуэ, апхуэдэу хъунукъым, си псэр зышхын. Пщэдеи укъызэрыкIуэнур «сыдохутырщи, сеплъынущ» жыпIэукъым. «Си ныбжьэгъущ е си благъэщ, сыщIэупщIэну сыкъэкIуащ» яжеIэ. Армыхъумэ...

– АтIэ, атIэ, къызгурыIуащ, си губзыгъэ цIыкIу. Нэху зэрыщу, сынэкIуэнщ...

Азэмэт нэху къекIыу и щхьэгъусэм деж щыкIуам, Ленэ абы егугъупэу еплъауэ, иджы зэреIэзэ щIыкIэр зэрыт тхылъыр щIиджыкIырт.

«ЩIыхь зиIэ дохутыр» цIэ лъапIэр зезыхьэ, Къэбэрдей псом къыщацIыху Ленэ и пащхьэм лъапэпцIийуэ къиуват Юланэ нэбгъузкIэ фIэкIа къемыплъа унафэщIри. Адрей ермэлы цIыхубзыр гуфIэ хуэдэт мо цIэрэ щхьэрэ зиIэ дохутыр Iэзэр чэнджэщэгъу къыхуэхъуну арэзы зэрыхъуам щхьэкIэ. ЕджапIэр къиухагъащIэти, и IэщIагъэм иджыри хуэIэкIуэлъакIуэ хъуатэкъым ар, ауэ абыи лъэкI къимыгъанэу зыкъригъэлIалIэрт сымаджэм. Ауэ ар жыжьэуи Ленэтэкъым.

КъызыкIэлъыкIуа сымаджэм щхьэкIэ гурыщхъуэншэу псалъэри, Ленэ хуит хъуащ Юланэ дяпэкIэ еIэзэн зэрыхуей щIыкIэр иубзыхуну. Псори щIэрыщIэу зэрихъуэкIри, хущхъуэгъуэ нэхъ хуэхъунухэр итхщ, кIэщI-кIэщIурэ къэкIуэну къигъэгугъэщ, къыкIэлъыщIэкIа Азэмэти щэху цIыкIуу «адыдыд мыгъуэ, уагъэунэхъужырти...» къыжриIэри, Ленэ ежьэжащ.

Абдей къыщыдигъазэри, Юланэ и нэхэр къэплъэжащ, и нэкIум лъы къыщIэлъэдэжу хуежьащ, и лъэр къыщIэувэжри, пIэм къикIащ. Имыгъэгужьейуэ, щабэу, ауэ зэрифIэщри къыгуригъаIуэу Ленэ Юланэ къыжриIащ хуабжьу зыхуэсакъыжын зэрыхуейр, и Iэпкълъэпкъ къэпсэужар иджыри зэрытIасхъэр. Ар дыдэр, нэгъуэщI гуэрхэри щIыгъужу, дохутырхэми яжриIащ Ленэ. «Унафэ къытхуещI» жиIэу отделенэм и унафэщIым зигъэубэлэцами, абы щхьэкIи зыри къигъэнакъым...

Даурэ мыхъуами, Юланэ и узыр щхьэщыкIри, къызэфIэувэжат, Азэмэти и нэм дуней илъагъужат. Иджы зы тхьэмахуэ закъуэ щIэлъыжмэ, гуфIэу къыщIишыжынут...

* * *

Сымаджэщ пщIантIэм дэт тетIысхьэпIэхэм ящыщ зым Азэмэт и адэ Мэжидрэ абы и шынэхъыщIэ МутIалибрэ щызопсалъэ:

– Дауэ къыпщыхъурэ мы тхьэмыщкIэм и узыр? – йоупщI Мэжид и шынэхъыщIэм.

– Тхьэм гущIэгъу къыхуищI, уэлэхьи, хьэлъэм.

– Алыхьым и къарур инщ, ауэ, уэлэхьи, сэ абы...

– Хьэуэ, хьэуэ, Мэжид, апхуэдэу жумыIэ.

– Зыгуэр къэхъумэ, мы щIалэм ди напэр тримыхащэрэт...

– Апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ? – Тхьэм жиIэм, зыри къэхъункъым. Нобэ тIэкIу нэхъыфIщ.

– Дауэ мыхъуми, тIэкIу еущие. ЖеIэ Алыхь Iэмырым зэрыфIэмыкIынур. СлIо пщIэфынур? И анэ лIакъэ, и бын лIакъэ? Адрей ди

лIа къомыр ищIэжыркъэ? Чэниуат мыгъуэр-щэ, зы бын къыщIэмыну? Псори зэры-Алыхь Iэмырыр, мы дунеишхуэм ауэ зы мэскъал абы и Iизыныншэу... – ар щыжиIэ дыдэм ирихьэлIэу, а тIур зи щIагъ щызэпсалъэ жыгыжьым къыпыхури псэ зыхэмытыж тхьэмпэ гъуэжьышхуэ, хъыринэ ещIэ хуэдэу щIиупскIэурэ, я пащхьэм къыщетIысэхащ. Мэжид и нэр абы тенауэ къригъэжьар и кIэм нигъэсыжащ. – Аращ, Алыхьырщ псори зи унафэр. Мис, еплъ мы ди пащхьэм къыщетIысэха пщIащэм. Мы жыгыжьыр зэщIэдияуэ щIымахуэм къыхэкIри гъатхэм къыдэгъэгъащ. Бжьыхьэ къытехъуащи, иджы зепхъэхыж. Ар псори Алыхь Iэмырщ.

– Уэлэхьи, Мэжид, сэ нэхърэ нэхъ Iэзэу уепсэлъэфынутэм уэ езыр абы. Сэ моуэ къезджэнщи...

– Хьэуэ. Апхуэдэу Iуэхушхуэ тщIауи къыфIумыгъэщI. Моуэ зыфIумыгъэIуэхуурэ гурыгъаIуэ. Зыщремыгъэгъупщэ: къытхуэгузавэу зэблэкI къомым нэмыщI, зыгуэрхэри къытхущIоплъ...

ЗэшитIым я псалъэмакъым и ужькIэ, МутIалиб Азэмэт зыщIигъури, пщIантIэм дэт я машинэ цIыкIум итIысхьащ.

– Сэри сыкъэмэжэлIащ, уэри мы махуитI-щым, псы уефа фIэкIа, умышхауэ жаIэ. ТIэкIу дегъэдзакъэ дызэгъусэу. Мыбы зыгуэрхэр илъщ.

– Уэлэхьи, МутIалиб, сэ сымышхэфыну, уэ едзакъэ.

– Сэ мы си лъатэ ныкъуэдыкъуэм зыгуэр семыдзакъэу идэнукъым.

– Едзакъэ-тIэ. Сэ сигу хуэкIуэркъым, – жеIэри хутечыркъым мы махуэ зыщыплIым зэфIэту шеипс тIэкIу еIуба мыхъумэ, етIысэхыу дахэ-дахэу мышха Азэмэт.

Абы фIыуэ щыгъуазэ адэ къуэшым мор нэхъри хегъэзыхь. ИтIанэ, сымаджэр щымышхэфкIэ, езыри мышхэну мурад ищIа хуэдэу зэрызыпхагъэIукIари зэхихат МутIалиб.

– Уэлэхьи, сэ укъызэдэIуэнумэ, сышхэну ухуеймэ, зыгуэр укъыздедзэкъэнмэ, – жиIэу къыщыпиубыдыпэм, Азэмэт зы джэд къупщхьэ цIыкIу ишхри, шху стэчан трифыхьыжащ, МутIалиб хуэмыIэзэ дыдэурэ къыжриIэ ущие гуэрхэми пидзыж щымыIэурэ щIэдэIуащ.

Сыт щыгъуи игу илъ сымаджэм деж щIыхьэну Азэмэт къыщежьэжым, МутIалиб абы къелъэIуащ и къэкIуэжыгъуэ хъуауэ Москва щыIэ и къуэ нэхъыжьым деж телефонкIэ псэлъэну, икIи мыхэр жриIэну: «Уи Iуэху зэфIэкIамэ, зыкъыумыгъэгувэ, Юланэ нэхъ хьэлъэ хъуащ. Мыбы щамыгъуэт хущхъуэхэм щыщ къыхуэхь».

МутIалиб ибзыщIын и гугъар Азэмэт къыгурыIуат. Юланэ тешынухьырти, арат и къуэм хъыбар иригъэщIэн хуейуэ къыщIилъытар. Дауи, узыгъэгуфIэн лъэпкъ щыIэтэкъым, ауэ итIани, дыгъуаси вэсэмахуи нэхърэ Азэмэт нобэ и гур нэхъ игъэфIырт. ЦIыхури зэхэтт, дохутырхэри етIысэхыртэкъым. СыхьэткIэрэ мыхъуу, дакъикъэ зырызурэ Азэмэт къыпибжыкIа, угъурсызу ибж сентябрым ищ махуэри, къыкIэлъыкIуэри блэкIакIэт.

НэхъапэкIэ илъэгъуа пщIыхьэпIэ зэмыфэгъухэм хэщыпыхьыжурэ нэхъ фIэIейхэр зыщигъэгъупщэжырти, гугъэ гуэр нэхъ къезытхэр Азэмэт и псэм щигъафIэрт. Ауэ зи къыхуэщIэжыртэкъым и бынищми Юлани и пщэм зыкъыкIэращIауэ къызыкIуэцIрысыкIа псышхуэр къабзэу щытарэ утхъуарэ, Iуфэм Iулъа мывэшхуэм къэса нэужь къыхэкIахэт, хьэмэрэ?.. ИтIани зыщIэнэкIэжырт Азэмэт: сыт а псоми къикIыр, псым ихьыр шхийм йопхъуэ армыхъумэ? ПщIыхьэпIэр пщIыхьэпIэщ.

Азэмэт я унэм нэхърэ нэхъ пэгъунэгъу редакцэм кIуащ, лэжьапIэм зэ яхэплъэу, и адэ къуэшым и лъэIур игъэзэщIэну, абы кърита телефонымкIэ Москва псэлъэну. Къызэралъагъуу, псори къызэхуэсащ. Езы редактор дыдэри, зыгуэрым жриIа хъунти, къыщIыхьэри сымаджэм къыщIэупщIащ, «зыгуэркIэ сэбэп дыхъуфынумэ, укъытщымысхь, лэжьыгъэм щхьэкIи умыгузавэ...» къыжриIащ. И лэжьэгъухэр къызэрыхуэгузавэр зы лъэныкъуэкIэ гуапэ къыщыхъу щхьэкIэ, и сымаджэр зэрафIэхьэлъэр къыгурыIуэрти, Азэмэт гужьейрт. КъызэрыщIэкIымкIэ, редакторыр епсэлъат Юланэ зыщIэлъ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм, ауэ «Дэ тлъэкI къэдгъанэркъым. ПыухыкIауэ зыри бжесIэфынукъым. Хуабжьу хьэлъэщ», – жиIа мыхъумэ, узыгъэгуфIэн лъэпкъ къыжьэдэкIатэкъым.

ЦIыхухэр зэбгрыкIыжа нэужь, Азэмэт Москва нэхъ щIэхыIуэу «кърату» щIэлъэIури, езым и цIэкIэ къэкIуауэ и стIолым телъ письмор зэтричащ. Зыхуей дыдэ письмот, ауэ абы зригъэлIэлIэну зэмани гукъыдэжи иджыпсту иIэтэкъым. Зэжьэ телефоным зы сыхьэт хуэдэ пэплъэну къыжраIати, редакцэ Iэуэлъауэм нэхъ пэIэщIэ зищIын, и закъуэ хъууэ и псэ ешам жьыдэхугъуэ тIэкIу иритын мурадкIэ, и пэшым къыгуэт балконым ихьащ. И щхьэр куда хъууэ зыхуейр щыхуэмытхкIэ, гупсысапIэу ар Азэмэт зэриIэр и лэжьэгъухэми ящIэрт. Уеблэмэ, зыгуэр къыхуейуэ къамыгъуэтмэ, балконым къыщалъыхъуэрт.

Ещанэ къатым и лъабжьэкIэ пIащIэу, щхьэхынэу, дыхьэшхыу, губжьауэ, чэфу, хъуанэу... щызэблэкI цIыхухэм яхоплъэ Азэмэт. Сыт хуэдэу щымытми, ахэр насыпыфIэу къелъытэ. Абыхэм сымаджэ гурыгъу яIэкъым, гъащIэмрэ ажалымрэ зэпаубыдауэ щIызэпекъу псэ гужьея тхьэмыщкIэ къакIэлъыджэркъым. Абыхэм ящIэртэкъым «къоджэм уигъэжейркъым» жыхуаIэр. Адрей псори зырикIщ. Уи жьэгу удыхьэжу уи бынунагъуэм гузэвэгъуэншэу уахэсыжыныр аракъэ дунейм щынэхъыщхьэр? Гукъеуэншэу нэху къыптещхьэу, пщэдджыжьым упIащIэу лэжьакIуэ укIуэн, пщыхьэщхьэм угуфIэу унэм укIуэжын – абы нэхърэ нэхъ насып ин зэрыщымыIэр иджыт Азэмэт псэкIэ щызыхищIар.

* * *

Махуэ еханэ хъуат Юланэ узым зэрыриудыжрэ. Благъэри гъунэгъури зэхэтт. Къуажэхэм къикIахэри арат – зы гупыр кIуэжым, адрейр къакIуэрт. Дохутырхэри етIысэх ямыIэу зэблэкIырт. Сымаджэ хьэлъэ Iэджи ягъэхъужат, мащIи яIэщIэлIатэкъым абыхэм, ауэ мыр зыми емыщхь хуэдэ хъуат. Зи псэугъуэт, сабий цIынэ иIэт, щытхъу хужаIэрт, куэд хуэгузавэрт.

Ефэ-ешхи имыIэжрэ жейри фIэкIуэдауэ ирихьэкIа махуитхум Азэмэт куэд зэригъэзэхуат. И псэр къигъаскIэу зытегузэвыхьа сентябрым и ещанэ махуэм къикIыу еплIанэми, етхуанэми къыщелакIэ, еханэм Юланэ тIэкIу нэхъыфI къэхъуауэ и нэгум мащIэу щызэлъыIуихакIэ, Алыхьым гущIэгъу къахуищIауэ къыщыхъурт Азэмэт. ИтIани, езым и нэгу къыщIигъэхьэну зыхуэмей хьэдагъэм пэплъэу цIыху къомри зэхэт хуэдэу къыфIэщIырти, ахэр зэбгрыкIыжмэ, нэхъ къищтэрт. Дыгъуаси вэсэмахуи игу къэкIат ар, ауэ зыри яжриIэфатэкъым, ауэ нобэ яхэувэри, гугъу зэрызрагъэхьым, зэрыгузавэм щхьэкIэ фIыщIэ яхуищIащ. Абы и ужькIэ елъэIущ, къыхуэзымыдэхэми нэхъ ятрикъузэри, цIыхухэр

зэбгригъэкIыжащ. Къэна закъуэтIакъуэр зэхэтт, я псэм къыжраIэр я жьэм къахужьэдэмыгъэкIыу, я Iупэр зэтекъузауэ.

Азэмэт и гур фIы нэхъ къищIат, япэ махуэхэм хуэдэу, Юланэ зыгуэрхэр къиIущэщурэ и нитIыр тедияуэ бжащхьэ унэ плIанэпэмкIэ нобэ зэрымыплъэжым. Иджы ар Азэмэт тегужьеикIауэ щытыжтэкъым, и нэри къытриубыдэжыртэкъым. Ахэр фIым хуэзыхьу зи псэр нэхъ тесабыра Азэмэт хузэхэщIыкIыртэкъым сымаджэр а щытыкIэм хуэзышар.

Къызэлауэ и гугъа узым къызэрытригъэзэжрэ, Юланэ зэпымычу зэгупсысыр лIэныгъэрт. Ажалыр гъуэрыгъуапщкIуэ къыдэджэгуауэ, псэхэхыр къыдэгушыIауэ къыфIэщIырт. Мызэ-мытIэу абы и Iупэм къэсат и гугъэр гъащIэм зэрыхихыжар жиIэну. Ауэ ар и жьэм къыхужьэдэгъэкIыртэкъым. Мазэ хуэдэ ипэкIэ щыхьэлъами игу къэкIат уэсят хуэдэ гуэрхэр жиIэжыну. Ауэ зишыIат икIи щыгуфIыкIыжат абы, «уэсят къэсщIыж пэтащ», жиIэурэ ауан зищIыжырт, нэхъыфI къыщыхъужам. Иджы Iуэхур нэгъуэщI хуэдэу къыфIэщIырт, ауэ итIани зыри жиIэфыртэкъым. Гупсысэрт, гупсысэрт, щIигъэнауэ...

... Хэт мыгъуэ къызыхуэнэнур си сабий цIынэр? Хэт? Хэт? Хэт мыгъуэ? Укъэслъху мыгъуэри узгъэунэхъуащ, си тхьэмыщкIэ цIыкIу мыгъуэ. Адрей сабийныкъуэпIищми къолыжу урикъунти, си Азэмэт тхьэмыщкIэ, быдзафэр хэмытами. Сыту Iейуэ къыптепсыхэжа! Сыт си Iэмал? Сыпэлъэщыркъым уз бзаджэм. Ажал гущIэгъуншэр гъунэгъу къохъу. Бжаблэм теса псэхэхыр къехри си пIэ лъапэм къытетIысхьащ. Арауэ пIэрэт сыкъыщIигъэщIар, быниплIыр зеиншэ сщIыну? Хэту пIэрэ зригъэпIынур? Хэт и Iэу пIэрэ си сабий ныкъуэпIым къахэIэбэнур? Щабэу пIэрэ? ЩIыIэу пIэрэ? Быдзышэ къабзэ ефа гуэру тхьэм къыщIигъэкI. Хэт хуеин апхуэдэ къалэни, къимылъхуауэ быниплI ипIыну? Азэмэт дыщэ дыдэуи щIыи, ар къалэнышхуэIуэщ. Дэнэ кIуэн къимышэжу? Сыт и Iэмал? Хэту пIэрэ? Нэхъ дахэу пIэрэ? Нэхъ щIалэу пIэрэ? Сэр нэхърэ нэхъыфIу илъагъуну?.. А сигу къэкIахэр Азэмэт жесIамэ мынэхъыфIу пIэрэт?..

А махуэм Юланэ иIэ хъуа щытыкIэр Азэмэт Iэджэу зэригъэзахуэрт. Зэм фIым хуихьырт, зэми зыри къыгурыIуэжыртэкъым. НэхъыфI къэхъуащ, нэхъ нэщхъыфIэ хуэдэу щытщ, итIани ар Азэмэт къыхуэгуфIэжыркъым, хамэм хуэдэу къыхуэхъуащ. Азэмэт имеижу игъэуври, абы егупсысым-егупсысурэ, хамэ дыдэ къыщыхъужат. Уеблэмэ, езыр лIэуэ и щхьэгъусэм къишэжынум хузэгуэп, ефыгъуэ хуэдэт.

Е цIыхупсэ тхьэмыщкIэ, сыту куэд зэбгъэзахуэрэ! Узэрынэрымылъагъум хуэдэу, удимыIэххами, ущымыIэххами мынэхъыфIу пIэрэт? ИтIанэ дысытыт? Мы дунеишхуэр зыхьэжу щIэзыгъэпщыж, псоми егъэлеяуэ фIыуэ тлъагъу ди псэр щыIэнутэкъым, диIэнутэкъым. Ауэ сытми лъакъуитIкIэ къэзыкIухь псэущхьэ дахэу дунейм дытетынут. НэхъыфIу пIэрэт-тIэ, псэ димыIэрэ ери фIыри дымыщIэу щытамэ? Хьэуэ. НэхъыфIтэкъым. А ди псэ тхьэмыщкIэм фIэфIыр дгъуэтамэ, ара хъунт нэхъыфIыр. Куэди хъуртэкъым ар. Юлани и хъуэпсапIэ псори зэрыхъур зытIэкIут: и щхьэгъусэр къыщхьэщыту, и быниплIыр ипIыжыну. НэгъуэщI мыхъуми, и сабий цIынэм быдзышэкIэ зигъэнщIу ерэ фIырэ зэхищIыкIыху тIэкIу...

Апхуэдизу щхьэ лъапIэ икIи пуд мы ди гъащIэ кIэщI тIэкIур? ДемылъэIуу къыдиту, дыгъуэгыу тIихыжу. ГъащIэ: IэфIщи, дыкъегъапцIэ – дрикъуркъым. КIэщIщи, дегъэгуIэ – тхурикъуркъым.

А жэщым Юланэ къыбгъэдэнар и адэ къуэшым ипхъу Розэт. Езырт абы щIэлъэIуар, армыхъумэ лэжьапIэри унагъуэри зэдэзыхь цIыхубзым ар икIи къылъысыртэкъым. ЯпэкIэ, нэгъуэщI зы жэщи лъысат абы а къалэн мытыншыр.

Розэ зэрыгумызагъэм, гулъытэ зэриIэм, зэрымыщхьэхым фIыуэ щыгъуазэ Азэмэти нэхъ къыщтэрт ар сымаджэм зэрыкIэлъыплъыр. ИтIани, езыри сымаджэщым къэнащ, унэм къэкIуэжын и псэм къыхуимыдэу.

ЦIыху Iэуэлъауэри дохутыр зэхэзекIуэри увыIэри, сымаджэщыр щэху хъужат. Юланэ зыщIэлъ пэшым зэзэмызэ къыщIэIукI щэIу макъым фIэкIа бжьыхьэпэ жэщ уфар зыгъэпIейтей щымыIэж пфIэщIыртт. Унэм мыкIуэжми, зыщIыпIэ зыщригъэщIу тIэкIу жеину къыжезыIахэми емыдаIуэу, Азэмэт сымаджэщ пщIантIэшхуэм къыдыхьауэ жыг щIагъыр зэхекIухь. Гупсысэ, гупсысэ мыухыж. Гугъэ, гукъэкIыж зэмыфэгъу... Сыту куэди хъурэ!.. Зэбгрож, зэхуосыж. Зым хэту адрейм хохьэ. Ар кIэлъыпхъуэурэ IэщIохужри нэгъуэщI къеубыд. Абы ирешажьэри, илъэс IэджэкIэ икIуэтыжауэ мэпсэу: зэм мэгуфIэ, зэм мэгубжь, ищIэжыркъым хущIыхьэу, Iуэхуншэу псэуауэ.

Ауэрэ игу къокIыж Юланэ щIыгъууи езым и закъуэуи къыщикIухьа щIыпIэхэр, зыгъэпсэхуакIуэ здэщыIахэр, тенджыз Iуфэр. Сыту фIэфIт Юланэ Азэмэт щIыгъуу зигъэпсэхуну, сыту и жагъуэт ар и закъуэ иутIыпщIэнуи! Фыз псори арауэ къыщIэкIынщ, ауэ Юланэ псом ялеиж хуэдэт. «Хъури бзыри зэхэкIутауэ мазэкIэ ущыщыIэкIэ...» – жиIэрти, абы щытепсэлъыхькIэ и нэщхъыр мащIэу зэхиукIэнт, итIанэ «сщыгъупщэжаи, уэ уапхуэдэкъым, Азэмэт» жиIэнти, къыпыгуфIыкIыжынт. Дауэ хъуми, Юланэ цIыхубз гурыщхъуэщIхэм ящыщкъым жыпIэ хъунутэкъым. ЗызыщимыгъэнщIу, щIэкIам къыщIэмыхьэжын фIэщIу фIыуэ илъагъу и щхьэгъусэм тегужьеикIауэ псэурт, ар зыгуэрым трихыну къещэ нэхъей.



* * *

Зэрыжея сыхьэтыпэм Азэмэт пщIыхьэпIэ хьэлъэ гуэрхэм яIыгъащ: псы къиуа шынагъуэ; илъэс Iэджэ и пэкIэ дыгъуэжьым ятхьэла и хьэ «УэкIэ» и къугъ макъ; Юланэ къыщимышэм зыдэгушыIэу щыта Розэ; и закъуэу Сэрэджыкъуэ бдзэжьеящэ кIуауэ, жэщ къытехъуэу, мэзым щIэгъуэщыхьауэ зэрыщытар; илъэситI и пэIуэкIэ дунейм ехыжа Даур Кушмэз наIуэ дыдэу къепсалъэу...

А къомыр щызэхэджа пщIыхьэпIэр зыхуихьынур ищIэртэкъым Азэмэт. Ар икIи пщIыхьэпIэ хуэдэтэкъым. Гузэвэгъуэ зытелъ псэм кърихуэкI щхьэм Iэджи щызэблэкIыртт.

Хилъэфэжрэ тIэкIу жеямэ, арат. Пщэдджыжь ар Урыху Iэзэм кIуэну мурад ищIат. МахуитI и пэкIэ абы деж щыIат Юланэ и шыпхъу нэхъыщIэр. Игу фIы къыхуищIат. Махуэ зытIущ дэкIмэ, къытевгъазэ къажриIауэ, нэху къекIмэ, кIуэну арат. Апхуэдэхэм зезымыгъэлIэлIащэ Азэмэти, гузэвэгъуэм ирихулIауэ, иджы щэху цIыкIуу абыхэм ягъусэу кIуэну арат.

Сыт ищIэнур, жеифыркъым. Зэпымычу кIэрымыкI Кушмэз гуэрым теухуа гупсысэхэм яубыдыжащ. «Сэ сылIэм, уэращ япэу гъынур, си шыпхъу цIыкIу...» – жиIэрт Кушмэз, тIэкIу ефауэ гукъыдэж иIэу

Юланэхэ къыщыкӀуэкӀэ. Пэж дыдэуи, Юланэ ар игъеят, и анэ къилъхуа шыпхъу иӀами зэрыхуэгуӀэнум хуэдэу. Дауи, къыжриӀахэр игу къэкӀыжат.

Сыту гъэщӀэгъуэну дунейм тета а лӀыр! Куэд къызэримыгъэщӀэнур ищӀэж хуэдэ, и махуэхэр зэщигуэу псэурт. Илъэс плӀыщӀрэ ирэ. ЛӀыпӀэ иува къудейт. Сыту куэдми къыщыщӀидза, куэди зэхуигъэхъуа! Апхуэдиз къаруи дэнэ кърихрэт а лӀы къуэгъу есым? Акъыл жани иӀэт, щӀэныгъэр натӀэ хуэхъуамэ, цӀэрыӀуэ ирихъунт жыуигъэӀэу. Кушмэз псэлъэрейтэкъым, ауэ къалъыхъуэм хуэдэ псэлъэгъут. Гуп хэтыкӀэ дахэ зиӀэ цӀыху гушыӀэрейт. ПащӀэ дахи теттэкъым, ибг ишауи кӀыхьышхуэтэкъым, адыгэу умыщӀэнуи сырыхуфэт, ауэ цӀыхубзхэм фӀыуэ ялъагъуурт. Зэ ӀуплъэгъуэкӀэ къызэзымыпэсу зызыщӀа я нэхъ тхьэӀухудри, узэплъэкӀыжамэ, «Кушмэз, Кушмэз» жаӀэу и ужь иту къигъанэрт.

Ар Алыхьым къызыхуигъэщӀар цӀыху фӀыуэ илъагъунрэ езыри фӀыуэ къалъагъуну ара хуэдэт. Уи ныбжьэгъу щӀалэ гуэрым ебгъэцӀыхуамэ, уэ лей ухъужырти, езы тӀур къызэхуэнэжырт. Азэмэт зыкъомкӀэ ехъуапсэрт Кушмэз и хьэлым. Абы псалъэ лей иӀэтэкъым, ауэ сыт щыгъуи хэти жриӀэн къигъуэтыфырт. Азэмэти «жьэмей» хужыпӀэ хъунутэкъым, уеблэмэ къызэрыкӀыу щрихьэжьи щыӀэт. Лей жиӀауэ къилъытэжу, кӀуэцӀкӀэ щызэныкъуэкъужри мащӀэрэтэкъым. Ауэ, итӀани, япэу псэлъэгъу къыхуэхъуам е зи хьэл-щэнкӀэ и мыгъунэгъу цӀыхум жриӀэн имыгъуэтыжу къанэрт. Псом хуэмыдэу, цӀыхубз зыхэс гуп хэхуа иужь, цӀыху зэшыгъуэу фэ къытеуэрт. Апхуэдэхэм деж «уи насыпщ уэ, Кушмэз, псоми бзэ къахубогъуэт...» щыжиӀэ щыӀэт Азэмэт. Ауэ мобы ар къыхуидэртэкъым: «Хьэуэ, уэращ зи насыпыр. Сэ си къэвэбжэ зэӀухащи, сызыхуэзэ гупым сахозэрыхьыж. Уэ, уи къэвэбжэ зэӀуумыхыу, гупым уахокӀыжри уи унэ уокӀуэж. Сэ жьэкӀэ сыпсалъэмэ, уэ псэкӀэщ».

Пэж гуэри хэлъ хуэдэт Кушмэз и псалъэм. Ныбжьэгъуи гупи фӀэфӀ щхьэкӀэ, Азэмэт абыхэм зэман лей ятригъэкӀуэдэну хуейтэкъым. Апхуэдэ гъащӀэм ар икӀи хуэщӀатэкъым. И лэжьыгъэри арат. Кушмэз нэгъуэщӀт. Зауэм къызэрикӀыжрэ ар зыхэт хабзэхъумэхэм хьэлкӀи дунейтетыкӀэкӀи абы нэхъ хуэмыкӀуи дэнэ къипхын жыпӀэнт, ауэ нэхъ дахэу хэзагъи уигъэлъыхъуэнт. Зи лъэбакъуэм щыщтэжу, псори зым ещакӀуэрэ езыхэри зэщэкӀуэж пфӀэщӀу зыхэт и лэжьэгъухэм я нэхъыжьи я нэхъыщӀи ягурыӀуэрт. Къулыкъури, гушыӀэри, ауанри, фадэри зэхигъэзэрыхьыфырт абы, губгъэни къыхэмыкӀыу. Уеблэмэ нэхъ Ӏуэху зэхэзэрыхьа дыдэ къыщыкъуэкӀкӀэ, Кушмэз щыхурагъэкӀуэтэкӀыр Ӏэджэрэт. Хьарзынэуи зэпкърихыжырт. Дыгъужьри мымэжалӀэу, мэлми хэмыщӀу жыхуаӀэм хуэдэу иригъэкӀуэкӀыфырт.

Зауэ нэужь зэману нартыхудэчт. Фызхэм гуфӀакӀэкӀэ зэ пщэфӀыгъуэ къахьамэ, илъэс бжыгъэкӀэ ягъэтӀысырт. Милицэхэр колхозхэм тӀуащӀэу трагуэшат. Деикъуэ щыщ фызыжь тхьэмыщкӀэ хаубыдыкӀри ягъэтӀысат, нартыху пэгун щхьэкӀэ. Ар зыубыдар щытхъу хуейт. Кушмэз ар ауан ищӀащ, лэжьэкӀэмыщӀи фӀищащ. Псалъэмакъ зэрыгъэхъури, Ӏуэхуи ящӀащ.

– Дэ дыгъуэр дубыдащ, уэ уи нэр буфӀыцӀри блэбгъэкӀащ, – къыжриӀащ зи нэм къытрихьа милицэ гуэрым.

– Хьэуэ, уэ къуагъым укъуэсурэ бгъэдыгъуэри бубыдыжащ. Псори

дыгъуащ, зы бубыдащ. Сэ къуагъым сыкъуэмысу езы нартыхудэчхэм сахэтащ, си дамэтелъри ялъагъуу. Зыри згъэдыгъуакъым икIи субыдакъым.

Ар я министр дыдэм деж нэсри, Кушмэз фIыщIэ къыхуищIауэ щытащ.

Зи Iыхьлы, къуэш-шыпхъу лъэIуакIуэ къызыхуэкIуэхэм Кушмэз къелъэIуж яхэтт, хэIущIыIу мыхъущэу зыгуэркIэ ядэIэпыкъуну. Я министрым и къуэдзэм и адэр къуажэм къикIри къэкIуат жаIэ, унэм трилъхьэн кхъуэщын щхьэкIэ и къуэр зыгуэрым иригъэлъэIунуи, Кушмэз деж къиутIыпщащ. И лъэIури зэфIигъэкIщ, зы бжьи иригъафэри, машинэкIи иригъэшэжат. «А си къуэ хьэтырыншэжьым и пIэкIэ уэ абы и къулыкъум уIутащэрэт» жызыIэу ежьэжа адэм и псалъэри хахьэжауэ иридыхьэшххэрт.

Зыбгъэдэт IэнатIэми щелеекIыж щыIэщ жыпIэу, Кушмэз Iуэхутхьэбзэ щIэным зригъэлIалIэрт. Абы и стIолым сыт щыгъуи телът тIууэ уплIэнщIа тхылъымпIэ напэ. И щIыIу лъэныкъуэмкIэ тетхат и лэжьапIэ IуэхукIэ зэфIигъэкIын хуейхэр, къызэбгъэдзэкIмэ – къелъэIуахэм яхуищIэн хуей Iуэхутхьэбзэхэр.

Апхуэдэт ар Азэмэт зэрицIыхурэ. НыбжькIэ зэрызэщхьэщыкI илъэс зыбгъупщIри зэран къахуэмыхъуу, а тIур зыгъэшкIэу зэныбжьэгъум хуэдэт. «Кушмэзрэ Азэмэтрэ» жаIэу дэни къыщацIыхурт, езыхэри зэкIэрыкIыртэкъым. Абы къищынэмыщIауэ, ахэр икIи зэблагъэт. Кушмэз и щхьэгъусэм и дэлъху нэхъыжьым ипхъут Юланэ. АбыкIэ зэмалъхъэгъу хъурт. НэгъуэщI лъэныкъуэкIи, Кушмэз и адэмрэ Юланэ и анэмрэ зэIыхьлыти, Азэмэт абы малъхъэ хуэхъурт. Арати, «зэм си малъхъэгъущ, зэми си малъхъэщ» жиIэрт Кушмэз Азэмэт щхьэкIэ. «Фызым сэрэ ди Iугъуэ щызэдикIым деж, дызэмалъхъэгъущ, Iуэхур зэIыхьэмэ, узималъхъэщ», – жиIэрт, щифIэщри щыгушыIэри пхузэхэмыхуу. Азэмэти, фи унагъуэр дауэ щыт жиIэртэкъым, «нобэ дызэмалъхъэгъу, хьэмэрэ срыуималъхъэ?» мыхъумэ.

Зы бжьэ зэдефа нэужь, Кушмэз къызэрыкIырти, Iэджэ жиIэрт: «Дэ дызыхэт милицэри дэри дызэщхьщ, дызыхэкIуэдэжынури arащ. Хьэжмусэ мыгъуэр псэуху дамэтелъыр зытрихакъым, лIа иужь къызэмыдаIуэу, ар зэрытелъу щIалъхьащ, чыристан хабзэ ящIри. Аращ дэ ди Iуэхур. Уэ унэгъуэщIщ: уи плъапIэр жыжьэщ, уи Iуэхур къабзэщ. Си адэ дыдэм уэ нэхъ игу урихьырт. А тхылъ цIыкIу зытIущымкIэ укъэмыувыIэу тхэ. Аращ къэнэжынур...» Езы Кушмэз щызыщымысхьыжым дежи, ар Азэмэт къыщысхьырти, гуп гугъу, цIыху хьэлъэ хуигъазэртэкъым, зэман лей зэрыфIимыгъэкIуэдыным, и унагъуэр зэрыбыдэным хущIэкъурт. Ар абы дахэу къегъэзэгъауэ, фэрыщIагъ гуэри хэмылъу ищIыфырт.

Зи дамэтелъым блэмыплъыкIыф, абы хэлъ вагъуэхэр нэпсейуэ зыбжхэм икIи ар зи напщIэ телъхэм ящыщтэкъым Кушмэз. ХъуэпсапIэншэу артэкъым, ауэ нэхъуеиншэтэкъым. Зы мащIэр фIыщIэ ищIыфырт, куэдри гулъытэншэу къыщигъанэ щыIэт абы. Ар Азэмэт фIы дыдэу ицIыхуи хуэдэт, ауэ хузэхэмыщIыкI хьэлхэри къыкъуэкIырт.

Ныбжьэгъугъэ, цIыхугъэ ехьэжьам, абы я Iэпэгъу фадэм, лIыгъэм пыщIауэ зи гъащIэр зыхь, езым хуэдэ гуп зытемыгушхуэнкIэ хъуну Iуэхум езыку зи зэманыгъуэ лIы ехьэжьам и гъащIэм мыпхуэдэ къызэрыхэхуэр дауэт икIи дэнэ дежт ар къыздебгъэзэгъынур?

Зэгуэрым Кушмэз Ростов ягъэкIуат, лэжьыгъэ Iуэху и пщэ дэлъу, тхьэмахуэ пIалъэкIэ. ХьэщIэщым нэсу и пхъуантэр зэригъэуву къыщIэкIри тыкуэнышхуэ гуэрым кIуащ. Зыкъомрэ зыкъиплъыхьри, зылъыхъуэр къыщигъуэтыну къыжраIа щэхуапIэм екIуэлIащ. ЦIыхур зэрыгущIу Iувт, щхьэгъубжэIупхъуэ хъар дахэ ящэу. Сатыр кIыхь щытым кIуэри пыуващ, и фащэм ар къызэремызэгъыщэми емылIалIэу. Майор дамэтелъым къилэжьыфыну фIэлIыкI гуэрми пымылъу, Iэдэб дыдэу сыхьэт хуэдэ хэтауэ, и чэзур къэсащ. ИтIанэ, гъусэ къыхуэхъуауэ и ужь ит цIыхубз щIалэ нэщIэпкIэ цIыкIум зыхуигъэзащ:

– УкъыздэмыIэпыкъуфыну пIэрэ, хъыджэбз, сэ къэсщэхунумкIэ?

– Сыхьэт хъуауэ сызэрадзэу уи ужь ситщи, уэ гулъытэ гуэри къысхуэпщIакъым. Ауэ сэ сыбдэIэпыкъунщ. Мо Iупхъуэ лIэужьыгъуитIым щыщу цIыхубзым ягу нэхъ ирихьыр къэпщIэну ара хъунщ узыхуейри, кхъуакIэ зиIэр къыхэх.

– Хьэуэ, хьэуэ. Сэ щхьэгъубжэIупхъуэ сыхуейкъым.

– АтIэ уи фызым дуфач къыхуэпщэхуну ара мы зэрыукIым апхуэдиз лъандэрэ ущIыхэтыр? – ауанышхуэ хэлъу дыхьэшхащ цIыхубз жьакIуэ цIыкIур. – Ар дэни хуиту щIэлъщ.

Абы хэту тыкуэнтетыр къэджащ:

– КъекIуэталIи, узыхуейр жыIэт, ныбжьэгъу майор.

– Сэ сызыхуейр щхьэцхэщIэщ. Сабий щхьэцхэщIэ, – жеIэ Кушмэз и фIэщыпэу. – ЛIэужьыгъуищ къысхухэх илъэсиплI хъу хъыджэбз цIыкIум игу нэхъ ирихьыну. Ауэ Iэмал имыIэу плъыжь хэлъын хуейщ. Ар ди Фаризэ Азаматовнэ цIыкIу къалэнышхуэ къысщищIащ...



Зыхэт къайгъэм игъэтхьэусыхэ тыкуэнтетхэр нэхъ гугъу дехьащ майорым и щхьэцхэщIэ лентI зэмыфэгъухэр къыхэхыным. Iуэхур зытетыр псынщIэу къызыгурыIуа цIыхубз дахэ цIыкIуми зыхигъэкIуэдакъым. «Зыхуейр зымыщIэж майор хущIыхьэщ ар», – жиIэурэ, Кушмэз къылъыс щхьэгъубжэIупхъуэри къыпригъэчри, езым къищэхуащ. Тыкуэнтетми, «ууейм и закъуэ уи гугъэ апхуэдэр, лIы псори аращ» жиIэурэ къыхузэкIуэцIилъхьэри къиутIыпщыжащ...

* * *

Даур Кушмэз и гъащIэр уэру щытами, кIэщIу къыщIэкIащ. Азэмэт къыщыхъурт сыт и лъэныкъуэкIи зыщымысхьыжа, нэгъуэщI гуэрми хуемыгъэщхь, игъэщIагъуэ пэтми хуэмыух а цIыху телъыджэр зэманым и мафIэ нэрымылъагъум хисхьауэ. «Моуэ зы илъэсищэ и пэкIэ е и ужькIэ дыкъалъхуамэ аратэкъэ», – жиIэрейт Кушмэз. Ауэ абы къикIыр псом дежкIи гурыIуэгъуэу игъэуvауэ арат е нэхъ кууэ хэIэбэну хуэмейрэт – сытми, абы къыфIигъэкIыртэкъым.

ФэрыщIу, щIыкIейуэ псалъэу зи мыхабзэ Кушмэз быдагъэ хэлъу жиIэрт, и пIалъэр къызэрысу, и дамэтелъыр трихыжу и къулыкъум къыIукIыну, абы зэрынэмысынури хьэкъыу ищIэжу. Зэи-тIэуи абы едэIуащ Азэмэт. Ауэ зэгуэрым, а псалъэхэр зейм емыщхьу икIи емыкIуу къыфIэщIыжа е апхуэдэу жригъэIэну хуэмейрэт, сытми, зэрынэхъыжьри щыгъупщэжа хуэдэ, пхъашэу зэпиудат:

– «Узэджэр къокIуэ» жаIэ. А нэхъ Iей дыдэр щхьэ зытепIуэжрэ?!

– Узэмыджари къокIуэ, Азэмэт, гъазэ имыIэу икIи уимыгъэжейуэ.

– Псэр жэрщ. Абы улъэщIыхьэнукъым, ауэ къигупсыс псори щхьэм

егъэфыкIын хуейкъым, Кушмэз. Уи адэр илъэсищэм ебэкъуэху псэуащ. Уи анэр иджыри нысащIэм хуэдэщ. Абы уащхьэпрыкIыжынуми пщIэркъым.

– СощIэ. Апхуэдэ къэхъунукъым, – Кушмэз нэщхъейуэ Азэмэт къыхудэплъейри, «дэнэ щыпщIэр?» жиIэу къызэреупщIынур къищIати, абы хунимыгъэсу езым пищащ. – Зыкъоми щIащ ар, ауэ си гум ихуркъым. Зыхуэсхьынур сымыщIэ унэкIуэцI Iэуэлъауэм емыщхь гуэрым сыкъигъэушащ жэщыбгым. Фызыр къэтэджа сфIэщIа щхьэкIэ, хэлът. КъысхуэмыщIэу сыдаIуэурэ, сызэгуэпри уэздыгъэр щIэзгъэнащ. Хьэл схуэхъуауэ, гуващ сыкIуэжмэ, си шинелыр шыфэнерыбжэ Iухам фIэздзэрт. А пщыхьэщхьэми апхуэдэу сщIат. ЦIыху емыIусэу езыр къыфIэхуауэ, шинелыр унэкум илът. Сыщхьэщыувэри сеплъурэ, а шинелыр теубгъуауэ си хьэдэр абдеж щылъу, си псэр схэкIри къысщхьэщыувэжауэ, ежьэжыну сэлам къызихыжу къысфIэщIащ. Шинелыр здэщылъым къэзгъанэри сыгъуэлъыжащ, дамэтелъым хэлъ вагъуэхэр къыскIэлъыджэ сфIэщIу. Пщэдджыжьым фызым «мыр сыт Iей?» жиIати, си дамэр дэсшеящ. Шхынми сигу хуэмыкIуауэ сыкъыщыщIэкIым, и мыхабзэххэу си пащхьэм къикIэрахъуэри: «КхъыIэ тIэкIу зыхуэсакъыж, ныжэбэ пщIыхьэпIэ гуэрхэр си нэгу щIэкIащи, зыхуэсхьынури сщIэркъым», – жиIащ фызым...

Езыр зэмыджар езым къеджа къыфIэщIат Кушмэз а жэщым. Апхуэдэуи хъуащ. И нэр къызыхуикI пIалъэр – и IэнатIэр кърихьэлIэу къулыкъум къыщыхэкIыжынур – къэсыным илъэситI иримыкъу фIэкIа къыхуэмынэжауэ ар дунейм ехыжащ. ИкIи зэшэзэпIэукъым. Уз бзаджэ нэрымылъагъур и кIуэцIым мазэ зыплIытху ишхыхьа и ужьщ. Нэхъ ягъэупщIыIуи, ягъэундэращхъуэ хуэди ящIат ар мэзкуу дохутырхэм, ауэ ажал узыр Iэмалыншэт икIи гущIэгъуншэт.



Махуэ щIагъуэ дэмыкIыу, уеблэмэ тIэу щыкIэлъыкIуэ щыIэу, Азэмэт абы и щIэупщIакIуэ мыпсэхужт. Гууз защIэу гукъинэж Iэджи дилъэгъуат абы сымаджэм. Ауэ и псэм къедэхэщIэж зы IэфIыгъи щыIэт, джэдыкIэ илъагъуху лIар и нэгу къыщIигъэувэжу. Уз хьэлъэм иIыгъ сымаджэм ерыскъым игу хуэкIуэжыртэкъым. Сытми, зэгуэрым пхъампэкIэ джэдыкIэ ишхыну жиIащ. Азэмэт псынщIэу унэм къэкIуэжри, унагъуэ джэдыкIэ яIэти, хуихьащ. Ауэ сымаджэм хуэшхар зы джэдыкIэ закъуэщ.

Абдеж щригъэжьауэ, Азэмэт езым ищIа пхъампэ цIыкIумкIэ махуэ къэс зы джэдыкIэ и IэкIэ иригъэшхырт, хугу пIастэ тIэкIу щIыгъуу. Кушмэз ар фIэфI хъуауэ, арат и япэ шхыныгъуэр. Уз хьэлъэр къеIэ пэтми, ар гушыIэрт. «Мы Азэмэт мыпхуэдэурэ джэдыкIэкIэ сигъашхэмэ, адакъэм хуэдэу сыIуэнкIэ хъунущ», – жиIэу щIэупщIакIуэхэр игъэдыхьэшхырт.

ДжэдыкIэр щригъэшхкIэ, Кушмэзрэ Азэмэтрэ я закъуэу къызэхуэнэрт. А дакъикъэхэм сымаджэм и узыр нэхъ щхьэщыкI, и псэм зигъэпсэху хуэдэт. Зыгуэрхэр ягу къагъэкIыжурэ, ажалыр къагъапцIэ я гугъэжу, я махуэ блэкIахэм щIэнэкIэжырт. Ауэ иужь махуэхэм джэдыкIи хуэшхыжакъым, гушыIи щыIэжакъым.

А гъатхэпэ мазэм дунейр къигъэушу зиукъуэдийрт, абы сэлам ирихыжу Кушмэз зызэщIикъуэжырт. Сымаджэм зэрынихьэсар къызыгурыIуа Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ сымаджэщ бжэIупэм щызэхэкIыртэкъым. Къэблэгъа ажалым гъазэ зэримыIэр нэхъ пасэу псоми хьэкъ зэращыхъуам ар блэкIам ещхь, зэфIэкIам хуэдэ ищIырт.

Ауэ Кушмэз иджыри псэут. Псэр зыхэкIыурэ щIыIэ хъу Iэпкълъэпкъыр гу узыншэм илъэфырт. КъеIэзэ дохутыр цIыхубз тIорысэр иужь дыдэу къыщеплъыжами арат жиIар: «Си Кушмэз тхьэмыщкIэ, сыту гу лъэщ уиIэт! Уи Iэпкълъэпкъыр лIауэ, гум елъэф».

Кушмэз и лIэкIар и нэгу къыщыщIыхьэжкIэ, Азэмэт и псэр къаскIэрт, Юланэ зыгуэркIэ абы ещхь хъун хуэдэу игу къэкIырти. Хуейтэкъым егупсысыххэнуи, итIани хуемыкъухыу къыфIыдэуейрт. Къэзылъхуаи, къилъхуаи, нэгъуэщI и гъунэгъу цIыху Iэджи щIэзылъхьэжа Азэмэт псом я лейм хуэдэу гуауэ, абыи къыщымынэжу гъэщIэгъуэн къыщыхъуат Кушмэз и лIэныгъэр. Иджы абы щхьэкIэ щэхуу зыхуэшхыдэжырт: «Нэхъ гъэщIэгъуэныж уэзгъэлъагъунщ жиIэу, ЮланэкIэ губгъэн Алыхьым къысхуищIауэ къыщIэмыкIащэрэт...»

А псор зи щхьэм щызэблэкI Азэмэт ундэрэбжьауэ и нэр зэтелъ мыхъумэ, жей лъэпкъ къекIуэртэкъым. Жэщыбг фIэкIащи, жеину зыхегъэзыхьыж. Добжей, къобжых. Йопхъуэри и гупсысэ къэзыжыхьхэр къеубыд, ауэ IэщIолъэтыжри блэкIами, нобэми, къэкIуэнуми я толъкъунхэм яхозэрыхьыж.

ГъащIэр апхуэдизу мыгущIэгъуншэу, моуэ нэхъ къызэрыгуэкIыу, тыншу, Iэдэбу щытамэ, аратэкъэ! СыткIэ дыхуейт адрей лей къом мыгъуэм?

* * *



Гупсысэ хьэлъэхэм къаIэщIэкIыу жейр зэзыгъэпцIа Азэмэт и тхьэкIумэм къоIуэ и псэр зыкъуз макъ хьэлъэ гуэр:

– А, тIасэ. Къэушыт, Азэмэт. Юланэ тхьэмыщкIэр къызэIыхьащ...

Юланэ и цIэр зэрызэхихыу, Азэмэт къаскIэри къызэфIэтIысхьащ. Абы къыщхьэщытт и щыкъу анэр, и нэпсыр и нэхэм къыщIэуврауэ. Юланэ и адэ-анэр а жэщым Азэмэтхэ я деж щыIэти, сымаджэр нэхъ хьэлъэ къыщыхъум, абы бгъэдэс Розэ телефонкIэ псалъэри къигъэтэджыжат. Азэмэт зэрыIурихар ялъагъури къагъэушын щысхьат. КъеIэзэ дохутырри къраджэжат. Дыгъуэпшыхь щыкIуэжым абы къажриIат нэхъ хьэлъэ хъумэ, хъыбар ирагъэщIэну. Дауи, нэхъыфIым щыгугъыжа Азэмэт нэхърэ Юланэ и узыфэм ар нэхъ щыгъуазэт.

И щыкъу анэр и ужь иту Азэмэт Юланэ деж щыщӀэлъадэм щӀэгузэвэн гуэри къэмыхъуауэ, псори зэрыщытауэ, сымаджэм и нэгури нэхъ зэлъыӀуха хуэдэу къыфӀэщӀащ. КъыфӀэщӀауэ арат...

И Ӏупэ зэтекъузахэр гузавэу игъэпӀэжьэжьэху, и пащӀэшхуэр дэхъейуэ, Юланэ и адэр и пӀэм ижыхьат. Мастэмрэ хущхъуэмрэ щымысхьыжа дохутырри сымаджэм и нэгум иплъэу щхьэщыст, адэкӀэ ищӀэнур къыхуэмыгъуэтыж хуэдэ.

Юланэ и нэр Азэмэт къытедиящ. Абы и плъэкӀэм псоми гу лъатащ. Ауэ зыми ищӀэртэкъым а напӀэдэхьеигъуэм абы и нэхэм нэхърэ и гум нэхъыбэ зэрилъагъур: псом япэ къыфӀищырт и щӀалэгъуэм щӀилъхьэжа и пэрылъху сабий Мадинэ цӀыкӀурэ езыр щӀэзылъхьэжыну зыщыгугъа, быдзышэкӀэ зримыгъэгъэнщӀауэ къигъанэ и кӀасэ Албэч тхьэмыщкӀэмрэ.

И нэр напӀэм зэридиихьауэ къанэри, Юланэ и щхьэр ауэ сытми хэпщӀыкӀ къудейуэ игъэщынэуащ. И жэщ гъуэлъэгъу Розэ сымаджэм къыщхьэщыкӀуэтащ – и нэпсыр абы иримыгъэлъагъуну. «Аращ сэ слъэкӀынур зэрыхъур...» – жиӀэу икӀуэтыжам хуэдэу, дохутырыр, и Ӏэр и бгъэм щызэрыдзауэ тэлайкӀэ щытри, хуэмурэ щӀэкӀыжащ.

– Щхьэщыхьэт, Азэмэт, уэра мыгъуэщ абы и нэр...– жиӀащ Юланэ и анэм.

Азэмэт бэкъуэфыртэкъым. Псори я пӀэ ижыхьат. Сымаджэми гу къалъитэри, и Ӏупэр хэпщӀыкӀ къудейуэ пӀэжьэжьащ. Зыри къыжьэдэмыкӀами, Азэмэт зыхищӀащ ар псэкӀэ езым къызэреджэр. ИтӀани хъеифыртэкъым. Псалъэу щыӀэм я нэхъ дыджыр, зыщыщтэ шынагъуэр иджыпсту къихьэсауэ «солӀэ» къыжриӀэнкӀэ шынэрт. Зэрыхьэлъэр илъагъуми, Азэмэт апхуэдэ хуихьыфыртэкъым абы. Зы сыхьэт хуэдэ и пэкӀэ сымаджэр къэгузавэу «солӀапэ мыгъуэ иджы» жиӀэу Розэ къызэрыхудэплъеями щыгъуазэтэкъым.

И щӀыб къыдэт щыкъу анэр Азэмэт и дамэм щабэу къытеӀэбащ. Абы къикӀыр къыгурыӀуауэ, ар сымаджэм гъунэгъу дыдэу бгъэдэтӀысхьащ. И Ӏэ щабэ тӀэкӀум толъэщӀыхь, пӀэ щӀыӀум къытелъ и щхьэц фӀыцӀэ кӀыхьым и нэр тена мыхъумэ, и нэгум иплъэфыркъым, жриӀэн игъуэтыркъым. Юлани аращ. Я нэр зэтехуэмэ, захуэмыӀыгъыжынкӀэ мэшынэ.

Адэ нэс жыжьэу зоплъэкӀыж Азэмэт и нэ гужьеяхэр. Юланэ япэ дыдэу щилъэгъуауэ щытам нос. Щыстудентым нартыхудэч яшауэт ар... Джэгу ящӀати, абы къахилъагъукӀат зи нэ фӀыцӀитӀыр лыд, зи щхьэц Ӏув ухуэнар кӀыхьу едзыха, къафэми яхэмыхьэ хъыджэбз щӀалэ дыдэ къуагъым къахукъуэмыкӀыр. Абы япэ щыӀуплъа дакъикъэм Азэмэт игукӀэ жиӀари щыгъупщэжатэкъым: «Ялыхь, мо тхьэӀухуд шырым си насып хэлъхьэ». Ауани зищӀыжат абы щыгъуэ Азэмэт, хъуапсэнэӀуу зыкъилъытэжри. Ауэ аргуэру щыӀуплъэм, и псэр зылъыхъуэр къызэригъуэтар и фӀэщ хъупащ. Арат ар зыхуейр, а зыр! А зы закъуэрт дунейм тет хъыджэбз псоми ящыщу зыхуейр! Къиша иужькӀи, Азэмэт абы жриӀэжат япэу щилъэгъуам щыгъуэ и псэм зыхищӀар, икӀи еупщӀат:

– Уэ уи псэм жиӀар сытыт япэу сыкъыщыплъэгъуам?

– Сэ си псэми жиӀат: «Ууейм жиӀар Тхьэм къабыл ищӀ!»

– Сэ си псэм жиӀар ууейм дэнэт щищӀэр?

– СщӀэртэкъым жиӀар, ауэ зыгуэр зэрыжиӀар сщӀэрти, абыкӀэ сыарэзыт.

– Ар дауэ?

– Укъысхуеймэ, сыпхуейт, укъысхуэмеймэ – сэри арат.

КъыхуищIат Азэмэт и лъэIур Тхьэм. Зэ Iуплъэгъуэкlэ и псэм дыхьам и насып хилъхьат. Кърита дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэ щхьэгъусэ. Иджы Iихыжыну-тIэ? Апхуэдэу щIэхыуи?! Бынхэр зэдамыпIыжуи?! Гъуэгум и ныкъуи зэдамычауи?! Апхуэдизу зыр зым хуейуэ, зэфIэIэфIу, зызэщамыгъэнщIауэ? Дауэ апхуэдиз зи инагъ насыпыр апхуэдэу кIэщIу зэрыбухынур?! Ар дауэ? Хьэтыр, гущIэгъу, дэчых, нэгъуэщI мыхъуми, пIалъэ гуэр щыIэкъэ?!

Щэхуу зэпсалъэурэ зэрыгъэгужьеижа пситIым Iэджи къагупсысащ, шынагъуэ защIэу. Ауэрэ Азэмэт и гур егъэбыдэри фIымкIэ зегъазэ. И Iуэхур щынэхъ Iей дыдэми, абы кIыфIым къыхилъагъукIыф и хабзэ нэху дэдзыпIэ тIэкIур къелъыхъуэ, «Iейм уемыджэ» зыжриIэжу зыхуошхыдэж. Мэлъыхъуэ и псэр зыщIэбэгым. ГугъапIэу къыхуэнэжа а нэху дэдзыпIэ тIэкIури къилъагъу хуэдэу къыфIощI. Ауэ... дэнэ щыIэ?

ИтIанэ, Азэмэт лIыгъэ зыхелъхьэри, Юланэ и нэгум иплъэурэ щабэу, дэхащIэу жреIэ:

– Умыгужьей, Юланэ. Алыхьым жиIэмэ, ухъужынщ. Япэми а нэхъ ущысымэджам бжесIати ар. Си псэм ещIэ, ухъужынущ.

Зыри жимыIэу, Юланэ и Iупэ тIэкIур мащIэу зэтежащ, гуфIэну къыхуэзымыдэ гуэр адэкIэ и кIуэцIым къыщыпэува хуэдэ. ИтIанэ, езыми зэрылъэкIкIэ зигъэбыдэри, щэху дыдэу жиIащ:

– Сэ си псэми ещIэ, Азэмэт.

– Пэжщ, ухъужынущ, Юланэ. Си псэм ещIэ.

– Сэ си Мадинэ цIыкIу деж сыкIуэжынущ. Уэ Албэч къыпхузогъанэ.

– КхъыIэ, ар жумыIэ, Юланэ. Ухъужынущ. АфIэкIа апхуэдэу жумыIэ.

– Хъунщ, жысIэнкъым афIэкIа зэи. Тхьэм жиIэмэ, сыхъужынщ, – и псалъэр езым ауан ищIыж хуэдэ, Юланэ и Iупэ гуэрыр тIэкIу зэтежри, Азэмэт и Iэм къытелъэщIыхьащ, губзыгъэ дыдэу и нэгум къиплъэурэ.

ГугъапIэ хуэхъу нэху дэдзыпIэ тIэкIури имылъагъужу, Азэмэт и нэр Юланэ и псалъэм къыщипхъуащ. Сымаджэр къыдоIэбейри и щхьэгъусэм и жьэпкъыпэ кумбым йопэщэщ, «бжесIэу щытар пщIэжрэ» жиIэу кърихъэкIыу и щхьэр ещI. ИщIэжым къыщымынэу, зэи щымыгъупщэ жыхуаIэм хуэдэу, Азэмэт игу илът «уи жьэпкъыр кумбщи, фызитI къэпшэнущ» къыжриIэу зэрыщытар.

Юланэ узым къигъэгузавэ пэтми, жьэпкъыпэ кумбыр иутIыпщыртэкъым. Тхьэмахуэ зэхуакум ерыскъы щымыкIуэжу мастэкIэ яIыгъа сымаджэм апхуэдиз къаруи дэнэ кърихат... Жьэпкъ кумбыр быдэу къикъузри Iэр ехуэхыжащ. ИтIанэ и Iупэр пIэжьэжьащ, зыгуэр хужымыIэу. «Гу пщысхуэну мыгъуэкъым бжесIати» – арат Юланэ и иужьрей псалъэр. Ауэ ар Азэмэт зэхихыжакъым.

«Мастэрэ хущхъуэрэкIэ флъэкI къэвгъэнакъым, иджы, хъунумэ, си пхъум и псэм хьэзаб лей тевмылъхьэ» къыжезыIа адэм фIэлIыкIа дохутырми сымаджэм и Iуэху зэрихуэжтэкъым. И пхъум и лъакъуэм телъэщIыхь анэми, нэпсыр ерагъыу зэтриIыгъэурэ псалъэншэу и щхьэр ищIырт, «усIэщIэкIыпэ мыгъуэу пIэрэ?» жиIэу и кIуэцIым игъыхьы-

жу. Рози щхьэгъубжэм бгъэдэтт, макъыншэу зэщыджэу. Мы дунейм щыхузэфӀэкӀыну псори щищӀэну хьэзырт Азэмэт, ауэ иджыпсту абы зыри щылъэмыкӀ дакъикъэт... Азэмэт и щхьэм хузэгъэзэхуэжыртэкъым дэтхэнэ цӀыхуми езым и лӀэкӀэ зэриӀэжыр. Нэхъ бегъымбар лъапӀэ дыдэхэм я хъуэпсапӀэ кӀэух дахэр Алыхьым зыхуиухахэм Юланэ ящыщ зэрыхъури къабыл хуэщӀыртэкъым.

Юланэ и нэгум нэрымылъагъу гуэр къеӀауэ къыщцыхъури, Азэмэт абы и Ӏэм епхъуащ, и цӀэр жиӀэурэ еджащ. Ауэ мор къеплъ мыхъумэ, жэуапыншэт. Аргуэру еджащ. ИӀыгъ и Ӏэр и жьэпкъ кумбым къихьащ, кърригъэпэщэщыну, ауэ зы Ӏэпхъуамби хъеижыртэкъым. Азэмэт иджыри къэс къыгурымыӀуар занщӀэу зыхищӀащ, Ӏэпхъуамбэр щиутӀыпщым, Ӏэри ехуэхыжащ. ИтӀани и фӀэщ хуэщӀыртэкъым. Къызэрепсалъэрэ дэкӀар дакъикъэ бжыгъэщ... Ину мэбауэ... Аргуэру зэ... Ар иужьрей бэуэгъуэт...

Зэхуэпэжу, зэхуэфащэу икӀи зэрыгъэдахэу щыта псэмрэ пкъымрэ Ӏэдэбу, тыншу зэбгъэдэкӀащ. Пкъыр хьэдэ хъуащ, псэр хьэршым лъэтэжащ...

И нэгум щӀэкӀыр и щхьэм хуимыгъэтӀасэу, «Юланэ, Юланэ» жиӀэурэ Азэмэт аргуэру абы йоджэ. Анэ насыпыншэм къурӀэныбзэ къебж. Адэр и пӀэ зэрижыхьащ. Розэ макъкӀэ магъ. Дохутырым и щхьэр иӀыгъыу щӀокӀыж...

– Ар ди нэгу щӀигъэкӀыну Алыхьым къытхуиухат. Сыт мыгъуэр ди Ӏэмал? Арат и натӀэм кърритхар. «Къоджэм уигъэжейркъым» жаӀэ. Ауэ сыту пасэуи гуащӀэуи къыдэджа мыгъуэт, – жиӀэри, и пхъур зэригъэзэхуэжыну адэр щхьэщыхьащ.



* * *

Азэмэт и гупсысэм дуней псор зэригъэзахуэрт: мыракъэ псоми ди натӀэ илъыр? ФӀэкӀыпӀэ зимыӀэ кӀэухыр щхьэ зыщыдгъэгъупщэрэ? Нэхъ цӀыхуфӀу щхьэ дытемытрэ мы дуней хьэхум? ЦӀыхум кърита и гъащӀэ Ӏыхьэр еух, абы и телъыджагъыр игъэщӀэгъуэн хуэмыухыурэ. Псори бгъэщӀэгъуэн защӀэщи, аращ щӀыхуэмыухри. Щхьэ сыкъигъэщӀа? Сыт сыщӀэпсэур? Сыт хуэдэ къалэн дунейм щызиӀэр? Сыт къытезнэнур сызытекӀыжым? Сыт зыдэсхьынур сыздэкӀуэм? Си ужькӀэ сыт къысхужаӀэнур? Зэрыкуэдыщэ упщӀэхэр! Хэт иритыфын а псом жэуап? Зи акъылым батэр игъэш цӀыху Ӏэджи лӀэжащ, я упщӀэхэр нэхъыбэжрэ жэуапыншэу къанэу...

Сыту Ӏуэхушхуэ мы лӀэныгъэр! Ар псоми къызэрытхуиухаракъым гузэвэгъуэр. Уеблэмэ ар захуагъэщ. ЦӀыху мин къэс зы нэхъ мыхъуми мылӀэжу къэнэну щытамэ, я щхьэр къызэрекъутэхыжынти! Ӏуэхур улӀа нэужь цӀыхум къыпхужаӀэнурщ. Абы зэпашэчынущ узытекӀыж дунейм фӀыуи Ӏейуи щыблэжьар. «СылӀа нэужь хэт сыт хуейми жрыреӀэ» жызыӀэм и щхьэр къигъэпцӀэжу аращ. «УзэрылӀэжынуращ узыхуэпсэур» жраӀати, абы къахуидакъым. Ауэ щӀэпсэум и мыхьэнэр езыми къыжиӀэфакъым, «утхъэнщ, уефэнщ, ушхэнщ...» жиӀэу кърибжэкӀа мыхъумэ. Мис апхуэдэ дуней гъэутхъуэхэрщ, къызыхуигъэщӀар зымыщӀэжхэрщ псэуну зыхуэмыфащэр, армыхъумэ, сыт я лажьэ Юланэ хуэдэ зи псэугъуэхэм?..

* * *

Псэр пилъэсыкIыу лъэр щIэзыгъэху махуэ хьэлъэр и кIэм нэсати, шэджагъуэнэужьым зэ-тIэу къахукъуэплъыжа дыгъэм къухьэпIэ бгыжьхэм я щыгу илъ пшэ фIыцIэ щIыIэжьхэм захидзэжащ. Ауз куум дэс жылэшхуэм занщIэу кIыфI къатехъуащ.

Дунейм темытыж и щхьэгъусэр щIы щIагъым щыщIэлъ япэ жэщым Азэмэт я къуажэжьым щыIэну, я унагъуэм яхэсыну хуейт. Ауэ и псэр хутепыIэртэкъым, мазитIрэ ныкъуэрэ фIэкIа мыхъуу зи анэр зытелIыкIа, Розэ и гъусэу къалэм къэна Албэч цIыкIу деж щыIэт и гупсысэр.

Жэщым я гъунэгъу кхъэм яфIэкIуэнкIэ зытешыныхьа и къуэр адэм хуит ищIри къалэм къигъэкIуэжащ. Я унэ дэмыхьэжу ар сабийр здэщыIэм кIуащ.

Албэч быдз езыгъафэ я благъэ нысащIэри Рози унэкум итт, зи жьафэ зэтемыхьэу гъы сабийр зэIэпахыу. ЗэрыжаIэмкIэ, махуэ псом ар апхуэдат. ЗэкIуэцIахырти, гъущэт. Быдзыр иратмэ, екъу хуэдэу зищIырти, къыжьэдидзыжырт. Япэу зэрыжьэдалъхьэу фIэфIу ищта, зи шэри езэгъа быдзыр иджы и Iумпэмт.

Азэмэт ищIэнур имыщIэжу джэрэзащ. Дохутыр, хущхъуэ жиIащ...

– Си Албэч, си псэм хуэдэ тхьэмыщкIэ цIыкIу, сыт ущIэгъыр? Уи анэ тхьэмыщкIэр зэрыщымыIэжыр уи псэм ищIауэ ара? – жиIэурэ Азэмэт щыщхьэщыхьэм, сабийм и гъы макъыр пичащ. И нэ цIыкIуитIыр къижу ар и адэм къеплъыырт. ЦIыхубзитIым ар телъыджэ къащыхъуащ. Сабийм и нэIуасэ макъыр къицIыхужу абы дэувыIауэ, махуэ псом щIэгъари, щIахуэмышхари, щIэмыжеяри арауэ ягъэуват. Ауэ Азэмэт абы зэрегупсысыр нэгъуэщIут...

ЦIыхум и нэгу щIэкI пэтми, и щхьэусыгъуэр къызэрыхуэмыщIэм щхьэкIэ, и фIэщ мыхъу Iуэхугъуэхэр щыIэщ. Апхуэдэ гуэр хъунщ «псэм ещIэ» жыхуаIэр. Язынықъуэхэм щыIэххэу ямыдэ а псэр арагъэнкIэ хъунщ дуней псор зэтезыIыгъэр, дэ псори дыщIыщыIэр. Псэр – гъащIэщ. Псэ щымыIэмэ, гъащIи щыIэкъым. АтIэ, хэт ищIэрэ, зи пкъыр щIым щIалъхьэжу зи псэр хьэршым кIуэжахэр арагъэнкIи хъунщ дэ дымыщIэу мы дунеижьым, уафэ къатиблым щызекIуэ псори зи Iэмырыр. Армыхъумэ, мыр дауэ? Къебла къудейуэ зи анэ быдзышэр зыIурача сабий цIынэм и псэм ищIащ нэхъ лъапIэ дыдэу дунейм щиIэр зэрыIэщIэкIар. ПсэкIэт ар зэрыгъыр.

Махуэ псом къиина сабийр, зигъэнщIыху быдз ефауэ, жей IэфIым иIыгът. Азэмэт и гур тIэкIу зэгъати, иджы и псэр еIэрт Юланэ къыздигъэна я къуажэм. ЗыкIи зыдэмыIэпыкъужыфыну щIым щIэлъым пэгъунэгъуу нэху къекIын къудейми псэхугъуэ тIэкIу къритыну щыгугъырт.

* * *

Сабийр и нысэмрэ и къуэшымрэ япIыну къызэращтамкIэ Азэмэт гузэгъэгъуэ игъуэтат. Абы и хъыбар зэхэзыхахэми Лусенэ фIыщIэшхуэ хуащIырт, хуэхъуахъуэрт. Ауэ а Iуэхум гугъуехьу хэлът а унагъуитIыр зэрызэпэжыжьэр. Азэмэтхэ къалэкут. Мэдэхэ фэтэрыщIэ хъарзынэ къратагъащIэт пэшищ хъууэ, ауэ ар здэщыIэр къалэкIэ дыдэрт. Ари Iуэхутэкъым, сабийм тегужьеикIа и анэкъилъхухэр махуэ къэс абы деж кIуэну еIэу щымытамэ. Быдзышэ зыхуримыкъу сабийхэм папщIэ шхын

щагъэхьэзыр пщэфIапIэ дэтт къалэм, ауэ ари здэщыIэр къалэкурати, махуэ къэс тIэу-щэ абы нэс кIуэн хуейт. Азэмат щылажьэ редакцэмрэ сабий пщэфIапIэмрэ зэпэгъунэгъути, IэнатIэ гугъум къыпэрыкIыурэ сабий шхыныр къищэхурт...

Албэч цIыкIу зыхуей хуэзэрти, Азэмат абы иригуфIэрт. Ауэ къэзыгъэгузави щыIэт – ар езыр зыубыда щхьэуз бзаджэрт. ЛэжьапIэм кIуэрти, дияуэ стIол гъурым бгъэдэст, и Iэм зыгуэр итхми, и щхьэр адэ зыщIыпIэ щыгупсысэу. Иджы Азэмат и цIэ зыщIэдза тхыгъэ щIагъуэ газетым къытехуэжыртэкъым. Мыр станокым убгъэдэтынми, шэмэдж пIыгъыу мэкъу аргъынэ Iупхынми ещхьтэкъым. Адыгэр къызэджэ хъун тхыгъэ тэмэм бгъэхьэзырын папщIэ, уи акъылыр абы гупсэхуу теухуэн хуейт. Азэмат и щхьэр зэпымычу узырт. И натIэм деж къыщыщIидзэрти, дэкIуейуэрэ и щхьэпхэтIыгум нэс иубыдырт. Редакцэм щекIуэкI гъащIэми лэжьыгъэми ар иджы къахэкIэрэхъукIат...

А псом ящIыIужкIэ, гузэвакIуэ къыхуэкIуэхэри зэпыуртэкъым. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэн къыщыхъуащ и кIуэгъужэгъуу, псэлъэгъуу щымыт адыгэ усакIуэ лIыжь Амырхъан къуажэм къикIыу къызэрыхуэгузэвар. Илъэс зытхух и пэкIэ, усакIуэхэри яхэту, культурэм и лэжьакIуэ гупышхуэ Латвием щыIат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу. Азэмэти абы яхэтат, журналист къалэн игъэзащIэу. ЛIыжьым щыгъупщатэкъым Азэмат пщIэуэ хуищIамрэ зэрыхуэсакъамрэ.

И Iэр къиубыду къыхуэгузавэу щIэмыкIыжу, Амырхъан етIысэхри, и быным пищIу, Азэмат зыкъомрэ къепсэлъылIащ. Езым хуэдэу телъыджэт абы жиIэхэри, и чэнджэщ-ущиехэри узытемылъыхъукIыжынт. «Мис а уи къуажэжь ХьэтIохъущыкъуейр къэбэрдей пщыжь тIысыпIэу щытащ, езыхэр пщы фIыцIэ лъэпкъыу. Мылъкури лIыгъэри я куэдт, цIэрыIуэт, итIани псэ тыншыгъуэ ягъуэтыртэкъым – джатэ къихакIэ зэрыупщIэтэжырт. Дэнэ щыIэ-тIэ иджы а псори? Абы я закъуэ сытми! Батэ гъэшыным къыхуигъэщIа цIыхум Iэджи къаугъуей, дунейр къызэрагъэдзэкIын я гугъэу. Ауэрэ и IуэхущIафэ псори блокI, зыр зым кIэлъыкIуэурэ зэманым дежэх псы уэрым ирилъэсэхыурэ. Псори блокI, зыри къэмынэу. ИтIанэ, езы цIыхури и блэкIахэм якIэлъокIуэж. Апхуэдэущ дунейр къызэригъэщIар. Сыт пщIэн мыгъуэ, къозытам пIихыжащ! ФызыфI пIэщIэкIауэ жаIэ».

Уазым хуэдэт лIыжьым псалъэу къыжьэдэкIыр. И щхьэузри щыгъупщауэ, дихьэхауэ едаIуэрт абы Азэмат. ЩIэкIыжыну къотэджыж Амырхъан. И Iэр къеубыдыжри къыжреIэ: «Тхьэм псынщIэ пщищI, си щIалэ. Хьэлъэшхуэ къыптехуащ. Сэ згъэунэхуа Iуэхущ ар. Уи щIалэгъуэщ, уи къару илъыгъуэщ... Упэлъэщынщ... Сыт пщIэн... Тхьэ Iэмырщ... Зыгъэбыдэ... Бынхэм егупсыс... Ахэр зыхуей хуэгъэзэн хуейкъэ?..» Къызэрыхуэгузэвам щхьэкIэ фIыщIэ хуищIурэ, Азэмат абы кIэлъыкIуэтащ, ауэ, «ар хабзэкъым жери», лIыжьым зыкIэлъыщIигъэкIакъым.

Япэхэм хуэдэу, редакторым иджы Азэмат ириджэрейтэкъым къалэн пыухыкIа гуэри хэгъэзыхьауэ и пщэм къыдилъхьертэкъым. И щхьэм мыгъуагъэ хуригъэхьыжу, «усымаджэщи, зыгъэпсэхуи» къыжриIэртэкъым, «дауэ фыхъу мыгъуэрэ?» жиIэу лейуи къеупщIыртэкъым. Газетыр ягъэнщIын папщIэ, хущIыхьэгъуэ зимыIэу лажьэ гупым ятехьэлъэу къилъытэжауэ, Азэмат езыр игукIэ зэныкъуэкъужырт, и щхьэ узыр нэхъри дэундэрабжьэу.

Махуэ гуэрым Азэмат ириджащ къеIэзэ дохутырым. Апхуэдэ

къэхъу хабзэтэкъыми, игъэщIэгъуащ, Iуэхум щэху гуэр зэрыхэлъри игу къэмыкIыу. Редакторыр дохутырым епсэлъат. Азэмэт зэрыщхьэлажьэр гуригъаIуэри, гулъытэ лей къыхуищIыну елъэIуат. Модрейри къелIэлIапэу къеплъри, зыкъомрэ мылэжьэну тхылъ хуитхащ, жьы къабзэм нэхъыбэрэ хэтыну, мыгупсысэну, хуеймэ, зыгъэпсэхуакIуэ ягъэкIуэн папщIэ, къыдэIэпыкъуну къыжриIащ. Азэмэт ар гуапэ щыхъуащ, ауэ унагъуэм яхэкI зэрымыхъунур ищIэжырти, зыгъэпсэхуакIуэ кIуэн идакъым.

Азэмэт и щхьэ узыр нэхъыфI хъуауэ тхьэмахуэ зы-тIу екIуэкIащ. Ауэ нэхъ хущIыхьэ хъуати, махуэм унэм гупсысэу къыщIэнэрт, жэщым Юланэ зыхэмылъыж пIэм и закъуэу къыхэнэрт. Ари щхьэусыгъуэт хущхъуэри псэхугъуэри пэмылъэщыжу щхьэузыр щIэятэм.

Благъи Iыхьлыи хузэблэжырт, «быным тхьэм гущIэгъу къахуищI» жаIэ мыхъум, езы Азэмэт къытегузэвыхьу зыкърагъащIэртэкъым. ЗыгуэркIэ трагъэуну, нэгузыужь гуэрхэм хашэну хэтми, зыри къикIакъым. Азэмэт и гур бампIэрт, зэи имыгъуэтыжыну фIэкIуэдам и псэр лъыхъуэрт. Сыт имыщIэми, дэнэкIэ зимыгъазэми, гупсэхугъуэ игъуэтыртэкъым, и нэгум щIэтри и псэр зэджэри Юланэт – и щIылъэныкъуэ дахэрт. Махуэ къэси и мурадт нобэризэм ефэжмэ, пщэдей хыфIидзэжыну. АрщхьэкIэ зыпэлъэщыжыртэкъым. Зыхуэмей гъащIэм, Юланэ зыхэмытыж гъащIэм, Азэмэт къыхэнат, хэгъуэщыхьат. Зейм емыдэIуэж псэр пабгъэрт, лъыхъуэрт, бампIэрт...

*УсакIуэ Тхьэгъэзит Зубер илъэс 80 ирокъу*



# Къэзмыгъуэту хъунукъым зэгуэр Шэ къигъэувыIэфу псалъэ гуэр



Тхьэгъэзит Зубер илъэс 60-м щIигъуауэ ди лъэпкъ литературэм хьэлэлу хуэлажьэ усакIуэ гуащIафIэщ. А зэманым къриубыдэу абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Бгым сыдокI», «Тэрч макъамэхэр», «Джэрпэджэж», «ЩIымрэ уафэмрэ», «Гугъэ», «Къеблагъэ», «Гуапагъэ», «Тхыгъэхэр» томитIым щызэхуэхьэсауэ, «Усыгъэхэр» тхылъхэр. Апхуэдэу урысыбзэкIэ зэдзэкIауи дунейм къытехьащ «Эхо весны», «Горы молчат», «Иду к тебе», «Лицо земли», «Рождение песни» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

УсакIуэхэм къащыхэкI щыIэщ зи псэр усэным пасэ дыдэу къыхуэуш. Абы ящыщт Тхьэгъэзитри. Зубер еханэ классым нэсауэ арат и усэхэр «Къэбэрдей пэж» газетым къытехуэу щыщIидзам. ИужьыIуэкIэ абы и тхыгъэхэр «Къэбэрдей» альманахми къытрадзэ.

1960 гъэм дунейм къытехьащ Тхьэгъэзит Зубер и япэ тхылъыр – «Бгым сыдокI» зыфIищар.

Тхылъым теухуауэ «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуа рецензэр мыпхуэдэу къыщIидзэрт: «Тхьэгъэзит Зубер къэбэрдей поэзиер куэдкIэ зыщыгугъ хъуну усакIуэ щIалэщ. Ар уи фIэщ ещI Тхьэгъэзитым и усэхэр щызэхуэхьэса тхылъым. Абы и цIэр езым йокIуж. Усэхэм я нэхъыбэм къыбжаIэ ахэр зи IэдакъэщIэкIыр поэзием и бгы лъагэм дэкIыну зрипщытауэ ерыщу япэкIэ зэрыкIуатэр».

Пэж дыдэу, бгъэщIэгъуэну, щапхъэу бгъэлъэгъуэну зыхуэфащэ усэ купщIафIэ куэд ихуат Зубер и япэ тхылъым. Псоми хуэдэжтэкъым «Лъахэ уэрэд» зыфIища усэр.

ЦӀыхуищым – усакӀуэм, макъамэтхым, уэрэджыӀакӀуэм – я гупсысэ къабзэр, я лэжьыгъэ хьэлэлыр зэхалъхьэ: зыр «псалъэр мащӀэу, гурыщӀэр ину» и лъахэм хуоусэ, адрейм «ди лъахэ губгъуэм и инагъыр, ди хэку тенджызхэм я куугагъыр» макъамэм хелъхьэ, ещанэм «жьгъыру макъкӀэ, гум мафӀэу хэлъыр ирихьэлӀэу» уэрэдыр бэм я пащхьэм щегъэӀу:

*Хыхьати я гум а уэрэдыр*
*Хъуащ цӀыкӀуми инми яӀурылъ.*
*… Щым я гурылъыр бэм иратри,*
*А тыгъэр хъуащ лъэпкъпсо гурылъ.*

Лэжьыгъэ нэхъ къызэрыгуэкӀ дыдэм щытетхыхьым дежи Тхьэгъэзитыр усакӀуэу къонэж: нэхъыбэм зэращӀу щытам хуэдэу, – дэ ди гуащӀэрыпсэум къыпэхъун щыӀэкъым, абы батэр егъэш, жиӀэу мыкӀийуэ, лэжьакӀуэ цӀыхум и инагъыр, и дахагъыр нагъыщэ щӀэщыгъуэ гуэрхэмкӀэ Ӏупщӏ ещӀ, ауэ къызэрыгуэкӀ ӀуэхущӀафэм е лэжьыгъэм поэзие къыхегъуэтэф:

*Сакъыу хьэмыр зэпеплъыхь*
*Къэрэгъулым и нэм,*
*Абы игукӀэ зрегъэщхь*
*Ӏутхэм къэрал гъунэм.*

НэгъуэщӀ и зы усэм Зубер щыжеӀэ заводым гудоккӀэ цӀыхухэр

*«… къигъэуш*
*Игугъэжми – а заводыр*
*Езыр цӀыхум къегъэуш!»* – жери.

Къуажэ гъукӀэм и лэжьыгъэр къызэрыщыхъур:

*А гъукӀэр лажьэу уӀуплъам, –*
*ПфӀощӀ езы щӀыӀэр игъэхуабэу*
*Абы и гуащӀэ зэщӀэплъам!*

Дихьэхауэ лажьэ цӀыхум Езы Дыгъэ дыдэри къыхуей мэхъу. Ар кӀыщым къыщӀохьэ – и бзий пӀыщӀахэр шэдыбжь мафӀэкӀэ игъэхуэбэжын мурадкӀэ, – апхуэдэущ усакӀуэм зэрилъагъур къуажэ гъукӀэм и къызэрыгуэкӀ лэжьыгъэр.

УсакӀуэм зэгъэпщэныгъэхэр ӀэкӀуэлъакӀуэу къызэригъэсэбэпым къыхэкӀкӀэ, зи гугъу ищӀ Ӏуэхугъуэр Ӏупщӏу, теплъэгъуэ псо хуэдэу уи нэгу къыщӀегъэувэ:

*Ӏугъуэ пкъо зыщхьэщымыту*
*Бгъуэтыжынкъым зы уэнжакъ.*

Мы сатыритӀ къудейм уагъэлъагъуф пщэдджыжь зэманым адыгэ къуажэм и теплъэу щытар. ИкӀи хэлъэт зиӀэ сурэтыщӀ мыбы къеджэмэ, езым и ӀэщӀагъэм щызекӀуэ ӀэмалхэмкӀэ произведение нэс къытрищӀыкӀыну зыхуэӀуаи щыӀэкъым.

Апхуэдэу, теплъэгъуэ псо уи нэгу къыщӀегъэхьэ «Уэшх псынщӀэ» усэми:

*Уафэм и жьэр иущӀауэ*
*УафэхъуэпскӀкӀэ къодыхьэшх.*
*ЗэхуещӀыжри губжьауэ*
*Зэуэ и дзэр зэрегъэшх.*

НэгъуэщӀ усэм дунейм зыкъыщрех «плъакӀуэ зыхуащӀа хъыджэбзу», и Ӏупэр лауэ, и бостеибгъэр удз гъэгъахэмкӀэ гъэщӀэрэщӀауэ. Абы и Ӏупэр, «уафэ Ӏупэр», лэгъупыкъурщ «хуэзылар»; усакӀуэм бостеибгъэ зыфӀищри «дыщэ губгъуэрщ»; икӀи, зэрыгурыӀуэгъуэщи, апхуэдэ бостейм ету тезыдзэжыфынури, дауи, дыгъэ бзийрщ.

«Бгым сыдокӀ» тхылъым Ӏыхьэфӏ щеубыд лъагъуныгъэр, щӀалэгъуэр усэбзэкӀэ зыгъафӀэ тхыгъэхэм.

Уетхьэкъу Зубер и лирическэ лӀыхъужьыр щыпсэу дунейм. Ар къабзэщ, гуапэщ, хуабэщ. Абы дыгъэри гум нэхъ къыщохуэбылӀэ; жэщкӀэрэ вагъуэхэри нэхъ ӀупщӀу щолыд; уафэри щынэхъ лъагэщ; щӀылъэри щынэхъ бгъуфӀэщ; удзхэри гъэм и кӀыхьагъкӀэ щогъагъэ; зэпыч ямыӀэу уэршэр псыӀэрышэхэри жьы мащӀэм щабэу щӀиупскӀэ жыг пщӀащэхэри яхуэмыухыу зытепсэлъыхьыр гухэлърэ гуапагъэрэщ.

А псом я къележьапӀэри гурыӀуэгъуэщ: щӀалэщӀэм пщащэ цӀыкӀур фӀыуэ илъэгъуащ: икӀи хьэщыкъ хъуа ныбжьыщӀэм и нэм сыт къыӀуидзэми – дагъуэ зимыӀэж, дахащэу къилъэгъуа закъуэм и фэ яреплъ. НтӀэ, дауэ зэрымыдахэнур апхуэдэ дунейр! ИкӀи, «дахагъэм зи псэр къиуӀа» щӀалэщӀэм къыхуэнэжыр аращи – фӀыуэ илъэгъуа пщащэри, абы и лъэр зытеувэ щӀыри, къытепсэ дыгъэри, ар зыӀуплъэ жыгхэри, удзхэри, кӀэщӀу жыпӀэмэ, и мыгъуэ закъуэм и фэ зриплъ дунейр зэрыщыту усэбзэкӀэ егъафӀэ.

Тхьэгъэзит Зубер и япэ тхылъыр къызэрыдэкӀрэ мащӀэ щӀа! А зэманым къриубыдэу Тхьэгъэзитыр ди къэралым щыцӀэрыӀуэ усакӀуэ хъуащ. Урысейм щызекӀуэ литературэ саугъэт лъапӀэхэри абы къыхуагъэфэщащ. А пщӀэ лъагэр усакӀуэм къилэжьащ и Ӏэужь хьэлэлкӀэ, и гуащӀэдэкӀ псэемыблэжкӀэ.

Зэманым икъукӀэ зихъуэжами, гъащӀэр къыпхуэмыцӀыхужыну нэгъуэщӀ зыгуэр хъуами, Зубер пасэу гу зыхуищӀа усэным, щӀалэ дыдэу къыхиха ӀэщӀагъэ мытыншым гурэ псэкӀэ хуэпэжу зэрыщытам зихъуэжакъым. Иджыри балигъыпӀэ имыуvaуэ абы зрипщытат поэзием и лъагапӀэ узыӀэпызышэм хуэкӀуэ лъагъуэ гугъусыгъум. А лъагъуэм емыпцӀыжу, кӀуэ пэтми нэхъ лъагэу зэрызиӀэтыным нобэр къыздэсым теухуащ Тхьэгъэзит Зубер и гъащӀэр:

*Си натӀэ дыдэм къегъэпщауэ*
*Хъум бгым зы мывэ къыгуэхун,*
*ЖысӀэу сэ си пӀэ сижыхьауэ*
*Гъуэгуанэр сигу измыгъэхун!*

Апхуэдэ ерыщагъгрэ лӀыгъэрэ хэмылъу усакӀуэм лъэбакъуэ ичамэ – щыхупӀэ лъэныкъуэмкӀэ иунэтӀауэ бжы. ЛъагапӀэм хуэкӀуэ лъагъуэр зэи зымыбгынэнум и нэрыгъыу къэплъытэ хъуни мыри:

*Зы бгыщхьэ си лъэр зэ нэсхьэсым,*
*Гур бгъэм къыщофэ ислъэмей.*
*Iэдакъэжьауэ ещIри,*
*Си псэм*
*Лъыхъуэу щIедзэж нэхъ бгы къуейщIей.*





*ИжьымкIэ къыщыщIэдзауэ:* КIыщокъуэ Алим, Щомахуэ Амырхъан, Наби Хъазри, Тхьэгъэзит Зубер, Гуртуев Берд сымэ

Шэч зыхэмылъыжращи, дахагъэрщ поэзием къежьапIэ хуэхъур.

ЩIэи гъуни иIэжкъым мы дыкъэзыухъуреихь дунейм дахагъэу щикъухьам! Пэжщ, куэдым ар зыхащIэркъым икIи къырадзэркъым – щыIи-щымыIи… Ауэ ар зыхэзыщIэм я бжыгъэри мащIэкъым (абыхэм я нэхъыбэм усэ ятхыну я пщIыхьэпIэ къыхэмыхуэми).

А дахагъэр зыхищIэ е илъагъу къудейм къыщымынэу, езым зыхищIэмрэ илъагъумкIэ нэгъуэщIым дэгуэшэфыр усакIуэрщ:

*Дыгъэм, иджыри къыщIэмыкIыу,*
*КъуэкIыпIэр плъыжьу къриIат.*
*Сыздеплъым, си гур къигуфIыкIыу,*
*Дахагъэм си псэр къиуIат.*

«Зыкъэтплъыхьынщи – хэку дахагъэр, шабзэшэу, ди гум пхырыкIынщ», – щыжеIэ Зубер нэгъуэщI и зы усэм.

Къэзыухъуреихь дунейм апхуэдизу гу пцIанэу хущыт усакIуэм и нэр зытеплъэ псом я щэхур къыхузэIуахыным сыт хуэIуа? Ар къабыл пщыхъумэ, сыт хэлъыж – тхылъ зэIухам къриджыкIым хуэдэу Зубер къызэрыбжиIэфынур уи фIэщ пщIыну: къуршхэм я гукъеуэри, мэзхэм я псысэри, псыр зыгъэгузавэри, щIыр хэзыгъаплъэри, вагъуэхэр зыгъэкIэзызри… УсакIуэм IупщI дыдэу зэхих хуэдэщ жыгхэм зэхуаIуатэри, удзхэм зым адрейм хуигъэщIагъуэри…

АрщхьэкIэ, – бетэмал! – зэрыжаIэщи, «зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу» псори екIуэкIыркъым; щIыуэпсри, щынэ IэрыпI цIыкIу нэхъей, «Iэщабэ-

Іущабэу», а зэрызэпІэзэрытми темыкІыу щыткъым: дыгъэр щабэу къепсу, псыхэр Іэдэбу екІуэсэхыу, жьыбгъэми, зимыІэтыщэу, гуапэу ІэплІэ къыпхуищІу…

Пэж дыдэр жыпІэнумэ, дыгъэр пшэм щыщІилъафи, псыхэр къэукъубийуэ хъуийм щикІи, борэным дунейкъутэжу зыкъыщызэкъуихи мащІэкъым. ЦІыхум и губжьым, гужьгъэжьым ар зыхуишэнкІэ хъуну насыпыншагъэр-щэ!..

УсакІуэм щІэмычэу, еш имыІэу, хэкІыпІэ къелъыхъуэ: сыт псори зэзышэлІэжыфыну, зэгурызыгъэІуэжыфыну къарууэ щыІэр?

ИкІи къегъуэт:

*Гуапагъэр ару сфІощІыр*
*Мы щІыр зэтезыІыгъэр.*

Пэж дыдэу, цІыхухэм ар тщІэ-дымыщІэми, гуапагъэрэ лъагъуныгъэкІэ быдэу псыхьауэ щымытамэ, къыпхуэмылъытэн фэсэдыгъэ зытращІыхь щІы хъурейр «факъырэ кхъуейуэ» зэгуэщэщу зэрыхэкІуэдэжрэ куэд щІати…

Зубер ар псэкІэ зыхещІэ. ИкІи абы фІы дыдэу къыгуроІуэ: къэхъугъэм зэи щыкІуэд хъунукъым псэущхьэхэм, къэкІыгъэхэм, бгыхэм, псыхэм – мы дыкъэзыухъуреихь щІыуэпсым ди нэ сыт къыщыІуидзэми – а псом яку дэлъ зэрылъытэныгъэр:

*И Іэгу фІыцІэмкІэ щІиІэтэу*
*ИІыгъщ жыгыжьым абгъуэ нэщІ.*

Дей жыгыжьыр бжэндэхъум, ар щыгъуэлъхьэну зэманым, «гур къилъэту», поплъэ, абгъуэри хьэзыру хуегъэпІий: бжэндэхъум кърищыну шыр цІыкІухэм яхуиусыну уэрэдым езы жыгри дэгъэгъэнщ.

Апхуэдэу, зэрылъытэрэ зэхуэгъэкІуатэрэ, гуапагъэрэ лъагъуныгъэрэ яку имылъу зэдекІуэкІыфынутэкъым щІы щІыІум цІыхум трилъагъуэ псор.

*Мы дунеижьыр зэрыщыту*
*Анэ быдзышэм хапІыкІащ.*
*… Сабийр анэбгъэм хуумыгъэти, –*
*ЩІыр – дыгъэм, дыгъэр – щІым пыкІащ.*

Ахэр псори – щІыри, дыгъэри, къэкІыгъэхэри, псэущхьэхэри, цІыхухэри абы яхэту (ящІэж-ямыщІэжми), зэпыщІащ, зэрыІыгъщ, я Іуэху куэдкІэ зэхэлъщи, – зы бынунагъуэм хуэдэщ. А бынунагъуэм цІыхуми щылъос езым хуэфэщэж гулъытэ (езым абы пщІэ хуимыщІми): щІыр зы дакъикъэ псэхугъуи имыІэу мэджэрэз – и гъуэгуанэр напІэ дэхьеигъуэкІэ зэпигъэумэ, дунейм псэ зыІут къытенэжынукъыми. НтІэ, ауэ щыхъукІэ, а щІым къилэжьыркъэ Іулыджрэ кІухьэнрэ? «ПщІыхьэпІэ» поэмэм щІыр щотхьэусыхапэ:

*«…зы хьэдзэ – лъхуэн и нетым –*
*Щхьэмыж сымыщІу фэ флъэгъуа?!*
*Си гущІэм мащІэрэ къивдзакъым –*
*Сывгъэсыжыну – шэ къэплъа.*

*Ауэ зы къуэпс къыдэзгъэкӀауэ*
*Зы ажалышэ фэ флъэгъуа?!»*

ЩӀым и шыӀэныгъэр цӀыхум щапхъэу хуегъэлъагъуэ усакӀуэм. Абы елъытауэ, жиӀэ хуэдэщ, сыт хэлъ – цӀыхумрэ цӀыхумрэ зэрылъытэну, зэрылъагъуну. НэгъуэщӀым хуэмей цӀыху щыӀакъым икӀи щыӀэнукъым. Апхуэдэ къэунэхуу щытми, абы къикӀыр гурыӀуэгъуэщ: а къэунэхуар цӀыхупӀэм имытыжу аращ. НтӀэ, сыт ягъэ кӀынт – цӀыхумрэ цӀыхумрэ псалъэрэ акъылрэ зэщагъуэту есатэмэ…

*ЦӀыхум япэу и лъэбакъуэр*
*Зэрыщичрэ мы дунейм,*
*Ар псэуфыркъым и закъуэ,*
*Ныщогугъыр зыр адрейм.*

ЦӀыху псори щызэхуэмыдэкӀэ, ахэр псэуфынукъым зыр зым дэмыӀэпыкъуу, икӀи дэтхэнэ зыми къытохуэ езым нэхърэ нэхъ гуащӀэмащӀэм зыщӀигъэкъуэну:

*Дамэ ятету къалъхуакъым псори.*
*Уэ зы дамэншэ зыдэӀэти,*
*щӀыф ар нэгъуэщӀым емыхъуапсэ.*



Апхуэдэ гулъытэм ухуэхеймэ, а ӀэнатӀэм зыпыӀубдзмэ, уи цӀыху къалэныр умыгъэзэщӀэжу аращ:

*Дунейр уэрыншэу зэтес хъуну*
*Зы махуэ закъуи уигу къыумыгъэкӀ.*

Къыхуэныкъуэм уи Ӏэр хуэпшийуэ, нэхъ къарууншэм зыщӀэбгъакъуэу, цӀыхум уи сэбэп екӀыу, н.ж., цӀыхугъэм ухуэлажьэ зэпыту упсэумэ, итӀанэщ уэ езым цӀыху къыщыпхэкӀынур, жиӀэ хуэдэщ усакӀуэм. А гупсысэр Тхьэгъэзитым мис мыпхуэдэу екӀуу къеӀуатэ:

*Къуэшыгъэрщ къозытынур уэгур.*

«ЦӀыхуитӀым я кум дэлъ лъагъуэр» къэхутэным, ар усэбзэ жанкӀэ бэракъым хуэдэу Ӏэтыным Зубер и нэӀэ тет зэпытщ. Си гугъэмкӀэ, аращ темэ нэхъыщхьэу усакӀуэм и лирикэм пхрыкӀри.

А темэр къыгуэхыпӀэ имыӀэу епхащ Тхьэгъэзитым фӀыщэу илъагъу и лъахэм, абы и теплъэ уардэм.

*ЩӀылъэ къэушыр, псыхэр, мэзыр,*
*Къуршыщхьэр усэм щызгъэфӀэн…*

А и къалэн лъапӀэм Зубер сыт щыгъуи хуэжыджэрщ.

Тхьэгъэзит Зубер псалъэ хэщыпыхьакӀэ зыхуегъазэ къэзылъхуа хэкум, зытет щӀым, зэфэ псым, зыпӀа къэралым. Сатырий фӀэкӀ мыхъуу усэ иӀэщ Зубер. Мис ар («Сыщалъхуа щӀым»):

*Пхуэсщl лъагъуныгъэр бжьэ гуащlэщ,*
*Нэхъ гуащlэ хэт еlуба!*
*Уихуам, уислъхьэнти си lэплlэм*
*Пхуэсщlынт семышу сэ ба.*

*ЦIыху пэжхэм сигу яхуэпэжу*
*Уэращи сэ сызыпlар,*
*Си гум уихункъым щlы фlыцlэу*
*Быдзышэ хужь сыщефар!*

«ЩIы фIыцIэу быдзышэ хужь сыщефар» – мыбы зэзакъуэ къеджауэ ар зыщыгъупщэжын цIыху дунейм къытекIыну си фIэщ хъункъым! Мы зы усэм фIэкIа имытхами усакIуэ щыпкъэ хужыпIэ хъунти Зубер! КIэщIу икIи екIуу абы къиIуэтэфащ куэдым я гум къыщыпIэжьэжьами, я Iупэм къэсыпами, иджыри къэс зыми къыжьэдэмыкIа.

Усэм, усакIуэм, поэзием, искусствэм, абы и лэжьакIуэхэм ятеухуа тхыгъэ куэд иIэщ Тхьэгъэзитым. ИкIи жыпIэ хъунущ мыр Зубер тхэн зэрыщIидзэ лъандэрэ дэзыхьэх темэшхуэхэм ящыщ зыуэ. Щитха зэманымрэ и къэIуэтэкIэ-къэгъэлъэгъуэкIэ Iэмалхэмрэ зэтемыхуэми, ахэр зыкIэ зэщхьщ: авторым къызэрилъытэмкIэ, искусствэм ди гъащIэм, дызытет дунейм къыщытохуэ нэгъуэщI зы IэщIагъэ е Iэужь гуэрым хуэмыгъэзэщIэн къалэн лъагэ: искусствэм (иджы зэрыжаIэщи, гъуазджэм) и къарур инщ – кхъахэр щIалэ къищIыжыфу, цIамыщкъийр игъэгушхуэу, зэрымыцIыхухэр зэришалIэу, хамэхэр зэкъуэш зэхуищIу, цIыхупсэр игъэхуабэрэ гупсысэр игъэнэхуу.

Псом хуэмыдэжу Зубер зыгъэпIейтейр икIи къытригъэзэжурэ зыщIэгупсысыр усакIуэм и Iуэхурщ.

Сыт ар къезыхуэкIыр, жэщкIэрэ имыгъэжейуэ? «Хэт елъэIуар?» «Сыт ар зыхуейр?» ИмыцIыху фызабэм и нэпсми щхьэ гугъу иригъэхьрэ? ЩIылъэми къыщымыувыIэу, вагъуэми вагъуэижми щхьэ нэсрэ?

Апхуэдэущ усакIуэр къызэригъэщIар: дэнэ сыт къыщыхъуми къыжьэхэуэу, бэм я Iуэхур и щхьэ Iуэхуу къыфIэщIыжу.

ИкIи ар Залымыгъэм йоныкъуэкъу – «Захуагъэр дыгъэу цIыху псом ягу ипсэу» щыхъуну зэманыр къигъэIэгъуэу. УкъикIуэт хъурэ – апхуэдэ къалэн уи пащхьэ къиту!

*КъыфIощI – нэху щыхукIэ и гур мыусэм*
*Пщэдджыжьым дыгъэр къыщIэмыкIын!*

Апхуэдиз лъэкIыныгъэ зиIэ псалъэр, – ярэби, сыт ягъэ кIынт! – ди нобэрей гъащIэр къэзыуфIыцI, ди нобэрей дунейр къэзыгъэункIыфI лъыгъажэ зауэм пэуврэ – абы кIэ иритамэ! Ар усакIуэм и мурад хэхащ:

*Къэзмыгъуэту хъунукъым зэгуэр*
*Шэ къигъэувыIэфу псалъэ гуэр.*

Тхьэгъэзит Зубер щIалэгъуалэм нэхъыфIу яцIыху икIи ялъагъу ди усакIуэщ. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ: литературэм къызэрыхыхьэ лъандэрэ Зубер тоусыхь щIалэгъуэм, лъагъуныгъэм, фIыуэ

зэрылъагъухэм я гурыгъу-гурыщIэхэм, хьэщыкъ хъуа ныбжьыщIэм япэу зыхищIа гухэлъым къыхуихь насыпымрэ зыхидзэ гулэгущтэмрэ. Зи насып къэкIуэгъуэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я гуращэ IэфIхэр Iэзэу къыщыIуэта усэ и куэдщ Тхьэгъэзитым. Арагъэнущ ди макъамэтххэми Зубер и усэхэм мардэ имыIэу зыщIыхуагъазэр. Балэ Мухьэдин, Къардэн Хьэсэн, Темыркъан Борис, ХьэIупэ ДжэбрэIил, нэгъуэщIхэми макъамэ хуатхащ Тхьэгъэзитым и IэдакъэщIэкI куэдым. ХьэIупэ ДжэбрэIил и закъуэ къылъысу уэрэд 30-м щIигъу итхащ.

* * *

Я лъэпкъ литературэм, литературэбзэм зрагъэужьын мурадкIэ тхакIуэхэм куэд щIауэ къагъэсэбэп мыпхуэдэ Iэмали: нэгъуэщIыбзэкIэ щыIэ тхыгъэ купщIафIэхэр я анэдэлъхубзэм кърагъэзагъэ.

Мыр Iуэхушхуэщ. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, хуэфащэ гулъытэ игъуэту, ди тхакIуэхэмрэ критикхэмрэ къафIэIуэхуу тепсэлъыхьу, хъуамрэ мыхъуамрэ щагъэбелджылы статья, рецензэ хуэдэхэр тратхыхьу ущрихьэлIэр зэзэмызэххэщ.

ЗанщIэу жыIэпхъэщ: ди усакIуэхэм яхэткъым Тхьэгъэзит Зубер нэхърэ нэхъыби нэхъыфIуи тхыгъэ адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIа.

Зубер мы Iуэхум икъукIэ хуэIэижьу зыкъигъэлъэгъуащ. Абы екIуу адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ урыс классикхэу Пушкиным, Лермонтовым, Некрасовым, нэгъуэщI куэдым я тхыгъэхэр. Тхьэгъэзитым адыгэбзэкIэ къигъэпсэлъащ балъкъэр усакIуэ гупышхуэ (Мечиев Кязим, Кулиев Къайсын, Макитов Сэфар, Гуртуев Сэлихь, н.)



Абы и лъэныкъуэкIэ Тхьэгъэзитым илэжьхэм къахощхьэхукI Пушкиным и IэдакъэщIэкIхэу «ЛIыхъусэжь хьэсы» трагедиер, «Евгений Онегин» романыр, Шота Руставели и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» поэмэр.

Тхьэгъэзит Зубер адыгэбзэр фIы дыдэу зыщIэ, адыгэ псалъэр IэкIуэлъакIуэу зыгъэлажьэ усакIуэщ. Абы и щыхьэтщ Зубер-тэрмэшыр Пушкиным и «ЛIыхъусэжь хьэсым» къызэрыхущIэкIари.

Мис зы щапхъэ:

*ПщIэнтIэпсу, нэпсу, лъыуэ мы згъэпщкIу мылъкум*
*ХуракIутар зэгуэр къыщиудыжу*
*Къызэпхивыжтэм щIым – къэхъунт псыдзэшхуи,*
*ЩIыунэр щIилъэфэнт, сэ ситхьэлэнт…*

ЕтIуанэр:

*Си пхъуантэхэр Iусхыну сигу къихьэху,*
*КъыщIедзэ мафIэ лыгъэ си Iэпкълъэпкъым.*
*Сышынэу аркъым (хэт сыщышынэн?*
*Мис си джатэжыр: и хъумакIуэ пэжщ*
*Си дыщэм ар), ауэ зехузыр си гум –*
*МыIупщI гурыщIэ гуэрхэм зэщIаубыдэу…*

Дыщэ фIэкIа, напи, цIыхугъи дунейм щызекIуэнкIэ хъуну зи пщIыхьэпIи къыхэмыхуэж лIыжь нэпсей дыдэщ Тхьэгъэзитым ди пащхьэ кърилъхьа текстым щытлъагъу бароныр.

Тхьэгъэзитым зэридзэкIа псоми нэрылъагъуу нэхъ къахэщхьэхукIыр грузин усакIуэшхуэ Шота Руставели и поэмэ телъыджэ «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» жыхуиIэрщ. Пэжыр жыпIэнумэ, мыр ди деж щызэпыууэ щIэзыдза тэрмэш гъуазджэм щынэхъыфIщ.

ИужькIэ къызэрахутэжамкIэ, Шота Руставели къыщалъхуар 1166 гъэрщ; абы и нэгу щIэкIащ лIэщIыгъуитIым (XII-XIII) я зэблэкIыгъуэр, «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлIыр» зэритхри лIэщIыгъуий ирикъури ебгъуанэм хыхьащ.

Курыт лIэщIыгъуэхэр зэман тыншу щытауэ жыIэгъуейщ. Мардэ имыIэу зауэхэр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щызэщIагъэстырт. Абы я щхьэусыгъуэр нэхъыбэм къызыхэкIыр къэралхэр щIы щхьэкIэ зэрызэныкъуэкъумрэ лъэпкъхэр динкIэ зэрызэтемыхуэмрэт. Псом хуэмыдэжу хъийм икIыпар Европэм бжьыпэр щызыубыда лъэпкъхэрт (урымхэр, франджыхэр, инджылызхэр, къ.). Зы илъэси дэкIыу къыщIэкIынтэкъым – жорзехьэхэр муслъымэн къэралыгъуэхэм имыужьгъэу, жорымрэ мазэ ныкъуэмрэ щIыр ягъэзджызджу зызэрамыупсейуэ; чыристан дин къэзыщта лъэпкъхэр ислъам диныр зыфIэкъабылхэм щIэмычэу езауэрт, дин «пхэнжыр» – ислъамыр – хыфIрагъадзэу, дин «захуэр» – чыристан диныр – баштекъузэрэ шынагъэкIэ кърагъэщтэну; модрейхэм ар ядэртэкъыми, лъыр псым хуэдэу жэрт…



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* Кулиев Къайсын, Боков Виктор, Тхьэгъэзит Зубер, Гъубжокъуэ Лиуан, Къагъырмэс Борис сымэ

Апхуэдэ зэман хьэлъэм щыпсэуну къыхуиухат илъэс мин бжыгъэхэр дэкIа нэужьи цIыхугъэм и нагъыщэ нэхъ лъапIэхэм пащIу яхъумэну зыхуэфащэ Iэужь къызыщIэна усакIуэм.

Шота Руставели и «ЗекIуэлIым» къызэрыхэщымкIэ, пасэрей алыджхэм, апхуэдэуи, урымхэм я литературэм, я философием кууэ хищIыкIыу щытащ. УсакIуэм зэрыжиIэмкIэ, поэмэм сюжет тегъэщIапIэ хуэхъужар къэжэр хъыбарщ. Пэж дыдэу, бзэ зыбжанэм ирипсалъэ, дуней зылъэгъуа, зекIуэ и пIалъэ зыщIэ цIыхут апхуэдэ къызыпкърыкIынкIэ хъунур.

Мыри хэлъщ Iуэхум: ди эрэм и пэщIэдзэхэм хуэзэу (н.ж., европэ

лъэпкъхэм я пэ къиихуэу) куржыхэр чыристан диным ихьат; мыгувэу я тхыбзи зэрагъэпэщри я лъэпкъ литературэри зэхаублат. Абы къокІ: Шота зыщІапІыкІа и лъэпкъ литературэм ныбжьыфІ иІэт, а ныбжьым хуэфэщэну и къаруи зэрыубыдат.

И гъэпсыкІэм тепщІыхьмэ, «ЗекІуэлІыр» нэхъ зэбгъэщхь хъунур, къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ уІэбэмэ, пащтыхь Артур и «Іэнэ хъурейм» къетІысэкІ зи хабзэ лІыхъу хэлъэфахэм ятеухуа хъыбархэрщ, апхуэдэщ Тристанрэ Изольдэрэ я къекІуэкІыкІар; КъуэкІыпІэмкІэ ущылъыхъуэмэ, Аисрэ Раминрэ, Лейларэ Меджнунрэ ятепсэлъыхь тхыгъэхэрщ.

Пэжщ, мыбыхэм гъунэжу ущрохьэлІэ нобэрей тхылъаджэм зэшыгъуэ, хэбгъэзыхьмэ, мышыууэ къыфІэщІынкІэ хъуну къэхъукъащІэхэм (п.п., ягу щІыхьэн щалъагъукІэ е щызэхаххкІэ персонажхэр кІуэрэ пэт къэмыхыу; апхуэдэу, я гукъеуэр къраІуэтэн папщІэ, я щхьэцхэр кърафыщІыкІыжу, я нэкІухэр кърατхъыхыжу… зэгъэпщэныгъэ жыпІэмэ, чэзурэ мардэрэ имыІэжу дыгъэм, мазэм, вагъуэхэм я цІэ къраІуэу, псом хуэмыдэжу розэм мыхьыр ирагъэхьу...).

ИтІани… мы тхыгъэхэм яхэлъщ зэманым тІорысэ хуэмыщІ къару: ар – лъагъуныгъэр зэрыгуащІэр цІыхум и гущІэм нэсу къызэраІуатэрщ, хьэщыкъ хъуам лъэкІынур, и гуращэм лъэІэсын папщІэ абы зрикуфынур зыхуэдизыр гукъинэжу къызэрагъэлъагъуэрщ.

Ауэ куэдкІэ зэщхь мы тхыгъэ лІэужьыгъуэхэм «ЗекІуэлІыр» къахэщхьэхукІми къыщымынэжу – къахолыдыкІ: и тхакІуэ зэфІэкІрэ ІэзагъэкІэ Низами, Сервантес, Шекспир сымэ къакІэрымыхуу Руставели вагъуэхэм нэсу еІэт цІыхумрэ цІыхумрэ зэзышалІэу, зы лъэпкъыр адрейм гурыІуэу дунейм зэрытетын Іэмалу щыІэ закъуэр – ЦІЫХУГЪЭР (зыми хуэмыдэжми фІыгъуэ лъапІэм езы усакІуэр зэреджэр къызэрыгуэкІ дыдэущ; ныбжьэгъугъэ, пэжыгъэ).

Поэмэм хэт лІыхъужь нэхъыщхьэхэр – Автандил, Тариэл, Придон сымэ – яхуэхейщ лъэпкъ зэхэгъэж, дин зэдауэ-зэзауэ узыфэ бзаджэхэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, Автандил хьэрыпщ, Тариэл индусщ, Придон къэжэрщ. Ауэ ар зыкІи зэран хуэхъуркъым абыхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм. Сыту жыпІэмэ…

*Зым и гущІэм щэхуу илъыр*
*хуиІуэтэфмэ адрейм, –*
*Абы нэхъыфІ, фэ къызжефІэт,*
*сыт щыІэну мы дунейм?*

Уасэ зимыІэж а мылъкур мыпхуэдэу егъэбелджылы усакІуэм:

*Ныбжьэгъугъэр зыгъэунэхуу*
*щыІэщ Іэмалищ, зэгъащІэ:*
*Япэрауэ, уи ныбжьэгъум*
*плъэкІыу зумыгъэхъу пэІэщІэ,*
*ЕтІуанэу, фэрыщІыншэу,*
*хуэпщІэр гурэ псэкІэ хуэщІэ;*
*Мис ещанэр: ар Іей хуэзэм –*
*удэІэпыкъуну пІащІэ!*

Тариэл и къэшэн тхьэІухудыр – Нестан-Дареджан – къыхуэ-

гъуэтыжрэт, абы Автандил къыдэмыIэпыкъуатэмэ! Автандил, езым и къэшэн дахащэ Танаит къыпэплъэу щысу къегъанэри, Дареджан и лъыхъуакIуэ йожьэ, илъэсищ енкIи Тариэл и псэм телъ хьэзабыр дегъэпсынщIэ, «гурэ псэкIэ» и ныбжьэгъум хуэпэжу.

Ныбжьэгъу щхьэкIэ нэхъыбэжи хузэфIэкIынущ а щIалэ фIэрафIэм:

*Ныбжьэгъу щхьэкIэ си псэр стынри*
*бэлыхьлажьэу къысфIэмыщI.*

Мыр ауэ сытми Iупэ псалъэкъым – дуней тетыкIэщ; апхуэдэущ Тариэл, Автандил, Придон сымэ зэрызэхущытыр. Абыхэм языхэзым ныбжьэгъум хуащIэфыр зыхуэдизым, я Iэужьым ущриплъэкIэ, мыпхуэдэу уигу къэмыкIыу къанэркъым: «Ярэби, дунейпсо литературэм къыщыбгъуэтыну пIэрэ мыпхуэдэ нэгъуэщI зы щапхъэ?»

Ар дыдэр хужыпIэну хуэфащэщ Асмат пщащэ цIыкIуми. Асмат пащтыхьыпхъу Дареджан и Iуэхутхьэбзащlэщ, дэгызэщ. Ауэ «ЗекIуэлIым» абы щигъэзащIэ къалэным узэреджэн псалъэ къагупсысауэ пIэрэ! Ядыгъуа и къэшэныр къигъуэтыжыну гъуэгу теувэ Тариэл къэзымыгъэпцIэжын гъуси ныбжьэгъу пэжи псом япэ къыхуэхъур Асматщ. Тариэл здигъэзэну лъэныкъуэр ищIэркъым; йожьэри, зы хъыбар кIапи къыIэрымыхьауэ, къегъэзэж, тхьэмахуэ (е мазэ) бжыгъэкIэ къыщытаи щыIэу. Асмат, Дареджан и хьэтыркIэ, Тариэл и гугъуехьыр дешэч, и мыгъуэм пэIэщIэу нэпс щIэзыгъэж щIалэм и нэпсхэр щыхуилъэщIи къыхэхуэу. Тариэл ежьа нэужь, пщащэм и закъуэпцIий, зэрыжаIэщи, «мафIэр имыгъэункIыфIу», бгъуэнщIагъым щIэсщ, щIалэр къыщысыжынум пэплъэу. Мыри зыщыгъэгъупщэн хуейкъым: Асмат езыри хъыджэбз щIалэщ, и шэгъуэрэ и дахэгъуэу…

Хэт ар къыпхуэзыщIэфынур? ИкIи дауэ абы узэреджэнур?

Ещхьыркъабзэу, Асмат шыпхъу пэж яхуохъу Автандилрэ Придонрэ – Тариэл къызэрагъэпэжым щхьэкIэ.

НтIэ, езы усакIуэми ижыIауэ, «Iуэхум захуэу убгъэдыхьэм», а пщащэ цIыкIум мыпхуэдэ хуэбгъэфэщэну сыт хуэIуа:

*Мылъкуу щыIэм я нэхъ лъапIэщ*
*напэр къабзэу пхъумэфам.*

Апхуэдэу лъагэу, нэр щыджылу пщIыпщIу ныбжьэгъугъэр къэзыгъэлъэгъуа автор сэ срихьэлIауэ сщIэркъым, Руставели нэмыщI.

* * *

КIэщI дыдэу нэхъ мыхъуми, «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлIым» сыщIытепсэлъыхьам щхьэусыгъуэ иIэщ: Тхьэгъэзит Зубер щыуатэкъым – мыр адыгэбзэкIэ диIащэрэт, жиIэу Шота Руставели и поэмэм щытриубыдам. Дж. Свифтщ мыпхуэдэу жызыIар: «Зы лIэщIыгъуэм е зы лъэпкъым фIэкIа темыухуа тхылъым укъыщIеджэххэн щыIэкъым!»

Сатирик щIэгъэщхъуэжам, зэрихабзэу, гуащIащэу жиIащ. Абы тепщIыхьмэ, тхылъу ятхауэ щыIэм и нэхъыбапIэм укъемыджэми хъунут. Ауэ пэжыр пэжщ: тхылъ куэдыкIейм зырызыххэ къахокI – зэманыр пэмылъэщу, зызыхъуэж гъащIэм дэбакъуэу, цIыху хьилмыр зыгъафIэ гупсысэхэмрэ цIыхупсэр зыIэт макъамэхэмрэ кIуэ пэтми нэхъ Iупщlу

къахэщу. А зырызыххэхэм ящыщщ Шота Руставели и Iэдакъэщ1экI телъыджэр.

Ауэ къызэрымыкIуэу гугъусыгъущ нобэ ди нэгу щIэкI зэманыр. ИкIи цIыху псори Iущ хъуауэ жыIэгъуейщ. Иджыпсту, мыр стхыуэ сыздэщысым, «демократием» дыхуаущий защIурэ, ди къэралыгъуэм суд къытращIыхьын мурадкIэ Брюссель щызэхэтIысхьэ зи хабзэ политикхэр си нэгу къыщIохьэ. Псори зэщыхуэпыкIащ. Псоми зыкърах. Зым нэхърэ адрейр нэхъ бжьыфIэщ. Ауэ… жаIэм тепщIыхьмэ, моуэ уегупсысынкIи мэхъу: «Ярэби, мы къомым тIэкIу хуэныкъуэдели, зызыгъэдели, делэ дыди мымащIэу яхэмыту пIэрэ?»

НтIэ, Руставели и куэдщ абыхэми яжриIэн (усакIуэшхуэм жиIэр къызэраубыдын хьилмы къалъыкъуэкI закъуэмэ). Псалъэм папщIэ, «Дауэ зыр зэрыжеинур етIуанэм бэлыхь телъу?» Е: «Хуейщ шыгъупIастэ цIыхуу щыIэр». Зым и щхьэм адрейр иримылъытмэ, захуагъэрэ зэхуэгъэкIуатэрэ щымыIэмэ, дунейр зэтес хъунукъым, жеIэ усакIуэм. IэпщацагъэмIуэхур тезыщIыхь жэкъуахэми Шота мыпхуэдэу захуегъазэ: «Пелуан Iэпщэм фрипагэу, цIыхухэ, зэи фыщымыкI». ИкIи, къытригъэзэжурэ, усакIуэм трегъэчыныхь: «ФIы пщIэфамэ – аращ мылъкуу къыпхуэнэнур».

Ярэби, согупсыс сэр-сэру, сыту насыпышхуэт «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлIыр» псоми я анэдэлъхубзэкIэ яIатэмэ! Хасэм кIуэн и пэ къыихуэу абы гупсэхуу щIэджыкIам Руставели и деж къыщимыгъуэтмэ си Iуэхут делафэ кърамыплъу гупым къазэрыхэкIыжын акъылрэ дерсрэ!

Дэ, адыгэхэм, апхуэдэ насып къыдэуэлIащ Тхьэгъэзит Зубер и фIыгъэкIэ.

Захуагъэм и хьэтыркIэ жыIэпхъэщ: Тхьэгъэзит Зубер тэрмэш Iэзэу къыщIэкIащ, кIуэаракъэ, куржы усакIуэшхуэр адыгэбзэ дахэкIэ къыдигъэпсэлъащ жыпIэнщ. Абы и щыхьэту, ищхьэкIэ щапхъэу къэсхьахэм иджыри зы щIызгъужынут:

*Нэпс къэкъуалъэр гъущIым теткIуэм*
*гъущIыр хабзэкъэ игъэткIуу?*

* * *

Мыбдеж, Тхьэгъэзит Зубер и гъусэу, нэгъуэщI лIы ахъырзэманитIми я цIэ къыщизмыIуэу хъунукъым: Сокъур Мусэрбийрэ Къып Мухьэмэдрэ.

Сокъур Мусэрбий и гуащIэ фIыуэ хэлъщ Тхьэгъэзит Зубер адыгэ тхылъаджэм и пащхьэ кърилъхьа лэжьыгъэм. Мусэрбий и Iэр абы угъурлыуэ хэIэбащ – адыгэбзэкIэ поэмэм игъуэта фIэщыгъэм къыщегъэжьауэ (поэмэр тхылъ щхьэхуэу къыдэкIын и пэ къыихуэу «Iуащхьэмахуэ» журналым щытетам «зекIуэлI» псалъэм и пIэкIэ къыщыкIуэр «зауэлIт»; шэч хэмылъу, иужьрей вариантыр – «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлIыр» – нэхъ тэмэмщ).

Графикэ фащэкIэ тхылъыр «зыхуэпа» Къып Мухьэмэд, Iуэхум хуэIэижьу къыщIэкIри, куржы художник цIэрыIуэхэу Кобуладзе, Тоидзе сымэ щытхъу псалъэ зыхужаIа IэщIагъэкIэ Руставели и поэмэм хуэупсащ.

Пэж дыдэу, щIагъуэщ Мухьэмэд «ЗекIуэлIым» хуищIа сурэтхэр:

адыгэ сурэтыщIым и Iэужьыр куржы художникхэм я IэщIагъэм фIыуэ къыщхьэщокI (Псалъэм папщIэ, «БВЛ»-м къыщыдэкIа «ЗекIуэлIыр» С. Кобуладзе «зэрихуэпам»). Ауэ щыхъукIи, Къыпым куржы гъуазджэм ижь къыщIимыхуауэ, абы хуэхей дыдэуи жыIэгъуейщ; икIэм-икIэжым, – арауэ къыщIэкIынущ нэхъыщхьэри, – Къыпым и IэрыкI сурэтхэр щызэпэпплъыхькIэ, уи фIэщ мэхъу: усакIуэ уафэрысым и макъ жьгъырум пэджэж «бзэ» лъагэрэ абы и гуращэ мысэтейхэри нэIурыту белджылы къэзыщI «IункIыбзэ» Iэрыхуэрэ Мухьэмэд езым къигъуэтыжащ.

Тхьэгъэзит Зубер и фIыгъэкIэ нэгъуэщI зы Iуэхуи къэхъуащ: абы дэплъейщ, и хэлъэтыр щапхъэ хуэхъури, илъэс бжыгъэ дэкIауэ, балъкъэр усакIуэ Гуртуев Сэлихьи «ЗекIуэлIыр» и анэдэлъхубзэм кърígъэзэгъэну пыхьащ. ИужькIэ поэмэр ди деж бзитIымкIи зэуэ къыщыдэкIыгъащ.

* * *

Шота Руставели и псалъэм нобэ куэд илэжьыфыну къонэ – абы хуэфащэ гулъытэ зэримыгъуэтым къыхэкIыу. Радиор, телевиденэр, театрыр блэкI хъунт апхуэдэ текст! Ди артистхэри хуэмыхутэкъым. АрщхьэкIэ режиссурэм и мыкIуэмытагъыр… а мынобэрей ди узыфэр нобэми зэрыщытыжьщ…

Ар зыхуэгъэкъаруун режиссурэ уиIэу, Шота Руставели и псалъэр нобэ сценэм щыбгъэлэжьатэми!..

* * *

Тхьэгъэзит Зубер, зэрыусакIуэм къыдэкIуэу, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу, жэуаплыныгъэ ин зыпылъ IэнатIэхэм Iутурэ къекIуэкIащ. «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу, иужькIэ ди республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щытащ. ИкIи лъэкI къимыгъанэу хэлIыфIыхьащ ди литературэ гъащIэм унэтIыныгъэ тэмэм иIэным, абы къыщыхъу-къыщыщIэхэм хуэфащэ пщIэ – кIэрымыгъэхуауэ икIи емыгъэлеяуэ – ягъуэтыным. Мыри жыIэпхъэщ: лъэпкъ литературэм къыхыхьэ автор ныбжьыщIэхэм Зубер ныбжьэгъу пэжи чэнджэщэгъу нэси яхуэхъурт, и нэIэ абыхэм ятет зэпытт, я зэфIэкIыр игъэбелджылыуэ, я щыщIэныгъэхэри имыбзыщIу я пащхьэм щигъэлъэгъуэфу.

* * *

Тхьэгъэзит Зубер и творчествэр ди лъэпкъ литературэм и тхыдэм зэрыхыхьэрэ куэд щIащ. Абы и IэдакъэщIэкI нэхъ купщIафIэхэр хрестоматием ихуащ, курыт еджапIэхэми университетми щадж, диплом икIи нэгъуэщI къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр траухуэ. Тхьэгъэзитым и зэфIэкIым тетхыхьащ Тихонов Николай, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Нало Заур, Сокъур Мусэрбий, Шэвлокъуэ Пётр, ХьэкIуащэ Андрей, КIурашын БетIал сымэ, нэгъуэщIхэри. Псом нэхъри нэхъ Iэзэу Зубер тетхыхьар Сокъур Мусэрбийщ.

Тхьэгъэзит Зубер и творчествэр ди Хэкум зэрыщызэлъащIысам, ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэкIэ зэрызэрадзэкIам къыщымынэу, къэрал гъунапкъэми зэрыщхьэдэхрэ куэд щIащ.

**КЪЭЖЭР Хьэмид**

# Тхьэгъэзит Зубер хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Ди щIэблэм яхэту поэзием и бгы лъагэм Тхьэгъэзитри докI, езым и лъагъуэм тетыжу. Литературэр фIыуэ зылъагъухэр усакIуэм фIыкIэ щогугъ. КъызэрытфIэщIымкIэ, «Бгым сыдокI» цIэр зыфIища тхылъым ахэр къигъэпцIакъым. А тхылъым ит псори я гъэпсыкIэкIэ зэхуэмыдэ пэтми, тхылъеджэм абы къыщигъуэтынщ зыгъэгупсысэн псалъэ хъуэрхэри, пащIэм щIэзыгъэгуфIыкIын гушыIи, щхьэхуещэхэр ауан зыщIи, бзитIщхьитIхэм нэлат езыхи.

**ТЕУНЭ Хьэчим**

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ усакIуэ, талант зыбгъэдэлъ Тхьэгъэзит Зубер зытетхыхь темэкIэ зэмылIэужьыгъуэщ. Абы етх езыр къыщалъхуа и лъахэм, и хэкуэгъухэм, природэм, нэгъуэщIхэми ятеухуа усэхэр. Тхьэгъэзитым хузэфIокI бгырысхэм я къафэ «Ислъэмейм» и дахагъ узытхьэкъур и усэхэм щыдигъэлъагъун.

Тхьэгъэзит Зубер и усэхэм щопсэу цIыхубэм я Iущыгъэ псор, абы дахагъэуи фIагъыуи бгъэдэлъыр.

**ТИХОНОВ Николай**



Тхьэгъэзит Зубер и усэхэм сыт щыгъуи щIэщыгъуагъ гуэр яхэлъщ. Аращ абы и поэзиер адрейхэм емыщхь зыщIыр.

Дэ мащIэфащIэ ттхакъым ди хъыджэбз дахэхэм, гъатхэм и щIэрэщIэгъуэу ахэр зэдгъапщэм теухуауэ. Ауэ Зубер абыхэм нэгъуэщIынэкIэ еплъащ, хъыджэбзымрэ гъатхэмрэ зэуIуу ди нэгу къыщIигъэуващ, гуфIэгъуэрэ гухэхъуэгъуэрэ къыдиту. Апхуэдабзэу уигъэгуфIэу ар тотхыхь тенджызми, къуршми, щIымахуэ жэщми, жьыбгъэми, зэманми. Абы и усыгъэхэм дэ щыдолъагъу талант щIэщыгъуащэ.

**КУЛИЕВ Къайсын**

Сэ сщIэрт Къэбэрдей усакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат Тхьэгъэзит Зубер илъэс куэд щIауэ Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» поэмэ зыхуэдэ щымыIэм и зэдзэкIыным зэрелэжьыр…

Иджы, мис, къыдэкIащ, Налшык къикIри къысIэрыхьащ а тхылъыр… Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я дежкIэ ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ.

**ЛОХВИЦКИЙ Михаил**

Тхьэгъэзит Зубер и усэхэр купщIафIэщ, жьы ящIэтщ жыхуаIэм хуэдэщ, абыхэм я нэхъыбапIэм къаIэтыр цIыхухэр зэщIэзыIэтэ гупсысэщ. Нобэм и лъынтхуэхэр япкърылъ пэтми, ахэр щIохъуэпс гупсысэ гуащIафIэкIэ зэрызапсыхьыным, къэкIуэнум хуопабгъэ, цIыху гъащIэ нэгъэсам и нэщэнэ лъапIэхэр нэхъри гъэбыдэным хьэлэлу хуолажьэ.

**СОКЪУР Мусэрбий**

Тхьэгъэзитыр творчествэм и гъуэгу зытеувам тэмэму ирокIуэ. Ар хэгупсысыхьауэ мэлажьэ, япэ къыIэрыхьэ псалъэр рифмэ зэрищIыным пымылъу. Зубер лIыгъэ хэлъу къызэренэкIыф псори дызэсэжа, дужэгъуа, бадзэм хуэдэу ди хъуреягъкIэ щыву нэмыхъус-нэмыщIыс усэ мыхьэнэншэхэм хуэдэхэр тхыныр.

**КИРЕЕВ Михаил**

Тхьэгъэзит Зубер адыгэ поэзием къыхыхьащ зыми емыщхь макъ иIэу икIи и тхыгъэхэмкIэ псоми яжриIащ езым и усэбзэ, и дуней еплъыкIэ, и художественнэ гупсысэкIэ зэриIэр.

Тхьэгъэзитым и поэзием куэд къызэщIеубыдэ, куэдым я щхьэфэ йоIэбэ, куэдыр игу пцIанэмкIэ сэтей къещI. Аращ ахэр гукъинэж щIыпщыхъур. Апхуэдэу гъащIэм бгъэдыхьэф усакIуэхэр гъуэтыгъуафIэкъым.

**ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэжбэчыр**

Тхьэгъэзитым и усэхэр Iэсэщ, щабэщ, гум ехуэбылIэ лирикэ дахэкIэ гъэнщIащ. Ар сытым темытхыхьами, уи нэкIэ плъагъум хуэдэу уи нэгум къыщIегъэувэ. Усэхэм ящыщ дэтхэнэми уегъэпIейтей. И поэзие псор зэрыщыту къапщтэмэ, езым и щхьэ ехьэлIа защIэ хуэдэуи щытщ, ауэ цIыху псоми я гурыщIэри къыщыгъэлъэгъуащ.

УсакIуэ гъэщIэгъуэнщ Зубер. Ар Iуэхушхуэхэм, кIуэд зимыIэхэм къызэрыгуэкIыу тотхыхь. Аращ ахэр къаруфIэ зыщIри.

**СОЗАЕВ Ахъмэт**



И IэщIагъэм хуэпэж дэтхэнэми хуэдэу, Зубер куэд щIауэ къалэн зыщищIыжри хьэли хуэхъуащ увыIэгъуэ имыIэу еджэныр. Абы пасэу къыгурыIуащ тхакIуэм литературэр лъэпкъ хэхрэ лъэхъэнэ хэдэрэ имыIэу и гъащIэ псом иджыну зэрикъалэныр.

Хэт и фIэщ хъунт адыгэ усыгъэм и зэфIэкIым Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» эпопее цIэрыIуэр хуэгъэIурыщIэну?... Тхьэгъэзитым хузэфIэкIащ а тхыгъэ телъыджэр адыгэбзэкIэ къигъэпсэлъэн.

**МЫД Мухьэрбий**

Дэтхэнэ усакIуэри хущIокъу псалъэр езым зэрыхуейм хуэдэу игъэIурыщIэфу, усэм абы щиубыдын хуей увыпIэр тэмэму къыхуэгъуэту щытыным. Ар къару куэди, зэман мымащIи зытекIуадэ лэжьыгъэ гугъущ, тхэн щIэзыдзэхэм ящыщу зэхъулIэри зырызщ. Апхуэдэу зэрыщытыр пасэу къыгурыIуащ Тхьэгъэзит Зубер. КъыгурыIуа къудейм къыщымынэу, Тхьэм къыхуигъэфэща IэщIагъэм ерыщу пэрыувэри, ди литературэм лэжьыгъэшхуэ щызэфIигъэкIащ. Абы и лирикэр, гумрэ псэмрэ дыхьэ и усэхэр хэмыту нобэ уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнукъым къэбэрдей поэзиер.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**

7 Заказ № 199

*Усэхэр*

## ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

### ХЭКУ

Дакъикъэ закъуи зы пIэм уимызагъэ,
Ушу емышщ —
УмыщIэ уэ махуэл.
Уи гъуэгу бдызокIур сIыгъыу уи лъэрыгъыр, —
Уи бынхэм гъуэгу тетыныр хъуащ я хьэл.

Уэ бий уи куэдщ —
Уэ уи псэм ахэр къощэ.
Си гур къеуэхукIи ем ущысхъумэнщ:
Щрет ар хэтуи —
КъыпхуэзытIыр мащэ,
Ди адэжь хабзэу, мащэм изгъэхуэнщ.

Сэ уяпэ сищым — си щIыб пхуэзгъэзауэ
Уэ уимыгугъэ:
Бий къыппэтIысам, —
Ем и шэм сигу пхуэкъабзэр пэщIэздзэну
Арщ сыщIэпIащIэр, семыблэжу псэм.

Уяужь сыкъинэм си лъэм самыIыгъыу,
Абдежи уэ си щIыбыр пхуэзгъэзэнщ,-
Ауэ нэмыплъ уэстауэ уи мыгугъэ:
Бий къыпкIэлъыуэм —
Си гур пэщIэздзэнщ.

### СЫЩАЛЪХУА ЩIЫМ

ПхуэсщI лъагъуныгъэр бжьэ гуащIэщ,
Нэхъ гуащIэ хэт еIуба?
Уихуам —
Си IэплIэм уислъхьэнти
ПхуэсщIынт семышу ба.

ЩIыху пэжхэм си гур хуэусэу
Уэраци сэ сызыпIар, —
Си гум уихункъым щIы фIыцIэу
Бydзышэ хужь сыщефар!

## БАЛЛАДЭ

И ныбжь ирикъуу и хьэдрыхэ кӀуэгъуэ
Щыхъум —
Ажалыр цӀыхум къыхуэкӀуащ;
ИӀыгъыу Ӏэпэр пщӀантӀэм къыдишыным
Ипэу, и хьэщӀэр абы къеупщӀащ:
«Уэр папщӀэ уи ныбжьэгъуи
Уи жэрэгъуи
Уи псэукӀамкӀэ куэдым сепсэлъащ.
Уэ пэжыр уи тхьэу,
Ер уэ уи ижэгъуу
Уи гъащӀэр пхьауи псоми къызжаӀащ.
ГущӀэгъум сыхуэхейми, ауэ щыхъукӀэ,
Иужьрей уи лъэӀур згъэзэщӀэнщ:
Сыт зыдэпхьыну ухуей хьэдрыхэ?
ЖыӀэ уигу илъыр —
Мащэм ныбдислъхьэнщ.
Къыздэщтэ дыщэ!»
«Дыщэ сэ сыхуейкъым!»
«Хэдэ уи мылъкум!»
«Мылъку сэ сыту сщӀын?»
«ЗыщӀыгъу фӀыу плъагъур».
«Ирепсэу ар куэдрэ!»
«АтӀэ уэ жыӀэ:
Тыгъэу сыт нэхъ хъун?»
«Сэ сынэпсейщ —
Сыхуейщ сэ икъукӀэ куэд.
Ажал, плъэкӀыну щытмэ, уэ къызэт:
Тэрчыжь щыщ зы псыӀуб,
Ди къуршхэм щыщ зы мывэ,
Зы пшэ гуэрэн,
Мо уафэм щыщ бзыхьэхуэ,
Зы дыгъэ бзий,
Зы гъатхэ жыг къудамэ,
Ди гъащӀэр зыгъэлъапӀэу зы уэрэд!»

## ГЪАЩӀЭМ ПЩӀЭНШЭУ ИЩӀКЪЫМ ТЫГЪЭ

ГъащӀэм пщӀэншэу ищӀкъым тыгъэ,
Тыгъэу иӀэр блихкъым зым, —

Хьэщ̇Ӏэ къыпхуищ̇Ӏам гуфӀэгъуэ,
Гуауэм ухуещ̇Ӏыж бысым.
УиӀэтамэ лъагэу уэгум,
Ущ̇Ӏэхъуэпсу нэхъ лъагэж
Уещ̇Ӏри —
Жэщ̇и махуи уи гум
Зы пыӀэпӀэ имыӀэж.

Къыхигъахъуэм уи щ̇Ӏэныгъэм,
Къэпщ̇Ӏар мащ̇Ӏэ къыпфӀегъэщ̇Ӏ.
Убгъэдишэм лъагъуныгъэм,
КъыпкӀэлъешэ уэ гухэщ̇Ӏ.

Къызумытыт, гъащ̇Ӏэ, зыри
Сэ си гуащ̇Ӏэ зыхэмылъ, —
Нэгъуэщ̇Ӏ Ӏэм игъэхьэзыру
КъысӀэщ̇Ӏэплъхьэм ӀэфӀ щ̇Ӏэмылъ!

УхыгъэфӀкӀэ сэ согугъэ,
А си гугъэр къысхуэгъэхъу, —
Сыхэгъахуэ уи гуащ̇Ӏэгъуэм,
Сыхэгъэни уи гущ̇Ӏэгъу!

УезыхьэкӀым, гъащ̇Ӏэ, «уэху»-кӀэ,
Къыпхуэдыджым —
Си гур щ̇Ӏогъу.
... Сэ пхуэсщ̇Ӏ тыгъэр нэхъ лъапӀэхукӀэ
Уэ нэхъ лъапӀэ укъысщ̇охъу!

## ГЪЭРЭ ЩӀЫРЭ

ЗэхокӀ нобэ гъэрэ щ̇Ӏырэ,
Зызэрадзыр хуабэм, уеӣм.
ЗэкӀэ зэрыхэмыгъащ̇Ӏэ —
ЩытекӀуэнур сыт дунеӣм?

Къамыгъанэу лъэкӀ ягъахъэр,
ЛӀэн-къэнэнхэу зэпэщ̇Ӏэтщ̇.
ЩӀым, шыуану, щ̇хьэщытщ̇ бахъэр,
Гугъэр тӀуми я нэгу щ̇Ӏэтщ̇.

Зэхэтщ цӀыхухэр нэшхуэгушхуэу:
«Лъэс щхьэж хуэфащэ пщӀэр!»
Ауэ жьыр нэхъ къарууншэ,
КӀуэхукӀэ, мэхъур — токӀуэ щӀэр.

ЙокӀуэт уаер папщэ-щатэу,
Гъатхэ щӀылъэр къызэщоу.
Дунеижьми зэрыщыту
Вагъэбдзумэм и мэ щоу.

Мылыр дыгъэм зэгуеудыр,
Псым зыгуэрхэр къеӀущэщ.
Ди пхъэӀэщэ зэщӀэлыдэр
Губгъуэм и бгъэм йопэщэщ.

Дыгъэм бгыжь зэщӀигъэнахэм
Я псыгуэхухэр къащӀ нэхъ уэр.
Тэрч къыхедзэ уэрэд иныр,
Деипс цӀыкӀури йожьу Тэрч.

ЗэщӀолыдэ, зэщӀопщӀыпщӀэ
ГъащӀэ жьыбгъэр зыщӀихуа
Губгъуэ щхъуантӀэр.
… ЩӀым игъащӀэм
Хуэдэщ шэ къытемыхуа!

* * *

Бжьэу, зэрызохьэ яслъэм цӀыкӀу щыджэгухэр.
Си псэр зышхынхэ!
Насып псори зей!
… Усэ нэщхъей зэгуэр къилъхуати си гум —
СогъэщӀэгъуэж:
«Ар дауэт? Еууей!»

Щымщ, кхъэуэ, жьыхэр щапӀыж унэ пщӀантӀэр.
Псалъэншэщ дэсхэр.
Гуауэу щыӀэр зей!
… ГушыӀэ усэ сигу зэгуэр къилъхуати, —

СогъэщӀэгъуэж:
«Ар дауэ хъуат дунейм?!»

## ЖЫГЕЙ

— ЗыхогъэпскӀыхьыр гъатхэм и дыгъэпсым,
ГуфӀэгъуэр тхьэмпэ щхъуантӀэм я нэгу къощ.
— Сабий къалъхуам и макъ си деж къоӀусыр, —
Сэ нобэ гущэ къысхахын къысфӀощӀ.

— УеупцӀэн, плъэмыкӀыу, бжьыхьэм и уэшхыпсым,
ГуӀэгъуэр тхьэмпэ гъуэжьхэм я нэгу къощ.
— Жьапщэм си деж хьэдагъэ макъ къехьэсыр, —
Сэ нобэ сын къысхащӀыкӀын къысфӀощӀ.

## ХЕЙХЭМРЭ МЫСЭХЭМРЭ

1



Зехъуэж дунейм, зехъуэж цӀыхупсэм,
Ар пцӀыщ жызыӀэфынур хэт?
Ар япхыкӀакъэ хьэкъыу псоми,
Абы хуей хъужыркъым щыхьэт.

Шэч зыщӀ щыӀэжтэм, сэ жесӀэнти
ПсалъитӀ-щы, псори къызэрыкӀ:
«Дантес кӀэрахъуэ кърихыжкъым,
Зыхуейр и бзэгумкӀэ еукӀ!»

2

Пшэ фӀыцӀэр, зэхиукӀэуэ и нэщхъыр,
Дыгъэ гуфӀэжым щхьэ и щӀыб къыдэт?
Иджыри щӀыр Дантесхэм къаущыхьыр,
Къалъыхъуэ Пушкин, ауэ ямыгъуэт.

Хэт зыщӀэр — дэнэ зыдэщыӀэр пэжыр,
Хэт зыщӀыфынур мы дунейр зэтес?
... КъыщамылъхужкӀэ хейм я хеиж Пушкин,
Щхьэ къалъхурэ мысэм я мысэж Дантес?!

## ЩӀЫМ И ДЖЭРПЭДЖЭЖ

1

Сигу пцӀанэ, щӀым и джэрпэджэж,
ГуфӀэгъуи гуауи уподжэж.

Къудамэ гъагъэ гуэщӀыкӀам,
Зи псэ хьэлэл дунейм текӀам,

Псым и бзэр мылым иубыдам,
Тхьэрыкъуэм фочыр хуаӀэтам,

ТӀу зэхуэгуфӀэу гъуэгу техьам,
Яз лъагъуныгъэм епцӀыжам, —

Уохъу бауэкӀэщӀ, зопӀытӀ-зохуз:
Уэра къысфӀощӀ къызэӀэр уз…

2

ЩакӀуэр арыххэуэ щӀогъуэж, —
И фочыр и плӀэм иредзэж.

Сабий, псэм еджэу, пӀэм хэлъар
Хъужащ — и чышым мэшэс ар,

Абы и анэр гуфӀэжау
ФӀощӀ сабиигъуэм ихьэжау,

Уэ къэзыхь пшэхэр жьым щхьэщеху,
Дыгъэм ижьахэм гуапэу щӀеху,

Къуршыбгъэ уардэр щхьэщыхьау,
Іуолъэт къуаргъ фӀыцӀэр, щхьэр щӀихьау,

ЗауэлӀыр и псэм щымысхьыж, —
ЩӀыналъэ кӀапэ хуит къещӀыж,

Уэ, аргуэрыжьщи, уопӀейтейр:
Къыпщохъу уэрауэ дунейр зейр.

3

ЩӀым тетым яӀэщ цӀэ зырыз.
Уэ гур лӀакъуэцӀэу щхьэ къыплъыс?

ПфӀащамэ «ЩӀым и джэрпэджэж»,
Си гугъэт хъуну ар нэхъ пэж…

ЕгъэӀур щӀылъэм псалъэмакъ —
ГуфӀэгъуэ макъ.
ГуӀэгъуэ макъ.

А макъамитӀыр щӀым жиӀэху,
ЩыпщӀэнкъым зэи дунейм гупсэху.

ГуфӀэгъуи гуауи уподжэж,
Сигу пцӀанэ, щӀым и джэрпэджэж!

* * *



Щхьэ гуфӀэгъуэр гум ихужыгъуафӀэ?
Псым хадза къауцци —
Ар мэбзэх.
Гуауэр щхьэ цӀыхугум къинэгъуафӀэ?
Мывэ фӀыцӀэу гущӀэм щотӀысэх.

Сэ солъагъур:
Сысеижкъым уи псэр,
Узбгъэдэтми —
Уи гур ежьэжащ.
… Къысхуэгъэгъу сэ Ӏейуэ уэсщӀа псори,
ФӀыр —
Куэд щӀауэ уэ пцыгъупщэжащ.

## ДЫЩЭБЖЬЭХЭР

Дыщэбжьэ Ӏэджэ уафэ-фом епщӀащ:
Я дамэ цӀыкӀу шэщӀар ягъэпӀэжьажьэу,
ЩӀоф ахэр уафэм…
Щхьэнтэм зезгъэщӀащ, —
Ауэ сигу хэщӀым жейм зрегъэӀэжьэ.

Уигу гукъэкІыжхэм къамэу зыхасауэ,
Ущыс, сэ сэщхьу, уэри мы жэщыбгым?
Хьэмэ блэкІахэр, гущІэм щыІэсауэ,
Зэхэс бзэмыІуу, гъащІэ кІуам темыбгэу?

Уи пыжьынитІым сыщІэплъат зэгуэр,
ЯфІэмыфІа сынэплъысын я лъащІэм.
Уи лъагъуныгъэм къысщІихуат ижь уэр,
ЗблэкІри, сэрыншэу, хыхьэжащ ар гъащІэм.

Гъуэгу тет иджыри ар
Зы тІысыпІэфІ
Къыхуэмыгъуэту,
БампІэу, зиукІыжу?
Е дэс жьэгу пащхьэ, жиІэу:
«Щхьэ сынэфт?»
ЩІэс хамэ унэ, игу сыкъигъэкІыжу?

Хьэуэ, ар пцІыщ!
Сэ сощІэ — ахэр пцІыщ!
Уожей уэ ІэфІу —
Къыббгъурылъщ щхьэгъусэр.
Жэщ псом уи нэгум пщІыхьу щІэкІри зыщ:
Уи мыгъуэр пщІыгъуу уэгум уэ ущорсыр!

Аракъэ фІыри!
Ферсхэ фэ, зыфІэт!
Фымыгузавэ дамэр къэлэлэнкІэ,
Сэ сигури кІэщІу фэ фяужьым итщ,
Ар фщІыгъуу, фымышынэ лей фтехьэнкІэ.

«Фыкърехуэх!» —
Абы къывжиІэу зэ,
ТІэкІу къыфкІэрыхуми, зэуэ ар къоскІэжыр.
БгъукІэ фещІамэ —
ДзэкІэ быдэу псэр
Иыгъыу кІэщІу фяужь йоувэжыр!

... Си гукъэкІыж,
БлэкІахэр умыгъейуэ

Зыущэху,
АфӀэкӀ слъэкӀыжкъым —
Сезэшащ.
СщхьэщыкӀи, тӀэкӀунитӀэ сыгъэжей уэ:
Дыщэбжьэ цӀыкӀухэр уафэм зыщӀифащ!

* * *

Зыгуэр къыпщыщӀым? —
Си гур мэкӀэзыз!
Слъэгъуащ ныжэбэ сэ пщӀыхьэпӀэ Ӏей:
Уафэр къэкӀуатэрт,
Къытегъуалъхьэрт щӀым…
ЛъагапӀэ мыплъэм сытыр и дуней!

Зыгуэр къыпщыщӀым? —
Си гур мэкӀэзыз!
УмылӀэ щӀалэу — ущӀалъхьэнкъым зым:
Дунейм цӀыху теткъым,
ӀитӀыр къыхуэӀэту,
Уэ тхьэӀухудыр мащэм уизылъхьэн…



## АДЫГЭ КЪАФЭ

Адыгэ къафэ,
Адыгэ къафэ,
Адыгэм псэ иӀэм — иӀэр уэращ.
«Адыгэ уафэ,
Адыгэ щӀылъэ», —
ЖиӀэм Алим — жезыгъыӀэр уэращ.

Уэ уи макъамэу
Дуней гъэдахэм
ЩӀэдэӀум и псэм зэуэ зехъуэж:
Гуауэм иӀыгъыу
Зигу хъуари махэ
ГуфӀэгъуэ ӀэплӀэм занщӀэу йохуэж.

ГуфӀэгъуэ зиӀэм
И деж нэӀуси —

Дамэншэщ ахъумэ — уэгум ихьэнт,
Ди Iуащхьэмахуэ
Щхьэщэ къыхуищIу,
Спутник IэрыщIым бгъурыувэнт.

Адыгэ къафэ,
Лъахэр зыгъафIэ,
МылIэжыныпсэ зыми Iумыт.
Уэ хьэгъуэлIыгъуэм
Ущобзэрабзэ,
Хьэдагъэ къэхъум — уи бзэр еубыд.

Адыгэ къафэ,
Адыгэ къафэ,
Уэ ныпхузиIэщ нобэ зы лъэIу.
Сэ сынолъэIур —
ПхуэсщIкъым унафэ —
СылIэм — хьэдагъэм уи макъ щыгъэIу.

Ар хабзэщIэкъухэм
Ягу иримыхьми,
Си фIи, си егъуи уэ къодэIуэнщ:
Си гур бэуэхукIэ
ЗыхамыщIами,
Лъэтэжа си псэр къагурыIуэнщ...

## УСАКIУЭМ И МУРАД НЭХЪЫЩХЬЭ

1

Псэ зыпытыр хуейщ игъэгуфIэн,
Ешкъым и уэрэдкIэ игъэфIэн.
Псэншэм псэ хилъхьэну и къалэн
Хъуащи — игъэтIылъкъым и къалэм.
Зыми пимыщI лъахэм бий къихьэнщ, —
Ар къэмыскIэу мафIэм ныхыхьэнщ.
И уэрэдыр джатэу ипсыхьынщ,
Ем текIуэхукIи, ныпу ар ихьынщ.

2

Еплъ зэ усакӀуэнэкӀэ дунейм —
Нобэ утеплъэнущ уи пщэдейм.
Ди щӀымахуэ жыгхэм уахэплъэнщ —
Тхьэмпэ щхъуантӀэ тету уаӀуплъэнщ.
УсакӀуэгур уи бгъэм зэ иплъхьэнщ —
Гугъэм дамэу уэгум урихьэнщ,
Хуэпшиинщ Ӏэ зи нэпс къыщӀэхуам,
Гуауэм зи щхьэц налъэ хигъэхуам.
УсакӀуэ тхьэкӀумэр къыхэпхынщ —
Вагъуэм и щхъыщхъ макъыр зэхэпхынщ,
ЩӀым халъхьа жылакӀэм и уэрэд
КъэӀусынщ уи деж дэмыкӀыу куэд.
УсакӀуэбзэр уэ зыӀурыплъхьэнщ —
Лъахэ мывэ бзэншэр къопсэлъэнщ,
Уи гугъапӀэр хэти къебгъэщӀэнщ,
Ар хым хэс бдзэжьейми зыхащӀэнщ.
УсакӀуэпсэ уи псэр къегъэпсыхь —
Бгым ит щыхьым къуигъэзынщ и дзыхь,
Къаз блэлъэтым уэгур ибгынэнщ,
Уи фочыпэм ар къыпытӀысхьэнщ.

3

Ауэ хулъэкӀ псоми хэткъым зы
ЗыщӀыф нэсу и гур арэзы:
Абы гум щигъафӀэу мурад щэху
ИӀэщ — щӀимыщӀэжри арщ гупсэху.
Гугъэ ӀэфӀу зэгуэр къыдалъхуар
Гум имыкӀ — кӀуэху нэхъ ерыщ мэхъу ар.
И Ӏэр зэтедзауэ зэи щымыс,
Жэщи махуи мы зым йогупсыс:
«Къэзмыгъуэту хъунукъым зэгуэр
Шэ къигъэувыӀэфу псалъэ гуэр...»

*Балъкъэр усакIуэ Зумакуловэ Танзиля илъэс 80 ирокъу*





# Насып къозыт хуитыныгъэ

Балъкъэрым и усакIуэ нэхъыфIхэм я гупсысэр, я цIыхугъэр, я образхэр къызыхахар я лъэпкъым и IуэрыIуатэрщ.

Образ щIэщыгъуэхэр, гухэлъ узыIэпызышэхэр я нэщэнэщ Зумакуловэ Танзиля и тхыгъэхэми. Абы и усэхэр бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ. Иджы ар хабжэ лъэпкъ куэду зэхэт совет усыгъэм и усакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм.

Мы сатырхэр зейр Зумакуловэрщ:

*Къэзылэжьым тхэну хуитыныгъэ*
*ХураIэт и щIыхьыр и усыгъэм.*

КIэщIрэ Iущыгъэ хэлъу жиIащ. Ар и щыхьэтщ Танзиля гурыщIэ куукIэ усэну зэрыхущIэкъум. Зумакуловэр Iуэхум ткIийуэ бгъэдэт усакIуэщ. Аращ къызыхэкIри напэ иIэу, пэжыгъэ хэлъу, жьэнахуэу щытыныр. Апхуэдэ фIэщхъуныгъэншэу усакIуэшхуэ ухъуфынукъым. ИкIи егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу жытIэфынущ Танзиля тхэну иIэ хуитыныгъэмкIэ зэрынасыпыфIэр.

НэщIэбжьэ куэд зылъэгъуа, ауэ и тхыдэм щыщу нэхъ лъэхъэнэ хьэлъэ дыдэм къела, гугъапIэфIхэр имыгъэкIуэдурэ уэрэд гъуэзэджэхэр зэхэзылъхьа балъкъэр лъэпкъыр иригушхуэ хъунущ Зумакуловэ Танзиля хуэдэ усакIуэ къызэрыхэкIам.

Бахъсэнысщхьэ и къыр зэхуакухэм дэс Гирхожан къуажэ цIыкIум

удэзышэ мывалъэ лъагъуэхэм къыщызыжыхьа хъыджэбз цӀыкӀур усыгъэр фӀыуэ зылъагъу псоми къацӀыхуа усакӀуэшхуэ хъуащ.

ӀуэрыӀуатэ усыгъэм и сатыр телъыджэхэр къэзыгъэщӀа балъкъэр цӀыхубз Ӏэджи къэзыцӀыху щӀагъуэ щымыӀэу ехыжащ дунейм. АтӀэми, нобэ дызыгъэгуфӀэ, ди нэпсхэр къезыгъакӀуэ сатырхэр гум къыщешыкъылӀэкӀэ фӀыщӀэ зыхуэтщӀыр ахэращ, а сатырхэр дунейм къытхутезынахэрщ. Зумакуловэ Танзиля дуней псом къыщацӀыхуа япэ балъкъэр цӀыхубз усакӀуэщ. Аращ дэ абы гулъытэ хэха щӀыхуэтщӀри.



*ИжьымкӀэ къыщыщӀэдзауэ:* Кулиев Къайсын, Зумакуловэ Танзиля, Гамзатов Расул сымэ



Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я цӀыхубз усакӀуэхэм ящыщу М. Горькэм и цӀэкӀэ щыӀэ Къэрал саугъэтыр япэ дыдэу зратар Зумакуловэ Танзилящ. А саугъэтышхуэр къыщыхуагъэфэщам, Танзиля и усэхэр фӀыуэ зылъагъу тхылъеджэхэм яӀа гуфӀэгъуэр щӀэншэщ.

Си гугъэщ, усакӀуэм ущытепсэлъыхькӀэ, ар къыщалъхуа, къыщыхъуа, и творчествэр къыщежьа щӀыпӀэми и гугъу щӀын хуейуэ.

УсакӀуэм зэрызыхищӀэм хуэдэу зыми зыхищӀэфынукъым щалъхуа щӀыналъэм и теплъэр, а щӀыналъэм и бзэр абы къызэрыгурыӀуэм хуэдэу нэгъуэщӀхэм къагурыӀуэфынукъым. Аращ лӀэщӀыгъуэ Ӏэджэ щӀауэ къызэрекӀуэкӀыр. Апхуэдэущ зэрыщытар Гёте, Пушкин, ди Ме-

чиев Кязим сыми. Аращ зэрыщытын хуейри. ЖысIэфынущ Танзиля бгыхэм, къурш гъуэгухэм, жыгхэм, щхьэмыжхэм, сэхуранхэм, мывэхэм я бзэр къыгурыIуэу. Пэжщ, къыгуроIуэ абыхэм я бзэр. Ар – усакIуэщ. Мы иджыпсту жысIахэм щыхьэт тохъуэ Танзиля и усэхэр. Абыхэм нэхъ щыхьэтыфIи къэгъуэтыгъуейщ, сыту жыпIэмэ, усэм фэрыщIагъ хэплъхьэфынукъым, «усакIуэр зэрыпсалъэр зэрыбауэм хуэдэ дыдэущ».

Дыгъэ бзийхэр зытелыдыкI къурш щыгухэр – Iуащхьэмахуэ, Ушбэ, Шхельдэ – природэм телъыджащэрэ гъуэзэджэу къигъэщIахэр япэ дыдэу зылъагъухэм жаIэ хабзэщ, мы щIыналъэм укъыщалъхуамэ, ущыпсэумэ, усакIуэ умыхъункIэ Iэмал имыIэу. Си гугъэщ а лъахэм къыщалъхуар икIи къызэрыгуэкIыу, икIи усакIуэшхуэу щытыфыну. Апхуэдэ щIыналъэм и усакIуэу щытын насыпыр куэдым къаритыркъым. Ауэ щыхъукIэ, Танзиля и насып тIуащIэу къикIащ.

Мечиев Кязим къытхуигъэна уэсятым хуэпэжу, Зумакуловэм етх: «Абы и уасэр сыт хуэдизми, пэжыныгъэщ сызыхуейр». А псалъэхэр ткIий къудейкъым, атIэ жэуаплыныгъэшхуи зыхэлъщ. Къалэнышхуэ икIи гугъу дыдэ зыхуегъэувыж усакIуэм, усакIуэ къалэныр зэи тыншу щымытами. Сэ сыт щыгъуи сигу ирихьу щытащ, ноби ирохь Танзиля усыгъэм, усакIуэ IэщIагъэм зэрыхущыт щIыкIэр. Шэч хэмылъу, Зумакуловэр щеджар езым и пэкIэ щыIа балъкъэр бзылъхугъэ нэхъыжьхэм я деж и закъуэкъым, атIэ дерсышхуэ хуэхъуащ урыс, дунейпсо усакIуэ нэхъ ин дыдэхэм я IэрыкIхэри.

Сэ балъкъэр Музэр зэрыткIийр жысIакIэщ. Ди литературэм и апхуэдэ щытыкIэ щхьэхуэр епхащ дыщалъхуа щIыналъэм и щытыкIэм, балъкъэр лъэпкъым къызэринэкIа гъуэгуанэ хьэлъэм. Ди Усыгъэм цIыхухэр хуригъаджэу щытащ, ноби хурегъаджэ, хуегъасэ бэшэчыныгъэм, гъащIэр фIыуэ лъагъуным, лIыгъэм, лэжьыгъэм. Балъкъэр Музэр езы балъкъэр цIыхубзхэм, ди анэхэм, гуапагъэ тхэлърэ гъащIэ ткIийм дыпэщIэтыфу дызыгъэсахэм, ещхьщ. Ди лъагъуныгъэшхуэмрэ зихуэдэ щымыIэ ди бэшэчыныгъэмрэ зи фIыщIэр ахэращ.

Бзылъхугъэ усакIуэм и творчествэм щызэхэухуэнащ ди адэжь щIыналъэ телъыджэм и плъыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр – нэхъыщхьэ дыдэращи, балъкъэр лъэпкъым и хьэл нэхъыфIхэр. Си гуапэу къыхэзгъэщынут балъкъэр цIыхубз усакIуэ Зумакуловэ Танзиля и плIэм дилъхьэжа къалэн хьэлъэр щIыхь пылъу, игъащIэ лъандэрэ дэтхэнэ усакIуэми и натIэм къызэрыритхам хуэдэу, зэрихьыр.

Утхэну хуитыныгъэ уиIэн насыпыр къозытыр талантырщ. А насыпыр зритахэм ящыщщ Зумакуловэ Танзиля.

**КУЛИЕВ Къайсын**
*1983*

# Зи сатырхэр щIэщыгъуэ

ЛIэщIыгъуэ плIанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Зумакуловэ Танзиля и усэхэм япэ дыдэу сыкъыщеджам, сыпэмыплъауэ щIэщыгъуэ куэд къахэзгъуэтащ. Усэхэм узыIэпашэрти, зэкIэлъхьэужьу сакъеджэу щIэздзащ. ГурыщIэ дэрэжэгъуэм сыкъызэщIиIэтауэ, къызгурыIуащ балъкъэр къуршхэм я куэщIым усакIуэщIэ къызэритэджыкIар. А гурыщIэхэмкIэ сыдэгуэшащ Зумакуловэм и лъэпкъэгъу, куэд щIауэ си ныбжьэгъу Кулиев Къайсын. Си ныбжьэгъум жиIащ, пэж дыдэуи, балъкъэр усыгъэр

куэдкIэ Зумакуловэм зэрыщыгугъыр. Абы лъандэрэ Танзиля соцIыху и тхылъ гъуэзэджэхэмкIэ.

Нобэр къыздэсми фIыуэ солъагъу Танзиля и талант нэхур. Абы и усэхэм удахьэх пэжыгъэкIэ, жьэнахуагъэкIэ. И тхылъхэм я лIыхъужьхэр къыпхуэцIыхунущ езы усакIуэм и усэ хъэтIымкIэ, и гупсысэхэр къызэриIуатэ образхэмкIэ къыпхуэщIэнущ ар къызыхэкIа лъэпкъыр, щыпсэу щIыпIэр. УсакIуэм и дунейм къызэщIеубыдэ щIым телъыджэу, гъуэзэджэу тет псори. Танзиля и поэзиер Мечиев Кязим, Кулиев Къайсын сымэ я усыгъэм пызыщэщ, бэлыхь куэд зыгъэва балъкъэр лъэпкъым и псэмрэ и хьэл-щэнхэмрэ къэзыгъэнаIуэщ.

А бэлыхьхэр езы Танзиляи игъэващ и сабиигъуэм къыщыщIэдзауэ. Сыту жыпIэмэ, ар зи пхъур залымыгъэкIэ хэкур зрагъэбгына лъэпкъырт. Илъэс пщыкIущкIэ хамэ щIыналъэм щыпсэуа нэужь, Танзиля и хэкум къигъэзэжащ и псэм хуэдэ Балъкъэрым пэIэщIэу итха усэхэр иIыгъыу:

*Алыхъышхуэ! Сызэхэх! Соунэхъужыр!..*
*Сыкъегъэл, си хэку сыгъэгъэзэжи!*

*Си нэ къокI ди бгыжьхэм саIуплъэну!*
*Къуршхэм къыщыкI удзхэм ба хуэсщIыну!..*

Блок А. и гупсысэкIэ къэсIуэтэнщи, усакIуэм иIэн хуейр къулыкъукъым, атIэ гъащIэщ. Танзиля иIэщ гъащIэ, и лъэпкъым и гъащIэм хэухуэнауэ, а лъэпкъым и тхыдэм щыхьэт техъуэрэ пищэу. И лъэпкъым къытехьа лейм игъэгубжьу, абы гужьгъэжь иIэнкIи хъунт, ауэ лейм и жэуапу къызыкъуихар гужьгъэжькъым, атIэ гуапагъэрэ лIыхъужьыгъэрэщ, сыту жыпIэмэ, усыгъэ нэсым хэлъ хабзэр лIыхъужьыгъэрэ гуапагъэрэщи.

Танзиляи епхьэлIэ хъунущ Твардовский А. Ахматовэ Аннэ щхьэкIэ жиIауэ щыта мы псалъэхэр: «Абы езым хуэфэщэжын талантышхуэ иIэщ».

ЗагъэщIэрэщIэну Iэпщэм иралъхьэ Iэпщэхъуми, тхьэкIумэм иралъхьа тхьэгъуми талант нэсым зыри халъхьэфынукъым икIи хахыфынукъым. Танзиля нэхъыбэу зыгъэщIэращIэр гупсысэ куухэр зыхэлъ и усыгъэрщ, гуапагъэм хуиIэ лъагъуныгъэрщ.

Къытезгъэзэжынщи, цIыхухъу уардэхэмрэ бзылъхугъэ телъыджэхэмрэ я лъахэ Кавказым щопсэу усакIуэ гъуэзэджэ Зумакуловэ Танзиля.

Сыпоплъэ абы и усэщIэхэм.

**ГАМЗАТОВ Расул**
*1984*



# Ди Танзиля

*Балъкъэр усыгъэр*
*Ещхьт балъкъэр бзылъхугъэм.*
**Кулиев Къайсын**

Брюсов Валерий итхыгъащ: «Уэ убзылъхугъэщи, мис абыкIэ узахуэщ». Абы лъандэрэ зэманыфI дэкIащ – «Аврора»-м и топ уэ макъым-

рэ ТекIуэнысгъэм и щIыхькIэ ята салютымрэ ягъэзджызджа дунейм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщцыхъуащ. Ди къэралым бзылъхугъэм хуитыныгъэ псори щигъуэтащ. Ар Зумакуловэ Танзиля мы сатырхэм дахэу щыжиIащ:

*Сэ сыкъалъхуным и пэ итхыу усэ*
*Бгырыс цIыхубзым зэи щымыта.*

Танзиля и усэхэмкIэ лIэщIыгъуэ плIанэм щIигъуауэ дегъэгуфIэ, Ахматовэ Аннэ «Сэ цIыхубзыр псалъэу езгъэсащ» зэрыжиIэгъар дигу къигъэкIыжу. Зи усэхэмкIэ нэхугъэм укъыхуэзыгъэуш, а нэхур и балъкъэр къуажэхэм яхуэзыугуэш, ди Хэку гъунапкъэншэм щызэбгрызых, ныбжьэгъуфI къыхуэхъуа тхылъеджэхэм абыкIэ яхуэупсэ балъкъэр цIыхубз усакIуэщ Зумакуловэ Танзиля. Аращ езыми мы сатырхэмкIэ жиIэр:

*Шаир итхащ: «Дунейр зыхуэдгъэугуэши,*
*Уи закъуэ насып псори зылъыгъэс.*
*Сэ къысхуэгъанэ гуауэр, гухэщI кIэншэр...»*
*Апхуэдэ усэр сщохъу гуфIэгъуэ нэс!*

Гейне зэгуэрым жиIэгъащ: «Дунейм и къэчапIэр усакIуэм и гумкIэ пхокI». Ар Танзиля лIыхъужьыгъэ зыхэлъ, куэдым щIэхъуэпс игу щабэмкIи пхокI. Зэритхрэ зэманыфI дэкIами, ноби зи мыхьэнэр мыкIуэда «Зауэм и бий» поэмэр дигу къэдгъэкIыжынти. СощIэж абы си гурыщIэр къызэщIиIэтауэ зэрыщытар: бгырыс бзылъхугъэ усакIуэм и творчествэм япэ дыдэу щызэхэжыхьат гражданственность лъагэ жыхуэтIэр, цIыхухэм яку мамырыгъэрэ лъагъуныгъэрэ дэлъыным щIэхъуэпсыныр, и лъэпкъым и дахагъэр нэIурыту дэзыгъэлъагъу лиризмэр.

Сэ Зумакуловэм и творчествэр «бзылъхугъэ усыгъэ» жыхуаIэм хэзгъэхьэркъым. Танзиля и усэхэм гупсысэшхуэрэ гурыщIэ куурэ яхэлъщ, кIэщIрэ нахуэу гъэпсащ. Абыхэм усакIуэр зэрыщыгупсысэр дзыхьмыщIрэ зипIытI-зихузукъым, атIэ цIыхухъум хуэдэу тегушхуауэщ, зыщымысхьыжу и гурыщIэ псори хилъхьэущ, лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ сытри ищIэфыну хьэзырущ, сабийм и гъы макъри зауэлIым и гызри зэхихыфущ. Ар зыхулъэкIынур бзылъхугъэрщ.

Сэ куэдрэ сигу къокIыж Зумакуловэр япэу щыслъэгъуар. Ар къыщыхъуар май мазэм и дыгъэпс махуэхэм ящыщ зым Ленинымрэ и уэрамырщ. Сэ, си шыпхъу си гъусэу, ди щIалэгъуэрэ ди дэрэжэгъуэу Налшык и гъатхэ уэрамым дрикIуэрт. Си шыпхъум зэуэ си Iэр къикъузащ: «Мор Танзилящ!» Сэ къэслъэгъуащ Кавказ дыгъэм игъэнэху, нэ пIащэ лыдыжхэр къызэрыгуфIыкI нэгур. А нэгур зэрызэлъыIухар, нэшхуитIым къащIих угъурлыгъэр си гум хыхьащ икIи хэмыкIыжыну игъащIэ псокIэ къинащ. Ар зэи сщымыгъупщэжынщ.

А зэIущIэм и ужькIэ сэ Танзиля и тхыгъэхэм седжэу щIэздзащ. УимыгъэпIейтейуэ зы сатыри иIэкъым абы. «Жьэгум и Iугъуэ», «Анэдэлъхубзэ», «Бгырыс бзылъхугъэ усакIуэхэр», «Си псалъэр», «Бгырысхэр», «Псэр фымыуфIей», «Мывэ», «Си анэшхуэр», «Хамэ щIыналъэ» жыхуиIэхэр лъэпкъым и блэкIам ехьэлIа гъыбзэ, нобэрей махуэр зыгъафIэ уэрэд пэлъытэщ. Аращ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ

8 Заказ № 199

усакIуэ» цIэ лъапIэр Зумакуловэм и дежкIэ дамыгъэ къызэрыгуэкI къудей мыхъуу, и гуи и пси етауэ илъэс куэд щIауэ щылажьэ усыгъэм щыжиIэ псалъэ купщIафIэхэм къапэкIуа пщIэуэ, лъэпкъ къызыхэкIам къыхуиIэ лъагъуныгъэм и щыхьэту, дяпэкIэ итхыну усэхэм я щIэдзапIэу щIыщытыр.

Капутикян щхьэкIэ Арменией «ди Сильва», Узбекистаным Зульфия ехьэлIауэ «Ди Зульфия» зэрыщыжаIэм хуэдэу, дэри дригушхуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыжытIэфынущ «Ди Танзиля!»

**КЪЭШЭЖ Иннэ**
*1984*

# ГурыщIэ налкъутналмэсхэм я усыгъэ

*Тхэну хуитыныгъэ къызыхуэхъым*
*Сытым щыгъуи иреин и щIыхъыр.*

Мы сатырхэр зи IэдакъэщIэкIыр М. Горькэм и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Зумакуловэ Танзилящ.



*ИжьымкIэ къыщыщIэдзауэ:* Беппаев МутIалип, Бакуев Владимир, Зумакуловэ Танзиля, Теппеев Алим, Толгуров Зейтун, Созаев Ахъмэт, Танзиля и дэлъху нэхъыжь Зумакулов Батал сымэ

1934 гъэм августым и 18-м Гирхожан балъкъэр къуажэ цIыкIум щыпсэу зэщхьэгъусэхэу Мэрямрэ Мустэфарэ я унагъуэм хъыджэбз цIыкIу къихъуащ. Пэжу, ахэр зыпэплъар щIалэ цIыкIут. Къуажэм я бынжэпыупщI фызыжьым, бгырысхэм я нэщэнэ куэд ищIэрти, жиIащ фо кхъуэщын къахьыну. Фызыжьым фор жэз тасым ирикIэри, хуэсакъыпэурэ сабийр лъакъуэкIэ фом хигъэуващ. ИтIанэ псоми зэхахын хуэдэу жиIащ: «Алыхьым къывитым фыщыгуфIыкI. ИтIанэ фи мурад,

гуращэ псори къывэхъулIэнщ. Мы сабий цIыкIум сэ фIызощ Танзиля. Мы цIыкIур унагъуэр, Зумакуловхэ я лъэпкъыр, зэрыщыту Кавказыр зэрыгушхуэн цIыху хъунущ!»

КъалъхуагъащIэм иращIэкIа дауэдапщэхэр зэфIэкIа нэужь, фызыжь тхьэгурымагъуэм жиIащ дяпэкIэ унагъуэм къралъхуэнухэр щIалэ цIыкIуу зэрыщытынур икIи, тIэкIу дигъэкIри, къыщIигъужащ: «Сыту жыпIэмэ, мы къэхъугъэщIэ телъыджэм тэмэму, фыщыгуфIыкIыу фыпежьащи». Абы щыгъуэ бгырыс фызыжьым и псалъэхэм мыхьэнэ иратакъым. АтIэми, псори зэрыхъуар фызыжьым зэрыжиIам хуэдэурэщ...

Мыжурэпэрэ псалъэкIэ Совет властыр щIыпIэхэм щагъэуву щыщыта а зэман жыжьэм цIыху жьакIуэм, шэчыншэу, пщIэшхуэ хуащIырт. Зумакуловэм и адэм, пщэдджыжь гуэрым район активым къызэрыщыпсэлъэнум зыхуигъэхьэзырти, и Iэхэр ищIурэ пэш зэв цIыкIур къызэхикIухьырт. ИлъэсиплI зи ныбжь Танзиля цIыкIу щыму и адэм кIэлъыплъырт. Мустэфа, и пхъум гу лъимытэххэу, тIэкIу бэуэну пырхъуэмкIэ щIэкIащ.

Абдежым адэм къызэхихащ и пхъум и макъ жьгъырур. Адэр дэкIа и гугъэу, хъыджэбз цIыкIур зыгуэрым епсалъэрт, зыгуэрхэр гуригъаIуэу. Пхъум жиIэхэм щедаIуэм, адэр къэуIэбжьащ: Танзиля къыжиIэжыр адэм и псалъэхэрт. Адэм Мэрям къриджэри, тIури хъыджэбз цIыкIум елъэIуащ иджыпсту жиIахэм иджыри зэ къытригъэзэжыну. Хъыджэбз цIыкIум, и Iэхэр ищIурэ, зэми гъуджэм къыбгъэдэувыIэурэ, адэм и псалъэхэр къыжиIэжащ.

Апхуэдэу адэ-анэм япэ дыдэу гу лъатащ я пхъур къызэрымыгуэкIыу зэрыщытым. ИужькIэ а хъыджэбз цIыкIур Къэбэрдей-Балъкъэрми ди къэралышхуэми цIэрыIуэ щыхъуащ.

Псалъэ купщIафIэр уахътыншэщ, сыту жыпIэмэ, ар дунейм илъэс мин бжыгъэкIэ щапсыхьащи. А псалъэр балъкъэр-къэрэшеибзэм щыпащтыхь Зумакуловэ Танзиля щыжиIэм деж, щIэрыщIэу къопсэужри, и нэхур дэнэкIи щызэбгрихыу дуней псом щызолъатэ, гурыщIэ къабзэхэр Тхьэм и IэмыркIэ тхылъеджэм игу лъащIэм нихьэсу.

**БЕППАЕВ МутIалип**

# Зумакуловэ Танзиля хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Зумакуловэ Танзиля и усэхэр гъынанэу тхьэусыхэркъым, фэрыщIуи нэжэгужэну хэткъым. Усэ гъуэзэджэхэщ – гум дыхьэу. Апхуэдэ гурыщIэ усэм хэзылъхьэфынур гуапагъэкIэ гъэнщIа талантышхуэ зиIэрщ...

**КУГУЛЬТИНОВ Давид**

Танзиля сэ фIыуэ соцIыху. Ар тыркубзэкIэ тхэуэ дунейм тетхэм я нэхъыфIхэм ящыщ зыщ. Ди Азие Курытыр къапщтэмэ, цIыхубзхэм ящыщу поэзием къыщыблэ вагъуэ нэхъ ин дыдэр Зульфиящ. Кавказым ехьэлIауэ къапщтэмэ – апхуэдэ вагъуэу къэплъытэ хъунур Зумакуловэ Танзилящ.

**АЙТМАТОВ Чингиз**

И фIагъкIэ къапщтэмэ, Зумакуловэ Танзиля и творчествэр зыбгъэдэгъэувапхъэр Твардовский Александр, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид, Мустай Карим, КIыщокъуэ Алим, Исаковский Михаил, Межелайтис Эдуардас, Смеляков Ярослав, Тычинэ Паблэ, Бровкэ Петрус, Кулиев Къайсын, Марцинкявичюс Юстинас, Бажан Миколэ, Зульфия сымэ хуэдэ усакIуэ гъуэзэджэхэу дунейпсо литературэр зэрыгушхуэхэрщ.



**БАРУЗДИН Сергей**

Зумакуловэ Танзиля гупсысэшхуэ зиIэ усакIуэ гу щабэщ. Абы хулъокI псалъэкIэ дэтхэнэ зы цIыхуми и гум дыхьэну.

**ОШАНИН Лев**

Зи гурыщIэмкIэ, зи гупсысэм и кууагъымкIэ хьэрэмыгъэншэу узыгъэпIейтеиф лирик Iэзэщ Зумакуловэ Танзиля.

**ДОРИЗО Николай**

Зумакуловэм и усэхэр лъэпкъым и шыфэлIыфэ зыхэлъщ, анэдэлъхубзэм и фIыпIэ псори зыхэбгъуатэщ. Усэныр абы къыдалъхуащ анэ быдзышэм щIыгъуу.

Философие куукIэ гъэнщIащ Танзиля и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыбапIэр. Зауэмрэ мамырыгъэмрэ, гуапагъэмрэ залымыгъэмрэ, лъагъуныгъэмрэ лъагъумыхъуныгъэмрэ, гъащIэмрэ ажалымрэ ятеухуа и усэхэр щIэщыгъуэщ, куэдым уезыгъэгупсысщ.

**БАБАЕВ Ибрэхьим**

УсакIуэ телъыджэ, усакIуэшхуэ Зумакуловэ Танзиля Кавказым зэрыщыпсэумкIэ сынасыпыфIэщ. Ар зэзгъэщхьыр Константинополь и пасэрей фрескэхэу зи щIалэгъуэр зэи имыкIынухэрщ, лъэпкъ уэрэдыжьхэм я сатыр уахътыншэхэрщ.

**ЭРЖАН Энвер**

Зумакуловэ Танзиля и гур Iущщ. А Iущыгъэм щIыгъужщ гуфIэгъуэшхуэри гуауэ инри.

**НАДЖМИ Назар**

Кулиев Къайсынрэ Гамзатов Расулрэ зи пашэу щыта усакIуэ гуп гъуэзэджэхэм ящыщщ Зумакуловэ Танзиля. Абы и усыгъэр адрейхэм емыщхь хъэтIрэ фащэрэ зиIэжщ. Сэ сыщыгъуазэщ Танзиля пщIэшхуэ зэриIэм, худэчыхыныгъэ гуэри зэрыхуамыщIым, сыту жыпIэмэ, усыгъэ нэсыр худэчыхыныгъэ хуэныкъуэкъым.

Зумакуловэ Танзиля сыт щыгъуи хьэлэлу егъэзащIэ усакIуэ, ныбжьэгъу, шыпхъу къалэнхэр. Абы и усыгъэ гуапэр, пэжыгъэкIэ гъэнщIар сыт зэманми зэрыпсэунум шэч хэлъкъым.

**АХМЕДОВ Магомед**

Зумакуловэ Танзиля ди лъэхъэнэм и усакIуэ нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщщ, Кавказ бзылъхугъэм и щапхъэщ.

**ЧАХКИЕВ Саид**

Iуащхьэмахуэ и джабэ хужьхэмрэ Шэджэм псыкъелъэхэмрэ я теплъэм къахэщу Танзиля слъагъуну, балъкъэр бзылъхугъэхэм абы папщIэ жаIэ псалъэ гуапэхэр зэхэсхыну, хуаIэ лъагъуныгъэ фэрыщIыгъэншэр зыхэсщIэну Iэмал зэрызгъуэтамкIэ сынасыпыфIэщ.

**БЕХРАМОГЛУ Атаол**

*Усэхэр*

ЗУМАКУЛОВЭ Танзиля

СИ ЩIЫЛЪЭ, ФIЫУЭ УЗОЛЪАГЪУ

Мо уэшхыр и щхьэ зэрыхуит!
Къыщошх, хуейм, къуршым,
Хуеймэ – тафэм.
Ар къошх, хуейм, махуэ,
Хуейм – махуитI...
Аращ укъыщалъхуамэ уафэм!

Бэлыхь щIым къыщалъхуахэр хэтщ.
Мес, псыежэхым, дэтщи нэпкъым,
И гъащIэр ехь хузауэ и пкъыр,
Лъэпощхьэпохэри и куэдщ:

Зэм къыпоувыр къыр мывэжьыр,
Зэм къыпогъуэлъыр жыг къэуар.
Зым къыпежыхь, зыр здырехьэжьэ...
Ещхьщ цIыхум и псэукIэм ар.

Си плъапIэм, семыхьауэ гугъу,
ЛъэIэскъым зэи си Iэр. Ауэ,
НэгъуэщI тыншыпIэ сыхуэмейуэ,
Си щIылъэ, фIыуэ узолъагъу!



* * *

ЩымыIэ игъащIэм сэ пэжым пэсщIа.
ИтIани зэгуэрым мыращ къысщыщIар:

... Сыдэтт сыкIуэжауэ ди къуажэм а махуэм.
Уэрамым зы лIыжь сыщыхуозэ тIэкIу сцIыхуу.
Сэлам абы щесхым, гупсэхуу сеплъат –
Гъэшат а тхьэмыщкIэр, и нэкIури зэлъат.
ЛIыжь кхъахэм арыххэу сэ пцIы хузоупс:
– Бэлыхьу зыпIыгъщ уэ иджыри, бгырыс!
НэгъуэщI зы хэлъакъым. Къохъуж ар щIэрыпс –
И башыр къеIыхи, ухуейм, шым гъэшэс! –
ИIыгъщ и бгыр захуэу, иIыгъщ и щхьэр лъагэу...
И гъуэгу техьэжащ, плъэуэ япэкIэ пагэу.
... Зымахуи апхуэдэ лIыжь гуэр сыхуэзат.
И теплъэм абыи бэлыхь сыхидзат.
Зи гъащIэр сфIэхьэлъэу мо сигу зыщIэгъуам
СымыщIэт сэ пэжкIэ сещын хуей щIэхъуар.
КъысхуищIу арати и гугъу абы жыгъэм,
ЖызоIэ:
– Хэмылъ, тхьэ, а Iуэхум гуфIэгъуэ.
Ди ныбжьхэр хокIуатэ, ди узхэр мэятэ...
Зихузу-зипIытIу тIэкIу щотри еплъыхыу,

Солъагъур: тхьэмыщкIэм мэункIыфIыр и нитIыр.
Йожьэж и лъакъуитIыр ерагъкIэ зэблихыу...

ЩымыIэ игъащIэм сэ пэжым пэсщIа.
ИтIани зымахуэ аращ къысщыщIар.

* * *

Ди куэдкъэ Iэзэхэр шэч щIынкIэ,
Къытхэткъэ зыри зи фIэщ мыхъу?!
Ерыщхэм «пцIы къыщIэгъэщынкIэ»
ИгъащIэм срагъэхьт сэ гугъу.

СыцIыкIуу зэ сыкIуат хадапщIэ,
ЦIыхуитIым ямыщIэныр сщIат.
Балигъхэм къызжаIат сэ: «ДощIэ
Уи закъуэ ар зэрумыпщIар»...

Сыухуэнт сэ си щхьэц кIыхьхэр пIащэу,
Къыздеджэ цIыкIухэм Iуэху сыкъащIт.
«Уи щхьэцым хамэ щхьэци пощIэ!» –
Къызэщхэу, си гур сфIыхагъэщIт.

Сыпыхьэу сэ абы я пащхьэ
ЩыстIатэрт си щхьэц ухуэнар.
Модрейхэр, зэхуащIыжу нащхьэ,
Дыхьэшххэрт – арат зыхуеяр.

ПасэIуэу сщIэртэкъым сыхъуами
Балигъ – си нэкIущхьитIыр тхъуэплът.
Гъунэгъухэр гъумэтIымэрт: «Гъуамэ!
Зыхелъхьэ махуэ къэс сэхусэплъ».

Ди пщIантIэ сыкъыдэлъэдэжти,
КъызгъэкIыу «пэжкъым ар – фыкъеплъ!»,
Си напэр стхьэщIыртъ сэ, сIуэтыжу, –
Нэхъ Iейуэ нэкIущхьитIыр къэплът...

СцIыху гуэрхэм усэ сакъыхуеджэрт.
КъызжаIэрт: «Дэгъуэ дыдэ хъуащ».
ИужькIэ ахэр къысхущIэджэрт:
«Тхьэм ещIэ къызыфIидыгъуар».

... БлэкIащ илъэсхэр. Си щIыбагъкIэ
Иджы щыжаIэу зэхэзмых:
«Щхьэц лей, хидзауэ мащIэу тхъугъэ,
НэгъуэщIхэм лъаIуэурэ къаIех.

СэхусэплъкIэ ещI и нэкIур фагъуэ,
IэмалкIэ зэрегъалъэ ар...».

Дахацӡэу си щӡIалэгъуэ! ПщӡIыгъуу
Бзэха-тIэ къысхуапсэлъу хъуар?

Насыпу срикъунт сэ нобэ:
Жагъуэгъухэм къысщӡыхуэу я ней,
СиIэжу сиIа теплъэр япэм,
Сытетыжыну тIэкIу дунейм;

КъэзгъэщӡIу усэ телъыджащӡэ,
Щӡыхъуну зэIэпах щӡIым ар! –
Зыгуэрхэр къеджэрэ, чэнджащӡэу;
«Арауэ пIэрэ мыр зытхар?»

* * *

Хьэдагъэншэу дахыну и пщӡIантIэ
Ухуэупсэ хъункъым уи бий дыдэм...

Нобэ лIати ди гъунэгъу лIыжь гуэр,
Зыми игъеижыртэкъым ар.
ЗимыIэжым зы Iыхьлыи благъи
Сыхуопыхьэ, жылэм сыкъалъагъуу...

– Сыт делагъэ! – щӡыIэщӡ зыгъэщӡIагъуэ, –
Уэ уэрэдщӡ ахъу, нэпскъым уи IэщӡIагъэр...



Гуауэм къыщӡIимыхум зи нэм нэпс,
Хуэусыну, жыфIэт, уэрэд нэс?

* * *

– Сытым, гуауэ, сэ укъысхуихьа уэ,
Щӡхьэ си жьэгум укъыдэбжьэхъуа?
– Фи бжэIупэм арт сыныIухьауэ,
ЗанщӡIэу къыIупхащӡ унэбжэр уэ.

– ЖыIэт, хъунум, гуфIэгъуэ, уэ дауэ
Си жьэгу хуабэр къызэрубгынар?
– Уи унэбжэ хуIупхар уэ гуауэм
ИгъэузэщӡIыкIауэ къэбгъэнат...

*ЗэзыдзэкIар* **БИЦӠУ Анатолэщӡ**

*ЩIэныгъэлI, критик Гъут Iэдэм илъэс 70 ирокъу*



# ЕДЖАГЪЭШХУЭ



Пасэрей адыгэхэм лъэпкъым къыхэкIа цIыхушхуэхэр ягъэлъапIэрт. ФIыщIэ жыг хухасэрт. Шэч хэмылъу, апхуэдэ пщIэ хуэфащэщ иджыблагъэ зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъуа Гъут Iэдэм.

Iэдэм и гуфIэгъуэ махуэр Iэтауэ ину ямыгъэлъэпIами (абы и щхьэусыгъуэр псоми ящIэ, гуауэ иIащ), ар щылажьэ ди институтым къакIуэурэ цIыху куэд къехъуэхъуащ, и ехъулIэныгъэшхуэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ, саугъэтхэр, ЩIыхь тхылъхэр къратащ. Кавказым ис республикэхэми къикIыу хъуэхъу телеграммэхэр къыIэрыхьащ. Гъут Iэдэм теухуа статьяхэр къытрадзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкI газетхэм.

Сэри «Адыгэ псалъэ» газетым къытрезгъэдзащ Гъут Iэдэм теухуа тхыгъэ, ауэ хужысIар сфIэмащIэ хъури, щIэныгъэлI гъуэззэджэм хузэфIэкIа Iуэху щхьэпэхэм аргуэру нэхъ убгъуауэ сыкъытеувыIэу, «Iуащхьэмахуэ» журналым (Iэдэм абы и редколлегием хэтщ) еджэхэм я пащхьэ ислъхьэмэ нэхъ къэсщтащ.

Еджагъэшхуэ Гъут Iэдэм илъэс куэд хъуауэ соцIыху икIи, си ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэхэм хызобжэ. Iэдэмрэ сэрэ еджапIэ нэхъыщхьэми аспирантурэми дыщызэдеджащ, щIакхъуэ Iыхьэ куэдрэ зэдэдгуэшащ. А лъэхъэнэр адыгэ литературэм и «дыщэ пхъуантэр» щаузэд зэмант (урыс литературэм зыщричауэ къалъытэр 60 гъэхэрт, адыгэ литературэми дежкIэ 60-70 гъэхэр нэхъ тхуэмэхуауэ жыпIэ хъунущ). Ди литературэм ЩоджэнцIыкIу Алий и ужькIэ илъэс 15 хуэдизкIэ «ма-

хуэл» дихри, я зэчийр къызыкъуахыу щIадзащ КIыщокъуэ Алим, Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий сымэ. Абыхэм къакIэлъыкIуащ МэшбащIэ Исхьэкъ, Нало Заур, Мэзыхьэ Борис, IутIыж Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, Бицу Анатолэ, Къуиикъуэ Налбий, Дыгъужь Къурмэн, Бемырзэ Мухьэдин, Нэхущ Мухьэмэд, Ацкъан Руслан сымэ. Литературэм и мызакъуэу, лъэбакъуэшхуэ ичащ литературэдж щIэныгъэми. Мыбдеж зи цIэ япэ иIуапхъэхэм ящыщщ Гъут Iэдэм.

Iэдэм урыс литературэм къыщыунэхуа усакIуэ гъуэзэджэхэу Евтушенкэ Евгений, Вознесенский Андрей, лъэпкъ литературэхэм цIэрыIуэ щыхъуахэу Гамзатов Расул, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Мустай Карим, Кугультинов Давид сымэ я усэхэр гукIэ зригъащIэрт. Нобэр къыздэсми Гъутым тхылъ еджэным хуиIэ «псыхуэлIэр» икIакъым. Ар щыгъуазэщ, адыгэ литературэм и мызакъуэу, урыс, дунейпсо литературэхэми щекIуэкIхэм. ЩIэныгъэлIым зэхуихьэсауэ библиотекэ ин къегъэсэбэп. Илъэс щэ ныкъуэм нэсауэ абы тхьэмахуэ къэс щIепщытыкI «Литературная Газета» газетыр.

Иджы Гъутым фольклорым, филологием щызэфIиха Iуэху зэIумыбзхэм лъабжьэ яхуэхъуа зы щхьэусыгъуэ сэтей къэсщIмэ сфIэигъуэщ. ЦIыхур дунейм щытеткIэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэ Iэджи илэжьын хуей мэхъу. Нэхъыбэм я къарур зэкIэщIачри иракъухь. Iэдэм къыхихар филологиерщ. Абы къуэпситI иIэщ: IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ. А тIури «зы хадэм къыщокI».

Гъут Iэдэм зыгуэрым хиша гъуэгу ирикIуэркъым. И монографиехэм, статьяхэм, диссертацэхэм къыщиIэт Iуэхугъуэхэр нобэрей щIэныгъэлIхэр зыхунэмысахэрщ. Куэдым зэращIэщи, диссертацэхэм хамэ гупсысэ къыщызыгъэсэбэпыр мащIэкъым. Абы и щхьэр течауэ ВАК-р нобэ топсэлъыхь. Гъут Iэдэм и Iуэху еплъыкIэ сыт щыгъуи иIэжщ. ЩIэныгъэлIым и доктор диссертацэм щызэпкърихащ темэ нэхъ гугъу дыдэхэм хабжэ «Нарт» эпосым и поэтикэр. Iэдэм адыгэ IуэрыIуатэр фIы дыдэу ещIэ. Абы IуэрыIуатэр къиихутэ къудейкъым, атIэ ар икIи жыджэру зэхуэзыхьэсыжхэм яхэтщ. Экспедицэ езыгъэкIуэкIхэм ящIыгъуу Кавказ Ищхъэрэм, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я деж мызэ-мытIэу и лъэр нихусащ Iэдэм. Ар я гъусащ Шортэн Аскэрбий, КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур сымэ.

Абыхэм ятеухуауэ статья зыбжанэ итхащ, ятхахэм ящыщ зыбжанэми елэжьащ. Редактор IэщIагъэми хуэIэижьщ Гъутыр. Абы фIы дыдэу ещIэ адыгэбзэри урысыбзэри. Iэдэм и тхыгъэ щхьэхуэхэр къыщыдэкIащ Москва, Владикавказ, Тбилиси, Налшык, Элиста, США-м, Сирием, Югославием. Нэгъабэ Германием нэмыцэбзэкIэ щытрадзащ абы и «Адыгэ эпос» тхылъыр.

Нобэ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу щIэныгъэлIхэу лъэпкъ IуэрыIуатэхэм елэжьхэм Гъут Iэдэм япэ ирагъэщ. Аращ ар доктор диссертацэ щыпхагъэкI Советхэм щIыхагъэхьари, оппоненту къыщIыхахари, дунейпсо щIэныгъэ конференцхэм доклад щищIыну щIрагъэблагъэри. (ИлъэситI и пэкIэ Москва щекIуэкIа мыхьэнэшхуэ зиIэ конференцым Кавказ псом щыщу Iэдэм и закъуэщ ирагъэблэгъар).

Литературэдж щIэныгъэм Гъутым хуилэжьари зыкIи нэхъ мащIэкъым. Абы, къэбэрдей литературэм и къудамэм и унафэщIу щыщытам, зэхилъхьэри Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым томитI хъууэ къыщыдигъэкIащ «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литера-

турэм и тхыдэ» тхылъыр (ещанэ томри хьэзыр мэхъу). Абыи Iэдэм и тхыгъэ купщIафIэ зыбжанэ ихуащ.

Литературэм елэжьхэм, къэзыхутэхэм Гъут Iэдэм пщIэшхуэ къызэрыхуащIым и щыхьэтщ къелъэIуу абы Урысей Академием хэт Гамзатов Гаджи и лэжьыгъэ къыхэхахэр зэрыт тхылъышхуэм и пэублэ псалъэр зэрырагъэтхар.

Иужь зэманым публицистикэми зритащ еджагъэшхуэм, жылагъуэр зыгъэпIейтей Iуэху зэIумыбзхэр къыщеIэт ди республикэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм я напэкIуэцIхэм. Радиоми телевиденэми ирагъэблагъэурэ адыгэ литературэм, щэнхабзэм теухуауэ зэфIэхын хуейуэ къанэ Iуэхугъуэхэм топсэлъыхь. А гупсысэхэр цIыхухэм я деж бзэ дахэкIэ нехьэсыф.

Дэтхэнэ еджагъэшхуэри хущIокъу и гъэсэнхэм щIэныгъэлI нэс къазэрыхищIыкIыным. Гъут Iэдэми емызэшыжу а Iуэхум толажьэ. Абы и унафэм щIэту зыбжанэм ятхащ кандидат, доктор лэжьыгъэхэр. Ахэр теухуащ темэ нэхъ гугъу дыдэхэм. Къапщтэмэ, адыгэ усэ гъэпсыкIэр иджыри къэс зыми зи гугъу ямыщIа усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм къызэрыщагъэсэбэпым.

Куэдрэ сигу къокIыж Iэдэм щхьэкIэ къызжаIар: «Нэгъэсауэ адыгэ щIалэжьщ». Ар къэралым къыхуигъэфэща дамыгъэхэм, къыхуищIа пщIэхэм хуэдэу лъапIэу къысщохъу. Сэ Iэдэм филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор хъуауэ сыщехъуэхъуам къызжиIауэ щытащ: «Диссертацэ умытхмэ, сыт щыпщIэнур щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым?» Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ жэуап къызэрыгуэкI къозытхэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу.

Гъут Iэдэм ущIыдэплъеин хьэл дахэ куэд хэлъщ, ар зэпIэзэрытщ, цIыху зэтетщ, адыгэ хабзэм темыкIыу тетщ, лей зытехьэм сыт щыгъуи къыщхьэщож, цIыху хьэлэлщ, ныбжьэгъу пэжщ. А псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ, ауэ зыми хуэмыдэжу Iэдэм нэхъыщхьэу къилъытэр лъэпкъым хуэщхьэпэнырщ, и къару емыблэжу абы хуэлэжьэнырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ езым щIыхуэ лъэпкъ къытенакъым. Куэд дыдэ хуилэжьащ адыгэ IуэрыIуатэм, адыгэ литературэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, щIэблэр гъэсэным. Абы къыпэкIуащ фIыщIи, пщIэи, щытхъу куэди, ауэ нэхъыбэж хуэфащэу къызолъытэ. Урыс усакIуэшхуэ Есенин Сергей жиIэгъащ: «ЦIыхум упэгъунэгъумэ, махуэ къэс плъагъумэ, уригъусэмэ ар зищIысыр къыпхуэлъагъуркъым, ар зэрыабрагъуэр къыщыпщIэр, щызыхэпщIэр жыжьэу укъеплъмэщ».

Гъут Iэдэм дыдолажьэ, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу долъагъу. Аращ абы и ехъулIэныгъэхэм я инагъыр нэсу щIэдмылъэгъуар. Зи гугъу тщIа илъэс бжыгъэ лъапIэр мыхъуатэмэ, иджыри и гугъу ящIынутэкъым еджагъэшхуэм хузэфIэкIа къомым. КIуащ БетIал и жыIауэ, Iэдэм зэманыр Iуэхукlэ егъэнщIыфри, аращ абы псалъэ гуапэ куэд щIыхужаIар, дяпэкIи щIыхужаIэнури.

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# IЭДЭМ И ДУНЕЙР

*Гъут Iэдэм псэлъэгъу гъэщIэгъуэнщ, гушыIэрейщ. НэгъуэщIуи щытыну фIэщхъугъуейщ хабзэшхуэ зыдэлъ, цIыху цIэрыIуэ куэд къызыдэкIа Дыгъужьыкъуей (Аушыджэр) жылэжьым къыщыхъуа, Шортэн Аскэрбий, КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур сымэ хуэдэ адыгэлI щэджащэхэм я гъэсэн щIэныгъэлIыр. Ар сыхьэт енкIэ пхутепсэлъыхьыфынущ и лэжьэгъу, ныбжьэгъу е и цIыхугъэ гуэрым. Зэрытепсэлъыхьынури и дэтхэнэ псалъэухами и ужькIэ хэIэтыкIа нагъыщэ бгъэув хъун хуэдэущ. Ауэ езым и щхьэм, и лэжьыгъэм и гугъу ищIыну хуабжьу и жагъуэщ.*

*Хэбгъэзыхьыпэми, и гъэсакIуэу щытахэм я зэфIэкIым, цIыхугъэшхуэ яхэлъам хуэм цIыкIуурэ Iуэхур хуигъэкIуэжынурэ, псалъэмакъыр гушыIэкIэ иухыжынущ. Иухыжынущ и лэжьэгъу нэхъыжьхэм я Iущагъым и щапхъэ шыбзэм уи гъащIэ псор щIыуигъэгъэщэщыжарэ уи псэр нур гуэрым хуэпхъэр ищIауэ.*

*Щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр сщIыуэрэ, Iэдэм и деж дапщэрэ сыщIэмыхьами, схузэфIэкIакъым ар сэ сызыхуейм къытесшэн. Уеблэмэ гузэрыдзи сщIыжат, илъэс куэдкIэ сызэрылэжьа журналист IэщIагъэри сэбэп къызэрысхуэмыхъужым щхьэкIэ. Апхуэдэу, зы махуэ гуэрым, Iэдэм и кабинетым сыкъыщIэкIыжыну сыкъэтэджыжауэ, абы сыкъегъэувыIэж. «ПщIэрэт, – жи, – ди лэжьэгъу шэрджэс щIэныгъэлI гуэрым къыщалъхуа махуэр игъэлъапIэу Черкесск драгъэблэгъат. Сэ къалэн къысщащIати, Къэбэрдейм икIа гупым я цIэкIэ щIалэм сехъуэхъуащ, тыгъэ здэтшари естауэ сценэм сыкъыздикIыжым, кIуэаракъэ, зикI, зэпымыужу Iэгур къыстракъутэ. Сэри согуфIэ: «Сыту фIыт, си псалъэри, си тыгъэри ягу ярихьа хуэдэщ», – жызоIэри. Ауэ щIыIэ-щIыIэу зыгуэр сигу къэкIауэ сызэплъэкIыжмэ... Нэхущ Чэрим уэрэд жиIэну сценэм къихьауэ арат».*

*Сэ сыдыхьэшхакъым... къызгурыIуат Iуэхум нэгъуэщI Iэмал къыхуэзгъуэтын зэрыхуейр. Гъутым фIыщIэ хуэсщIри... и пэшым сыкъыщIэкIыжащ, и щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ и художественнэ тхыгъэхэмрэ зэхуэсхьэсри, «Iэдэм и дунейм» и IункIыбзэIухым абыхэм лъыхъуэн щыщIэздзащ. Сызэджахэм Iэдэм фIыуэ илъагъу плъыфэхэмкIэ (хужьрэ фIыцIэрэ) сщIа мы и сурэтыр къахэсхащ, щхьэж нэхъ къищтэ бэяур абы щIигъэжыжыну хуитыныгъэ къыхуэзгъанэри.*

**IЭДЭМ** дунеитIым щопсэу – псэмрэ акъылымрэ яйхэм. Псэр литературэрщ, акъылыр щIэныгъэрщ. Куэдым яхузэфIэмыкIыни щегъэзащIэ а дунейхэм абы: псэр щIэныгъэм, щIэныгъэр литературэм щахуегъэлажьэ, дэтхэнэми езым хуэфащэ увыпIэ щиIыгъыжу. ТхакIуэм и гъусэу абыхэм щопсэу и литературэ лIыхъуэжьхэри. А дуней нэзыншэр дыгъэ къуэкIыпIэмкIэ щыпсэу лъэпкъхэм гъащIэр къызэрагъэлъагъуэ дамыгъэм – уэрдыхъу теплъэ зиIэм – ещхьщ, и зы щIылъэныкъуэр хужьу, адрейр фIыцIэу. Абы гъащIэр къыщокъуалъэ: увыIэгъуэ имыIэу щызоныкъуэкъу фIыцIэмрэ хужьымрэ, кIыфIымрэ нэхумрэ, емрэ фIымрэ. Ауэ «мыр Iейщ е фIыщ» жиIэурэ гъэужь хъужа щапхъэхэмкIэ тхылъеджэхэм я гур пигъэхуркъым тхакIуэм, атIэ махуэм (нэху, пIейтеягъ) и нэгу щIэкIар и жэщ (кIыфI, мамыр) гупсысэм хегъэткIухьри, зиусхьэн ЗэхэщIыкIым и куэщI ирелъхьэж, дунейм къытригъэщIыхьа псори, Эйнштейн зэрыжиIауэ, зэрызыхэпщIэн хуейр нэгъуэщIым ехьэлIауэ, егъэпщауэ зэрыщытымкIэ хуэсакъыпэу къыдэчэнджэщурэ. Абы щхьэкIэ «угупсысэн хуейщ, умыгуп-

сысэу зэхэплъхьэр пщӀыхьэпӀэм ещхь мэхъу» *(«Вагъуэджэй» рассказ).*

ЗанщӀэу къэгъэлъэгъуэн хуейщ тхакӀуэм и тхыгъэхэр гуп хэхам яхуэгъэзауэ зэрыщытыр; сэ жысӀэнт ахэр бэм я къэкӀуэнумкӀэ жэуаплыныгъэ нэхъыбэ зи пщэ къыдэхуэ интеллигенцэм дежкӀэ нэхъ еӀуэнтӀэкӀауэ. КӀэщӀу жыпӀэмэ, философие гупсысэ куухэмрэ щӀэныгъэм и иужьрей къэхутэныгъэхэмрэ щызэхэуухуэна художественнэ тхыгъэхэм уахуэхьэзыру ущыщытым дежщ тхакӀуэм и гупсысэм къигъэщӀ а дунейм гупсэхугъуэ щыщыбгъуэтыр. Езыми къыгуроӀуэж и ӀэдакъэщӀэкӀхэр язынықъуэ тхылъеджэхэм къатехьэлъэнкӀэ зэрыхъунур, абы къыхэкӀыу ахэр романтизмэм и дунейм хешэри къыхешыж, щхьэж къыхуэщтэмрэ хуэгъэкъаруунумрэ хуэдиз лъигъэсарэ губгъэн лъэпкъи Ӏуэхум къыхэмыкӀыжауэ. Апхуэдэщ новеллэ зыбжанэу зэхэт «Зэхуэхъу и къуэ Дэбагъуэ» повестыр, «Вагъуэдэжей», «Лекцэ», «Сыт пщӀа, Къантемыр?» рассказхэр, «Укъэушмэ, пщӀыхьэпӀэщ», «Философымрэ пащтыхьымрэ», «Ян Гусрэ пхъэ къэзыхьа фызыжьымрэ», «Жэбагъы» эссехэр, н.

ЦӀыхур игъащӀэми гугъу ирегъэхь къэгъэщӀыныгъэ псоми пщалъэ, жыпхъэ гуэр къахуэгъуэтын гупсысэм; хулъэкӀыну ищӀэмэ, къупхъэ зэхуэмыдэхэм ирегъэтӀысхьэри, щхьэхуэ-щхьэхуэу зэхэхауэ егъэтӀылъыж, ауэ псэм пэлъэщыркъым. Ар ӀэубыдыпӀэншэщи, хузэтеӀыгъэркъым; къигъэӀэсэну, акъылыр тепщэ хуищӀыну щыхуежьэкӀи, пэлъэщыркъым – псэр «Диоген и дуней хуитым щӀэхъуэпс зэпытщ» *(«Укъэушмэ, пщӀыхьэпӀэщ»).* А дунейр езыр сыт хуэдэ – цӀыху къызэрыгуэкӀым и акъылым къимытӀасэщ! Зэ нэхъ мыхъуми «укъызыгурыӀуэн цӀыху» уи гъащӀэм къриубыдэу абы ущрихьэлӀэныр насыпышхуэщ. Арат пасэрей алыдж философ цӀэрыӀуэ Диоген махуэ шэджагъуэм уэздыгъэ пыгъэна иӀыгъыу уэрамым къыдыхьэу щӀыщытар. «Къэплъыхъуэр сыт?», – жаӀэу тхьэмадэ гъэщӀэгъуэным и хэкуэгъухэр щеупщӀкӀэ, жэуап къаритыжырт: «ЦӀыхущ».

И гупсысэр зыхуиӀуэтэн лъыхъуэу алыдж философыр дыгъэ къэракъэм къыхохьэ, и шэху уэздыгъэр пыгъэнауэ. Адыгэ тхакӀуэри «мы дунеижьым и пэжым» и шхуэмылакӀэм лъэӀэсащи, абы и лӀыхъужьыр *(«Укъэушмэ, пщӀыхьэпӀэщ»)* къэзыгъэгумащӀэу щытахэм – «автобус кӀуэцӀ зэрыпӀытӀым, лэжьапӀэ къызыкӀэрыхум, куэд щӀауэ иригъэдыжын хуей вакъэ тӀорысэм» – егупсысыным къыхешри, «махуэ зэрызехьэм зэрымыгъуэт цӀыхупсэмрэ Тхьэмрэ я дунейм» – жэщым – хешэ. НэгъуэщӀу жыпӀэмэ, «дуней пэжымрэ нэпцӀымрэ» я плъыфэхэр езыр зэрыхуейуэ ярегъэгъуэтыж.

Плъыфэ фӀыцӀэр тхакӀуэм фӀыуэ илъагъуу щӀыжытӀэм щхьэусыгъуэ иӀэщ. Уафэм и телъыджагъэр Ӏэмэпсымэ хэха зиӀэ астроном-щӀэныгъэлӀхэм фӀэкӀа ямылъагъункӀи хъунт, кӀыфӀыр (фӀыцӀэр) щымыӀатэмэ. А плъыфэм куэд сэтей къещӀ – фӀыцӀэм хужьыр (нэхур) нэхъ къытощ. ТхакӀуэм и прозэ тхыгъэхэм «щэкӀ фӀыцӀэр» щиубгъукӀащи, гупсысэ налмэс мыщӀэхэр къытощащэ зэщӀэпщӀыпщӀэу, зэщӀэлыдэу. Плъыфэ фӀыцӀэр уеблэмэ символщ, ауэ ар дамыгъэ къудейуэ къэнэжыркъым. Нэхъ гупсэхуу ухэплъэмэ, абы дунейпсо хыболъагъуэ, езым и хабзэкӀэ псэужу, зиужьу икӀи и уахъты къэсмэ, кӀуэдыжу. А «дунейри дыгъафӀэрэ дыгъэмыхъуэу (хужьрэ фӀыцӀэу) зэхэлъыжщ: фӀыр ебэкӀмэ – аращ прогресс хъужыр, ауэ фӀым нэмыщӀ зыри умылъагъуурэ ер куэд къэхъуу щытмэ, регрессыр текӀуэнкӀэ зыри хуэӀуакъым» *(«Вагъуэдэжей»).*

А тӀур – фӀымрэ Ӏеймрэ – а дуней уэрдыхъум быдэу щызэпыщӀащ – зыр къэту адрейр щыӀэкъым. Диалектикэм а и хабзэхэр щӀэныгъэм и жыпым Гегель иригъэтӀысхьэным иджыри зэманыфӀ иӀэу адыгэжьхэм я

гупсысэр хуэкIуакIэт абы: «Сосрыкъуэри иныжьри символу жыпIэ хъунущ. ЛIыхъужьыр, лIыгъэм и щапхъэ къудейм къыщымынэу, нэхугъэщ, фIыгъуэщ – ар щэнхабзэщ. Псом ящхьэращи, ар акъылрэ дахагъэкIэ къызэгъэпэща дунейм и символщ. Иныжьыр абы и антиподщ – стихиещ, кIыфIыгъэщ, делэ къарущ. Абы и къарум щыщ зы тIэкIу щэнхабзэм кърегъэзэгъри, Сосрыкъуэ нарт гупыр стихием (щIыIэм) кърегъэл» («Лекцэ»).

ТхакIуэм и гупсысэ дэкIуеипIэм и япэ теувапIэ къудейщ ахэр. ЛъагапIэм хуэпабгъэ псэм зеIэт «дунейр щысабырыж, кIий-гуорэ къэжыхьнэжыхькIэрэ кIуэщIа къарум и къэкIуэжыгъуэ жэщым». Жэщыр образ хэIэтыкIащ, теплъэ зэмыфэгъу куэдкIэ гъэбелджылауи къыщокIуэ ар Гъутым и тхыгъэхэм. Зэм ар «талант зыхэлъу къалъхуа цIыхур мыжейуэ уэгумрэ щIылъэмрэ щежалIэ, Тхьэм и гурыщIэр щызыхищIэ» зэманщ, зэми «космосым, щIыгум, щIы щIагъым яхэлъ гуащIэр Iэпкълъэпкъым къыщыхыхьэж» пIалъэщ – ар «дуней хьэхум и Iуэху жыгъейхэм яIэщIэкIыу и къуэпсымкIэ псэр щIылъэм и къуэпс куухэм щылъэIэс, уэгум и макъамэр щызэхих, дунейм и IэфIыр щигъэунэху лъэхъэнэщ» *(«Укъэушмэ, пщIыхьэпIэщ»)*.

Тхьэр зыхуэупсахэм я «псэкупсэ дунейр гъатхэ кхъужьейуэ щыгъагъэ зэманым» *(«Сыт пщIа, Къантемыр?»)* тхакIуэр щытетхыхькIэ, налкъут щыгъэу къызэрылъэлъ и адыгэбзэм экспрессие къыщIохьэ: эпитет, метафорэ, зэгъэпщэныгъэ дахэхэм, художественнэ Iэмал щIэщыгъуэхэм удахьэх. КIыфIыгъэм, къару щэху шынагъуэхэм я къежьапIэу пасэрей тхыгъэжьхэм ди зэхэщIыкIым къыхахьа жэщыр Iэдэм-тхакIуэм и дунейм щывагъуэбэщ, щымамырщ; абы псэр щотынш:

«Бжьыхьэ жэщщ, щIыIэтыIэщ. Бзыгъэщ. Щхьэгъубжэ зэIудзам жьыбгъэр зэм къыIуолъэразэ, зэм IуоджэгукIыж, кхъужьеижьыр егъэIэпхъуэшапхъуэ, жыг щхьэцэ бгъуфIэм хэзэрыхьа вагъуэр кърыригъэдзыхын хуэдэ. Абы и щхьэIуэкIэ, матэм кърахыу къагъэтIылъа фо хьэкIуэу, уафэ джабэм мазэщIэр къитщ. АдкIэжкIэ удэплъеймэ, дыщафэу пхъэгулъ хъуар къеблэхауэ Шыхулъагъуэ къуапэм зегъэш. Вагъуэбашыр, «сыкъ» жиIэу, къэувауэ мэлыхъуэ щIалэжьыр къэсу и бащлъыкъ хужьыр къыщхьэрипхъуэу къыдэфэным поплъэ...» *(«Вагъуэдэжей»)*.

Мис апхуэдэ жэщым – «цIыхупсэмрэ Тхьэмрэ щызэрыщIэм» – зэчиифIэ цIыхур «мо уафэм дэкIуейм-дэкIуейуэрэ, къемыхуэхыжу адэкIи нэхъ лъагэжу зеIэтри, гупсысэм хьэрш гъунапкъэншэм зыщеукъуэдий. Иджы ар ягъэпIейтеижкъым «дахэ-дахэу зыхуей хуимыгъэзэф и унагъуэми, къулыкъущIэхэри къытегушхуэжыркъым, и вакъэжьитIри иригъэдыжакIэщ... а дунейм и пэж щэхур къищIащи, абы и гур иубыдыжыркъым» – ещIэ адрей Iуэху псори уэсэпсу зэрыкIуэдыжыгъуафIэр. А лъагапIэм утету укъеплъыхмэ, щIылъэм щызекIуэ псори уи Iэгу исым хуэдэу уолъагъу. Абджыпсым упхрыплъым хуэдэщ цIыхухэм ягухэри; зикI, ухуей закъуэмэ, дэтхэнэми и гурыгъу-гурыщIэр тыншу къыпхуэщIэнущ. АрщхьэкIэ ущызэкIэщIэплъу къабзэ а щыгум псори нэскъым. Ар насып зыхуэхъур дунейм «ЦIыхущ» зыхужаIэу тета, Хьисэ хуэдэ *(«Укъэушмэ, пщIыхьэпIэщ)* зырызхэрщ. Апхуэдэхэрщ лъэкIыныгъэ зритри а здэщыIэм къеплъыхыу къулыкъу щхьэкIэ зи напэри ныбжьэгъури зыщэжа цIыхум и нэгу дыщIигъэплъэну *(«Сыт пщIа, Къантемыр?»);* «лIыхъужьымрэ абы и биймрэ къызэрапщытэ формулэм» шынэу къуэпщхьэжа профессорыр студентхэм я пащхьэ зипIытI-зихузу кърригъэувэжыну *(«Лекцэ»);* Ян Гус инквизицэм щигъэсым щыгъуэ, чыху IэплIэ къихьу мафIэм пэрызыдза фызыжь ягъэжэкъуам гущIэгъу

худигъэщIыну *(«Ян Гусрэ пхъэ къэзыхьа фызыжьымрэ»)*; Хьэрэбий хуэдэ цIыху фэрыщIхэм я дунейр зэрыгущыкIыгъуэр зыхыдигъэщIэну; япэкIэ игъэжа мывэ дзакIэ жаным Хьэсбий натIэкIэ зэрыжьэхэуэжар дигъэлъагъуну *(«Вагъуэдэжей»)*. КIэщIу жыпIэмэ, «дунейм дытетыху тIэкIу шыбгъэрэ джатэ IэпщэкIэ къэтхьыр ди хьэлэлщ» гупсысэкIэ мыхъумыщIэм ящIэри ялэжьри къуэзыгъэпщкIуэну хэт «цIыху жьгъейхэм» я образхэмкIэ къыджеIэ мы щIылъэм и лъапIэныгъэр жыжьэуи зэрыармырар:

«ЦIыху цIыкIур мы дунейм къызэрытехъуэрэ нэхъ лъапIэу ялъытэр зым ил адрейм щхьэкIэ узынырщ. Уэ зыгуэрым фIыкIэ уетамэ, ар нэгъуэщIым етэжыфынущ, а нэгъуэщIми аргуэру нэгъуэщIым гуапагъэ ирихыжынущ. Мис апхуэдэу уэр дыдэм къыбжьэхэуэжынущ — е уи щхьэкIэ, е уи бынкIэ, е абы и быныжкIэ. Аращ, си къуэш, дунейр зыгъэдунейр» *(«Зэхуэхъу и къуэ Дэбагъуэ»)*.

«ЛIыгъэр кIэ зимыIэж фIыщIэщ, уэ сыбгъэлъэгъуа цIыхугъэр нэгъуэщI зыгуэрым езмыгъэлъагъужу щытмэ, къысхуэпщIар пхуэсщIэжамкIэ пшыныжа хъуркъым». Мис апхуэдэ гупсысэхэр къахотэджыкI адыгэ хъыбарыжьхэм я сюжет фабулэхэр я лъабжьэу Гъутым итха япэ рассказхэмрэ «Зэхуэхъу и къуэ Дэбагъуэ» повестымрэ. Ахэр щызэхуэхьэса «Дэбагъуэ» сборникыр 1988 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ.

Иужь илъэсхэм тхакIуэм и Iэдакъэм къыщIэкIа тхыгъэхэм IуэрыIуатэ тематикэр щытекIуэтри, абы и пIэм щIэныгъэр иуващ, ауэ IуэрыIуатэм къыхих Iущыгъэхэри, щIэныгъэ зызыужьам и дерсхэри зыхуигъэлажьэр цIыхугъэрщ. Зым ил нэгъуэщIым щхьэкIэ мыузмэ, зызэхэщIыкI щымыIэмэ, щIэныгъэри «къару делэм» хуэкIуэныр зыхуэIуа щыIэкъым, «зэгуэрым ЩIым цивилизацэ зэрыщыIам и лъэужь фIэкIа къэмынэжIауэ» *(«Вагъуэдэжей»)*.

Гупсысэ узэщIар фэдэн быдэу щIэныгъэм къешэкIауэ игъащIэми къокIуэкI. Пэжщ, псырылъэр щызэпычаи, ем (кIыфIыгъэм) хуэлажьэ къарур абы щыхуэмыубыдаи мызэ-мытIэу цIыхубэм я нэгу щIэкIащ. Жэщ даущыншэм Вагъуэдэжейм аркъэн езыдза тхакIуэм, «Зыужьыныгъэм» къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм дытрешэжри, дрегъэплъэж пасэрей философ Сократ деж къыщыщIэдзауэ атомым и лъэхъэнэ ди зэманым къэсу. Дригъэплъэж къудейкъым, атIэ Сократ, Диоген, Македонский Александр, Ян Гус, Къэзанокъуэ Жэбагъы сымэ хуэдэ цIыху щэджащэхэм къагъэна Iущыгъэхэм къыхэтхыну дрешалIэ «Дыхэт дэ?», «ДызищIысыр сыт?», «Мы щIыгум сыт щытщIэн хуейуэ дыкъытехьа?», «Iуэхуу тщIэр зыхуэтщIэр ди щхьэра, ди Iыхьлыхэра, благъэхэра, цIыхубэ дызыдэгъуэгурыкIуэра, ди ужькIэ къэкIуэну щIэблэра?» философие упщIэ гугъухэм я жэуапхэм.

НэхъапэIуэкIэ зэрыжытIащи, цIыху къызэрыгуэкIым хуэмыгъэкъаруунщ дунейр къызэригъэщIрэ «мор-мыр жыхуаIэ» еджагъэшхуэхэм я щхьэр зытракъутэ а упщIэхэм жэуап етыныр. Абы щхьэкIэ физикэми, математикэми, химиеми, астрономиеми, философиеми фIы дыдэу хэпщIыкIыу ущытыныр мащIэщ... Абы щыгъуэми и тхылъеджэр гугъу иригъэхьыну хэткъым тхакIуэр — щIэныгъэм и къэхутэныгъэ нэхъ инхэр зэпкърыхыныр, щIэджыкIакIуэм гурыгъэIуэныр езым и пщэм делъхьэж. Аращ абы «жэщ бзыгъэм хэту уафэм дэплъеиныр» хьэл щIыхуэхъуар.

Жэщ гупсысэрщ щIэныгъэм и Iэ-и лъэр здынэсари гипотезэ щыIэхэри зэзыгъэзахуэр, ахэр художественнэ фащэкIэ хуэпэжауэ тхылъеджэм и пащхьэ илъхьэн зэрыхуейм тхакIуэр езышалIэр. Апхуэдэхэм деж Iэмал имыIэу «цIыхур дунейм и инагъым щIогупсыс: пэи кIэи иIэкъым, укIуэкIи унэсынукъым, уплъэкIи унэплъысынукъым...» Ауэ щIэныгъэ кууми, гупсысэ лъа-

гэхэми зыри я уасэкъым, цӀыхур езыр зищӀысыр, дунейм щигъэзащӀэ къалэныр къыщамыхутэфкӀэ, абы и псэм щыщӀэмрэ и гурыгъу-гурыщӀэхэмрэ нэсу къыщызэӀуамыхыфкӀэ. Армырауэ пӀэрэт Сократ щӀыжиӀар: «Сэ сощӀэжыр зыри зэрызмыщӀэр!», хьэмэрэ и еджапӀэм «ЗыщӀэж» псалъэр гъуазэ щӀыхуищӀар?.. Апхуэдэ гуэрт, дауи, махуэ шэджагъуэм Диогени къилъыхъуэр. Гъутри егъэпӀейтей «псори зыщӀэу зызылъытэж, атомым и къарур зыӀэщӀэлъ языныкъуэхэм уафэмрэ щӀылъэмрэ я унафэр ящӀыну» зэрытегушхуэм, «а яӀэщӀэлъыр зищӀысыр зэрызыхащӀэн псэ яӀэу пӀэрэ?» – жеӀэри.

Дунейм шынагъуэ куэд тетщ. Телъыджэращи, «дэтхэнэ зы цивилизацэми зиузэщӀынкӀэ Ӏэмалу иӀэм пэшачэу зэтещэхэжынкӀи шынагъуэ къыпэщылъу къыщӀокӀ. Ар псом нэхърэ нэхъ гуащӀэ къыщыхъур щӀэныгъэм и зыужьыныгъэр иджыпсту дызэрыт лъэхъэнэм хуэдэм щынэсым дежщ» *(«Вагъуэдэжей»)*. Ар дуней зэпэшачэщ, ухуэмысакъмэ, Ӏэблэ зырызым фӀэдза пэгунитӀым хуэдэу, зыр лъэныкъуэкӀэ ещӀэну. «Дуней зэпэшачэ» (аргуэру лъэныкъуитӀ) эпитетым куэдрэ ущрохьэлӀэ Гъутым и прозэ тхыгъэхэми и усэхэми.

*Мы гъащӀэр пэгунитӀу зэм къысфӀощӀыр, –*
*А тӀур зэпэмышачэм, сызэфӀощӀэр, –*

щетх абы «Сэ сщӀэркъым нобэ гъащӀэм къысхуищӀэнур» усэм. АтӀэ, а «къару шынагъуэр» – атомыр – цӀыхум къыӀэщӀэпхмэ, дунейр зэпэшачэ хъужыну? Абы и жэуапри тхакӀуэм къызыхихыр щӀэныгъэрщ. «Хьэуэ, – жеӀэ абы, – нобэ электрокъаруэ къалэжьым и Ӏыхьэ плӀанэр къэзытыр аращ. Илъэс тӀощӀырыпщӀ дэкӀмэ, ядернэ реакторхэм къалэжь гуащӀэр электрокъарум и хэкӀыпӀэ нэхъыщхьэ мыхъумэ, щӀым къыщӀах, къыщӀаш гъэсыныр цӀыхум хурикъужынукъым. Хьэуэ, езы атомым лажьэ иӀэкъым – ухуеймэ, ар щӀытесхэм я хэкӀыпӀэ пхуэхъунущ, ухуеймэ, цӀыхубэм я лъапсэм псы пхуригъэжыхьыжынущ. Лажьэ зиӀэр атомым и гуащӀэр зыӀэщӀэлъхэрщ» *(«Вагъуэдэжей»)*.

АтӀэ, цӀыхум и ӀэкӀэ езым и ажалыр зэӀуищэжрэ, хьэмэрэ, зыужьыныгъэм и щыгум дыхуокӀуэ жаӀэурэ, щыхупӀэм драшалӀэу ара? Абы и жэуапри и жэщ гупсысэм къыхех тхакӀуэм – «цӀыхум елъытыжа зэманрэ «гъуанэ фӀыцӀэм» и гуащӀэ къэгъэӀурыщӀарэ хэмыту трансгалактическэ зекӀуэ щыӀэнукъым». Абы щхьэкӀэ сыт хуэдэ Ӏуэхуми гупсысэр щытепщэн, зэхэщӀыкӀ, гулъытэ щыӀэн хуейуэ аращ. Узэхэзымых, узымылъытэ цӀыхур атомым нэхърэ нэхъ шынагъуэщ – «абы уэр щхьэкӀэ ил узынукъым, уил щӀэузри зэхищӀыкӀынукъым; узыхисхьэну пхуащӀ мафӀэм къихьынурэ чыху ӀэплӀэ хидзэнущ, узыхьыну псым псы пэгун хикӀэнущ. Апхуэдэ Тхьэм димыщӀкӀэ, хъуами Тхьэм дыӀуимыгъащӀэкӀэ» *(«Укъэушмэ, пщӀыхьэпӀэщ»)*.

Апхуэдэщ Гъут Ӏэдэм и прозэр - жэщ бзыгъэ уафэу щӀэныгъэкӀэ узэда гупсысэ налъэхэмкӀэ сеяр. Абы и щӀылъэныкъуэщ и усыгъэр – ар щабэщ, нэхущ, хуитщ.

Ӏэдэм усэ итхыу зыщӀэр закъуэтӀакъуэхххэщ, а итххэри къытригъэдзэну, тхылъу къыдигъэкӀыну хэтыххэкъым. Ар езым и дуней щэхущ, «гъащӀэм и гъуэжькуийхэмрэ бэнэныгъэ кӀыхьхэмрэ ирагъэзэша псэр», «ӀэпкълъэпкъщӀэлӀар» къыщыхуэбэжу, къыщыщӀэрэщӀэжу»; ар гъатхэщ, адыгэм и фэр ириплъу фӀы дыдэу илъагъу кхъужьейр щыгъагъэу. А лъэхъэнэм псэр имытхьэкъун лъэкӀын?! Аращ Ӏэдэм и усэхэм гъатхэ теплъэ-

гъуэхэр – нэхугъэр, къабзагъэр – щIыщытепщэр, псэр къызыдэщIэрэщIэж лъэхъэнэм и къару щэхухэм жыгеижь нэгъунэ къэфэну къыщIытрашэфыр:

*Зэшыгъуэ хуэшыр хокIыр дунеижьым,*
*Дзэлыгъуэ гулъым щIылъэр къыдоуш,*
*И дамэхэр дэуейуэ жыгеижьыр*
*Щиху пцIанэ кIащIэм пфIощIыр къыдэудж.*

Ауэ а дунейми кIапитI иIэщ, Ашэмэз и бжьамийм ещхьу, зы лъэныкъуэр хужьу, адрейр фIыцIэу. Ар пасэу щIалэм къыгурыIуакIэщ (ар щынэрылъагъущ Iэдэм и щIалэгъуэм итха усэхэм), ауэ къыхуэмыщIэу гугъу езыгъэхьыр «зэм гуфIэгъуэм и кум къыхэзыгъэхутэ, зэми гукъеуэм и гур къыхуезыгъэкъутэ» гъащIэм къыхуищIэнурщ. Абы гу лъитакIэщ «губгъуэм къыщыкI кхъужьейм» ещхь мы дунейр гъатхэ щIэращIэ зэпыту зэрыщымытым, умыщIэххэу а «жыг щIагъым мыл джейхэр жейуэ щIэлъу» уIуууэнкIэ зэрыхъунум *(«Гъатхэ этюдхэр» усэхэм)*.

Апхуэдэу зигури зи псэри дунейм хузэIухауэ балигъ гъащIэм хэбэкъуа ныбжьыщIэм ар къытеункIыфIэжауэ къыщызыгъэхъунур, дауи, лъагъуныгъэрщ. Ашэмэз и бжьамийм и кIапэ фIыцIэм и щIалагъэ-псынщIагъэкIэ епщар езырат, хьэмэрэ гурыщIэ нэхукIэ зэрыпежьар къызыгурымыIуа тхьэIухудыра, сытми «хэт и ягъэу щымытами, я псынащхьэр къэмыутхъуэу яхуэхъумакъым» *(«Пшахъуэ налъэхэр IэмыщIэм йощэщыж»)*. Иджы:

*Пшахъуэ налъэхэр IэмыщIэм йощэщыж,*
*Псынэ лъащIэ къибырбгъукIым хогъуэщэж,*
*Мывэ джейхэм я зэхуакум добзэхыкI,*
*Гъуджэ лыдым ныбжь къридзэр токIуэдыкI.*

Апхуэдэхэм дежи щIалэм и гъащIэ гъуэгуанэр къыхуигъэнэхуу, гъуазэу гугъэр къыхуонэж, ар зэи фIэкIуэдыркъым. И «щыуагъэхэм» къахиха дерсхэр абы щIэгъэкъуэн къещIыф, уеблэмэ ахэр адэкIэ бэкъуэн щхьэкIэ зытеувэн лъабжьэ мэхъу. ЛIыпIэ иува, зи акъыл тIыса щIалэр афIэкIа щIэупщIэжыркъым: «Сэ сщIэркъым нобэ гъащIэм къысхуищIэнур, //Хэт зыщIэр нобэ гъащIэм къызищIэнур?» – жиIэу. Иджы ар зыгъэпIейтейр нэгъуэщIщ: «дунейм цIыхур зэрытетыр зэуэ щыщыткIэ», щхьэ бжыгъэ къудей мыхъуу, абы зыхуэфащэу щыпсэунырщ:

*Псэуэ цIыхум хэлъыр зыщ,*
*Пкъыуэ ар зыхэлъри зыщ,*
*Ар зытет дунейри зыщ,*
*Зэрытетри зэ къудейщ.*
*ЦIыхум иIэщ унэ закъуэ,*
*Анэ закъуэ, лъахэ закъуэ,*
*Ауэ гъуэгуу зрикIуэнур*
*Щэрэ мину зэбгрож.*

Мис а «щэрэ мину зэбгрыж гъащIэ гъуэгуанэхэм» дауэ «цIыхум хуэфащэр» къызэрыхихынур? Сытым дежи хуэдэу, абы щыгъуэми къыбдэIэпыкъуфынур зиусхьэн Гупсысэрщ. ЩIалэм чэнджэщэгъу ищIри аращ, аращ къыхезыгъэхри щIэныгъэм и гъуэгур, а щIэныгъэр зыхуигъэ-



9 Заказ № 199

лэжьэнури «гъатхэ кхъужьейуэ» зэщIэгъэгъэну зыхуэхъуапсэ и хэкурщ. Лъэпкъым, хэкум гурэ псэкIэ хуэлэжьэныр, хузэфIэкI хуэщIэныр абы и дэтхэнэ бынми и фарз лъапIэу къелъытэ Iэдэм. «НапитI умыхъуу, фIыкIэ цIыхум ягу укъинэн хуэдэу упсэуамэ, аракъэ езыр насып хъужыр!» – жеIэ абы. Апхуэдэхэр нэхъыбэ хъумэ, губгъуэм къыщыкI кхъужьейуэ къэсым зи щхьэкIэр иудыну» къэгъуэгурыкIуа лъахэр «гъатхэ кхъужьейуэ» зэщIэблэжынущ. А гуращэрщ Гъутым иIэр, а къалэнырщ абы и лирикэ щабэмкIэ дызыхуриджэр...

Сэ кIэщI дыдэу зи гугъу сщIар лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм Iэдэм итха усэ зырызщ. Хэхауэ сыкъытеувыIэну сыхуеякъым тхакIуэм и тхыгъэхэм къыщигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэм; и усэ гъэпсыкIэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэри зэпкърахыну къахуренэ адрей литературэджкъэхутакIуэхэм. А псори зы тхыгъэм къыщыпхузэщIэкъуэнуи щыткъым, мы си тхыгъэри щIэныгъэ лэжьыгъэкъым. Сэ сызыхэтар Iэдэм и дунейр лъэпкъ Iущыгъэмрэ щIэныгъэмрэ къагъэхъуу зэрыщытым щIэджыкIакIуэхэм гу лъезгъэтэнырщ. Арати, тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр гупсэхуу щIэзджыкIщ, и щIэныгъэ лэжьыгъэхэм щыгъуазэ захуэсщIри, сэ нэхъыщхьэу къыхэсхар мы гупсысэ-чэнджэщырщ:

«Ей, цIыху цIыкIухэ, мы дунеижьым фэ фхуэдэ Iэджи щызэблэкIащ. Фэ тепщэныгъэ, былым щхьэкIэ фыщIэныкъуакъуэр лIэщIыгъуэхэм еплъытмэ, сабэщ. Абыхэм фи гур евгъэубыду цIыхугъэр IэщIыб фымыщI, нэмысымрэ щэнымрэ фымыгъэкIуэд. Зэманым псори зэхуэдэ ещI, цIыхур щIым ирешэхыжри, и фIыр фIыкIэ, и Iейр IейкIэ дунейм къытренэ!» *(«Укъэушмэ, пщIыхьэпIэщ»)*





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* ЦIыпIынэ Аслъэн, КъардэнгъущI Зырамыку, Гъут Iэдэм сымэ

**IЭДЭМ** щIэныгъэм щиIэ зэфIэкIхэри ефэгъуэкIыркъым абы лъэпкъ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэм. «Арат япэ игъэщыпхъэр, Гъутыр нэхъыбэм къызэрацIыхур щIэныгъэлIущ», – жиIэу, губгъэн къысхуэзыщIын щыIэнкIи хъунщ. Арами, дэуэгъу сыхъуркъым. ТхакIуэр нэхъапэ

щIизгъэщам и щхьэусыгъуэр щIэныгъэлIым сэр нэмыщIкIи нэгъуэщIхэр мызэ-мытIэу зэрытетхыхьарщ. Абы хэслъхьэжащ литературэр сэ псэкIэ нэхъ зэрыспэгъунэгъур. Ауэ нэхъыщхьэр тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм хэт лирическэ лIыхъужьым и дунейр щIэныгъэлIым и IуэхущIафэхэм къахэтэджыкIыу зэрыщытым щIэджыкIакIуэхэм гу лъезгъэтэн мурадырщ.

Художественнэ гупсысэм и щIагъ щIэлъ щIэныгъэм тхакIуэм и тхыгъэхэр гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ ядохъу, апхуэдэ гупсысэкIэм Iэдэм и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр купщIафIэ, къаруэфIэ ящI. Ди адыгэ тхакIуэхэм куэд яхэткъым Гъутым хуэдэу щIэныгъэмрэ художественнэ псалъэмрэ дахэу зэзыгъэкIуф. ЩIэныгъэ тематикэм адыгэ литературэм зыщезыгъэужьахэм ящыщ зыщ ар.

Iэдэм щIэныгъэм зэрыбгъэдыхьэри ищIэмрэ илэжьымкIэ жэуаплыныгъэ тIуащIэ зэрихьыр зыхищIэущ: япэр – зи псэ, зи бзэ Iурылъ, зи дунейм хэпсэукI и лъэпкъым и Iуэхур гъэкIуэтэнымкIэ и пщэ къыдэхуэрщ, етIуанэр – и къэхутэныгъэхэм я сэбэп къыддэпсэу, ди гъунэгъу адрей лъэпкъхэм егъэкIынырщ. «Арыншауи хъунукъым, – жеIэ Iэдэм, – мы дунейр зыхуэкIуа щытыкIэм укъызэрыхэкIыфынур узэгъусэущ, узэдэIэпыкъуурэщ. Абы щыгъуэщ лъэпкъ фащэри, нэщэнэхэри хъума щыхъунур. Ауэ зыгуэрхэм къагупсыса къупхъэхэм ахэр ибгуашэрэ теплъэщIэжмэ, кIэ игъуэтауэ аращ зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ лъэпкъ щэнхабзэхэм».

Мис апхуэдэ Iуэху еплъыкIэ быдэ иIэрэ ар зэрыщIигъэбыдэжын щIэныгъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Максим Горькэм и цIэр зэрихьэу Дунейпсо литературэмкIэ Москва дэт институтым и аспирантурэмрэ къащIихауэ щIэныгъэ IэнатIэм пэрыуващ Гъутыр. Нобэр къыздэсым зыщылажьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щIэныгъэлI ныбжьыщIэм къызэригъэзэжу абы пщэрылъ щащIауэ щытащ XIX лIэщIыгъуэмрэ XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэмрэ адыгэ IуэрыIуатэм щыщу адэ-мыдэкIэ къыщытрадзауэ щыIэхэм елэжьыжу тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкIыжыну. Аспирантурэр къыщиуха институтым и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор Алий Аллэ и гъусэу а Iуэху гугъум и ужь ихьащ Iэдэм. Аллэ Москва, Санкт-Петербург, Тбилиси, Ставрополь, Владикавказ, нэгъуэщI къалэхэми я дэфтэр хъумапIэхэм, библиотекэхэм адыгэ хъыбарыжьу, пшыналъэу, таурыхъыу щIэлъу къигъуэтахэм ксерокс тригъэхыжащ. XIX лIэщIыгъуэм урыс еджагъэшхуэхэм, адыгэ узэщIакIуэхэм адыгэбзэм хузэхалъхьа алыфбейхэмкIэ ятхыжахэр Iэдэм иджырей адыгэбзэм къригъэзэгъэжщ, жанр и лъэныкъуэкIэ зэхидзыжщ, елэжьыжри тедзэным хуигъэхьэзырыжащ. Iэдэмрэ Аллэрэ а я лэжьыгъэхэр зэрыт тхылъхэр дунейм къытехьащ.

Мы лэжьыгъэм трагъэкIуэда гуащIэр зыхуэдизыр Iуэхум хэтхынщи, жытIэнщ лъэпкъ Iущыгъэм и налкъутналмэсхэу абыхэм зэуIу ящIыжам и мыхьэнэр къызэрылъытэгъуейр. Къэлъытэгъуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ адыгэхэм я тхыдэри, философиери, щэнхабзэри, щIэныгъэри нобэ къызыхэтхыжыну диIэр а IуэрыIуатэрщ. Гупсысэ куу, дахэ зыщIэлъ защIэщ ди нэхъыжьхэм къытхуагъэнар, – жеIэ Iэдэм. – Зи дунейр нэхъ хуэIэижьу, къэралыгъуи, тхыбзи, щэнхабзэ узэщIаи яIэу лIэщIыгъуэкIэрэ къекIуэкIа лъэпкъхэм яхузэфIэкIахэр щаIуэтэжкIэ, дэри бжэ къуагъым дызэрыкъуэмысар къридгъэлъэгъуэну щыIэр псом япэу ди IуэрыIуатэрщ. Аращ дэтхэнэ адыгэми ар фIыуэ илъагъуу, абы иригушхуэу щытын хуейуэ дэ къыщIэтлъытэр. Езы лъэпкъми ар фIыуэ илъагъужын, хамэхэми пщIэ къыхуащIын хуэдэу IуэрыIуатэм хэлъ фIагъымрэ дахагъэхэмрэ гъэнэхуэн хуейщ».

А мурад щхьэпэм илъэс 40-м щIигъуауэ и щIэныгъэри, и гуащIэри ирехьэлIэ Гъутым. Ар къыщыщIидзащ нарт пшыналъэхэм ящIэлъ поэтикэмрэ эпосым и типологиемрэ къэхутэным. ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэм и къэхутэныгъэ къуэпсхэм задзырт еджагъэшхуэхэм зэпаубыд Iуэхугъуэм – нарт эпосым и къежьапIэм – нэс. ЩыIэ Iуэху еплъыкIэхэм темыхуэу езым и унэтIыныгъэ Iэдэм иукъуэдиижырт. Псалъэм папщIэ, ар арэзы ядэхъуртэкъым эпосыр хамэщIым къыщежьэу Кавказым ис лъэпкъхэм зыгуэрхэм къыхуахьауэ жызыIэхэм. Iуэхур зэфIэхынымкIэ нарт эпосым щIэлъ поэтикэмрэ художественнэ гъэпсыкIэмрэ куэд къазэрыпкърыпхыфынум абы щIэныгъэлIхэм гу лъаригъэтащ.

«Эпосым и къежьапIэр къэбгъуэтын щхьэкIэ, – жеIэ Iэдэм, – псом япэу къэхутэн хуейщ ар хэт и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ нэхъ пэгъунэгъуми. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нарт хъыбархэр яIэщ ди гъунэгъу абхъаз-адыгэ, индо-иран, тырку, нахъ-дагъыстан бзэ гупым хыхьэ лъэпкъхэми. Нэхъыбэу зиIи, нэхъ мащIэу зиIи щыIэщ, ауэ псоми яфIэфIщ эпосыр езым ейуэ ялъытэжыну. Ар зейр зэхэгъэкIынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ эпосым хэт пшыналъэхэм я гъэпсыкIэм, лъэпкъым и дуней еплъыкIэр, и психологиер къызэриIуатэ бзэм! Ахэр къэхутэнырщ нэхъыбэу зи яужь ситар икIи сэ быдэу си фIэщ мэхъу нарт хъыбархэр кавказ лъэпкъхэм яйуэ, мыбы къыщежьауэ зэрыщытыр».

Гъутым и къэхутэныгъэхэм пщIэшхуэ къыхуащIащ еджагъэшхуэхэм. И кандидат лэжьыгъэм и Iэрытхыр къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я щэнхабзэр джынымкIэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Рифтин Б. Л. щыIэрыхьэм, абы Гъутым чэнджэщ къритащ тхылъ щхьэхуэу къыдэгъэкIыным ар хуигъэхьэзырыну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Москва дэт «Наука» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Адыгэ нарт эпосым и поэтикэмрэ типологиемрэ» тхылъыр. Абы къыщыпщыта хъуат эпосым хыхьэ сюжет курыххэр къызэрыунэху щIыкIэр, лъэпкъ мифологиемрэ IуэрыIуатэмрэ я зэпыщIэныгъэр, езы адыгэ нарт эпосым и къежьэкIэмрэ и ужьыхыжыкIэмрэ я зэхуаку дэлъа къэхъугъэхэр; хъыбархэр, пшыналъэхэр дахэ зыщIэхъукIыу бзэм иIэ Iэмалхэмрэ гъэпсыкIэ хэхахэмрэ.



Ди адыгэ щIэныгъэлIхэм ящыщу а тхылъ тедзапIэ цIэрыIуэм зи тхылъ япэу къыщыдэкIыну зи насып къихьар Iэдэму зэрыщытыр игу къыщызгъэкIыжкIэ, аргуэру Iуэхур гушыIэм хуигъэкIуэну хэтщ.

– Ар си цIэращ зи фIыщIэр, армыхъумэ си лэжьыгъэракъым, – жи абы.

КъызгурымыIуауэ си дамэхэр дызошей.

– Си цIэмкIэ «Тхьэм хигъэщхьэхукIахэм» сащыщу я гугъэу лэжьыгъэр сIахати, пэжыр къыщащIэм, Iэпэдэгъэлэл ящIыжри, илъэс зыбжанэкIэ Iэрытх хьэзырыр щагъэлъыжащ, – къызгурегъаIуэ абы.

Аргуэру сыдыхьэшхыркъым... сыщымыгъуазэу щыткъым, апхуэдэкIэ къыпхуащIэнумрэ къыпхуамыщIэнумрэ зыхуэдэм, лэжьыгъэм хуэфэщэн купщIэ кIуэцIымылъмэ. Сыщыгъуазэщ нэгъуэщIми: Iэдэм и япэ щIэныгъэ лэжьыгъэм зрегъэубгъу, нарт эпосымрэ абы ныбжькIэ и ужь къитыж тхыдэ эпосымрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр къехутэри, еджагъэшхуэхэм я пащхьэ ирелъхьэ хигъэплъэну. Лэжьыгъэм еджа щIэныгъэлIхэм къыжраIэ, ар монографие щхьэхуэу къыщыдэкIынум емыжьэу, абыкIэ доктор диссертацэр пхигъэкIыну. Апхуэдэуи ищIащ Гъутым.

И лэжьыгъэщIэмкIэ Iэдэм къигъэлъэгъуат адыгэ IуэрыIуатэм и пкъыгъуэ нэхъ инхэр лIэщIыгъуэкIэрэ къызэрызэдэгъуэгурыкIуар, ахэр лъэпкъ гупсысэм и къэгъэщIыныгъэ телъыджэу, гъащIэм къыхэкIауэ зэрыщытыр,

адыгэ гупсысэкӀэр, псэлъэкӀэр, адыгэ эстетикэр лъабжьэу зэраӀэр. КӀэщӀу жыпӀэмэ, Гъутым и лэжьыгъэщӀэр зыхуэфащэу хэуващ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкӀуэ жьэрыӀуатэ Ӏущыгъэхэр, поэтикэ щэнхабзэ лъагэр джыжыным, абыхэм дуней псор щыгъуазэ хуэщӀыным хуэунэтӀауэ екӀуэкӀ къэхутэныгъэ инхэм.

Гъутыр ящыщкъым щӀэныгъэм и зы лъагапӀэ гуэрым нэсу абдеж къыщызэтеувыӀэжхэм. Ар хущӀокъу щӀэныгъэм и къудамэ псори зэпищӀэу ахэр лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуэгъэлэжьэным. Аращ абы и Ӏэ-и лъэр лъэпкъ тхыдэми, литературэми, бзэми, гъуазджэми, ныбжьыщӀэхэр егъэджэнми, газет-журнал къыдэгъэкӀын Ӏуэхухэми щӀынэсыр. ХэкӀуэдэжауэ ялъытэу щытауэ нэхъапэӀуэкӀэ псэуа адыгэ узэщӀакӀуэхэм я лэжьыгъэу зыкъым икӀи тӀукъым абы къигъуэтыжу, елэжьыжу лъэпкъым тыгъэ къахуищӀыжар. Псалъэм папщӀэ, сыт и уасэ Цагъуэ Нурий и лэжьыгъэхэу кӀуэдауэ ялъытэхэм етӀуанэ гъащӀэ зэраритыжар.

1979 гъэм щӀэныгъэлӀхэм я зэхуэсышхуэ гуэрым хэтыну Нало Зауррэ Гъут Ӏэдэмрэ Ленинград кӀуат. Конференц нэужьым абыхэм мурад ящӀащ адыгэ лъэпкъым куэд къыхуэзыщӀа профессор Турчаниновым и Ӏуэху зыӀут зрагъэщӀэну, щӀэупщӀэнхэу. Хэку зауэшхуэм и пэ лъандэрэ Цагъуэм и архивыр профессорым ихъумэрти, ди щӀалэхэм я фӀыгъэкӀэ ар ди щӀэныгъэ-къэхутакӀуэ институтым къритыжащ. Иужь ихьэри Ӏэдэм Цагъуэм и дэфтэрхэр зэхидзыжащ, щӀэныгъэм дежкӀэ мыхьэнэ зиӀэхэр къыхихри, зытеухуа елъытакӀэ Ӏыхьэ-Ӏыхьэу игуэшащ икӀи, къыбгурызыгъаӀуэ тхыгъэ кӀэщӀхэр ядыщӀигъуурэ, тхылъу къыдэгъэкӀыным хуигъэхьэзыращ. А лэжьыгъэ щхьэпэр дунейм къытехьащ Турчаниновымрэ езымрэ я цӀэхэр тету.

НэгъуэщӀ зы щапхъи. Ижь-ижьыж лъандэрэ щӀэблэр ирырагъасэу адыгэхэм къадекӀуэкӀ хабзэфӀхэм ди егъэджакӀуэхэр хуабжьу зэрыхуэныкъуэм гу лъитати, а Ӏуэхур нэгъуэщӀхэм я дежкӀэ иригъэкӀуэтэкӀакъым Ӏэдэм. ТӀысри, илъэс куэдкӀэ зэхуихьэса, зэлэжьа тхыгъэхэр я лъабжьэу, гъэсакӀуэхэм тхылъ бэлыхь яхуитхащ, «Кавказ лъэпкъхэм я хабзэхэм ятеухуа теплъэгъуэхэр» фӀэщыгъэр иӀэу. Иджы ар я Ӏэпэгъущ сабий садхэм щылажьэ гъэсакӀуэхэми, курыт еджапӀэхэм я егъэджакӀуэхэми, ӀэщӀагъэлӀ-методистхэми.

ӀуэрыӀуатэм гукӀи псэкӀи пыщӀа щӀэныгъэлӀым и нэӀэ тригъэт зэпытщ лъэпкъ литературэми. Гъуазджэм а и къудамитӀыр зэгуэпх мыхъуну зэпыщӀауэ къелъытэ абы.

– Иджыри къыздэсым, – жеӀэ Ӏэдэм, – литературэм зэрыбгъэдыхьэу щытар псэкупсэ дунейм и зы Ӏыхьэущ, цӀыхур зыгъэгуфӀэ, зыгъэпӀейтей Ӏуэхугъуэхэм я джэрпэджэжущ. ИтӀанэт абы гъуазджэ къалэн игъэзащӀэу къыщалъытэр. Шэч хэлъкъым цӀыхум и гурыгъу-гурыщӀэхэр, и псэм щыхъэхэр къэгъэлъэгъуэныр литературэм дежкӀэ фӀэкӀыпӀэ зимыӀэ Ӏуэхуу зэрыщытым. Тхыгъэм къыщиӀэт Ӏуэхугъуэри абы пебдзых мыхъуну инщ; адыгэ джэгуакӀуэжьхэм ар фӀыуэ ящӀэрти, хуабжьу шэрыуэу къагъэсэбэпу щытащ. ИтӀани, литературэм и къалэныр абыхэмкӀэ зэфӀэкӀыркъым. А ӀэнатӀэм сэ зыгуэр щысхуэзэфӀэкӀамэ, ар тхыгъэр эстетикэ и лъэныкъуэкӀэ зэпкърыхыным и мыхьэнэр а зи гугъу тщӀахэм нэхърэ зэрымынэхъ цӀыкӀум гу зэралъезгъэтарщ.

Апхуэдэ Ӏуэху бгъэдыхьэкӀэр и лъабжьэу Гъутыр ятетхыхьащ лъэпкъ щэнхабзэм, литературэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщӀа адыгэлӀ щэджащэхэу Къэзанокъуэ Жэбагъы, Нэгумэ Шорэ, ПащӀэ Бэчмырзэ, Цагъуэ Нурий, ЩоджэнцӀыкӀу Алий, КӀыщокъуэ Алим, Шортэн

Аскэрбий, КъардэнгъущІ Зырамыку, Нало Заур, иджырей тхакІуэхэу Тхьэгъэзит Зубер, Журт Биберд, Бещтокъуэ Хьэбас сымэ, нэгъуэщІхэми. Абыхэм ятеухуа очеркхэм къадэкІуэу, щІэныгъэлІыр нэхъ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэри къыщеІэт 2003 гъэм Налшык къыщыдигъэкІа «Псалъэмрэ щэнхабзэмрэ» и тхылъым.

Гъутым псэкІэ зыхещІэ, ар егъэгузавэ демократие хабзэхэм ящІыгъуу псыдзэу къытщІэуа хамэ щэнхабзэхэм зи къуэпсхэр иджыри быдэу щІым хэмыкІа лъэпкъ литературэм, гъуазджэм я лъабжьэхэр щІалъэсыкІынкІэ зэрыхъунум. «Дэ абы Іэнкун дещІ, дызыщІапІыкІа гущэкъу уэрэдхэм къыщыщІэдзауэ классикэ пэлъытэу дыбж тхыгъэхэм нэсу диІэ лъапІэныгъэхэр ІэщІыб дигъэщІынкІэ шынагъуэ щыІэщи, — щетх тхылъым хуищІа пэублэ псалъэм щІэныгъэлІым. — Пэжщ, ди гъащІэм, псэукІэ-зэхэтыкІэм хэлъ Іуэхугъуэ зыкъомми щІэрыщІэу хэплъэжын хуейщ, ауэ жьы хъуащ, зэманым къезэгъыжыркъым жытІэу, фІы куэд къызыпэкІуэхэри Іейуэ къэтлъытэхэм дэдгъэкІуэныр щыуагъэщ — зыщыдмыгъэгъупщэмэ нэхъыфІщ нобэ лъакъуэкІэ хэдутэр пщэдей дзапэкІэ къэтщтэжынкІэ зэрыхъунур». Ди тхыдэм апхуэдэ мызэ-мытІэу къызэрыщыхъуар, абы къыхэхыпхъэ дерсхэр Іэдэм дегъэлъагъу дяпэ ита щІэныгъэлІ-узэщІакІуэхэм я щапхъэхэмкІэ.

Сэ сощІэ Іэдэм и лэжьыгъэхэр пщІы бжыгъэкІэ къабжхэм зэращхьэщыкІар, арыншауи къызыфІэгъэщІыгъуейщ — апхуэдэ цІыхур дунейм къыщыхъу-къыщыщІэхэм, ди хъуреягъым щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм къалэмым иримыгъэпхъуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Ар ягъэгузавэ былымаблэхэр тепщэ щыхъуа ди лъэхъэнэм лъэпкъ пшыналъэр бгъунлъэнкІэ зэрыхъунум, иным цІыкІур, лъэщым къарууншэр тегушхуэгъуафІэ зэрищІым, нэплъэжыгъуэ зэрагъуэту къызыхэкІар зыщызыгъэгъупщэжхэр зэрыбагъуэм, щхьэхуэфІхэр, гу щІыІэхэр къэплъэнэфхэр, зэманым и къупхъэм къищэщ зэпыту къызэрынам. А псоми хэкІыпІэ къахуигъуэтыну, цІыхубэм гъуазэ яхуэхъун гуэр яригъэлъагъуну хущІэкъу тхакІуэм, щІэныгъэлІым и къалэмыпэм мыхьэнэшхуэ имыІэу зы тхыгъи къыщІэкІкъым.

— НтІэ, уигури уи псэри зыхэплъхьэ а уи псалъэр зыхуэгъэзахэм я деж нэсрэ? — соупщІ сэ абы.

— Нэмысу хъун, — сэ жэуап къызэрызитыжым нэхърэ и щхьэм зэрыхужиІэжыр нэхъыбэу, зыгуэрым зэригъэгупсысэр къапщІэу къыдрешей щІэныгъэлІым. — ПщІэрэ, зы цІыхум нэхъ мыхъуми укъыгурыІуэнир, узэхищІыкІыныр езыр сыт и уасэ?

**ІЭДЭМ** сыт хуэдэ егъэлеиныгъэри фІэфІкъым. Абы и хьэл-щэным, и дуней тетыкІэм сигу къагъэкІыж аддэ иджыри дысабийуэ ди нэхъыжьхэм жаІэу куэдрэ зэхэтхыу щыта псалъэр — «интеллигент». И мыхьэнэ дыдэм нэхърэ нэхъыбэ къуажэдэс нэхъыжьхэм абы зэрыратыр иужькІэщ къыщызгурыІуар. «Ар интеллигентщ» псалъэхэр зыгуэрым хужаІэмэ, нэхъыбэу кърагъэкІыр «цІыху щыпкъэ, нэщІыса, щапхъэ зытрах, насыпыфІэ» мыхьэнэрт. Ар нэхъыбэу зыхужаІэу щытари щІэныгъэм пэІэщІэ къуажэдэсхэр ирагъэджэну, абы цІыхум къыхузэІуих дуней телъыджэм хашэну къагъэкІуа япэ егъэджакІуэхэрт. ЩІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, адыгэхэм зэрыжаІэу, «щхьэкІэ лажьэ» апхуэдэ цІыхухэрт къэкІуэнур зейуэ ялъытэри, арат пщІэ хэха щІыхуащІри. Гъут Іэдэми къилэжьащ «интеллигент нэсщ» хужыпІэну. Абы пщІэ щІыхуэтщІ нэгъуэщІ и ІуэхущІафэхэми сыкъытеувыІэну сыхуейщ: Іэдэм узэщІакІуэщ, егъэджакІуэщ, гъэсакІуэщ.

Япэм щыгъуэ цІыхубэм и гулъытэу абыхэм лъагъэсыр нэхъыбэт къэ-

ралым ейм нэхърэ. Иджы ар кIуэдри, ди жагъуэ зэрыхъущи, къэралым къахуищI гулъытэ мащIэм фIэкI къалъымысыжу къэнащ егъэджакIуэ-гъэсакIуэхэр.

Апхуэдэ щытыкIэм дигъэгумэщIми, щIэныгъэлI псори егъэджакIуэ-гъэсакIуэ зэрымыхъур къыдгурыIуэрти, дэ – Гъут Iэдэм, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис, сэри сахэту – занщIэу «хьэуэ» жытIат, университетым егъэджакIуэу драгъэблэгъэну щыхэтам щыгъуэ. Пэжу жыпIэмэ, дэ тщыщ дэтхэнэри а лэжьыгъэм, мащIэ-куэдми, щыгъуазэт. БакIуур илъэс куэдкIэ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым декану щылэжьат, БищIом къуажэ школым щригъэджат, Гъутымрэ сэрэ КъБКъУ-м курс щхьэхуэхэр щытIыгъат, ауэ ахэр совет лъэхъэнэрт зыхиубыдэр. Абы лъандэрэ педагогикэм щIэ куэд къыхыхьат, методикэми зихъуэжат. Гъэсэныгъэм щыпIэщIэкI щыуагъэр шэ къэуэжым хуэдэщ, узытеплъэкъукIа Iуэхур иужькIэщ къыщыппекIуэкIыжыр. ИтIанэ, щIалэр щыуэмэ, ар ныбжьым епхьэлIэу, хуэбгъэгъу мэхъу, зэгуэр зэигъэзэкIуэжыну ущыгугъыу. Ныбжь зиIэм и щыуагъэр нэхъ хьэлъэщ, пхуэмыгъэзэкIуэжыххэнри хэлъщ. Арат Iуэхур зытетщIыхьар ди къэрал университетым къыщызэрагъэпэща кафедрэщIэм – Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ – и лэжьыгъэр дунэтIыну еджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщIхэр къыщыдэлъэIуам. Кафедрэр унафэщI хуейт, егъэджакIуэфIхэми хуэныкъуэт. Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ дымыщIами, дауэрэ зыдмыхъунщIами, университетым дыкIуэн хуейуэ къыщIрагъэдзащ. Абы и ректор Къарэмырзэ Барэсбий жиIа псалъэхэм дагъэпIейтеят: «Мис, фэ фыщIэныгъэлIщ, къэхутэныгъэ куухэр ивогъэкIуэкI. Ар фIы дыдэщ, ауэ а фтхы тхылъ губзыгъэхэм еджэн, ахэр къызыгурыIуэн гъэхьэзырын зэрыхуейм фегупсысыркъэ?..»



Гъут Iэдэм Элиста щекIуэкIа ДунейпсощIэныгъэ конференцым къыщопсалъэ. 2009

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, илъэс зыбжанэ и пэкIэ дызэгъусэу дыпэрыуващ дызыщышынэ а IэнатIэм. Пэжыр сытым дежи жыIэн хуейщ: кафедрэр щIэт, ухуэкIэ иIэнури, и унэтIыкIэ хъунури зэIубзтэкъым. Студентхэр егъэджэн, гъэсэн Iуэхум къыдэкIуэу, абы иджыри центритIи къегъэщIылIэжат – Адыгэ щэнхабзэм и центр, Балъкъэр щэнхабзэм и центр. Абыхэм я лэжьыгъэри зэтеублэн, убзыхун хуейт. Кафедрэм и егъэджакIуэхэм адыгэ, балъкъэр литературэхэм къадэкIуэу, Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я ли-

тературэри IуэрыIуатэри студентхэм ирагъэджын хуейт, ахэр зэрырагъэджын тхылъхэмрэ методикэ чэнджэщхэмри зэдмыгъэпэщу хъунутэкъым. НтIэ, мис абы и хьэлъэр къищтащ Гъут Iэдэм. ПIалъэ кIэщIым къриубыдэу дерсхэр зэрегъэджыпхъэ программэхэр, тест лэжьыгъэхэр зэхилъхьащ, езыр щылажьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щызэхуихьэса и тхылъхэр кафедрэм къихьащ, студентхэм къагъэсэбэпын хуэдэу. Студентхэм нэхъ къазэрыгурыIуэнум хуэгъэпсауэ зэригъэпэщыжри къыдигъэкIыжащ «Адыгэ эпосым и художественнэ стиль хабзэхэр», «Лъэпкъ эпосым и поэтикэмрэ и типологиемрэ» тхылъхэр, «Адыгэ литературэм и тхыдэ» щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэм хыхьа Iыхьэхэм я нэхъыбэр зытхари аращ.

Псом хуэмыдэу сэбэп хъуащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я IуэрыIуатэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр, ахэр зэрызэлъэIэс, сюжетхэмкIэ зэрызэхъуажэ щIыкIэхэр къэхутэным ехьэлIауэ Гъутым и къэхутэныгъэхэр. Кафедрэм щылажьэхэм дигу къеуэрт адыгэ (адыгей, къэбэрдей, шэрджэс, хэхэс адыгэ) литературэхэмкIэ зэгъэуIуауэ программэ зэрыщымыIэри. А щыщIэныгъэр гъэзэкIуэжынми и гуащIэ хилъхьащ Гъутым. 2013 гъэм дунейм къытехьащ «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ» курсым и программэшхуэр. Абы и зы Iыхьэр – «Адыгэ IуэрыIуатэр» – зэхэзыгъэувари Iэдэмщ.

Гъут Iэдэм иригъаджэр студентхэм я закъуэкъым. Абы и деж я щIэныгъэм щыхагъахъуэ кафедрэм и лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэм, аспирантхэм, магистрантхэм. Iэдэм и нэIэ щIэту абыхэм зэхалъхьэ программэхэр, йолэжь диплом лэжьыгъэхэм, щIэныгъэ статьяхэр ятх. Апхуэдэ зэдэлэжьэкIэм ехъулIэныгъэ инхэр кърокIуэ. ЩIэныгъэ конференцхэм нэхъыбэрэ къыщыпсалъэу, я статьяхэр журнал зэхуэмыдэхэм къытехуэу плъагъур Гъутым и гъэсэнхэрщ. Иужь илъэсхэм а цIыху емызэшыжым игъэхьэзыращ филологие щIэныгъэхэм я кандидатрэ доктору 7. Абы и гъэсэнхэрщ нэхъыбэу нобэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым филологиемкIэ и къудамэм щылажьэр. Абыхэм ящыщщ ХьэкIуащэ Мадинэ, Бызхъурэ Мухьэмэд, Къэнэмэт Еленэ, а институтырщ щылэжьар Гъутым и унафэм щIэту зи доктор диссертацэр зытха икIи пхызыгъэкIа ЦIыпIынэ Аслъэни. Филологие щIэныгъэм елэжьу нобэ ди республикэм исхэм яхэту къыщIэкIынкъым Iэдэм и чэнджэщ хуэмыныкъуэ.



Мы тхыгъэр щыз мыхъункIэ хъунут, Iэдэм и лэжьэгъухэмрэ студентхэмрэ зэрахэт щIыкIэр жыдмыIамэ. Зыми илъэгъуакъым абы и макъым зригъэIэтауэ. Студентхэр яфIэфI дыдэу макIуэ икIи йодаIуэ абы и лекцэхэм, курс е диплом лэжьыгъэ ятхынухэм я темэхэр къыхахын хуей щыхъукIи, псом япэу зыщIэупщIэр Iэдэм къигъэлъэгъуахэрщ. Зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыжым пщIэ яхуищIынущ адрейхэми. Апхуэдэущ Iэдэм къэзыухъуреихьхэм зэрахущытыр, аращ пщIэ лъагэ щIиIэри.

Гъут Iэдэм щIэныгъэлI-къэхутакIуэщ, егъэджакIуэ-гъэсакIуэщ, тхакIуэщ, усакIуэщ, а псоми къадэкIуэу, ныбжьэгъуфIщ икIи лэжьэгъу тыншщ. КIэщIу жыпIэмэ, блэкIар ди нобэм къезыгъэзэгъыф, ар къэкIуэнум щIэдзапIэ хуэзыщIыф цIыху щыпкъэщ.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# НЭМЫСЫМРЭ ДУНЕЙМРЭ

Гъащlэм хэлъ гъэщlэгъуэнхэм ящыщ зыщ, зы lуэхугъуэ гуэрхэр къэунэхуа къудейуэ бзэхыжу, адрейхэр илъэс бжыгъэкlи, лlэщlыгъуэ бжыгъэкlи мыкlуэду къызэрыдэгъуэгурыкlуэр. Зыр щыгъупщэгъуафlэу кlуэдыжу, адрейр лlэщlыгъуэ бжыгъэкlэ дунейм щхьэ къытенэрэ? Ди гугъэкъым абы и жэуапыр тыншу къыпхуэгъуэтыну. А зи жэуапыр къэгъуэтыгъуейхэм ящыщщ адыгэм игъащlэ лъандэрэ къыдекlуэкl хабзэ дахэр. Псоми фlыуэ дощlэ нэхъыжьым и нэмысыр ди лъэпкъым нэхъ игъэлъапlэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр, аращ зи гугъу тщlынури. Дэ ди япэкlэ абы хуэфэщэн гулъытэ хуащlащ щlэныгъэлl зыбжанэм, Нэгумэ Шорэ, Хъан-Джэрий сымэ я деж щегъэжьауэ, Къардэнгъущl Зырамыку, Мафlэдз Сэрэбий, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий сымэ я деж къэсу. Дэ абыхэм яхузэфlэмыкlа гуэрым зетпщытыну аракъым, атlэ а щlэныгъэлlхэм я lуэху еплъыкlэм ди зэхэщlыкl мащlэр къыщlыдгъуу къыпытщэну аркъудейщ.

«Нэхъыжь здэщымылэм нэмыс щылэкъым, нэмыс зэрымылъым насыпи илъкъым», – апхуэдэу жызыlа пасэрей адыгэм акъылрэ дахагъэкlэ игъэнэхуащ гъащlэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ цlыхухэм яку дэлъын хуей нэмысыр. Дауи, «ар ди адэжьхэм къащlэна хабзэщи, дэ дгъэкlуэдыж хъунукъым», – жыпlэу букъуэдиймэ, абыкlи а хабзэр мыкъутэу пхузэтеlыгъэну къыщlэкlынщ. Ауэ абы и закъуэкlэ, нэгъуэщl тегъэщlапlэ щыпкъэ гуэр имылэу, ар зэман кlыхькlэ пхуэхъумэну пlэрэ? Еджагъэшхуэхэм жаlэ, нэхъыжьым нэмыс хуэщlыныр мы дунейм тет лъэпкъ lэджэми зэгуэр хабзэу яlауэ. Нобэкlэ ар къызыхэнауэ зыхэлъыр куэд хъуркъым. Атlэ, ар зыхэмылъыжыр нэмысиншэ хъуауэ ара, хьэмэрэ апхуэдэхэр япэ ищу, мыдрейхэр гъащlэм и гупкlэм къыпыхуа? Япэрейхэр япэ ищауи, мыдрейхэр лъэпкъ къыкlэрыхуахэм ящыщ защlэрэ патриархат зэман жыжьэм и хабзэ къемызэгъыжым илъэхъа зэфэзэщу пхужылэнукъым. Сыткlи ар жыпlэн, а зи гугъу тщlы хабзэр зи зыужьыныгъэр нэхъ нэрылъагъу дыдэхэм ящыщу ялъытэ японхэм, хабзэрэ нэмыскlэ куэдым я щапхъэ хьиндхэм курыхыу яхэлъмэ, ди зэманым дунейр зыщlэзыгъэплъыж китайхэми ар хуэсакъыпэу яхъумэмэ.

Гъэщlэгъуэнращи, а нэмысыр зыхэлъыпхъэ щlалэгъуалэр – сыт лъэпкъыуи щрырет, сыт зэманми хрыреубыдэ – я ныбжьымрэ зэкlэ зыхуэмыкъулей я къэухьымрэ къыхэкlыу нэхъ щхьэзыфlэфlщ, нэхъ дрийпсырийщ, нэхъ сампlэимыхьэщ; куэдрэ мычэнджащэу, lэджэми тогушхуэ, лlэщlыгъуэкlэрэ ува хабзэхэм, яфlэмыкъабылыжу, йобакъуэ. Апхуэдэр щlалэгъуэм и нэщэнэ курыхщ икlи дэтхэнэ революцэми нэхъыбэу щхьэмыгъазэу хэтыр зи щlалэгъуэхэрщ. «Сэ сынэхъыжьщ» жыпlэ закъуэкlэ зи нэхъыщlэгъуэхэм нэмысышхуэ къыпхуащlынукъым, ахэр хьэзырщ, «унэхъыжьмэ жыуэ къэтэдж», къыбжаlэу ежьэжынхэу. Атlэ, сыт къарууэ пlэрэ а lумпlэр зи жагъуэу сыт хуэдэ зэхъуэкlыныгъэми и телъхьэ хъуну хьэзырхэр къэзыгъэlурыщlэу а хабзэр езыгъэхъу-

мэр? Дэ дытегушхуэркъым дунейпсо Iуэхуу дэр нэхърэ нэхъ зэхэщIыкIышхуэ зиIэ куэдыр къизыгъэкIуэта проблемэр зы тхыгъэ кIэщI цIыкIум къредгъэубыдэу джэгурэгушыIэурэ зэфIэтхыну. Ауэ, адрейхэм я гугъу зэкIэ дымыщIу, мы хабзэр адыгэхэм я деж хъума зэрыщыхъуам и щхьэусыгъуэ гуэрхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

Куэдым ящIэжынущ Къэзанокъуэ Жэбагъы пащтыхь ныкъуэм иритауэ щыта жэуапыр. Хъыбарым къыхэщыжыр пэжмэ, езыри щIалэтанэу, щIалэщIэ гупми я пашэу, лIыщхьэм и пащхьэм щихьам щыгъуэ, модрейр къеупщIат: «Фэ щIалэжь цIыкIу къомым нэхъ иныIуэ фи гъусэкъэ?» – жиIэри. Абы и жэуапу, «Мыр инкъэ!» жаIэри махъшэ ирагъэлъэгъуащ. «Хьэуэ, зиунагъуэрэ, моуэ-щэ, жьакIэ тету», – щыжиIэм, Жэбагъы бжэн къригъэшащ: «Мыбыи жьакIэ тетщ», – жиIэри. Абы щIагъыбзэу щIэлъыр сыт жыпIэмэ – Iуэху зехьэн щыхъум деж нэхъыщхьэр жыгъэ-щIалагъэракъым, атIэ зэхэщIыкIымрэ лIыгъэмрэщ, жыхуиIэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, нэхъыжьым хуащI нэмысыр инагърэ пащIэ-жьакIэмрэ я закъуэкIэ къахыркъым, уафэми къехуэхыркъым, сыту жыпIэмэ, уи лIыгъэ хэмылъу, уи гуащIэ темыкIуадэу уафэм къыпхуехуэхыр зэрыгъуэтыгъуафIэм хуэдэ дыдэу кIуэдыжыгъуафIи хъунущ. АбыкIэ щапхъэщ, къапщтэмэ, нарт Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьам теухуа пшыналъэр: уаем хэхута нартыжьхэм зэрызагъэхуэбэжыну япэщIыкIэ абы къахуигъуэтыр вагъуэ къриудыхам къыпиху мафIэрщ. АрщхьэкIэ ар нартхэм тыншу къаIэрыхьащи, зыкIи щхьэпэ яхуэхъуркъым. Абы ещхьу, зи ныбжь хэкIуэта дэтхэнэми нэхъыжь нэмысыр, зы гугъуехьи хэмылъу, и ныбжь къудейм щхьэкIэ къылъысыркъым. Ди еплъыкIэр нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, IуэрыIуатэм щыщ щапхъэ зыбжанэ къэтхьынщ. Тхьэм и фIыщIэщи, дэ дызыхуей щапхъэм хуэдэхэр куэдыкIейуэ яхэлъщ ди лъэпкъым и уэрэдыжьхэми хъыбарыжьхэми. Нэхъыжь дыдэхэм ящыщ зыщ нартхэм жьы хъуахэр укIыныр зэрызыханыжам теухуа хъыбарыр. Ахэр мызэ-мытIэу ятхыжащ, нэхъыбэм деж нарт хъыбару гъэпсауэ, икIи зэхьэлIауэ къакIуэр е Бэдынокъуэщ, е зи цIэр кърамыIуэ «зы нарт гуэрщ». Дауэ щымытми, лIыхъужьым жьы хъуа и адэр бгым зэрыщидзыжын матэр ищIу здэщытым, и къуэ цIыкIур къыбгъэдолъадэри къощ: «Ей, ди адэ, а матэр нэхъ бидэIуэу щIы, уи пIалъэр къэсмэ матэ сымылъыхъуэжын хуэдэу!» – жеIэри. Адрей вариантхэм мы къэхъугъэр тIэкIу нэгъуэщIу къыщокIуэ: лIым и адэр бгым здридзыхым, матэр бгым и кум къыщыкI жыг гуанэ гуэрым фIонэри абы лIыжьыр егъэдыхьэшх. «Сыт ущIэдыхьэшхыр?» – жиIэу щеупщIым, «Си адэри мыпхуэдэу бгым щездзыхым щыгъуэ мы гуанэ дыдэм фIэнэри селIэлIауэ щытати аращ», – жеIэ адэм. Мы вариантитIми зэщхьу хэлъщ гъащIэм зихъуэжурэ нобэ зи хьэмтетыгъуэр текIуэту, лъэкIыныгъэ гуэри зиIэу щымыта нэгъуэщI зыгуэр абы и пIэм зэрихутэр. Сытми, къэхъуара, е къыжраIара – зыгуэр щхьэусыгъуэ хуохъури, лIым и адэр имыукIыу егъэпщкIу. Зэман докIри, нартым я нэхъ хахуэр къэзыгъэгумэщI лъэпощхьэпохэм жылагъуэр хуозэ. Ауэ лIыжьым и къуэм кърит чэнджэщхэр зэкIэлъыкIуэу щэней къахуощхьэпэри, мыгъуагъэм къол. Абы иужькIэ жылэм Iуэхум и

пэжыпIэр къащIэ, жьы хъуахэр укIыныр абы докIуэдри, нэхъыжьым хуэфащэ нэмыс хуэщIыныр абдеж хабзэу къыщожьэ.

Дауи, мыр хъыбар къудейщ, апхуэдэ дыдэ щыIауи ди фIэщ хъуркъым. Абы ебгъэщхь хъун гуэр щыIами, а хъыбарым зэрыхэтым хуэдэ дыдэукъым ар зэрыщытар. Ауэ абы зы къегъэнахуэ: Iуэхур Iэмалкlэ зехьэн хуей щыхъум деж, а Iэмалыр зыщIэм, езым и гуащIэкIэ хулъэкIым емылъытауэ, пщIэ егъуэт. Ар акъылышхуэ зыбгъэдэлъ нэхъыжьым пщIэ лей хуэщIыным и япэ тегъэщIапIэщ. АрщхьэкIэ, ди тхьэ деплъыжрэ зыдумысыжмэ, адыгэ тхыдэм куэдрэ къыхэщыркъым зыгуэрым и Iущагъым папщIэ нэмыс хуащIу щытауэ. Пэжым ухуеймэ, ар зыкIи гъэщIэгъуэнкъым: зэманыр хьэлъэт, хъунщIакIуэхэмрэ зэрыпхъуакIуэхэмрэ ди хэкум къыхузэпещэрти, бэлыхь хагъэкIыртэкъым. Апхуэдэ гъащIэм езым къыхонэхукIыж лIыфIкIэ узэджэ хъунум и щапхъэр. Ар, дауи, гуащIафIэуи акъылыфIэуи щытын хуейт, ауэ псом япэу лIыфIкIэ узэджэнур лIыгъэ, шыIэныгъэ зыхэлъхэмрэ, лэжьыгъэми Iэщэми хуэIэрыхуэхэмрэт. Апхуэдэр губзыгъагъэмрэ щIэныгъэ куумрэ япэ ирагъэщырт, махуэ къэс щIэупщIэ яIэти.

Мыбдеж дигу къэдгъэкIыжыну къыщезэгъыу къыдолъытэ лIэщIыгъуэ блэкIам и 70 гъэхэм Иорданием ис адыгэхэм къыдагъэкIыу щыта «Ал-Уахьэ» журналым къитхыжауэ зы хъыбар. Ар зытеухуар адыгэ зауэлI хъыжьэ Уэсфий Мырзэ-пащэрщ. Тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, ар сыт хуэдэ зауэ гуащIэ хэмытами, биишэр къокIуэ жиIэу, зэи зигъэщхъыу щытакъым, бийр мащIэми куэдми, къикIуэт жыхуэпIэр ищIакъым. Апхуэдэ пашэр зауэлIхэм щапхъэ яхуэхъурти, я гур мыкIуэду зытемыгушхуэн Iэджэми тегушхуэрт. А тхыгъэ дыдэм къыхощыж, лIы хъыжьэр биишэми джатэми имыхьу жьыгъэм щилIыкIыжым щыгъуи, пIэ щабэм хэлъу и псэр хэкIыныр хуэмыхуагъыу къилъытэу, щыту и псэр итауэ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэм адыгэ IуэрыIуатэм хэтуи, тхыдэмрэ гъащIэмрэ къахэкIауи уарохьэлIэ. Ахэр зыуэ къэдугъуеижмэ гупсысэ нэхъыщхьэу яхэлъыр зыщ – зэхэщIыкIкIэ, лIыгъэрэ бэшэчагъкIэ нэхъыжьыр сыт щыгъуи щапхъэу зэрыщытарщ. АтIэ, апхуэдэ нэхъыжьыракъэ нэмыс зыхуэфащэр?! АрщхьэкIэ, гъащIэр зэмылIэужьыгъуэ куэду зэхэлъщ, лIыфI жебгъэIэу уи нэмысыр пхъумэжын щхьэкIэ, а къыжытIахэм нэмыщI иджыри зыгуэр ухуейуэ къыщIокI. АбыкIэ щапхъэ гъуэзэджэу къытфIощI «Нартыгу и уэрэдым» къыдэгъуэгурыкIуэ хъыбарыжьыр. НартыгукIэ зэджэр жьыхуегъэзэкI хъуат, зекIуэ къыдежьэу, и лIыгъэм щыгъуазэу щытахэм ящыщ щыIэжтэкъым. И зэманыгъуэр зауэмрэ зекIуэ кIуэнымрэ иригъэхьри, унагъуэ имыщIауэ щхьэ закъуэу псэурт. Мо лIы щыпкъэр, и Iуэху зытетыр зымыщIэхэм, и лIыгъэм щымыгъуазэхэм фэ щIагъуэ кърамыплъыжу, езым и щхьэ хуигъэфэщэнухэм Iумпэм къащIу, зыхуэдэр зыIуэтэжыни щымыIэу къэнат. Iуэхуращи, апхуэдэм деж уэ бгъэхъахэр уэршэрым ухэсу жыпIэжмэ, нэхъыкIэжыр къыпщыщIынут, сыту жыпIэмэ, езы уэрэдми зэрыхэтщи, «лIыжь щхьэщытхъу» къыпфIащынурэ пудыныгъэ дыдэ къыщыплъысынкIэ хъунур мис абы щыгъуэт. Нартыгум сыт Iэмалу къигъуэтар? ТIысщ, шыкIэпшынэжьыр къиштэри, и щхьэ хужиIэж

хуэдэурэ и Iуэху къызэрекIуэкIахэр къиIуатэу тхьэусыхафэ уэрэд иусащ. Уэрэдым дамэ тетщ жыхуаIэрати – ар уэ зэхэпха, сэ зэхэсха, – цIыху цIыкIум яхэIуэри, абы и фIыщIэкIэ лIыфIым хуэфащэ нэмысыр къылъысыжащ. Зи фIыщIэр ин еджагъэшхуэ Нало Заур зэрыжиIэмкIэ, уэрэдым хэт псалъэ къэс ягъэлъапIэу, и пэжагъым шэч къытрамыхьэжу щытащ адыгэжьхэм. Абы лей зылъысынкIэ хъуну шынагъэ къызыщхьэщыхьа хейр кърыдэпхыжи, мысэм и лажьэр кърищIэбгъэщи хъурт.

Иджыри зы щапхъэ къэтхьынщ. Ари адыгэ Iуэрыуатэм къыхэтхащ. Хъыбарым зэрыхэтымкIэ, зы къуажэ гуэрым зы гъукIэжь дэст, жеIэ, махуэ псом кIыщым щылъащэу, жэщым и закъуэ зекIуэ ежьэрэ Iэджи игъахъэу, ауэ зыми зыкIи закърримыгъащIэу. Зэгуэрым ар хэкум нэхъ щыцIэрыIуэ дыдэу зи хъыбар куэд яIуатэхэм ящыщ зекIуэлI гуэрым деж екIуалIэщ, зыкъримыгъэцIыхуу еджэщ, зекIуэ гъусэу здришажьэри зыри жимыIэу, лIыгъэкIэ зи хъыбар яIуатэм зэрытекIуэр игъэнахуэщ, къахьар абы и деж къигъанэри езыр и кIыщыжьым къекIуэлIэжащ. Мо зи фIыцIэ хэкум хэIуа зекIуэлIыр куэдрэ пэплъащ хьэщIэ хъыжьэ мыцIыхур къыкъуэкIыжыным. АрщхьэкIэ, щымыхъум, ежьэщ, къуажэ-къуажэкIэрэ щIэупщIэурэ хэкур къызэхикIухьщ, ерагъыу гъукIэжьыр къигъуэтри абы и къуажэгъухэм яхуиIуэтэжащ гъукIэ къызэрыгуэкIыу ялъытэрэ адрей и къуажэгъухэм нэхърэ нэхъ пщIэ лей зылъамыгъэс лIы щэхужьыр уэрамыщхьэм зи хъыбар щаIуатэхэм нэхърэ нэхъ хахуэу, нэхъ фIыщIэшхуи хуэфащэу къызэрыщIэкIар.



Мы хъыбаритIми зы гупсысэ яхэлъщ: нэхъыжьым игъэхъахэр и жьэкIэ иIуэтэжыркъым, и фэкIэ закъыхимыгъэщу мэпсэу, сыту жыпIэмэ, нэмысыр къызэрахьыр жьэкIэкъым, атIэ IуэхукIэщ. Ауэ щыхъукIи, щыIэмалыншэм деж, лIы хуэдэлIым и щхьэ хуэфащэр къызэрылъысыжын хэкIыпIэри къегъуэт.

Мыбыи гу лъытапхъэу къытфIощI. «Сытыр фи тхыдэ?» жиIэу къеупщIа пащтыхь никъуэм Къэзанокъуэ Жэбагъы жэуапу иритыжар мыращ: «Ди нэхъыжь ди тхыдэщ». А жэуапым щIагъыбзэу щIэлъыр къызэрыдгурыIуэнур мыпхуэдэущ: адыгэхэм я хабзэм и дахэр, я акъылыфIагъыр, я лIыгъэр, я цIыхугъэр, я пэжыгъэр – а псоми я щапхъэхэр зыхъумэу щытар нэхъыжьхэращ. Ар зи къэкIуэнум фIыкIэ щыгугъ дэтхэнэ зы лъэпкъым дежкIи лъапIэныгъэшхуэщ, икIи щIыхьыр а лъапIэныгъэр зыхъумэу зезыгъакIуэм и щхьэкIэ къыхуокIуэж.

Мы къыжытIахэм дриплъэжмэ, иджыри зэ нэрылъагъу къэхъуауэ къытфIощI: адыгэхэм нэхъыжьым нэмыс щIыхуащIым и щхьэусыгъуэр ахэр зыужьыныгъэкIэ адрей лъэпкъхэм къакIэрыхуу патриархаткIэ зэджэ лъэхъэнэ жыжьэм илъахъэу абы къыщынауэ аракъым. Апхуэдэ дыдэу, а дэ диIэ хабзэр зэгъуэкI зыщIа лъэпкъхэри нэхъ икIэу екъыкIэрыхуауэ жыпIэнри щыуагъэщ. Лъэпкъхэм я тхыдэм куэдрэ къыщохъу зэман жыжьэм къыщежьа хабзэжьыр гъащIэм хэкIуэдыкIыу абы и пIэ щIэ къыщиуви, зэманымрэ гъащIэмрэ яIэ зэхъуэкIыныгъэхэм емылъытауэ, ар лIэщIыгъуэ Iэджэм къыщыкIуэцIрыкIи. Зым щыгъуэ а кIуэдам и пIэм нэгъуэщI зыгуэр къоувэж, адрейм – япэрей хабзэм и пкъыгъуэр къонэ, ауэ

и теплъэм зехъуэжри, и купщӀэр зэманыщӀэм къыдогъуэгурыкӀуэ. Мыбдежым етӀуанэм хуэдэр къэхъуауэ къыдолъытэ дэ.

Зэгуэр, цӀыху цӀыкӀур цивилизацэм и гъуэгум щытемыувагъэххэм щыгъуэ, нэхъыжь къарууфӀэм щӀалэ гуащӀэмащӀэ цӀыкӀухэр шынагъэкӀэ къигъэдаӀуэу щытагъэнкӀи хъунщ. Апхуэдэ лӀы хъыжьэм и нэмысыр ткӀиягъэрэ ябгагъэкӀэ иӀыгъыу щытари пэжынущ. Ауэ гъащӀэм зиузэщӀурэ, цӀыхубэ зэхэщӀыкӀым хэхъуэурэ, цӀыхум хэлъыпхъэ цӀыхугъэри Ӏуэхум нэхъыбэу къыхыхьэурэ, хабзэм и купщӀэми и теплъэми захъуэжащ. ЛӀыгъэ зэхэгъэкӀыпӀэр зи куэд гъащӀэ хьэлъэм щӀимыӀубэу лъэпкъыу къызэтенэн щхьэкӀэ, адыгэхэм я хабзэр зэтезыӀыгъэ икӀи псэ къыхэзылъхьэ Ӏуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ къэнащ нэхъыжьым и нэмысыр.

ГурыӀуэгъуэщ а нэмысым тегъэщӀапӀэ хуэхъуахэр. Псом япэу, ар зи нэхъыжьыгъуэхэм бэуэ яхэлъ гъащӀэ щӀэныгъэращ. Бэдынокъуэ и адэм и чэнджэщыфӀхэм хуэдэ зэрыптыфын акъыл къозытыр гъащӀэ кӀыхьым узыӀуигъащӀэ лъэпощхьэпохэрщ. Ахэр зымыгъэунэхуа дэтхэнэми, япэ итахэр зыжьэхэуауэ щыта дыдэхэм аргуэру жьэхэуэжурэ, и натӀэр зэгуиудыжын хуей хъунущ, нэхъыжьхэр зыӀууахэм дерс къыхимыхмэ. Абы адэкӀэ, ямылейуэ мыхьэнэшхуэ иӀэщ нэхъыжьым и щапхъэм. ЛӀыгъэр, напэр, нэмыс лъагэр япэ изыгъэщу мыгъуагъэхэм зэрыпэлъэщын лӀыгъэ къызылъыкъуэкӀ нэхъыжьым езым и пщӀэр ихъумэж къудейуэ къанэркъым, абы и щэныр щӀэблэм плъапӀэ яхуохъу, пкъым нэхърэ псэр зэрынэхъ лъапӀэм и щапхъэ хьэлэмэту къоуври, лъэпкъ псом и теплъэр егъэлъагэ, егъэдахэ.

Ди зэманымкӀэ къэдгъэзэжынщи, ноби адыгэхэм нэхъыжьым нэмыс хуэтщӀмэ, ар Ӏуэхугъуит зэуӀум къахокӀ. Япэр – езы ди нэхъыжьыфӀхэр укъэзымыгъэпцӀэжын щапхъэу зэрыщытырщ. ЕтӀуанэр – уи нэхъыжь и пщӀэр пхъумэныр уэ езым гъэсэныгъэ зэрыпхэлъым и нэщэнэу зэралъытэрщ. Пэжщ, гъащӀэм и плъыфэхэр зэфэгъукъым, илъэс щэ бжыгъэхэм къапхыкӀыу нобэм къэса хабзэ дахэри ди зэманым гъэунэхуныгъэ гуащӀэ Ӏуоуэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщӀэ, нэхъыжьым хуэмыфэщэн щытыкӀэ щыдэтлъагъум деж: унагъуэм и нэхъыжь щхьэкӀэ, нэхъыщӀэхэм Ӏэпахын зэхэщӀыкӀрэ ӀущагъԀрэ щыбгъэдэмылъыжым деж, ӀэнатӀэ зыпэрытыр екӀуу щыхуземыхьэм деж, и лӀыгъэкӀэ, акъылкӀэ, ӀэзагъкӀэ, щэн дахэрэ пэжыныгъэкӀэ щапхъэу щытыну зыщыгугъ нэхъыжьыр щхьэхуэфӀу, мыкӀуэмытэу, ныбэхуэфӀрэ фадэхуэхъыжьэу, щӀэныгъэкӀэ адрейхэм ялъэщӀэмыхьэжу щалъагъум деж. Абы къишэр мыращи, пасэ зэманыжь лъандэрэ яхъума хабзэри къотӀасхъэ, нэхъыщӀэхэри гъуазэ пэж ямыӀэжу къызэхонэ. Апхуэдэр куэдрэ къызэрыхъум шэч хэлъкъым, уи нэр хуэбуфӀыцӀ щхьэкӀи щымыӀэу къыпхущӀэгъэкӀынукъым. ИтӀанэми, ди лъэпкъым и нобэрей дунейм ухэплъэмэ, хабзэ дахэр зэтезыӀыгъэн щапхъэфӀхэр хэплъэгъуэну къытфӀощӀ. Тхьэм и фӀыщӀэщи, мы дызэрыт зэман хьэлъэми ди мащӀэкъым нэхъыжьыфӀхэмрэ абы я нэмысыр ягъэбэтэну зыхуэфащэу къащӀэтаджэхэмрэ. Ар лъэпкъыр зэрыузыншэм и нэщэнэщ.

Аращи, гъащӀэм и пхъашапӀэхэм къыщежьа Ӏуэхугъуэр

зекIуэурэ, щхьэхуэщIэ къалэныр йокIуэтри, ар гъэсэныгъэ дахэм, цIыхугъэ лъагэм и плъыфэ мэхъу. Пасэ зэманыжьым щыгъуэ лъэпкъыр зэтезыIыгъэу щыта хабзэ ткIийр иджы дахагъэм и зы пкъыгъуэщ. Ар мэщIэращIэри, зиIэ лъэпкъыр егъэгушхуэ, цIыхугъэ Iэфlым хуеузэщI. Лъэпкъыу мы дунейм тетым плъыфэ зырыз яIэмэ, дэ ди плъыфэм нэхъыжь нэмысыр и курыхщ. Зэманым дунейр зэрехъуэкI, дунейм зихъуэжурэ зэманыр егъэкIуатэ, нэмысым зэи зихъуэжыркъым, ар щымыIэжмэ, лъэпкъыр игъущIыкIынущи, быныфIхэм ар, нэр напIэм зэрихъумэм хуэдэу, яхъумэ. ЯхъумэнымкIэ щIэгъэкъуэн пэж хъухэм ящыщщ лъэпкъ Iуэрыlуатэм къыхэщыж нэхъыжьхэм я образ уардэхэри.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# Дахащэу си Хэку

Нобэ Кавказым километр миным щIигъу и кIыхьагъщ, псори зэхэту километр зэбгъузэнатIэ мин 500-м щIигъу. Ар Европэм щыIэ къэрал нэхъ инхэм йобэкI, Азием хиубыдэ Японием, нэгъуэщI къэрал нэхъ инхэми ящхьэпрокIыж. ГъэщIэгъуэнракъэ, Европэмрэ Азиемрэ я щIыкIапэхэри абы и гъунапкъэхэм щызэпохьэ, я зэIущIапIэри мыращ. Езы Кавказри щыуэ егуэш: Кавказ Ищхъэрэ, Кавказ ЩIыб, Кавказ Гупэ.

Илъэс 800 и пэкIэ Тамбий Къэбард Iузэв Iуфэм къикIри Кавказ ИщхъэрэкIэ зэджэм и щIыпIэ нэхъыфIыр къыхихри хэщIапIэ ищIауэ щытащ. Къэбэрдей цIэр абы къытекIащ. Ар зэгуэр нэхъ ину щытащ. Абы хыхьэрт Нартсанэ (Кисловодск), ЕсэнтIыгу, Псыхуабэ (Пятигорск), Гумкъалэ (Георгиевск), Мэздэгу, Ставрополь крайм и Курской районыр, Ингушыр зэрыс щIыпIэр, нэгъуэщI щIыналъэ куэди. Псори зэхэту километр зэбгъузэнатIэ мин 20-м щIигъуэрт.

Адыгэхэр щыпсэуыр Къэбэрдейм и закъуэтэкъым. Абыхэм я щIыналъэр Абхъазым къыщыщIидзэрти тенджыз ФIыцIэми Iузэв тенджызми я Iуфэхэм Iуту екIуэкIырт Тэн (Дон) нэсу, иджыпсту Краснодар крайр зэрыс щIыпIэм и нэхъыбэр къызэщIиубыдэу. А щIыналъэшхуэм щыпсэурт убыххэр, шапсыгъхэр, кIахэ адыгэхэр, нэгъуэщI ди лъэпкъэгъухэр. Псори, XVIII лIэщIыгъуэм и пэхэм, адыгэхэр мелуанитхум нэсырт. Адыгэ лъэпкъхэм нэхъ ин дыдэу щытар шапсыгъхэрщ. Ахэр мин 700-м щхьэдэхырт. Абыхэм къакIэлъыкIуэрт къэбэрдейхэр, мин 500-м нызэрыхьэсырт. Убыххэри адрей адыгэ лIакъуэхэри цIыкIутэкъым.

ЛIыгъэкIэ, хахуагъэкIэ, цIыхугъэкIэ цIэрыIуэ адыгэхэм бий мащIи яIэтэкъым. Ди щIыналъэ дахащэр, ди лъэпкъ щэджащэр нэхъ хъума хъун щхьэкIэ, къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ 1557 гъэм Къэбэрдейр урыс къэралышхуэм гуигъэхьащ.





Абдежым къыщыщІидзэри лъэныкъуитІри хъарзынэу зэгурыІуэу, зыр зым дэІэпыкъуу, къыщыжу зыкъомрэ къызэдекІуэкІащ. Адыгэхэм я лІыкІуэ куэд Урысейм хьэлэлу хуэлэжьащ, къулыкъу хуащІащ. Псалъэм папщІэ, адыгэпщ Черкасский Алий (Михаил) Алийгъуокъуэ и къуэр урыс пащтыхь Петр Езанэм нэхъ и гъунэгъу дыдэхэм ящыщащ. Абы 1895 гъэм декабрым и 14-м япэ дыдэу къыфІащауэ щытащ Урысейм и генералиссимус цІэр. Адыгэпщхэу Черкасский Урыскъанрэ Черкасский Алексейрэ зэман зэмылІэужьыгъуэхэм Урысей правительствэм и унафэщІу щытащ. КъуэкІыпІэ Жыжьэм щыІэ армэр ІэщІэлъащ Къармэхьэблэ щалъхуа Хьэгъундокъуэ Едыдж. 1612 гъэм Мининрэ Пожарскэмрэ я гъусэу польшэдзэр Москва дихужри ар хуит къищІыжащ дзэпщ Черкасский Къанщауэ. 1646 гъэм адыгэпщ Черкасский Муцал къэзакъ атаманым дэІэпыкъури Нурадин-Джэрий и дзэр зэтракъутащ.

Апхуэдэ щапхъэхэр мащІэкъым. Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ я зэпыщІэныгъэхэм илъэсищэ зыбжанэкІэ пищащ… Екатеринэ ЕтІуанэр пащтыхь къулыкъум пэрыувэху. Адыгэхэм я дахагъым, ІуэхущІафэхэм, хабзэхэм, яхэлъ цІыхугъэм щыгъуазэ защІын мурадкІэ, щІыпІэ куэдым къикІыурэ Кавказым къакІуэу щытащ зекІуэлІхэр, тхыдэтххэр, еджагъэшхуэхэр, тхакІуэхэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм ялъагъу псори яфІэгъэщІэгъуэну ятхыжащ. Къэтхьынщ абыхэм щыщ зыбжанэ:

Нэмыцэ дипломат Барбаро Иосафат: «Мыхэр (адыгэхэр) икъукІэ лъэпкъ дахэщ, лъы узыншэ, къабзэ ящІэтщ. Псом хуэмыдэу я цІыхубзхэр, хъыджэбзхэр тхьэІухудщ. Абыхэм Іэпкълъэпкъ зэкІуж, сыт хуэдэ ныбжьым имытами, яІэщ, я нэкІум шэфэлыр щІэмыкІыу».

Адыгэхэм я деж 1787 гъэм щыІа франджы еджагъэшхуэ Пейсойнель Карл итхыжащ: «Шэрджэсхэр гум дыхьэу гуакІуэщ, теплъэ дахэ дыдэ, Іэпкълъэпкъ зэкІуж зиІэ цІыхухэщ, я цІыхухъухэри, я цІыхубзхэри уардэщ, шэжыпкъыу зэфІэтщ. КъыфІэбгъэкІмэ, а хэкум и цІыхубзхэр дуней псом щынэхъ дахэ дыдэщ. ФэрыщІагъ лъэпкъ хэмылъу удэзыхьэх лъэпкъщ. Абыхэм я теплъэм, зыщІыкІэм плъэмыкІыу уатхьэкъу. Я цІыхухъухэр, къанэ щІагъуэ щымыІэу, лъагэщ, шэщІащ, Іэпкълъэпкъ хъуэпсэгъуэхэщ».

Ахэр зыхуэгъэпсар ди лъэпкъым и теплъэрщ. Ауэ адыгэхэм я псэукІэм, я хахуагъэм, дуней тетыкІэм, ахэр хьэщІэкІэ зэрыфІым, нэгъуэщІхэми ятеухуауэ ди лъэпкъым хуатхари мащІэкъым. Къапщтэмэ, инджылыз зекІуэлІ цІэрыІуэ Белл Джеймс 1839 гъэм мыпхуэдэу итхащ: «Шэрджэсхэм джэдкъаз куэду ягъэхъу икІи фІы дыдэу къадохъу. Абыхэм я джэдхэм, къазхэм, бабыщхэм, гуэгушхэм хуэдэ сэ зэи нэгъуэщІ щІыпІэ щыслъэгъуакъым. Ахэр инщ, пшэрщ, дахэщ. Апхуэдэу абыхэм я деж щыслъэгъуа тхьэкІумэкІыхьхэм, Іэщышхуэхэм, мэлхэм, бжэнхэм, шыхэм хуэдэ щыІэу си фІэщ хъуркъым. Шэрджэсхэр зэи лы щыщІэркъым, берычэтыр я унагъуэм имыкІыу мэпсэу, ІэфІу мэпщафІэ. Ара хъунщ ахэр щІэузыншэри…»

Адыгэхэр хахуэу, хъыжьэу, Хэкум хуэпэжу, шынэ, къикІуэт ямыщІэу зэрыщытым тетхыхьахэри мащІэкъым. Къэтхьынщ зы щапхъэ закъуэ.

ЛъэпкъкІэ нэмыцэ, 1823 гъэм Урысейм къэІэпхъуа, илъэсищ нэхъ дэмыкІыу урыс офицер хъуа, Кавказ зауэм генерал-лейтенанту хэта Бларамберг Иван адыгэхэм я хахуагъэм теухуауэ мыпхуэдэу

итхыжат: «Си гъащIэм шэрджэсхэм хуэдэу шым IэкIуэлъакIуэу тес, абыхэм хуэдэу Iэщэм хуэIэрыхуэ слъэгъуакъым. Шэрджэс зауэлIым сэшхуэкIэ зэуар пегъэщхъу, фочыр тригъэпсамэ, а зытригъэпсар и гъащIэм пыкIащ, къамэр къыпхурихами, укъэсыжащ. Шэрджэсхэр зытес шыхэри езыхэм ящхьщ, къикIуэт, къаскIэ жыхуаIэр ящIэркъым, бгъэкIэ уахьынущ, уи гущIыIум ирикIуэнущ. Сэ слъэгъуащ зы бгырыс шум бийм и шу зыбжанэ щыщIигъэIа…»

Адыгэхэм я псэукIэм, хахуагъэм, я лIыгъэм и закъуэтэкъым къытхуэкIуэ хьэщIэхэри, ди гъунэгъухэри дэзыхьэхыр. Ахэр ятхьэкъурт ди фащэмрэ къэфэкIэмрэ. Кавказым ис лъэпкъхэми, Псыжь, Тэрч, Тэн къэзакъхэми ди фащэр къащтащ, шэрджэсхэм я къэфэкIэри зрагъэщIащ абыхэм. Пэж дыдэу, цIыхухъум и адыгэ цейр дахэщ, екIущ, тыншщ, псынщIэщ, Iэпкълъэпкъым хуэфIу йоувэ. Абы цIыхухъур уардэ щIохъукI. Адыгэ цIыхубз фащэм хуэдэу дахэ щыIэххэу сщIэркъым.

Апхуэдэу дахэ, щапхъэ зытрах лъэпкъыр зауэ-банэ хэмыкIыу къекIуэкIырт. Ауэ ар хьэлэбэлыкъ нэхъ ин дыдэ щыхэхуар 1762 гъэм нэмыцэ лъэпкъым къыхэкIа Екатеринэ ЕтIуанэм Урысейм и пащтыхьу ува нэужьщ. КъыкIэлъыкIуэ 1763 гъэм Кавказ зауэм щIидзащ. Илъэси 101-кIэ екIуэкIа а зауэм нэхъ ини, нэхъ гущIэгъунши щыIауэ тхыдэм ищIэжыркъым. Я щIыналъэм ирахуами, яукIами я хэкум къинэжар цIыхуищэ къэс бгъущ.

Адыгэр дуней псом икъухьа щыхъуащ. «Черкесское зарубежье» газетым зэритхымкIэ, мы зэманым ди лъэпкъэгъухэр къэрал 53-м щопсэу. Адыгэ нэхъыбэ дыдэ зэрысыр Тыркурщ. Абыхэм я бжыгъэр мелуаниблрэ мин 500-м нос. Урысей Федерацэм адыгэ мин 721-рэ исщ. АдэкIэ абыхэм къакIэлъокIуэ Сирием мини 110-рэ, Иорданием мин 90, Мысырым (Египетым) мин 88-рэ, Ливием мин 77-рэ, Германием мин 42-рэ, Болгарием мин 20, США-м мин 12,3-рэ. Адыгэу миным щIигъу щопсэу Абхъазым, Австралием, Белоруссием, Бельгием, Британие Иным, Голландием, Данием, Израилым, Иракым, Иранparam, нэгъуэщI къэралхэми.



Адэжь щIыналъэм къина адыгэхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэ щыпсэур Къэбэрдей-Балъкъэрырщ. Абыхэм я бжыгъэр мин 500-м нос. Ахэр республикэм цIыхуу исым я процент 56-рэ мэхъу. Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди гъусэу щопсэу урысу мин 200-м нэс



10 Заказ № 199

(процент 26-рэ), балъкъэру мини 120-рэ (процент 11), нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIауэ мини 100-м нэс (проценти 9).

Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэр километр зэбгъузэнатIэ мин 12,5-рэ мэхъу. Ар райони 10-у гуэшащ. Бахъсэн районым цIыху 58.011-рэ щопсэу. Дзэлыкъуэ районым – цIыху 50.491-рэ, Лэскэн районым – цIыху 28.763-рэ, Май районым – цIыху 40.105-рэ, Прохладнэ районым – цIыху 46.151-рэ, Тэрч районым – цIыху 52.370-рэ, Аруан районым – цIыху 75.021-рэ, Шэджэм районым – цIыху 68.655-рэ, Iуащхьэмахуэ районым – 35.424-рэ, Шэрэдж районым – 25.952-рэ. Республикэм къали 8 щыIэщ. Абыхэм ящыщу цIыху мин 300-м нэс щыпсэу Налшык, цIыху мин 59-м нэс зыдэс Бахъсэн, цIыху мин 60-м щIигъу щыпсэу Прохладнэ къалэхэр республикэм и унафэм щIэтщ, адрей къалэхэр районхэм ейщ.

Гугъуехь хэмыкIыу къекIуэкIа адыгэхэм зыужьыныгъэрэ ехъулIэныгъэрэ нэхъ ягъуэту щыщIадзар 1921 гъэм сентябрым и 1-м Къэбэрдейм къэралыгъуэ щигъуэтарщ. КъыкIэлъыкIуэ гъэм январым и 22-м абы къыгухьэжащ Балъкъэрри.

Ди республикэр сыт и лъэныкъуэкIи къэралым щыпэрыту къекIуэкIащ. Абы и щыхьэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым и орден лъапIэу плIы къызэрыхуагъэфэщар. Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьу дэ къытхэкIам хуэдиз нэгъуэщI щIыпIэ щыIэкъым. Ахэр Бгъэжьнокъуэ Хьэчим, Абубэчыр Нажмудин, Бырс Анзор, Тэрчокъуэ Къамболэт, Емышэ Хьэлий, Ахъмэт Мусэбий, Iэрэмысэ Ахьмэд, Кхъуэтепыхьэ Мухьэмэд, Пащты Сэлимэ, Дадэ ХьэмытIэ, Къалмыкъ Хьэжмурат, Тхьэкъуахъуэ Башир, Хьэжмэт Хьэсэн, Щауэ Iэхьед, Щоджэн ТIэлашэ, Алмэ Алий, Пэнагуэ Азэмэтджэрий, Архэст Хьэбас, Къамбий Мухьэб сымэщ.



ЦIыхубэ хозяйствэм, щIэныгъэм, культурэм, искусствэм, гъуазджэм, литературэм, нэгъуэщI IэнатIэхэми ехъулIэныгъэфIхэр щыдиIэщ. Ди деж щолажьэ еджапIэ нэхъыщхьэу щы, нэгъуэщI къалэхэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэм я къудамэхэр, IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэгъуэт курыт еджапIэхэр, ди жылагъуэхэр еджапIэхэмкIэ, сабий IуэхущIапIэхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и закъуэ егъэджакIуэ миным нэс щолажьэ, студент мин 20-м щIигъу щоджэ. Профессор Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ а еджапIэр къэралым щынэхъыфIхэм хабжэ.

Ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ хъун куэд къахэкIащ адыгэхэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, еджагъэшхуэхэу Бэрбэч ХьэтIутIэ, Къумахуэ Мухьэдин, Иуан Пётр, Нэхущ Iэдэм, КIэрэф Къамболэт, Апажэ Мухьэмэд, Гъут Iэдэм, Къумыкъу Тыгъуэн, ХъуэкIуэн Хьэзрэталий, Къумахуэ Мурадин. Культурэм, искусствэм я лэжьакIуэхэу СССР-м и цIыхубэ артист Темыркъан Юрэ, УФ-м и цIыхубэ артистхэу Сонэ Мухьэрбий, Къашыргъэ КIурацэ, ТIыхъужь Алий, Токъуий Хъусен, Къардэн Хьэсэн, Гъэсашэ Наталье, Ерчэн Леонид, Темыркъан Борис, Тут Заур, УФ-м щIыхь зиIэ и артистхэу Болэ Мурат, Жыгун Тимэ, Тубай Мухьэмэд, Мысостышхуэ Пщызэбий, ЖьакIэмыхъу КIунэ, композиторхэу Балэ Мухьэдин, ХьэIупэ ДжэбрэIил, Молэ Владимир, Даур Аслъэн, Нэхей Аслъэн, Тхьэбысым Умар, сурэтыщIхэу Пащты Герман, Шемякин (Къардэн) Михаил, КIыщ Мухьэдин, Къып Мухьэмэд, ТхьэкIумашэ Михаил, Црым Руслан, тхакIуэхэу, усакIуэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, КIэрашэ Тем-

бот, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Шортэн Аскэрбий, МэшбащIэ Исхьэкъ, Бэчыжь Лейла, Бемырзэ Мухьэдин, Тхьэгъэзит Зубер, Гъубжокъуэ Лиуан, Къагъырмэс Борис, Налохэ Ахьмэдхъанрэ Зауррэ, Мэзыхьэ Борис, IутIыж Борис, Уэхъутэ Абдулыхь, Бещтокъуэ Хьэбас, Бицу Анатолэ, Ацкъан Руслан, Мыкъуэжь Анатолэ, кинорежиссёрхэу Къандур Мухьэдин, Хьэжкъасым Хьэсэн, Вэрокъуэ Владимир, жылагъуэ лэжьакIуэхэу Къалмыкъ Юрэ, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Сэхъурокъуэ Хьэутий сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЕхъулIэныгъэ инхэр къэзыхьа спортсмен лъэщхэри къытхэкIащ адыгэхэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Олимп Джэгухэм я чемпионхэу КIыкIы (Къаплъэн) Хьэмид, Шыхъуэ Борис, Нагъуэ (Аталай) Мыхьмуд, Къардэн Мурат, Хъущт Аслъэнбэч, Ахэмын Еленэ, нэгъуэщIхэри.



Ижь-ижьыж лъандэрэ ди щIыпIэм къакIуэхэр абы и дахагъым дехьэх. Ди хьэщIэхэм ар япэу щалъэгъуам и деж, пщIыхьэпIэ дахэм хуэдэу къащохъу. «Кавказ»-м кърагъэкIыр «ЗэщIэлыдэ» къурш щхьэгухэр жиIэу аращ. Ди эрэм и пэкIэ IV лIэщIыгъуэм Аристотель Кавказым щыIа нэужь итхыжауэ щытащ: «Дыгъэ бзийхэр щытридзэм и деж Кавказым хуэдэу дахэрэ уардэрэ щIы хъурейм тет хъункъым». Нэхъ иужьыIуэкIи, XX лIэщIыгъуэр къыщихьэм, ди деж къэкIуат норвег тхакIуэ Гамсун Кнут икIи, кIуэжа нэужь, «Таурыхъым ещхь» зыфIища тхылъым щитхыжат: «Кавказыр нэгъуэщI дунейуэ къыпщохъу. Мис иджы гурыIуэгъуэщ Пушкинри, Лермонтоври, Толстои абы апхуэдизу щIитхьэкъуар»… А псоми, абыхэм нэмыщIыж ди деж гъунапкъэншэу къыщыщIэж псы хущхъуэ къомми къыдехьэх цIыхухэр. Ди республикэм и щыхьэр Налшык союзпсо курорту щытащ, иджыри ар Урысейпсо зыгъэпсэхупIэщ. Мыбы илъэсым къриубыдэу махуэ 250-м щIигъум дыгъэр къыщопс. ПсыIагъэу уафэм къехыр мм 450-600-м щынос. Гъэмахуэр хуабащэкъым, щIымахуэр щыткIийкъым.

Метр 500-600 зи лъагагъ бгы лъапэм тесщ ди курортыр. Абы километр зэбгъузэнатIэу 131-рэ къызэщIеубыдэ. Налшык и Долинск хьэблэм щыIэщ санаторэрэ зыгъэпсэхупIэу тIощIым щIигъу, псы

хущхъуэ къыщІэжыпІэхэр. Псом хуэмыдэу ехъулІэныгъэхэр яІэу, зызыгъэпсэхухэм ягу ирихьу, я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэжу мэлажьэ «Налшык», «Чайка», «Псей щхъуантІэхэр», Кировым, Къалмыкъым я цІэкІэ щыІэ, «Къурш псынэ», «Синдика», «Маяк» санаторэхэр.





Зыщыбгъэпсэхун папщІэ ди курортыр зыхуей псомкІи къызэгъэпэщауэ жыпІэ хъунущ. Ар щхъуантІагъэкІэ щІэгъэнащ, хьэуар щыкъабзэщ. А псом нэмыщІ Налшык щыІэщ уэрам бгъуфІэхэр, утышхуэхэр, псыутххэр (фонтанхэр), унэ дэгъуэ куэд, фэеплъ екІухэр дэтщ. Мыбы щолажьэ театру 5, Профсоюзхэм я Уардэунэшхуэр, Курзалыр, Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэр, Театр ЩхъуантІэр, кинотеатрхэр, музейхэр, шыгъэжапІэр, спортымкІэ ІуэхущІапІэ зыбжанэ, къэрал филармониер, «Кабардинка», «Балкария» къэрал къэфакІуэ ансамблхэр, нэгъуэщІ куэди. Зыщуплъыхьыну, уи нэгу зыщебгъэужьыну икъукІэ гъуэзэджэщ Налшык и парк нэхъыщхьэр, «ХьэтІохъущокъуэм и хадэкІэ» зэджэр. Ар зэраухуэрэ илъэси 170-м щІигъуащ. Абы и кІыхьагъщ километри 9-м нэс, и бгъуагъыр километритІым щІегъу. Псори гектар 200 мэхъу. Ди паркым Музей щхъуантІэкІэ йоджэ. Мыбы итщ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыкІ жыг зэмылІэужьыгъуэу 55-рэ, Европэм, Америкэ Ищхъэрэм, Японием, Китайм, Кореем, Сыбырым, нэгъуэщІ щІыпІэхэм кърашахэри мащІэкъым. ХьэтІохъущокъуэм и хадэм аллее зыбжанэ кІуэцІрокІ. Ахэр псори дахэу гъэщІэрэщІащ, къабзэщ, нэхущ. Мыбы щыІэщ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин, псэущхьэ зэмылІэужьыгъуэу куэд щаІыгъ зоопарк гъуэзэджэ, гуэл зыбжанэ, бгыхэм дэкІ кІапсэ гъуэгухэр. Языныкъуэхэм къызэралъытэмкІэ, Налшык щыІэ ХьэтІохъущокъуэм и хадэм дуней псом етІуанэ увыпІэр щиІыгъщ. Абы къытекІуэр Новэ Зеландием и щыхьэр Веллингтон и паркырщ.

Республикэм туризмэм зыщегъэужьынымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ Іуащхьэмахуэ лъапэ. Налшык зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэхэм я гуапэу зрагъэлъагъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ дахэхэр – Гуэл щхъуантІэхэр, Шэджэм псыкъелъэхэр, дауи, Іуащхьэмахуэ лъапи.

Мыбы ущыкIуэкIэ ублэкIынущ адыгэ, балъкъэр жылагъуэ зыбжанэм, Тырныауз къалэм. АдэкIэ таурыхъым хуэдэщ. Мы щIыналъэм Кавказым и налкъуткIэ йоджэ. Мыр дунейм и щытыкIэмкIи республикэм и адрей щIыналъэхэм къащхьэщокI. Iуащхьэмахуэ и щыгуми и джабэхэми зэпымыууэ уэс телъщ, мылылъи и куэдщ. Абы къыхэкIыу Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ Антарктидэ цIыкIукIи йоджэ. Азау, Терскол, Чегет аузхэм дэт хьэуам и хуабагъри абы куэдкIэ епхащ. Илъэсым псыIагъэу абыхэм къыщох мм 650-м къыщыщIэдзауэ мм 950-м нэс. Iуащхьэмахуэ къыщыщIож Балъкъ, Бахъсэн, Индыл, нэгъуэщI псыхэри. Нарзан къыщIэжыпIэ зыбжани иIэщ.

Япэ дыдэу Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIар адыгэлI Хьэшыр Чыларщ, 1829 гъэм июлым и 21-м.

Куэд щIакъым Iуащхьэмахуэ лъапэ щIымахуэ зыгъэпсэхупIэ, нэгузегъэужьыпIэ зэрыхъурэ. 1963 гъэм Чегет бгым дэкI метр 1600-рэ хъу кIапсэ гъуэгур яутIыпщащ. 1965 гъэм мыбы щаухуащ «Иткол» хьэщIэщ лъагэр. 1966 гъэм яутIыпщащ етIуанэ кIапсэ гъуэгур. Абы «Чегет-2-кIэ» йоджэ. 1968 гъэм «Азау» хьэщIэщри лажьэу яутIыпщащ. КъыкIэлъыкIуэ гъэхэм мы щIыпIэм къыщызэIуахащ «Терскол» турбазэр, нэгъуэщI хьэщIэщхэри.

Иджыри ухуэныгъэшхуэхэр щокIуэкI Iуащхьэмахуэ лъапэ. Хьэзыр ящIри, мыбы щатащ кIапсэ гъуэгущIэхэр, зыгъэпсэхупIэ унэ зыбжанэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр Нартсанэ къикIыу мыбы къекIуалIэу яухуэ автомобиль гъуэгурщ. Ар мы гъэм яухын я гугъэщ. ИтIанэ Iуащхьэмахуэ лъапэ къакIуэхэр куэдкIэ нэхъыбэ хъунущ.





Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр къэIэтыным и зы унэтIыныгъэу щытыр, шэч хэмылъу, курортымрэ туризмэмрэ зегъэужьыныршщ. Ауэ мэкъумэш хозяйствэри иджыпсту нэхъ зэфIэувэжхэм ящыщщ. Дэ фIыуэ къыдохъулIэ гъавэ щIэныр, пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI гъэкIыныр, Iэщ гъэхъуныр. Мы гъэм ди республикэм и губгъуэхэм хьэцэпэцэр гектар 78.500-м щIигъум щащIати, псори Iуахыжащ, гектар къэс центнер 30-м щIигъу къытрахащ. Гъавэу гуэным иракIутэжащ тонн 231.880-м щIигъу. Нартыхур гектар мини 128-м тращIащ. Мы зэманым нарт гъавэр кърахьэлIэж. Абы

ику иту гектар къэс центнер 59-рэ къет. МэкъумэшыщIэхэр щогугъ нартыху тонн мин 620-650-м нэс къэралым и гъавэ хъумапIэхэм иракIутэжыну.

Иужьрей зэманым пхъэщхьэмыщхьэ гъэкIыным гулъытэшхуэ щыхуащI ди республикэм. Жыг хадэ куэд хасащ. Иджы мы гъэм пхъэщхьэмыщхьэу тонн мини 130-рэ я плъапIэщ. ХадэхэкI щIэным и Iуэхури йофIакIуэ. Ари тонн мин 370-м нагъэсыну я гугъэщ. Пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIымрэ къепхьэлIэж къудейкIи Iуэхур зэфIэкIыркъым. Ахэр тэмэму хъумэн, ерыскъыпхъэхэр и чэзум къыхэщIыкIын хуейщ. Абы папщIэ хъумапIэхэр, консерв заводыщIэхэр яухуэ. Илъэс гъунэгъухэм ди республикэм консерву къыщыщIагъэкIыр банкI мелуани 145-150-м нагъэсыну я мурадщ.

Колхозхэмрэ совхозхэмрэ зэрыщымыIэжрэ Iэщ гъэхъуным и Iуэхур ехуэхыу хуежьащ. Къапщтэмэ, къуажэхэм Iэщ фермэхэр щыIэжкъым. Гъэмахуэ хъупIэхэу Къущхьэхъу щыIэщ гектар мини 150-м нэс. Ахэри нэсу къэгъэсэбэпа хъуркъым. Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Iэщ гъэхъуныр егъэфIэкIуэныр зи пщэ дилъхьахэм къалэн ящищIащ зэман гъунэгъухэм Къущхьэхъу хъупIэхэр нэсу къэгъэсэбэпа хъун папщIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкIыну. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр занщIэу иужь ихьащ а къалэнхэр гъэзэщIэным. Илъэс гъунэгъухэм лыуэ къалэжьыр тонн мин 90-м щIрагъэгъуну, шэуэ къыщIашыр тонн мин 450-м нагъэсыну, джэдыкIэу кърахыр мелуани 187-м щхьэдагъэхыну я мурадщ.

Ди республикэм къыщыдлэжьа гъавэхэкIкIэ, пхъэщхьэмыщхьэмкIэ, хадэхэкIхэмкIэ, IэщхэкIхэмкIэ ди цIыхухэр ирикъуу къызэдгъэпэщыфын дэнэ къэна, нэгъуэщIхэми дадэIэпыкъуфынущ.



ПромышленностымкIэ зыдгъазэмэ, дэ мы IэнатIэм ехъулIэныгъэфIхэр щыдиIэу щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуащ «Телемеханика», полупроводник, СКЭП, электровакуум, вольт лъагэ, вольт лъахъшэ, «Автозапчасть», «Лимб», «Кавказкабель», рентген, налмэс Iэмэпсымэ, гидрометаллург заводхэр, нэгъуэщI предприятэхэри. Абыхэм цIыху куэд дыдэ щылажьэрт. ЛэжьакIуэхэм псэупIэ унэхэр хуаухуэрт. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, иджы нэхъыбэр лэжьэжыркъым.

Ди зэманым сыт хуэдэ цIыхубэ хозяйствэри псэуфынукъым, зызыужьа транспорт лъэрызехьэ, гъуэгу зэпэщхэр уимыIэу. Абы и лъэныкъуэкIэ ди Iуэхур Iейуэ пхужыIэнукъым. Дэ диIэщ аэропорт, гъущI гъуэгу, автомобиль гъуэгухэр. Махуэ къэс Налшык икIыу Москва макIуэ кхъухьлъатэ, мафIэгу, автобусхэр. НэгъуэщI къэралхэми транспорткIэ дапыщIащ. Ди къалащхьэм троллейбусхэр щызокIуэ. Иужьрей илъэсхэм яухуащ гъуэгущIэхэр, лъэмыжхэр, автомобиль гъуэгу зыбжани зэрагъэпэщыжащ. Мыгувэу Налшык дахынурэ автовокзалыщIэхэр къалэбгъухэм щаухуэнущ. ГъущI гъуэгу вокзалри къалэбгъум яхьыну я мурадщ.

Ди гур щIэныкъуэ зи гугъу тщIа псори тхуэгъэзэкIуэжыну къысщохъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, иджыпсту ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий зыпэрыт IэнатIэ мытыншым къарууэ иIэр ирихьэлIауэ йогугъу. Дэри абы сыт и лъэныкъуэкIи зыщIэдгъэкъуэну ди къалэнщ.

**УЭРЫШ Нурхьэлий,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*
*2014 гъэ, сентябрь*

# Нэщэнэ угъурлы тхурехъу



*Зы лъэпкъи щыIэу къыщIэкIынкъым и ехъулIэныгъэхэр иIэтрэ и фIым щыгуфIыкIыу щызэхыхьэ зы махуэ хэха имыIэу. Апхуэдэ махуэхэрщ цIыхубэм я гур щыз зыщIыр, къарукIэ, лъэкIыныгъэкIэ, акъылкIэ, щIэныгъэкIэ зыIэрагъэхьахэр къыщапщытэжыр, лъэпкъым и нэхъыжьри и нэхъыщIэри гуфIэу щызэхыхьэр. Адыгэ лъэпкъми апхуэдэ зы махуэшхуэ иIэныр яфIэигъуэу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ, ар къыхалъхьащ икIи цIыху куэд зыщыгуфIыкIа Iуэхур къэрал унафэкIэ щIигъэбыдащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэташхьэ КIуэкIуэ Юрий. 2014 гъэм сентябрым и 20-м щIыпIэ куэдым дахэу щекIуэкIащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр. Абы къежьапIэ хуэхъуам, Iуэху дахэр гукъэкI зыщIу къыхэзылъхьам, нэгъуэщI упщIэ зыбжанэми жэуап къредгъэтын папщIэ дэ зыхуэдгъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.*

— Псом япэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ адыгэ лъэпкъым зиужьын, ар нэхъри зэкъуэувэн папщIэ, Iэмал имыIэу Iуэхугъуит I япэ игъэщын хуейуэ къызэрыслъытэр. Ар сэ къэзгупсыса Iуэхукъым. АтIэ 1990 гъэхэм сэ сыхуэзауэ щытащ къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу, Урысей Федерацэм юстицэмкIэ и министру, ЩIДАА-м и академикыу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ президенту щыта Къалмыкъ Юрэ. ФIыуэ сощIэж Щоджэн Мухьэмэд и унэм дыщIэсу, адыгэм и псэукIэмрэ и къэкIуэнумрэ теухуауэ дыпсалъэу дыздэщысым, дыкъызыхэкIа лъэпкъыр фIы хуэзэну дыхуеймэ, Iуэхугъуэ зыбжанэ икIэщIыпIэкIэ зэфIэдгъэкIыпхъэу ди нэхъыжьыфIым зэрыжиIар. Абыхэм я нэхъыщхьэу Къалмыкъым къилъытэр дунейм адыгэу тетым зы тхыбзэ, литературэбзэ яIэн, етIуанэр я фIыр зэдаIэтрэ я гуныкъуэгъуэхэри щызэдащIэу махуэ щхьэхуэ гъэувын зэрыхуейрт. Дэнэ щыпсэу адыгэри зэщхьу тхэуэ, зэщхьу псалъэу щытамэ, абы лъэпкъыр нэхъ зэкъуигъэувэну къилъытэрт Юрэ. Пэжт абы и гупсысэкIэр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къэрал дапщэ дунейм тет, зы бзэ фIэкIа щыземыкIуэу, лъэпкъ дапщэм ягъэунэхуа Iуэху ар?! Японием, Италием,

Грузием, Тыркум, нэгъуэщI къэрал куэдми зы литературэбзэ яIэн хуейуэ унафэ ткIий къыщащтэурэ нобэ зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэр нэрылъагъуэщ.

Мы Iуэхур зэрымытыншри, занщIэу зэрызэфIэмыкIынури тщIэрт абы щыгъуэм тепсэлъыхьахэм, ауэ апхуэдэ дыдэу кIыхьлIыхьу къыщIэкIыну си гугъакъым. Къапщтэмэ, бзэм елэжь щIэныгъэлIхэр зэхуэтшэсрэ зэчэнджэщурэ зы жыпхъэ пыухыкIа яубзыхуамэ, ар республикищым я Парламентхэм къыщащтэн хуейуэ арат. Зи гугъу сщIыр нэхъ тыншу зэдгъэхъулIэфыну щыщыта зэмани диIащ — адыгэ зэрыс республикэхэм зы парламент дыщиIам щыгъуэ. Зыуэ щыт Парламентыр хуабжьу Iуэху зэфIэгъэкIт абы и лъэныкъуэкIи, нэгъуэщI IуэхугъуэхэмкIи. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар зэи къытхуемыгъэгъэзэжыну тIэщIэкIа фIыгъуэшхуэщ, зэгуэр хэкIуэдэжа къэралыгъуэшхуэм ещхьу.

Бзэм и Iуэхум нэхърэ нэхъ мыхьэнэ ин зиIэ ди лъэпкъым ехьэлIауэ зэфIэгъэкIын хуейхэм яхэткъым жысIэмэ, сыщыуэнукъым. ЕтIуанэр — нобэ дызытепсэлъыхь лъэпкъ махуэшхуэращ. Дэ куэд щIауэ щыгъуэ пэкIухэр идогъэкIуэкI майм и 21-м. Апхуэдэ нэщхъеягъуэ зэхыхьэхэр адыгэ щыпсэу дэнэ щIыпIи щыIэщ. «Щыгъуэм щыгъуэ къешэ» жаIэ игъащIэми. БлэкIар зыщыдгъэгъупщэнкIэ Iэмал иIэкъым, ауэ щыгъуэ защIэкIэ дыпсэунри къезэгъыркъым. Иджы мы гуфIэгъуэ махуэм лъэпкъыр дызэрипхыу, ди хьэл-щэн, ди фащэ, ди дуней тетыкIэ, ди ерыскъы IэфIхэр, хьэщIэхуэфIу дызэрыщытыр дгъэлъагъуэу, ди нэхъыфIыр сэтей къэтщIрэ ди цIэр зыгъэIум гулъытэ хуэтщIыжу дыкъекIуэкIын хуейщ.

ЕтIуанэрауэ, махуэшхуэ диIэн хуейуэ къыщIэслъытэм и зы щхьэусыгъуэщ мыри: щыгъуэм, губжьым, гузэвэгъуэм хапIыкIа щIэблэм и гум илъу къэхъур дыджщ, Iейщ. ЩIалэгъуалэм сытым дежи нэхъ гуащIэу зыхащIэ къекIуэкI Iуэхур. Кавказ зауэм къытхуихьа лъапсэрыхыр къытедгъэзэжурэ «дгъэныщкIуу», абы хэкIуэдахэм дахуэщыгъуэ зэпыту дызэхэткIэ, ди щIэблэр фIым хуэгъэуша хъунукъым. Зи хэкум щIэбэна, зауаем зи щхьэр хэзылъхьа ди адэжьхэм я фэеплъыр дэ зэи тщыгъупщэнукъым, ахэр дигу къыщыдгъэкIыж махуэу майм и 21-р дызэриIэри хъарзынэщ, ауэ ди нобэрей псэукIэм дыщыгуфIыкIыфуи зедгъэсэн хуейщ. Адыгэхэр зэрызэбграхуам, зауэм куэд зэрыхэкIуэдам фIэкIа яжедмыIэу къэдгъэтэджмэ, зи акъыл иджыри тэмэму зэрымыубыда щIалэгъуалэм пщэдей дызыхуашэнур лъыщIэжынрэ зэпэщIэувэныгъэрэщ. Апхуэдэ къэмыхъун папщIэ, къызыхэкIа лъэпкъым и Iулыджыр ящIэжу, дунейм зэрытетым щыгуфIыкIыу, я адэжь-

хэм я лӀыгъэм ирипагэу къэгъэхъун хуейщ сабийхэр.

**— КъэкӀуэнур сыт щыгъуи зрапхыр къыдэкӀуэтей щӀэблэрщ. Уэри, лъэпкъым бгъэдэлъымрэ къехъулӀэну узыхуеймрэ ущытепсэлъыхькӀэ, сыт щыгъуи къыхыбогъэщ щӀалэгъуалэм нэхъ жыджэру ядэлэжьэн зэрыхуейр.**

— Ди махуэр махуэ щыхъунур ди щӀалэгъуалэм дызэхащӀыкӀрэ я нэхъыжьхэр я жьантӀэу гуфӀэгъуэр яӀэтмэщ. Абыхэм къагурыӀуэну сыхуейщ жагъуэгъу лей диӀэныр зэрымыщхьэпэр. БлэкӀар къэдулъэпхъэщыжурэ къуаншэм зауэ етщӀылӀэмэ, Ӏэщэкӏэ дыпэщӀэувэмэ, ди щхьэм кърикӀуэнур хэт и дежкӀи гурыӀуэгъуэщ. Хамэ къэралхэм щыхэхэс лъэпкъхэм абыхэм яхэзэгъэн щхьэкӀэ Ӏэмалу щыӀэр къагъэсэбэп, дэри дызыхэсым апхуэдабзэу зедгъэзэгъын хуейщ.

Ди дуней тетыкӀэкӀэ, щэнхабзэм, спортым, литературэм, щӀэныгъэм, гъуазджэм, нэгъуэщӀ унэтӀыныгъэхэмкӀэ ехъулӀэныгъэхэр зыӀэрыдгъыхьэрэ къэралым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэтщӀмэ, дэри гу къытлъамытэнкӀэ Ӏэмал иӀэкъым. Узыщыгугъ, уи дзыхь зэбгъэз хъун хуэдэу дыкъыщӀэвгъэкӀи, ди щхьэр лъапӀэ зэрыхъум, ди щӀыбагъ щӀэгъэкъуэн къызэрыдэувэм девгъэплъ. ФӀым къимышэр Ӏейм къишэркъым жыхуаӀэращи, абы дытевгъэт.

**— Сентябрым и 20-р гъэлъэпӀэным теухуа унафэ ди къуэш республикэхэми къыщащтамэ, хамэ къэралхэм щыпсэухэми къыддаӀыгъамэ, дунейпсо мыхьэнэ зиӀэ махуэшхуэ ар зэрыхъунум шэч хэлътэкъым.** 

— Зи гугъу тщӀы махуэшхуэм дунейпсо мыхьэнэ иӀэу иджыпстуи къызолъытэ. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, адыгэхэм я гуфӀэгъуэ махуэр гъэлъэпӀэныр Дунейпсо Адыгэ Хасэм нэгъабэ къыщытщтауэ щытащ, абы и Хасащхьэм хэтхэр Мейкъуапэ дыщызэӀущӀауэ. Ди япэ итахэр куэдрэ зытепсэлъыхьа, къызэретхьэжьэрэ зыкъом щӀа Ӏуэхур зы илъэс и пэкӀэ жылагъуэ унафэкӀэ гъащӀэм хэпща хъуащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и унафэр абы къудамэу иӀэм ягъэзэщӀэн хуейщ. Абы ипкъ иткӀэ, къэрал куэдым я лӀыкӀуэхэр зыхэт Хасэм и къудамэ псоми Адыгэхэм я махуэр щагъэлъэпӀащ мы гъэми. Ди республикэм и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Юрий фӀыщӀэ худощӀ, ар къэрал унафэкӀэ зэрыщӀигъэбыдэжам щхьэкӀэ. Мылэжьэгъуэ махуэу игъэуври, ди хэгъуэгум лъэпкъыу исым зэдаӀэтыну, загъэпсэхуну, зэдэгушхуэну Ӏэмал яритащ. ФӀы зигу илъым, ипэкӀэ дыкӀуэтарэт жызыӀэм а махуэр игъэлъэпӀэнущ.

**— Дуней псом текъухьа адыгэм и адэжь хэкуу къилъытэ Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу унафэр къызэрыщащтами мыхьэнэ**

**гуэр иIэу къыщIэкIынщ.**

— Пэжщ, абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Хэкужьраш ДАХ-м и IуэхущIапIэ нэхъыщхьэри зэпымыууэ щылажьэр. Ауэ ар Адыгэ Республикэми Къэрэшей-Шэрджэсми къызэрыддащтэнум шэч къытесхьэркъым. Ауэрэ ди къуэшхэр щыпсэу къэрал псоми щагъэлъэпIэнущ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр. Дэ нобэ зэгъусэу дыбэкъуэн, зы гъуэгу дызэдытетын хуейщ. ФIы къыджезыIэм, фэрыщIагъ къыткIэлъызезыхьэм и дежкIэ зедгъабэу дыпсэукIэ, ди Iуэху дэкIынукъым.

**— Хьэутий, махуэшхуэр сентябрым и 20-м ягъэлъэпIэныр къыхэзылъхьар ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэрщ. Сыт а махуэм щIытрагъэхуар? Абы тхыдэ мыхьэнэ иIэ хьэмэрэ игъащIэми адыгэм и гуфIэгъуэ Iуэхур щыдихыу щыта, бэвагъкIэ гъэм адрей и зэманхэм ефIэкI бжьыхьэм трагъэхуа?**

— Щхьэусыгъуэр куэд мэхъу. Япэу къыхэзгъэщыну сызыхуейр, дауи, ди адэжьхэм хьэцэпэцэр Iухыжын, гъавэр къехьэлIэжын яуха нэужь, тхьэлъэIушхуэ ящIу гушхуэу зэхыхьэу зэрыщытарщ. «Гъатхэ унэр гъуанэщ» — жаIэрти, илъэсыр къазэрехъулIэнур ямыщIэу, джэгу яублэу щытакъым. Хуабэр блэкIауэ, щIыIэр къэмысауэ, гъавэм и ныкъуэр кърахьэлIэжарэ, и ныкъуэр губгъуэм илъу, къызыхахынри яIэу, зыщыгугъри нэхъыбэжу гушхуэныр и чэзуурэ къалъытэрти, я хьэгъуэлIыгъуэхэри абдежт къыщыдахыр.



КъищынэмыщIауэ, Адыгэхэм я махуэр балигъхэм я закъуэтэкъым зытещIыхьар. Абы Iэмал имыIэу хэтын хуейхэм ящыщщ сабий гъэсапIэхэм, курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэри. Гъэмахуэ мазэхэр блэкIауэ, зызыгъэпсэхуахэри къекIуэлIэжауэ, къаруущIэрэ мурадыщIэрэ яIэу сабийри балигъри зэрызэхуэсыжыр къэтлъытащ. КъищынэмыщIауэ, ди тхыдэм Iуэху дахэ куэд къыхощыж сентябрь мазэм адыгэм къехъулIауэ.

**— Япэу дгъэлъэпIа махуэшхуэр дахэу къыщызэрагъэпэщат ди республикэм. УримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым нэгъуэщI лъэпкъхэми къызэрыддаIэтам...**

— Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр дэ ди закъуэкъым зи махуэшхуэр, ар къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм и псалъэхэми. Уегупсысмэ, хэти ирехъу, уи закъуэ бгъэлъапIэ махуэр махуэшхуэ хъурэ? Дэ дыхуейт дызыхэс къэралыгъуэшхуэмрэ ди республикэмрэ я махуэшхуэхэр, диным ехьэлIа дауэдапщэхэр, ди къуэш балъкъэрхэм я къэщIэрэщIэжыныгъэ махуэр Iэтауэ зэрыдахым ещхьу, адыгэхэри дызэхыхьэну, димылъэпкъэгъу ди къуэшхэри къыткъуэувэну. Хуабжьу ди гуапэ къащIащ гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэм зыкърезыгъэхьэлIа,

КъБР-м и Ӏэтащхьэм и Администрацэм, Парламентым, Правительствэм, нэгъуэщӀ къулыкъущӀапӀэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм нэгъуэщӀ къэралхэм, щӀыналъэхэм щиӀэ къудамэхэм я лӀыкӀуэхэм. Апхуэдэу Тхьэм иухати, а махуэхэм техуэу Налшык щекӀуэкӀа щӀалэгъуалэ зэхыхьэм къэрал 20-м къикӀауэ хэта лӀыкӀуэхэри кърихьэлӀащ ди гуфӀэгъуэ пшыхьым. Гукъинэжу екӀуэкӀащ а пщыхьэщхьэр, ди республикэм и мызакъуэу, АР-ми, КъШР-ми, Осетие Ищхъэрэ – Аланиеми я уэрэджыӀакӀуэхэмрэ къэфакӀуэхэмрэ утыкур ягъэдэхащ. КъБР-м и къалэхэм, районхэм къыщызэрагъэпэща гуфӀэгъуэ зэхыхьэхэми хэтащ балъкъэрхэр, урысхэр, къэзакъхэр, нэгъуэщӀ лъэпкъхэм къахэкӀахэр, псалъэ дахэ куэди адыгэхэм щхьэкӀэ жаӀащ.

**— КъыкӀэлъыкӀуэ илъэсхэм махуэшхуэм зэрызиубгъунум шэч хэлъкъым. Уэ дауэ уеплърэ абы, сыткӀэ ущыгугърэ?**

— Япэрауэ, а гуфӀэгъуэ махуэр ди гъащӀэм хэпщауэ екӀуэкӀыну, зиужь зэпыту илъэс къэс ягъэлъэпӀэну сыхуейщ. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, абы лъэпкъыр зришэлӀэнущ, зэкъуигъэувэнущ.

ДяпэкӀэ едгъэкӀуэкӀыну махуэшхуэхэм сэ сыхуейт щэнхабзэ, гъуазджэ, спорт, щӀэныгъэ, медицинэ, литературэ я лъэныкъуэкӀэ зэфӀэкӀ лъагэ зыӀэрызыгъэхьахэр, ди республикэм, ди лъэпкъым и цӀэр щӀыпӀэ жыжьэхэм, хамэ къэралхэм щызыгъэӀуахэр утыку къитшэну, ахэр щӀыхь тхылъхэмкӀэ, саугъэтхэмкӀэ дгъэпажэну. Апхуэдэ махуэм къэбгъэлъэгъуэныр куэдщ. Ди хьэщӀэхэми, къыддэпсэу ди къуэшхэми едгъэлъагъун хуейщ ди ерыскъыхэм я ӀэфӀагъыр, ди щӀалэ къуданхэм я зэфӀэкӀыр, ди пщащэ щӀыкӀафӀэхэм я ӀэпэӀэсагъэр, уэрэджыӀакӀуэхэм, къэфакӀуэхэм я утыку итыкӀэр, щӀэныгъэлӀхэм я къэхутэныгъэхэр, тхакӀуэхэм, усакӀуэхэм, сурэтыщӀхэм, композиторхэм я ӀэдакъэщӀэкӀхэр, нэгъуэщӀхэри.

КъищынэмыщӀауэ, хамэ къэрал щыпсэухэмрэ дэрэ дызэкӀэлъыкӀуэн, нэхъыбэрэ дызэрыщӀэн хуейщ. А махуэм ди лӀыкӀуэхэр нэгъуэщӀ щӀыпӀэ щыхэхэс адыгэхэм яхыхьэн, апхуэдэ дыдэуи ди къуэшхэр хэкум къедгъэблэгъэжын хуейщ. Ди бжьыфӀагъыр дгъэлъагъуэу, ди шыгъупӀастэм и къэуатыр нэхъыбэм къедгъащӀэу, ди щӀалэгъуалэр зэрыщыпкъэр я дуней тетыкӀэм къиӀуатэу дыкъекӀуэкӀыну сыхуейщ. Къэдубла гуфӀэгъуэ махуэр лъэпкъым и пщӀэр зыӀэтым нэщэнэ угъурлы тхурехъу! Ди нэхъыжьхэм дахуэхъуахъуэрэ ди нэхъыщӀэхэр щапхъэу дгъэлъагъуэу куэдрэ псэун лъэпкъ Тхьэм дищӀ!

**— Тхьэм жиӀэ!**

*Епсэлъар* **НЭЩӀЭПЫДЖЭ Замирэщ**

# ХьэфIыцIэ Мухьэмэд адыгэхэр егъэлъапIэ



Адыгэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу КъБР-м и Лъэпкъ музейм и пэш нэхъ иным къыщызэIуахащ «Дэ куэд щIауэ шэрджэскIэ къыдоджэ» (ЕтIуанэ илъэс миным и адыгэ цIэрыIуэхэр) гъэлъэгъуэныгъэр. «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и вице-президент, тхакIуэ, публицист ХьэфIыцIэ Мухьэмэд илъэс 50-м нэблэгъауэ зэхуихьэсхэм ящыщу экспонат 600 абы утыку къыщрихьащ.

Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я къекIуэкIыкIамрэ нобэ я псэукIэмрэ теухуа хъыбар, дэфтэр, сурэт, тхылъ, журнал, газет куэд щыбгъуэтынущ ХьэфIыцIэм и архивым. Абы мызэмытIэу утыку кърихьащ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм цIэрыIуэ щыхъуахэмрэ пащтыхьыгъуэхэр зыIэщIэлъахэмрэ. Адыгэ лъэпкъым и гуфIэгъуэ махуэшхуэм иригъэхьэлIа иджырей гъэлъэгъуэныгъэм зэи ямылъэгъуа, хэхэсхэми хэкурысхэми я пщIэр, щIыхьыр, Iулыджыр зыIэта, етIуанэ илъэс миным псэуа лIыхъужьхэм я сурэтхэр, тхылъхэр, дамыгъэ лъапIэхэр щызэхуэхьэсат.

ЩIэныгъэм, литературэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, спортым къыщыхэжаныкIа цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа тхылъхэр, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэсахэр, адыгэхэм ехьэлIауэ е ди лъэпкъэгъухэр къазэрыщыхъу еплъыкIэхэр ихуауэ дунейм и плIанэпэ куэдым бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къыщыдэкIа тхылъхэр хуабжьу гъэщIэгъуэнт. Апхуэдэт ди нобэрей гъащIэм гъуазэ щытхуэхъухэу лъэпкъым и къуэ, ипхъу пажэхэм, хэхэс адыгэхэм къахэкIа артистхэм, къэфакIуэхэм, дунейпсо литературэм и классикхэм, политикхэм, олимп чемпионхэм, дзэзешэхэм, дунейм, къэрал зыбжанэм тхьэIухуду къыщалъытахэм, лIыщхьэхэм, шэрджэс мамлюкхэм я сурэтхэри. А псом псалъэншэу гурыIуэгъуафIэ пщащIырт адыгэ лъэпкъым и блэкIамрэ нобэмрэ, и дахэмрэ фIымрэ…

Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я нэIэм щIэту къызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуихащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. Лъэпкъ тхыдэр пщIэнымкIэ, адыгэм и хъугъуэфIыгъуэр плъытэнымкIэ выставкэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ар емызэшыжу зэхуэзыхьэса, зыджа, утыку къизыхьа ХьэфIыцIэм уасэ зимыIэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIигъэкIар жиIащ министрым икIи Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэ нэхъыжьыфIым псалъэ иритащ.



– «Дэ куэд щӀауэ шэрджэскӀэ къыдоджэ» гъэлъэгъуэныгъэр зи пэублэ Ӏуэхур дахэщ, гур хэзыгъахъуэщ, – жиӀащ ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэд. – ДАХ-мрэ КъАХ-мрэ къыхалъхьэу, фокӀадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэу зэрагъэувар. Абы теухуа унафэм Ӏэ щӀидзащ КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Юрий. Ар хуабжьу гуапэщ илъэси 101-кӀэ екӀуэкӀа зауэ гущӀэгъуншэр зи натӀэ хъуа, дуней псом щызэбгрыпхъа лъэпкъым и дежкӀэ. ФӀыщӀэ яхуэфащэщ махуэшхуэр гъэувыныр, егъэкӀуэкӀыныр къыддэзыӀыгъа ди къуэш балъкъэрхэми. Нобэрей махуэшхуэр адыгэхэм я закъуэкъым зи гуфӀэгъуэр, атӀэ ди хэкум щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми ейщ ар. Апхуэдэ дыдэуи дяпэкӀэ нэхъ зиубгъуу Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми, Шапсыгъми, хамэ къэрал куэдми ар щагъэлъэпӀэнущ.

Гъэлъэгъуэныгъэм щызэхуэхьэса экспонатхэм набдзэгубдзаплъэу феплъмэ, псалъэ лей хэмыту къывгурыӀуэнущ щӀы хъурейм и сыт хуэдэ плӀанэпэ адыгэр къыщыщӀимыдзами, дунейм тетыху ӀуэхущӀафэ дахэрэ лэжьыгъэ щхьэпэрэ зэрыригъэкӀуэкӀар, зыхэтхэм лъэныкъуэ куэдкӀэ къахэщу къызэрыгъуэгурыкӀуар.

«Алан» балъкъэр лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Беппаев Суфян къыхигъэщащ музейм щыфӀэдза сурэтхэмрэ щӀэлъ тхылъхэмрэ псом япэу къагъэлъагъуэр адыгэр къызыхэкӀам хуищӀ пщӀэмрэ блэкӀар и гъуазэу къэкӀуэнум зэрыхэзэгъэфынумрэ арауэ къызэрилъытэр.

– Си щхьэм, сызыщыщ лъэпкъым къабгъэдэкӀыу КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Юрий фӀыщӀэ хуэсщӀыну сыхуейщ бэлыхь куэд зыгъэва адыгэ лъэпкъым мыпхуэдэ махуэшхуэр игъэлъэпӀэну хуит зыщӀ унафэ къызэрыдигъэкӀам папщӀэ. Мы гуфӀэгъуэм ухэтыныр укъызыхэкӀа лъэпкъми, пӀыгъ динми елъытакъым. Сэ къызолъытэ Адыгэхэм я махуэр дяпэкӀэ республикэм ис псоми зэдэтӀэтын, ди зэхуэдэ хэкум дызэгъусэу нэхъри зедгъэужьын хуейуэ.

КъБР-м Печатымрэ цӀыхубэ коммуникацэхэмкӀэ и къэрал коми-

тетым и унафэщI Дроздов Игорь къыхигъэщащ гъэлъэгъуэныгъэм купщIэ ин зэриIэр, дэтхэнэ зы сурэтми тхылъми тхыдэм и зы пычыгъуэ къызэрагъэлъагъуэр. Выставкэр пэублэ зыхуэхъуа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм къакIэлъыкIуэнухэри лъэпкъым хуэмахуэн хъуну хъуэхъуащ ар.

«НОТР-Налшык» телекомпанием и унафэщI Вэрокъуэ Владимиррэ химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Шурдым Барэсбийрэ къыщыпсалъэм къыхагъэщащ уасэ зимыIэ экспонат гъэщIэгъуэнхэр иту альбом дахэ къыдэгъэкIынымкIэ, ХьэфIыцIэм зэхуихьэса лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр зэпымычу щIэлъу пэш щхьэхуэ къызэгъэпэщынымкIэ сэбэп хъун зэрыхуейр.

– Мухьэмэд хуэдэу хэкупсэ сэ сцIыхухэм яхэткъым. Абы и гъащIэ псор триухуащ и лъэпкъ тхыдэр зэхуэхьэсыжыным, хэхэсыныр зи натIэ хъуа ди лъэпкъэгъухэм я Iуэху зыIутыр зэгъэщIэным, – жиIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВКъТРК-м и унафэщI Къэзанш Людмилэ. – Сэ «Адыгэ псалъэ» газетым сыщыдэлэжьащ Мухьэмэди, сощIэ нобэ музейм щыфлъагъур абы зэхуихьэсам и Iыхьэ мащIэу зэрыщытыр. Мыбы щыфIэдза сурэтхэм ущеплъкIэ, ар къаруушхуэрэ лъагъуныгъэ инрэ хуиIэу зэрызэхуихьэсар къыбощIэ, аращ уигу къэзыIэт гурыщIэр къыпхэзылъхьэри. Апхуэдиз цIыху цIэрыIуэ зиIэ лъэпкъым урибыну зэрыщытым щхьэкIэ уи щхьэр лъагэу уоIэт. Мухьэмэд хуэдэ къуэ зиIэ лъэпкъым и насыпщ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIат нэгъуэщI республикэхэм, къалэхэм щыпсэу и ныбжьэгъухэр, лэжьэгъухэр. Абыхэм ящыщщ утыкум къыщыпсэлъа, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ и министру илъэс 20-м нэблагъэкIэ щыта Жэмыфэ Гъазий.



– Мы махуэм мыхьэнэшхуэ иIэнущ дуней псом адыгэу тетым я дежкIэ. Ахэр псэкIэ зэришэлIэнущ махуэшхуэм, къызыхэкIам пэгъунэгъу ищIыжынущ, хэкумкIэ къигъэгупсысэнущ. Гъэлъэгъуэныгъэм телъыджэ куэд щызэхуэхьэсащ, зы сурэтыр тхыдэм и зы Iыхьэу апхуэдэщ. Мухьэмэд сыт щыгъуи лъэпкъым хуэлажьэу къекIуэкIащ, ар къыщацIыху хамэ къэрал куэдым, пщIэ къыхуащI дэнэ щыпсэу адыгэми. Абы ищIэр и щхьэм е и республикэм и закъуэкъым зэхьэлIэр, атIэ дуней псом яхуещIэ, адыгэр щызэбгрыпхъащи. Зи хэку, зи лъэпкъ хуэлажьэ цIыхум фIыщIэ лей хуэщIыпхъэу къэслъытэркъым сэ, ауэ Мухьэмэд зылI ищIэн хуэдизкъым хузэфIэкIыр, атIэ куэдым я Iыхьэри егъэзащIэ. А псом щIыпэлъэщыр къызыхэкIамрэ и хэкужьымрэ зэрахуэпэжырщ. Сыхуейщ и къарум хэмыщIу иджыри куэдрэ лъэпкъым хуэлэжьэну!

Новочеркасск щыщ усакIуэ Пряжников Александр къыхигъэщащ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм «хэкупсэ» псалъэм еплъыкIэ щхьэхуэхэр хуаIэу зэрыщытар, абы и мыхьэнэ нэхъыфI дыдэр ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зэрыдилъагъур.

– Мы гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщар зылI и закъуэу пхужыIэнукъым, щIэныгъэ-къэхутакIуэ IуэхущIапIэ иным игъэхьэзырауэ фIэкIа, – жиIащ Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ Уэхъутэ Александр (Черкесск). – Мухьэмэд сэ куэд щIауэ си ныбжьэгъущ. Абы игу ирилъхьа Iуэхур зригъэхъулIэфу, зрихьэлIэ лъэпощхьэпохэм гугъуехьыншэу блэкIыфу, лIыгъэ хэлъу, къимыкIуэту зэрыщытым сыщыгъуазэщ. Аращ къызыхэкIа и лъэпкъым

апхуэдиз щIыхуилэжьыфыр. Апхуэдэхэр куэду Тхьэм къытщIигъахъуэ.

«Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ Адыгэхэм я махуэ хэха зэрагъэувар ирепх лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм, адрей лъэпкъыжьхэм закъыкIэримыгъэхуу и гъуэгу теувэжыным. Абы ехьэлIауэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къызэIуиха гъэлъэгъуэныгъэм лъэпкъым и беягъыр зэрыщызэхуэхьэсар, ар щIэблэм я дежкIэ зэрысэбэпышхуэр жиIащ Тхьэгъэпсэум.

Кавказ зауэжьым пшахъуэщIым ирипхъа адыгэхэр зэуIуу хэкум къитIысхьэжауэ тлъагъуныр псэм щыдгъафIэ хъуэпсапIэщ, куэдым я гупсысапIэщ. Ауэ музей пэшым ущыщIэтым деж къару нэрымылъагъу гуэрым уи гупсысэр иунэтIырт – зылI и быну зы щIыгужь зэдису къыпщигъэхъурт адыгэр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы зэкIэлъыхьауэ щыфIэдзат ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Тыркум, Сирием, Иорданием, Мысырым, Израилым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Германием, Франджым, нэгъуэщI щIыпIэхэми къриша, хамэ къэралхэм зи цIэр щыIуа ди къуэшхэмрэ шыпхъухэмрэ я сурэтхэмрэ хэкурысхэм я бжьыфIагъыр зыIэта, нобэ лъахэр езыгъэфIакIуэ цIыху зэчиифIэхэм я сурэтхэмрэ. Ар зэкъуэтыныгъэм, зэрыубыдыжыныгъэм дамыгъэ хуэхъу хуэдэт.



Гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIахэм сурэтхэмрэ тхылъхэмрэ зэпаплъыхьурэ къакIухь, щхьэж и гупсысэр зэригъэзахуэу.

Франджы балеринэ Щамырзэ Моникэ (Черинэ Людмилэ), тырку актрисэ Шорэ Туркъан, олимп чемпионкэ Ахэмын Еленэ, Иорданием щыщ уэрэджыIакIуэ БжэныкIэ Амал (ТIаруб), Америкэм щыпсэу примэ-балеринэ Черкасская Марианнэ, «Дуней псом и тхьэIухуд» зэпеуэм 1932 гъэм япэ увыпIэр къыщызыхьа Кариман Халис (Бжьынэупхъэ), нэгъуэщI адыгэ пщащэ цIэрыIуэхэми хухаха плIанэпэм деж Вэрокъуэ Владимир сыщрихьэлIащи, и гупсысэхэмкIэ къыздогуашэ:

– Хуабжьу гъэщIэгъуэнщ лIэщIыгъуэ зыбжанэ къызэщIэзыубыдэ, нобэрей зэманыр къызыхэлыдыкI сурэтхэм уахэплъэну. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэкъым къыщацIыхур, ар къэрал куэдми щыцIэрыIуэщ. Мухьэмэд фIыуэ плъагъунуми, фIыуэ

умылъагъунуми ухуитщ, ауэ пщІэ хуумыщІыныр къезэгъыркъым. Музейм нобэ щытлъагъур къызэрыгуэкІ лэжьыгъэм къриkІуауэ жыпІэ хъунукъым, мыбы къару ин хилъхьащ, зэманышхуи тригъэкІуэдащ ХьэфІыцІэм. Выставкэм къыщыгъэлъэгъуа образхэм я куэдагъыр, лэжьыгъэхэм къыхэщ гупсысэхэм я кууагъыр щызэхуэхьэса тхылъхэм я мыхьэнэр хуабжьу къызэрымыкІуэщ. Си щхьэкІэ сыкъапщтэмэ, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд сэрэ зы лъэхъэнэ дызэрыщыпсэум срогушхуэ. МащІэкъым сэри схузэфІэкІар, цІыхубэм къахуэсэбэпын куэд си Іэдакъэ къыщІэкІащ. Ауэ ХьэфІыцІэм ди лъэпкъым хуилэжьам сылъэщІыхьэну къыщІэкІынкъым.

– Хэкум, лъэпкъым куэд яхуэзыщІэхэм ящыщ зыуэ узэрыщытым щхьэкІэ, мы Іуэхум узэреплъымрэ гъэлъэгъуэныгъэр къызэрыпщыхъумрэ си щхьэкІэ сфІэгъэщІэгъуэнщ…

– Сэ гъэлъэгъуэныгъэ куэдым сыщыІащ. Дуней псом къыщацІыху Шемякин (Къардэн) Михаил, Глазунов Илья, Шилов Александр, нэгъуэщІхэми я ІэдакъэщІэкІхэр слъэгъуащ, «Лувр», «Версаль» музейхэм зыщысплъыхьащ. Ауэ ХьэфІыцІэм утыку нобэ кърихьар си дежкІэ куэдкІэ нэхъ лъапІэщ – сысейщи, сыкъызыхэкІа лъэпкъым теухуащи. Мыбы щІэлъ дэтхэнэ экспонатми уасэшхуэ иІэщ, щІэуэ къыхилъхьахэри лъапІэщ, нобэрей дунейр къагъэлъагъуэри. ХьэфІыцІэ Мухьэмэд хуэсщІ пщІэр кІэншэщ. Абы хуэдэу лъэщу адыгэм и тхыдэр зэхуэзыхьэсрэ адыгэм и блэкІар зыджрэ щыІэу къыщІэкІынкъым.

– Илъэс бжыгъэ дэкІрэ, мы гъэлъэгъуэныгъэр Мухьэмэд иджыри зэ утыку кърихьэн хуей хъумэ, нэгъуэщІ сыт хэбгъэхьэжынт?

– Сыт хуэдэ Іуэхуми кІэ иІэкъым. ХьэфІыцІэм ди нэгу къыщІигъэуващ адыгэм къикІуа гъуэгуанэр. Ауэ дыщІыбгъужын хуей хъуми, нэгъуэщІ щІыпІэ къыщыплъыхъуэнукъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абы ихъумэр куэдкІэ нэхъыбэщ, нобэ ди пащхьэ кърилъхьам нэхърэ. Дэ тлъэгъуар Мухьэмэд и гъэтІылъыгъэхэм я зы Іыхьэ мащІэщ. Абы иджыри куэд къызыкъуихыфынущи, къыкІэлъыкІуэ гъэлъэгъуэныгъэм сыпэплъэнущ. Сыт дыщІызгъужынт? Бзылъхугъэхэм я образ нэхъыбэ хезгъэгъэхьэнт. Еплъыт мыбдеж фІэлъхэм я дахагъым, апхуэдэ дыдэу акъылкІэ, Іуэху зехьэкІэкІэ цІэрыІуэ хъуауэ диІэр дапщэ?!

– Сыт хуэдэ псалъэхэмкІэ зыхуэбгъэзэнт гъэлъэгъуэныгъэм и къызэгъэпэщакІуэм, уи ныбжьэгъум, уи лэжьэгъум?

– Псалъэ куэдыр лейщ. Абы ищІэр къызэрыплъытэн пщалъэ къысхуэгъуэткъым сэ, апхуэдизкІэ купщІафІэщи, лъагэщи, хъугъуэфІыгъуэшхуэщи. Ауэ цІыхур зэрагъэлъапІэфыну щыІэ нагъыщэ, дамыгъэ, саугъэт, сыткІэ ухуейми еджэ, нэхъыщхьэ дыдэр ХьэфІыцІэм къратын папщІэ сэ слъэкІ къэзгъэнэнукъым. Псалъэ гуапэ жесІэ нэхърэ нэхъ къэсщтэнущ фІыщІэ мыухыж хуэсщІмэ. Адыгэхэм я дунейпсо махуэр нэхъри зыгъэлъапІэхэм ящыщщ Мухьэмэд хуэдэ дызэриІэр…

Пэшым щыфІэдза сурэтхэм ущеплъкІэ, лъэпкъ тхыдэм и напэкІуэцІ щхьэхуэхэр уи нэгу къыщІоувэ, лъэпкъгъэкІуэдыр къыхуагъакІуэу пшахъуэщІым ипхъа хъуахэм я лъабжьэр мыгъуу, къудамэ щхъуантІэу къызэрыдэжыжар къаІуатэ.

**ШЫПШ Даянэ**

# Нэхугъэм и симфоние

«Псэуну гъащIэ зыхуэфащэр мыувыIэу кIуэхэр аркъудейщ», – итхыгъащ КIыщокъуэ Алим. ЗэчийкIэ Тхьэр зыхуэупсар сыт щыгъуи тет зэпытщ псэм и зыужьыныгъэ гъуэгуанэ гугъум икIи кIэншэм. Абыхэм я псэкупсэ дунейм и фэзэхьуэкIхэр я IэдакъэщIэкIхэм хаухуанэри гъащIэр ягъэщIэращIэ, «дунейр къезыгъэлыну» дахагъэр къагъэщI.

Мы гъэм июным и 17-м «Нэхугъэм и симфоние» фIэщыгъэр иIэу Испанием и къалащхьэ Мадрид къыщызэIуахащ ди лъэпкъэгъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

Бгъэжьнокъуэ Заурбэч Хьэчим и къуэр Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1945 гъэм къыщалъхуащ. Мэзкуу дэт полиграфиемкIэ институтыр 1970 гъэм къиухащ. 1976 гъэм Урысейм и Художникхэм я союзым хагъэхьащ, апхуэдэуи Урысейм и Журналистхэм, Дизайнерхэм я союзхэм хэтщ. Тхылъхэр гъэщIэрэщIэнымкIэ къызэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэ-конкурсхэм я дипломхэр мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ.



Бгъэжьнокъуэ Заурбэч гъэлъэгъуэныгъэм къыщопсалъэ

Бгъэжьнокъуэм ди республикэми Урысейпсо гъуазджэми хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ. Абы и лэжьыгъэхэм хэшыпсыхьащ лъэпкъ зэхэщIыкIыр, адыгэм и гупсысэкIэр, дуней тетыкIэр. XX лIэщIыгъуэм и 60-70 гъэхэм гъуазджэм щытепщэу щыта романтическэ символизм унэтIыныгъэм итIасэу, абы и хабзэхэм тету сурэтыщI Iэзэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Нартхэр», «Макъамэ», «Адыгэ макъамэхэр» лэжьыгъэ телъыджэхэр.

Дызэрыт илъэсым июным Испанием и къалащхьэ Мадрид щекIуэкIа «Нэхугъэм и симфоние» гъэлъэгъуэныгъэр абы къыщыхалъхьа «Адыгэ щэнхабзэм и махуэхэр» программэм хэту къызэ-

рагъэпэщат. Абы кърихьэлӏат къалэдэсхэри, хьэщӏэ лъапӏэхэри, испан сурэтыщӏхэри, гъуазджэм и лэжьакӏуэхэри, ди къэралым щыщу а щӏыпӏэм щыпсэу ди хэкуэгъухэри. Гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщыныр зи жэрдэмыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӏыхубэ сурэтыщӏ Кӏыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ, Урысейм Художествэхэмкӏэ и академием хэт Жаклин Дианэ Моссрэт. Ар тхьэмахуитӏкӏэ – июным и 16-м къыщыщӏэдзауэ и 30 пщӏондэ – екӏуэкӏащ.



Гъэлъэгъуэныгъэр къызэӏуихащ Урысейм щӏэныгъэмрэ щэнхабзэмкӏэ и центру Мадрид дэтым и унафэщӏ Соколов Эдуард. Ар къеджащ хьуэхьу телеграммэхэм, абыхэм яхэтт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Художникхэм я союзым къыбгъэдэкӏ тхыгъи. Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэӏуахым, Урысейм щэнхабзэмкӏэ и лӏыкӏуэу Испанием щыӏэ Корчагин Александр къыхигъэщащ Бгъэжьнокъуэм и лэжьыгъэхэр игу зэрыдыхьэр, апхуэдэуи жиӏащ Урысейм хыхьэ лъэпкъыбэм языхэзу Заурбэч и ӏэдакъэщӏэкӏхэм къыщыгъэлъэгъуа адыгэ лъэпкъыр, абы и дунейр испанхэм я дежкӏэ щӏэщыгъуэ зэрыхъунур.

Заурбэч и ныбжьэгъуфӏ Кӏыщ Мухьэдин гъэлъэгъуэныгъэм щыжиӏащ: «Заур и графикэм романтизмэм тегъэпсыхьа бзэ щхьэхуэ икӏи гъэщӏэгъуэн иӏэжщ, абы темэ зэмылӏэужьыгъуэ куэд къызэщӏеубыдэ. Заур сурэтыщӏ ӏэзэ къудейкъым, атӏэ икӏи сабий куэд сурэт щӏыным хуэзыгъасэ егъэджакӏуэщ. Ар илъэс зыбжанэкӏэ «Эльбрус» тхылъ тедзапӏэм тхылъхэр гъэщӏэрэщӏэнымкӏэ и отделым и унафэщӏу щытащ. Цӏыху цӏэрыӏуэ куэдым, гъуазджэмрэ литературэмрэ телажьэхэм я ныбжьэгъуфӏщ. Абы и лэжьапӏэ пэшым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӏыху пажэхэр щызэхуос, шеибжьэ щызэдрафурэ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ теухуа уэршэр гъэщӏэгъуэнхэр щрагъэкӏуэкӏ».

Бгъэжьнокъуэм и лэжьыгъэхэм псалъэ гуапэ хужиӏащ гъуазджэмкӏэ испан щӏэныгъэлӏ Жуан Луис Монтане. Абы къыхигъэщащ Заурбэч и творчествэм куэд щӏауэ зэрыкӏэлъыплъыр, и зэчийм гушхуэныгъэрэ гукъыдэжрэ къызэрыратыр, и лэжьыгъэхэм щыпхиш гупсысэ нэхъыщхьэм къытемыкӏыу, ӏуэхугъуэ цӏыкӏу-цӏыкӏу куэдми гу зэрылъитэр. «Бгъэжьнокъуэр, – етх Жуан Луис Монтане, – нэщэнэхэмкӏэ (символхэмкӏэ) зэрыгупсысэфым къыпкърыкӏащ

пщIыхьэпIэм ещхь, цIыхум и гупсысэр жыжьэ зэрынэсым щыхьэт техъуэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр».

Жаклин Дианэ Мосс жиIащ Бгъэжьнокъуэм и лэжьыгъэхэм философие гупсысэ куу зэрапкърылъыр, абыхэм лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я щэнхабзэхэр зэрыщызэхэуэхуэнар.

Къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIу, Бгъэжьнокъуэм и зы Iэдакъэщ|экIрэ и лэжьыгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа каталогрэ Урысейм щIэныгъэмрэ щэнхабзэмкIэ и центру Мадрид щыIэм тыгъэ хуищIащ икIи жиIащ: «Сэ срогушхуэ си лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэр сурэтыщIхэу Пикассо, Миро, Дали, Гойе, Веласкес, Лоркэ сымэрэ нэхъыфI дыдэу слъагъу тхакIуэ, философ, литературэдж Бальтасар Грасианрэ я хэкужьым – Испанием – зэрыщекIуэкIым. Псом хуэмыдэу срогуфIэ си лъэпкъ мащIэм и дунейр, щыIэкIэ-псэукIэр си лэжьыгъэхэмкIэ мыпхуэдэ утыкушхуэ щызгъэлъэгъуэну Iэмал сызэриIэм, нобэрей зэIущIэм си хэкуэгъухэри къызэрырихьэлIам. ФIыщIэ яхузощI гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэм – Жаклин Дианэ Моссрэ КIыщ Мухьэдинрэ, Урысейм щIэныгъэмрэ щэнхабзэмкIэ и центру Мадрид дэтым и унафэщIым, апхуэдэуи кърихьэлIа псоми, си щхьэгъусэ Тамарэрэ сэрэ гуапэу къызэрытIущIам папщIэ».



Мадрид щагъэлъэгъуа лэжьыгъэхэм темэ куэд къызэщIаубыдэрт. Ар къызэрагъэпэщыну хъыбар къыщыIэрыхьэм, Заурбэч и ныбжьэгъулэжьэгъухэм ечэнджэщри, щхьэж и еплъыкIэр Iуэхум къыхилъытэу, Испанием щигъэлъэгъуэну сурэтхэр къыхихащ. Ар нэхъыбэу лъэпкъым и гъащIэр къыщыгъэлъэгъуа сурэтхэрт – я бжыгъэкIэ 70-м щIигъурт. Апхуэдэт «Тхьэхэмрэ дунейм и лIыхъужьхэмрэ» («Боги и герои мира») графикэ серием щыщу «Тхьэгъэлэдж», «Хронос», «Янус», «Уэгум ихьар и чэзум къигъэзэжыну хуейщ» («Возлетающий в небо в срок желает спуститься»); «Къэбэрдей таурыхъхэр» («Кабардинские сказки») циклым щыщу «Шу щхьэмыгъазэ» («Неистовый всадник»), «Насып бзу» («Птица счастья»), «ЩIыщIагъ дунейм» («В подземном мире»), «Лъагъуныгъэм и макъамэ» («Мелодия любви»), «КъэщIыгъэхэр». Арджэн зыщI («Претворения». Плетущая циновку); «Адыгэ уэрэдхэр» циклым щыщу «ТекIуэныгъэм и гъуэгуанэ» («Дорога побе-

ды»), «Iэдииху», «Уэгу тхьэгуащэхэмрэ щIылъэ тхьэгуащэхэмрэ» («Музы небесные и музы земные»); «Нарт хъыбархэр» графикэ серием щыщу «Мэлэчыпхъу», «Сосрыкъуэ»; «Бахъсэн ауз» графикэ серием щыщу «Къуажэм щхьэщыт пшэхэр» («Облака над селом»); «Кавказ зауэжьым теухуа адыгэ уэрэдхэр» циклым щыщу «Тхьэусыхафэ» («Сетование»), нэгъуэщI куэди.

Испанием щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм хуэгъэпсауэ сурэтиплI ищIат Бгъэжьнокъуэм: «Акъылым и пщIыхьым хьэщхьэвылъэхэр къегъэщI». Ф. Гойе и фэеплъ («Сон разума рождает чудовищ». Посвящение Ф. Гойе), «Бальтасар Грасиан», «Андалузием и уафэ» («Небо Андалузии»), «Кордовэм и ритмхэр» («Ритмы Кордовы»). Шэч хэлъкъым ахэри ищхьэкIэ зи цIэ къитIуа лэжьыгъэхэри испан сурэтеплъым и дежкIэ гъэщIэгъуэн икIи щIэщыгъуэ зэрыхъуам.

«Згъэлъэгъуэнур сщIэртэкъым, ауэ сэ утыку исхьэну сызыхуеймрэ сезыгъэблэгъахэр къызэрысщыгугъамрэ зэтехуащ – ди тхыдэр, лъэпкъ зэхэщIыкIыр, гупсысэкIэр, «менталитет»-кIэ дызэджэр, нэхъ къызыхэщ лэжьыгъэхэр сшащ, згъэлъэгъуащ, ягу дыхьауи зыкъызагъэщIащ, – жеIэ Заурбэч. – Куэду дигу къинэжащ къызэрытпежьар, дызэрагъэхьэщIар. Испанием къыщытIущIахэм, ди бысымхэм – зэщхьэгъусэхэу КIыщ Мухьэдинрэ Жаклин Дианэ Моссрэ – фIыщIэшхуэ яхузощI. Си щхьэгъусэмрэ сэрэ абы дызэрыщыIа тхьэмахуэм къриубыдэу Испанием и щIыпIэ хьэлэмэт куэд дагъэлъэгъуащ, Эль Греко щыпсэуа Толедо сыкIуэну сыщIэхъуэпсырти, абы дашэри ди нэгу зрагъэужьащ. Мадрид къалэм Лоркэ щыпсэуа щIыпIэр, Сервантес и унэр, ар щыщIалъхьар, и къулъшырыфыр, Лопе де Вегэ, Гойе сымэ щыпсэуахэр щыдагъэлъэгъуащ. КъищынэмыщIауи, музейхэмрэ галереехэмрэ дашащ, зи IэдакъэщIэкIхэр нэхъыфI дыдэу слъагъу испан сурэтыщIхэу – Эль Греко, Босх, Брейгель сымэ щыпсэуа, щыщIалъхьа щIыпIэхэми дыщыIащ. Дыкъыщежьэжым кхъухьлъатэм дыкърагъэтIысхьэжри, аргуэру тедгъэзэжыну къыдэлъэIуащ. КIэщIу жыпIэмэ, дахэу дагъэхьэщIащ, гулъытэшхуэ къытхуащIащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт абы дыщыIэхукIэ мыхъумыщIагъэ гуэри зэрыдмылъэгъуар. Испание къэралыгъуэри, Мадрид къалэри щэхущ, мамырщ, къабзэщ».

Бгъэжьнокъуэм фIыщIэ лей хуещI и IэдакъэщIэкIхэр иту Мадрид щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм папщIэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа каталогым пэублэ псалъэ хуэзытха испан гъуазджэ щIэныгъэрылажьэ Жуан Луис Монтане. «Ар си лэжьыгъэхэм кууэ пкърыплъащ, сэ къысхуэмызэу, къызэмыпсалъэу, си лэжьыгъэхэмкIэ си гупсысэкIэр зыхищIыкIащ», – жеIэ сурэтыщIым.

Графикэм и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр (офорт, литографие, цинкографие, пластикэм тещIыхьа гравюрэ, тушь, перо, нэгъуэщIхэри) къэзыгъэIурыщIа Бгъэжьнокъуэ Заурбэч езым и лъагъуэ гъуазджэм щыпхишри ди лъэпкъ искусствэр дунейпсо утыку иришэн хузэфIэкIащ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ**

# Псалъэм и купщIэр

**ШуукIэ къалэ** – зауэ Iуэхугъуэхэм теухуа псалъэщ. Адыгэхэр щызауэм деж бийр къатезэрыгуэрэ къикIуэтын хуей хъумэ, зы зауэлI гуп лъэрызехьэ дзэм и кIэм къранэрт, абы бийр зэтриIыгъэу езыхэр тэмэму къикIуэтыфын щхьэкIэ. А гупым шуукIэ къалэкIэ еджэрт.

**ДжэдыкIэбжьэ** – адыгэхэм хабзэу яхэлъащ фызышэ хьэгъуэлIыгъуэм деж джэдыкIэ зыбжанэ сатыру ягъэтIылърэ шууейхэр жэрыжэм тету нэщанэ ирагъэуэу. ДжэдыкIэ нэхъыбэ зыкъутэфым фадэбжьэ иратырт. А фадэбжьэм джэдыкIэбжьэкIэ еджэрт.

**ЩIыпIэ хъуэж щIын** – адыгэ хабзэщ. Лъы щIэжыным пыщIауэ щытащ. Зыгуэрым цIыху иукIамэ, лъэпкъитIыр зэрамыгъэбиин щхьэкIэ, лIы зыукIам лъы уасэр ирагъэпшынырт, ар къуажэм щыпсэуну хуимыту дагъэкIырт. Ауэ цIыху зыукIа псори къуажэм дахуу щытакъым. Ар зэлъытар зи цIыху яукIа лъэпкъырт. А лъэпкъым цIыху зыукIар Iэмал имыIэу къуажэм дэкIын хуейуэ игъэувмэ, абы щыгъуэт щыдагъэкIыр.

Къуажэ дэгъэкI хэмыту лъы уасэ къудейкIэ щызэгурыIуи щыIэт. Къуажэм дахуу, къуажэ хъуэж ирагъэщIу щытащ дыгъуэгъуакIуэхэми, къуажэ напэр тезыххэми. Апхуэдэхэр, Iэ IэткIэ зэгурыIуэрти, къуажэм дахурт.

**Бгъурышасэ** – пасэ зэманым щыгъуэ пщыжь-уэркъыжьхэм ягъусэрейуэ, езым и щхьэ Iуэху къримыхуэкIыжу абыхэм ящIыгъуу Iуэхуншэу къэзыкIухьхэм щIэнэкIалъэу хужаIэу щыта псалъэщ.

**Пхъэидзэ** – ар Iуэху зэмылIэужьыгъуэ куэдым теухуауэ щытащ. Псалъэм папщIэ, къуажэщIыр унагъуэ IыхьэкIэ щагуэшым деж, унагъуэр зэхэкIыу мылъкур щагуэшыжым деж, нэгъуэщI Iуэхугъуэ Iэджэми. Я инагъкIэ зэхуэдизу баш цIыкIухэр яупсырти зэмыфэгъуу ялэрт: хэт плъыжьу, хэт щIыхуу, хэт удзыфэу. Баш цIыкIухэр пыIэм иралъхьэрти, гъуэрыгъуэу иIэбэурэ кърахырт. Баш кърахам къигъэлъэгъуа Iыхьэр башыр къизыхам лъысырт. ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и кIэхэм, етIощIанэм и пэщIэдзэм баш цIыкIум и пIэкIэ тхылъымпIэ иралъхьэу къаублащ. ТхылъымпIэм хэт сыт хуэдэ Iыхьэ къылъысынуми тратхэрт.

**Дамыгъэтедзэ** – дамыгъэ щытрадзэр гъатхэрат. Дамыгъэ щытрадзэну махуэм къуажэдэсхэр щIыхьэху къызэхуашэсырт. Хэт шыр къиубыдырт, хэти дамыгъэр игъэплъырт. Iэщыр япхырт, ягъэтIылъырт, дамыгъэр зытрагъэуэну пхэщIыщхьэр е блатхьэр къыдэгъэзеяуэ, дамыгъэ гъэплъар трагъэуэху лIитI-щым яIыгът, зрамыгъэгъэхъейуэ. Дамыгъэ тедзэныр яуха нэужь, мэл е танэ фIагъэжырти ефэ-ешхэ, шыгъажэ ящIырт.

**Шыбгъэрыуэ** – шу джэгукIэщ. Адыгэхэм яхэлъу щыта хабзэщ. ХьэгъуэлIыгъуэм деж щIалэгъуалэм лIыфIыгъэ къагъэлъэгъуэну хущIэкъуу щытащ. Шым здытесым шыжьэрутIыпщкIэ жэуэрэ адрей шум бгъэкIэ еуэрт, модрейри апхуэдэ дыдэу къеуэжырт.

**Шынакъгъэджэрэз** – адыгэ фызышэм хэта хабзэщ. Нысашэр и кIэм нэса нэужь, щIалэгъуалэр нысашэ зиIам деж щызэхуэсырти шынакъгъэджэрэз ящIырт. Ахэр хъурейуэ къеувэкIт, и кум зы щIалэ е зы хъыджэбз ихьэрти, пхъэ шынакъыр игъэкIэрахъуэрт. Шынакъым кIэрэхъуэн щигъэтыжа нэужь, абы и кIыр зыхуэгъэза хъуам махъсымэ фалъэ ирифырт.

**ДУМЭН Хьэсэн** *зэритхыжамкIэ*

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ




*ЕкIуэкIыу:* **4.** Губгъуэм пIалъэкIэ щагъэува псэупIэ. **7.** Макъ цIу иIэу, пкIэурэ къэзыкIухь псэущхьэ цIыкIу. **10.** Зиусхьэн унагъуэм я Iуэхутхьэбзащ Iэ. **11.** Иришхэн папщIэ унагъуэм щызэрахьэ тепщэч сыт хуэдэхэм зэреджэ. **13.** 1708 гъэм къэрымыдзэр зэтезыкъута адыгэхэм я пашэу щыта ХьэтIохъущокъуэ … . **14.** ЕрыскъыкIэ зызымыгъэнщI цIыху. **15.** КъарууфIэ, лъэщ. **16.** Композитор цIэрыIуэ Даур Аслъэн къыщалъхуа къуажэ. **17.** Зи щхьэгъусэм къыбгъэдэкIыжа цIыхубз.

**18.** Идар Темрыкъуэ ипхъу, урыс пащтыхь Грозный Иван и щхьэгъусэу щыта. **21.** Шыр, былымыр кърацӀыхужын щхьэкӀэ традзэ нэпкъыжьэ. **24.** Уеплъмэ ..., уеджэмэ дэгу (къуажэхь). **25.** Уэ хьэрычэт щӀэи, сэ ... хэслъхьэнщ (псалъэжь). **26.** Зеиншэ. **27.** УнафэщӀу икӀи егъэджакӀуэу Нэгумэ Шорэ щылэжьа еджапӀэ. **29.** Аруан районым хиубыдэ къуажэ. **30.** «... къыгуэуа» — КӀыщокъуэ Алим и киносценарий. **31.** «Беслъэней ПцӀапцӀэу ..., си шэм и кӀуэкӀэр уигу ирихьа?» (Андемыркъан теухуа хъыбарым щыщщ). **34.** ЦӀыхубзым и лӀым и шыпхъу. **39.** ЩӀагъыбзэ псэлъэкӀэ. **40.** Щыгъыным хищӀэ хьэпӀацӀэр зыгъэкӀуэд, мэ Ӏей къызыкӀэрих къэкӀыгъэ. **41.** Къэбэрдейм и иужьрей пщы уэлий ... Кушыку. **42.** Къыщалъхуар зыбгынауэ нэгъуэщӀ щӀыпӀэ щыпсэу цӀыху. **44.** ШэджыхьэщӀэ Хьэмыщэ и роман. **45.** Уэс ирыӀуатхъуу къагъэсэбэп Ӏэмэпсымэ.

*Къехыу:* **1.** ЛъагапӀэ, еуэкӀыпӀэ. **2.** Къудамэ куэд фӀэдзапӀэу зытет сэх. **3.** Къуажэпщым е абы ищхьэжкӀэ щыӀэхэм адыгэр зэреджэу щытар. **5.** Акъыл, гупсысэ зэтет зимыӀэ, псынщӀэ. **6.** Япэм адыгэм зэрихьэу щыта щхьэл цӀыкӀу. **8.** Ӏугъуэм къыхэкӀыу уэнжакъым кӀэрищӀэ сабэ фӀыцӀэ. **9.** Бэлыхь хэхуам къыдэӀэпыкъуфыну гуэрым хуэгъэза лъэӀу. **12.** Илъэсищым ит шыщӀэ мыгъасэ (хъууэ). **13.** ... хьэсэгъу умыщӀ (псалъэжь). **19.** Алэрыбгъум ещхьу, къамыл щабэ зэӀуща. **20.** Къуаргъым нэ хуащӀати, ... жиӀащ (псалъэжь). **22.** Данэ щэкӀ пӀащӀэ лъэпкъ, и фӀыпӀэмкӀэ тецӀуукӀыу. **23.** «... хуэфащэт» — МафӀэдз Сэрэбий и роман. **28.** Япэ адыгэ социальнэ-тхыдэ роман. **32.** Урыс дзэзешэ Мстислав хьилагъэкӀэ къыхигъэщӀа адыгэ пелуан. **33.** Шортэн Аскэрбий и «Мыпсэхыж шу» рассказым и лӀыхъужь нэхъыщхьэ Шухьиб и ӀэщӀагъэр. **35.** ... и зекӀуапӀэ и кӀуэдыжыпӀэщ (псалъэжь). **36.** Унэгуащэм и хьэпшып хъумапӀэ. **37.** Залым, фӀэкӀыпӀэншэ, бзаджэ. **38.** Дохутыр ӀуэхущӀапӀэхэми щыгъын хуабэ щадкӀи къагъэсэбэп. **42.** Адэжь щӀыналъэ, ущыпсэу къэрал. **43.** Адыгэ пшынауэ цӀэрыӀуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӀыхубэ артист.

---

## ЕплӀанэ къыдэкӀыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

*ЕкӀуэкӀыу:* **5.** Къуныжь. **6.** Лъэгур. **7.** КӀуащ. **8.** Хэку. **11.** Налъэ. **12.** ДокӀуэ. **13.** «Нанэ». **14.** Лъэпщ. **17.** Гъубж. **18.** Шум. **24.** Тхыгъэ. **25.** Уэрэд. **27.** Сэшхуэ. **28.** Дэнэ. **29.** «Къамэ». **30.** ПщӀэншэу. **32.** Жыр. **33.** Псы. **34.** «Адэ». **36.** СыкӀуэнт. **37.** Къэбард.

*Къехыу:* **1.** Акъужь. **2.** Жыраслъэн. **3.** Къэзанокъуэ. **4.** Къурш. **9.** Къунан. **10.** Нэхущ. **15.** Абэ. **16.** Тут. **19.** АбытӀэ. **20.** Илъэс. **21.** Зауэ. **22.** Жырыкъ. **23.** Къуэш. **24.** Тхьэбысым. **26.** Думэсарэ. **30.** Пшынэ. **31.** Уэтэр. **35.** Дэп.

**ӀУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00087 от 31.10.2013 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 21.10.14. Формат 70х108 $^{1}/_{16.}$
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,7.
Уч-изд. л. 12,0. Тираж 2746 экз. Заказ № 199
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360051, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов